

TIDAK DIPERJUALBELIKAN

Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Babad Dipanegara

ing Nagari Ngayogyakarta Adiningrat

II

Ny. Dra. Ambaristi
Lasman Marduwiyota



**BABAD DIPANEGARA
ING NAGARI NGAYOGYAKARTA ADININGRAT**

II

Babad Dipanegara ing Nagari Ngayogyakarta Adiningrat

Alih aksara
Ny. Dra. AMBARISTI
LASMAN MARDUWIYOTO

Diterbitkan oleh
Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejaian dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1983

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

ASMARADANA

Pupuh XVII

1. Pangran Behi langkung ajrih
lawan Kangjeng Panembahan
sabab Qur'an ampungane
dadya namung Kyai Maja
kang mangsuli punika
suratan pratandhanipun
marang Komasaris Jendral.
2. Ungelnya seratireki
mapan kadya aturira
Ki Maja marang Sang Katong
dadya langkung sarunira
mangkana bab ing yuda
punika kang kendel estu
datan lami antaranya.
3. Apan wonten surat malih
inggih kekalih punika
De Kok lan De Bis surate
mangkana ijemanira
mung perlune kewala
Jendral Komasaris iku
lamun mangke karsanira.
4. Kang parentah wangsul malih
mring Jendral De Kok sadaya
malah kang pratandha mangke
Jendral Komasaris ika
pan mawi ingalingan
kinubang cinorek iku
pratandhane wus pracaya
5. Marang Jendral De Kok malih
Jendral De Kok pratandhanya

apan ing nginggil tandhane
wurinya malang kadhak
ning surat maksih ika
namtokaken ngajak pangguh
lan mungel kang wus misesa.

6. Dharat sagara myang wukir
lang ngajak samya dayanya
Ki Maja pan wangslane
ngajak panggih Jahalanang
mangkana kang winarna
wus prapta samayanipun
Ki Maja nulya parentah.
7. Nenggih basah Ngabdulmuhyi
Bagelen pan tinimbalan
mapan sewu prajurite
mangkana parentahira
nenggih Kiyai Maja
kalamun sida kapangguh
lan Jendral aja kuciwa.
8. Datan tega Sri Bupati
wau dhumateng Ki Maja
Sri Nata pan tumut mangke
ananging namur kewala
yen siyosa apanggya
Jendral Ki Maja iku
Sang Nata mapan mangkana.
9. Karsanya wus tan winarni
sangking Toyakendel budhal
myang sawadya-kuswa kabeh
wus prapta ing Jahalanang
Jendral nulya utusan
anerang kang tamtu pangguh
punapa Jeng Sri Narendra.
10. Kalamun Sri Narapati

Jendral pan sowan priyangga
lamun Ki Maja kemawon
mapan ngaturan punika
marang Klathen kewala
sabab sae enggenipun
dados tanak ing bicara.

11. Ki Maja sugal nauri
mring Kalathen amek apa
gelem tan gelema kene
Jendral mapan kula undang
sabab sampun janjinya
Jadikrama dika matur
yen makaten karep kula.
12. Jadikrama nuli bali
warti mring Jendral Kalihnya
maksih neng Bayalaline
mangkana kang winarna
tamtu wakil kewala
Setewer malih lumaku
lan Bun Ngali ketib ika.
13. Pan namung wewah satunggil
sarip Kasan wastanira
papat kaji Sala mangke
lan wis binektan pratandha
namung ecap kewala
kang Jendral kalih puniku
ketiga Raja Walanda.
14. Sabab samangsane dadi
sabarang paturanira
Setewer wineling bae
pan lajeng kin en nuwuna
nenggih ingkang nuwala
serat parentah puniku
arma binektan pratandha.

15. Jadikrama nulya warti
dhumateng Kiyai Maja
yen Jendral wakil kemawon
namung pun Motlak punika
Ki Maja apan nulya
prentah akarya puniku
pasanggrahan'Jenut ika.
16. Badhe kinarya manggihi
pan sampun sumados dina
mangkana prapta mangsane
Kyai Maja apan nulya
pamit mring Sri Narendra
lan Pangeran Ngabehiku
Pangran Ngabdulmajid ika.
17. Gusti Imam Basah Kamil
lan Basah Dulmuhyi ika
lawan Alibasah mangko
lagya sakit marmanira
datan wonten punika
myang sagung pra dipatyeku
budhal saking Jahalanang.
18. Tan antara prapta nuli
ing Jenut Kiyai Maja
myang sagung pratiwa kabeh
ingkang samya ndherek ika
mangkana tan antara
Setewer pan prapta sampun
myang sagung sakancanira.
19. Nulya tata lenggah sarni
ri wus Setewer manabda
Kyai kawula kinengken
dhateng Jendral sakalihnya
anuwun ingkang parentah
lawan ngaturaken sagung

punika ing Tanah Jawa.

20. Sumanggeng karsa Narpati
wetan wangkit Balambangan
kilen ing Banten wangkide
Jendral pan sampun sumangga
ing karsa Sri Narendra
lawan Sala Ngayogyeku
punika inggih katura.
21. Dhumateng Sri Narapati
nging Jendral gadhah panedha
namung tigang prakawise
ingkang rumiyin punika
namung sagung Walanda
kinen tumut manjing iku
agama Islam sadaya.
22. Inggih den pilaur mati
dene kaping kalihira
yen pareng Kangjeng Sang Katong
apan pasisir sadaya
dipun suwun punika
ngladosi lir adatipun
paos dhateng Sri Narendra.
23. Nenggih kaping tiganeki
yen datan pareng punika
namung Jendral panuwune
taksih kenginga punika
ngambah ing Tanah Jawa
namung nuwun dagangipun
lawan kula sampun mbekta.
24. Apan kang pratandha sami
awarni ecap tetiga
yen sampun pareng Sang Katong
ingkang panuwun punika

kinen lajeng ngecapa
tuwan Jendral prentahipun
pan inggih dhateng kawula.

25. Ki Maja sugal nauri
iku endi pasrahiria
apan kabeh sayektine
kagungane Sri Narendra
iki ing Tanah Jawa
ana dene Sala iku
apan kang putra priyangga.
26. Ngayogya ingkang nagari
Kang Sinuhun Kangjeng Sultan
ana dene Sala kuwe
lamun ora mituruta
mring karsane kang rama
aku bae ya wis rampung
ambubrah ing Surakarta.
27. Balik pasrahnnya kang endi
yen upama wong totohan
durung ana kukupane
iya ing pakolehira
Setewer nulya nabda
Kyai kula tan sumurup
ingkang dadi karep dika.
28. Marma kula niki prapti
kinengken Jendral kalihnya
apan inggih masrahake
ing Tanah Jawa sadaya
apan sampun sumangga
nging Jendral parentahipun
inggih dhateng kawula
29. Apan kinan nedha yekti
ingkang parentah Narendra

Jendral nurut sakarsane
pan namung panuwunira
mungel ngajeng punika
pundi kang linilan iku
suwawi dipun dhawuhna.

30. Marmane kula Kiyai
binektanan cap tetiga
pundi kang dados karsane
kang dhinawuhken kawula
lajeng kinen ngecapa
Ki Maja sugal sumaur
heh Setewer iya apa.
31. Ingkang sun dhawuhken iki
sira durung pasrah badan
Setewer sugal saure
badan punika punapa
tan sumurup kawula
Kiyai Maja sumaur
mengko sun surupken sira.
32. Yen wus ekas sira iki
nuli sun dhawuh sira
kang dadi karsa Sang Katong
lawan parentahing Qur'an
Bun Ngali ketib nyandhak
tuwan pakewed puniku
prayogi maliha nerang.
33. Tuwan Jendral Komasaris
kawula ajrih punika
Setewer cinengerake
mring Bun Ngali ketib ika
kagyat Setewer nabda
Kyai Maja keprehipun
mundur kajenge andika.
34. Pribadi kang den turuti

ing ngajeng wau punika
Jendral dados panuwune
den lampu tumpes sadaya
inggih mangsa puruna
yen dika prih Islam tuhu
Ki Maja sugal saurnya.

35. Kang endi pratandhaneki
sira saguh nuwun karsa
Setewer sugal saure
apan pasisir puniku
yen marengi Narendra
linadosken paosipun
yen tan marengi sumangga.
36. Mung kenginga dagang iki
anenggih neng Tanah Jawa
Ki Maja bengis saure
dadya aprang tanpa karya
yen kaya karepira
tan paedah iya iku
ngukup meliknya pribadi.
37. Dene Kangjeng Sri Bupati
sayekti datan kagungan
iya kang sun padu kiye
pan melike senapatya
Setewer sugal nabda
yen kados makaten sampun
dados dika ingkang karya.
38. Punika sagung pepati
ing Tanah Jawa sadaya
lawan kang wutah getihe
pasthi katempuh andika
sebab dika kang karya
Ki Maja bengis sumaur
sanadyan padha wutahnya.

39. Pan getihe kanca mami
dadi jebat kasturika
mati swarga ganjarane
Setewer asru manabda
gih kiyai kawula
apan boten milu-milu
lamun kaya karep dika.
40. Pan wisuh kula kiyai
ananging mangsa bodhoa
nulya pamit sakancane
Setewer wus mundur sigra
saking Jenut punika
tan winarna praptanipun
kawarnaa Kyai Maja.
41. Budhal saking Jenut nuli
wangslu dhateng Jahalanang
mangkana wau Sang Katong
apan lenggah aneng sela
ngajeng-ajeng Ki Maja
samana pan prapta sampun
lajeng sowan Sri Narendra
42. Atanapi Pangran Behi
Pangran Ngabdulmajid ika
lan Basah Ngabdulkamite
Basah Kasanbesarika
myang Ngabdulmuhyi Basah
lan kang pratiwa nung-anung
Sri Narendra angandika.
43. Paran ing lakunireki
Ki Maja matur niskara
langkung ngungun Sang Akatong
dangu apan tan ngandika
ri wus nulya atanya
marang kang paman Behika

u p a i tinututana.

44. Setewerm punika maksih
Pangran Ngabehi aturnya
kados sampun tebih Katong
watawise lampahira
pan lajeng sesanderan
kados sanget nepsunipun
Sri Narendra angandika.
45. Kados lamun nepsu iki
Ki Maja kang kabrabean
kados pundi watawise
punapa tan matosana
Pangeran Behi tanya
dhumateng Ki Maja iku
kadospundi Kyai Maja.
46. Pandugine benjing-enjing
punapa tan dhatengana
Ki Maja mangkana ture
inggih watawis kawula
kados boten punika
pun lanat kapir puniku
mung kantun ungas kewala.
47. Sanadyan puruna malih
pun lanatullah punika
mangsa kuwata samangke
mapan kanca basah tiga
kang nindhihi punika
Sang Nata anulya kundur
ewa dhateng Kyai Maja.
48. Prapta pasanggrahaneki
nulya sare Sri Narendra
wus luwar mapan sagunge
mring pondhokan sowang-sowang

mangkana enjingira
kapir tan medali pupuh
Kyai Maja pan sangsaya.

49. Tekaburira andadi
kadya wus karsaning suksma
pan datan kenging winaon
malah ing pangakunira
apan namung pribadya
marmane lanang puniku
sagung Islam juritira.
50. Pan saking piyambakneki
sabab ingaken priyangga
lamun sinihan Hyang Manon
marma sareng slayanira
lan Pangran Behi ika
pan sagung pra dipatyeku
ajrih gething mring Ki Maja.
51. Sareng wanciasar iki
pacalang atur uninga
yen lanat medali mangke
langkung gugup tur uninga
dhateng Sri Naranata
Ki Maja wus kinen iku
marentah magutting yuda.
52. Nanging sagung pra dipati
semu gela tyasnya samya
dhuniateng Kyai Majane
sabab saujarnya ika
tan ana ingkang nyata
nging ajrih mring Jeng Sinuhun
marma kemba ajengira.
53. Samana lanat wus prapti
pan lajeng pinethuk yuda

marang ing Basah Pajange
Kasanbesari punika
lawan sakancanira
nanging den mriyem ping telu
prajurit Pajang lumajar.

54. Basahira kang marahi
anggendring palayunira
ngunsi mring basah kalihe
Bagelen lawan Mataram
lanat wus katadhahan
den sapih kasaput dalu
lanat mondhok ing Kejiwun.
55. Basah kalih mondhok sami
aneng Kejambon punika
lawan sagung prajurite
Basah Kasanbesarika
kinen baris neng ngarsa
lan prajurit Pajang sagung
dalu sagah ngecu ika.
56. Ananging pan datan yekti
enjing lajeng campuh yuda
ingkang dados pangajenge
Mas Tumenggung Sutayuda
ing Kejambon punika
lawan Mas Rangga puniku
ing Ngupit Prawirasata.
57. Lawan Mas Rangga puniku
ing Gulang Jayasentika
lan Mas Rangga Tegalane
Wiryasentika namanya
lajeng ngiwul ing yuda
samyu tinilar lumayu
sakawan kalajeng samya.

58. Prapta ing sabilullahi
 lanat apan kathah pejah
 kadya wus karsaning Manon
 sinung pameleh punika
 pan prajurit Mataram
 lawan ing Begelen iku
 ingajengken ora kena.
59. Apan kedah mundur sami
 Sri Narendra ingaturan
 pirsa mring kang rayi mangke
 Pangran Ngabdulmajid ika
 lamun prajurit samya
 lagya tan kenging ingadu
 apan kedah mundur samya.
60. Lawan ngaturi udani
 Mas Tumenggung Sutayuda
 lawan rangga katigane
 mapan prapta sabilullah
 langkung ngungun Narendra
 rumaos tampi sesiku
 dhateng Rabulngalamina.
61. Bab saking pitajengneki
 salaminya mring Ki Maja
 kaya pan tinandhing mangke
 prajurit Islam lan lanat
 kadya tikel sakawan
 dadya angles tyasing Prabu
 dangu datan angandika.
62. Langkung ajrih mring HyangWidi
 salaminya wadya Islam
 datan mangkana perange
 pratandha dinukan Suksma
 Sang Nata ris ngandika
 mring Pangran Dulmajid iku

heh Ngabdulmajid ta sira.

63. Anake kang padha sabil
kabeh sira gentekena
aja owah sajenenge
Jeng Pangran matur sandika
Sang Nata nulya budhal
saking Jahalanang iku
tan kantun sabala-kuswa.
64. Pan kundur Sri Narapati
mring Toyakendel punika
datan winarna margine
Toyakendel sampun prapta
kawarna lanatullah
mapan sareng unduripun
lawan Kangjeng Sri Narendra.
65. Nenggih Pangran Ngabdulmajid
kang tengga Pajang sadaya
ingkang kinarya kanthine
Rahaden Riya Sindurja
sagung kang baris samya
sampun manggen prenahipun
mangkana wus tan winarna.
66. Kawamaa Sri Bupati
pinarak aneng pandhana
lawan Jeng Panembahane
Kyai Maja munggeng ngarsa
lan Pangran Ngabehika
Basah Ngabdulmuhyi iku
nuwun pamit mring Narendra.
67. Mantuk mring Bagelen iki
sabab yen tinilar lama
Bagelen sanget watose
bokbilih bibrah manahnya

sagung prajurit samya
Ki Maja nambungi wuwus
sarwi gumuyu punika

68. Heh ta anak Ngabdulmuhyi
dika kuwatir mring desa
pan desa gampang kemawon
angel wong nata agama
basah aris turira
mapan angel nata dhusun
gampil nata agama.
69. Ki Maja nyentak aru angling
daweg padha lelingtonan
dika nata agamane
kula ingkang nata desa
Ngabdulmuhyi saurnya
apan kula dede kaum
sangsaya srengen Ki Maja.
70. Suwawi Pangeran Behi
punapa leres punika
desa tandhing agamane
Pangeran Behi ngandika
inggih pangrasa kula
Kyai gih padha puniku
nging beda kang duwe karya.
71. Dadya saya muring-muring
Ki Maja sanes tampanya
yen makaten tanpa gawe
sagung ingkang prang punika
mindhak angsal duraka
lamun de de kang den rembug
mesem Kangjeng Sri Narendra
72. Nulya angandika aris
iku padha tanpa karya

mangkene iku surupe
lamun badan tanpa nyawa
apa arane ika
nyawa lamun tan kadulu
ora nyawa rupanira.

73. Apan nulya kendel sami
Basah Ngabdulmuhyi ika
wus linilan mantuk age
mring Bagelen lengser nulya
saking ngarsa Narendra
tan winarna praptanipun
mangkana Jeng Sri Narendra.
74. Kadya wus karsaning Widi
linebur ingkang pusaka
tiga karsanya Sang Katong
pinadosaken sajuga
nenggih Ki Sarotama
lan Ki Barutuba iku
tiga Kyai Abitjaya.
75. Kyai Barutuba iki
Seh Mukamad Ngali Basah
Ngusman kang diparengake
nenggih Kyai Sarotama
Kangjeng Ratu punika
Kyai Abitjaya iku
mapan agemnya priyangga.
76. Ayun matur samya ajrih
Bagelen ingkang winarna
Pangran Dipanagarane
ingkang garwa nandhang gerah
langkung sanget punika
kinundurken mring Mantarum
ing Toyakendel wus prapta.

77. Apan dados sedaneki
 sinarekken ing Jimatan
 dadya ingkang raka mangke
 Pangeran Dipanagara
 apan sanget wuyungnya
 wantu samya anemipun
 lawan dereng darbe putra.
78. Mapan kinen wang sul malih
 mring Bagelen dereng karsa
 apan taksih langkung tyase
 Pangeran Dipanagara
 wau dhateng kang garwa
 mangkana wus tan cinatur
 Kangjeng Ratu kang winarna.
79. Pan lagya mbobot nem iki
 sampun karsaning Hyang Suksma
 mapan lajeng gerah mangke
 sanget apan tan katara
 nanging ingkang sarira
 apan sanget risakipun
 nging tan suda ngibadahnya.
80. Mangkana welas ningali
 Kangjeng Ratu mring kang raka
 ingaturan ningkah mangke
 mring tularannya kang paman
 Pangeran Dipayana
 Raden Ayu Retnaningrum
 pinaring nama punika.
81. Nanging ingkang tyas Narpati
 apan tan marem punika
 lajeng akarya panepen
 kinarya panglipur brangta
 neng dhusun Mantaraman
 kinantha padhepokipun

- lir patapaning pandhita.
82. Sesengkeran warni-warni
mawi langgar alit ika
mapan kinubengan lepen
aneng ngereng-ereng arga
lan mawi kalangenan
nenggih kang paksi perkutut
dene kang ndherek punika.
83. Namung punakawan alit
ingkang ngladosi punika
yen Jumungah kundur Katong
marang Toyakendel salat
yen wus bakda Jumungah
lajeng siniwi puniku
sabarang paturan samya.
84. Pan punika wektuneki
katurnya mring Sri Narendra
yen sampun gya kundur maneh
Sang Nata mring Mantaraman
mapan salaminira
neng Toyakendel puniku
lawan Kangjeng Ratu gerah.
85. Ing Pajang ingkang winarni
Basah Kasanbesarika
apan asring sulayane
lawan bantu ing Mantaram
miwah Kangjeng Pangeran
Ngabdulmajid lir puniku
dadya kundur Jeng Pangeran.
86. Dhumateng Mantaram iki
namung kantun Raden Riya
Sindurja tinilar dhewe
sampun katur mring Narendra

nulya kinen mariksa
namung ngaso aturipun
mapan tan arsa balaka.

87. Mangkana Ki Maja iki
mapan asring winadulan
yen bantu Mantaram kether
dene kang marahi ika
inggih Cakranagara
kang kilen miwah kang kidul
Tumenggung Jayawinata.
88. Dadya langkung watirneki
Ki Maja mring kakangira
Basah Kasanbesarine
mapan srng den oyak-oyak
yen bantu dereng prapta
lawan sanget sinipun
ajrih marang Sri Narendra.
89. Sabab sampun kathah iki
kalajeng sesumbarira
nulya Cakranagarane
ingundang pan sampun prapta
ngajengira Ki Maja
nulya tinakenan iku
heh dika Cakranagara.
90. Punapa srng ketherneki
lamun gilir marang Pajang
dadi marahi kang akeh
yen dika tan gelem iya
angur dika seleha
kula bisa golek liru
enggih wong kang kaya dika.
91. Cakranagara nauri
punika wonten punapa

dene lampah kula mangke
apan inggih datan ewah
kadya kanca sadaya
lamun dangu pados sangu
Kiyai boten inggiha.

92. Ki Maja nabda abengis
heh ta Ki Cakranagara
namung karya sarat bae
kalamun prapta ing Pajang
dika banjur umpetan
tan wani katemu mungsuh
gumuyu Cakranagara.
93. Gih yektos Kangjeng Kiyai
sinten ingkang purun pejah
nanging kula saestune
lumampah gilir punika
kalawan kanca sadaya
karsanya Kangjeng Sinuhun
mung karya bantu kewala.
94. Dene kang kula bantoni
prajurit Pajang punika
nging tan wonten prajurite
wekasan kinarya bandha
inggih sinten puruna
rumiyin duk anyaripun
inggih ing Pajang punika.
95. Pan sagung kanca bupati
kang samya gilir punika
mapan aprang sayektose
pan sinengguh dados bandha
lir Bagelen punika
wekasan mindhak puniku
kanca kang kinarya bandha.
96. Dadya gela tyasnya sami

nanging ajrih yen matura
ing mangke kepareng yektos
sampeyan duka punika
kawula langkung lega
nadyan katur Jeng Sinuhun
kawula inggih sumangga.

97. Sampeyan arasa mantuni
inggih dhumateng kawula
pundi warnine tiyange
ingkang sami lan kawula
apan arsa uninga
Ki Maja asru amuwus
heh dika Cakranagara.
98. Dadi pun tan arep yekti
anurut ing prentah kula
Cakranagara saure
yen ingkang aleres ndika
lawan teranging karsa
sampun sakit nadyan lampus
kawula inggih sumangga.
99. Ing siyang kalawan ratri
rumaos karsa Narendra
tan mulat marang liyane
semu isin Kyai Maja
mring Ki Cakranagara
mangkana wus tan winuwus
enjing malih tan winarna.
100. Kyai Maja ing tyasneki
sangsaya muring-muringnya
tambuh kang dadi napsune
samana apan lenggahan
lawan kang pra ngulama
kaji lawan sarip iku
Pangran Ngabehi ngaturan.

101. Pinarak dhumateng masjid
sampun rawuh Kangjeng Pangran
Ki Maja aris ature
mapan kawula Pangeran
arsa sowan Narendra
ngaturken ujaring ngelmu
inggih lampahing nagara.
102. Rumiyin alam Jeng Nabi
pan samya mujud sadaya
ing Demak makaten maneh
punika kajeng kawula
badhe matur Narendra
nuwun karsa kang satuhu
katenane kang pakarya.
103. Pangran Behi anabda ris
puniku karya punapa
kula tan wikan yektose
dening karsaning Narendra
pun pracaya sadaya
mring Kyai salaminipun
datan prisa napa-napa.
104. Kyai Maja saureki
Pangeran bab ing wisesa
Sri Narendra sadayane
sadaya wakil kewala
inggih kajeng kawula
nuwun panduman satuhu
wisesa salah satunggal.
105. Kantenane nggen nglampahi
dados boten teron ika
sabab sampun gadhahane
yen Sang Nata sampun rila
ingkang salah satunggal
Pangeran Behi nabda rum

Kyai tan sumurup kula.

106. Ala pa karya sawiji
dene kabeh wonten dika
Sang Nata barang karsane
Ki Maja pan saurira
inggih leres punika
apan namung darmi ulun
kula tan gadhah wisesa.
107. Makaten Pangeran Behi
ujaring ngelmu punika
kagunganira Hyang Manon
sakawan kang wonten dunya
punika apan samya
pinaring wisesa iku
pakaryanira pribadya.
108. Apan tan dados satunggil
ratu wali lan pandhita
mukmin kaping sakawane
punika kajeng kawula
kang pundi kinarsanan
kang salah satunggilipun
lan pundi kang pinaringna.
109. Kantane nggenya nglampahi
ingkang manah boten gela
lamun sampun gadhahane
pangran Behi angandika
yen karya makatena
kaya kang kalakon iku
tan pedah rinebut yuda.
110. Datan wurung niku benjing
papat ngaku ratu samya
angur baya kang kalakon
namung telu ratunira

sawiji kang misesa
yen kaya makaten niku
dadi yasa boten tata.

111. Kiyai pan kula wedi
yen milu-milu punika
myang sagung ngulama kabeh
tinantun samya aturnya
apan ajrih sadaya
nanging anak muridipun
Ki Maja kendel sadaya.
112. Wonten ngulama sawiji
Seh Bulawi namanira
apan mangkana ature
Kyai pangraos kawula
sampun leres punika
inggih lawan ngelminipun
lamun wakil-winakilan.
113. Namung wujudnya satunggil
ingkang jumeneng wisesa
kang rinilan mring Hyang Manon
lamun boten makatena
apan tan wande ura
tan jumeneng kraton tuhu
Ki Maja bengis sarunya.
114. Yen mangkono Seh Bulawi
arep anggenteni mring wang
ajrih Seh'Bulwai mangke
pan lajeng kendel kewala
tan dumugi aturnya
dadya sami ajrih sagung
ngulama sarip kajinya.
115. Dadya samya aturneki
pan amung ajrih kewala

apan nulya bubar mangke
mring prenahe sowang-sowang
kawarna Kyai Maja
dadya sanget isinipun
kalamun tan kalakona.

116. Ingkang dadya kajengneki
ing dalu tan saged nendra
mangkana sareng enjing
Ki Maja ing kajengira
sowan Sri Naranata
ndurnugekken kajengipun
mampir dhateng pangabehan.
117. Samana Pangeran Behi
panuju lenggah pandhana
Ki Maja prapta dumrojog
ri sampun lenggah atata
Ki Maja aris nabda
Pangeran suwawi iku
samyia sowan mring Sang Nata.
118. Pangeran Behi nabda ris
yun sowan wonten punapa
Kiyai Maja saure
pan inggih kajeng kawula
ndurnugekken punika
ing wingi ujaring ngelmu
arsa kawula aturna.
119. Dhateng Kangjeng Sri Bupati
Pangran Behi angandika
Kyai ing wingi mulane
pan sampun ajrih kawula
malah lamun kena
sampun ndurnugekken atur
manawi angsal deduka.

120. Tur mangsa angsala iki
mundhak karya kagyat ika
Kiyai Maja saure
dinukan kenging punapa
wong matur saleresnya
punika ujaring ngelmu
Pangeran Behi ngandika.
121. Sampun leres ngelmuneki
inggih pan mangsa sanesa
sanadyan kangjeng Sang Katong
pan inggih mangsa kilapa
menggah raos punika
Ki Maja mojar mbasengut
nggih sampun kula pribadya.
122. Ingkang sowan mring Sang Aji
Pangeran Behi ngandika
apan sumangga kemawon
yen kenging pan kula pirma
manawi dados duka
Ki Maja nulya lumaku
lan mangkana ujarira.
123. Gih sampun kula pribadi
Pangeran mapan mbeg begjan
kawamaa ing Sang Katong
apan lagya ngaos Qur'an
neng serambining langgar
ingkang winaca pinuju
amarengi Surat Rahman.
124. Ingkang samya sowan iki
sagung punakawan ika
alit-alit samya andher
neng panepen Mantaraman
Ki Maja nulya prapta
kendel neng pasowan iku

punakawan tur uninga.

125. Lamun Kyai Maja prapti
anuwun sowan punika
semu kaget Sang Akatong
tinarka wonten prakara
kendel pamaosira
nung Qur'an maksih neng ngayun
Ki Maja nya ingandikan.
126. Wus prapta ngarsa Narpati
Sri Narendra angandika
sira prapta pa karyane
Ki Maja aris aturnya
inggih tan wonten karya
ingkang saking liyanipun
mung karya amba pribadya.
127. Ngaturken lampahing ngelmu
sagung pratingkah punika
kawula matur sayektos
menggah lampahing agama
apan mawi wangkidan
kang gadhah karya puniku
mrih sami santosanira.
128. Apan nugrahaning Widi
kang linahirken neng dunya
kawan prakawis kathahe
dene warnine punika
ratu lawan oliya
pandhita mukmin satuhu
punika kang sinung karya.
129. Pan inggih dhateng Hyang Widi
tan kenging lintu pakarya
lawan sami wisesane
sumangga tuwan mundhuta
ingkang salah satunggal

yen paduka milih ratu
pan amung ratu kewala.

130. Wali pandhita myang mukmin
suwawi tuwan miliha
pundi kang kinarsakake
kantenan manah kawula
lan tuwan ngandikaa
kang tan kinarsakken iku
pasraha dhateng kawula.
131. Mangkana karsaning Widi
Kangjeng Pangran dramiyarsa
marang Ki Maja ature
jaja bang awinga-winga
apan asru ngandika
heh iki dhingin sireku
duk ngucap kawanenira.
132. Ora kungkulon mring mami
marang Ngabdulmajid sira
dadi iki pa anane
ingsun weruh karepira
apan njaluk wisesa
kaya Sunan Giri iku
dadi ingsun sira karya.
133. Kaya Sultan Demak dhingin
ingsun dudu muridira
kalawan iya maninge
iya ingsun ora ngrasa
sira bakali ika
duk durung ana sireku
lawan ingsun wus kinarya.
134. Marang ing Rabilngalamin
sira anglahirken iya

kalawan ngulama kabeh
pan dudu sira pribadya
lawan sun dhingin iya
aweh wenang mring sireku
prakara prentahing Qur'an.

135. Sabarang parentahneki
sira sun lilani iya
lamun matura maring ngong
sun duga sala met sira
apan ingsun tan nyana
lamun mangkono karepmu
lawan maninge Ki Maja.
136. Ingsun tan ngarana yekti
lamun dadi karyanira
apa tekaburmu kuwe
ingkang bakal dadi bandha
tumungkul Kyai Maja
mapan tan saged umatur
langkung ing kaduwungira.
137. Sang Nata ngandika malih
ngelmu ingkang sira karya
ampungan karepmu kuwe
apan sarupaning janma
iki pan pinaringan
marang Allah ingkang agung
lah mara maneuh matura.
138. Ki Maja sanget dennyu jrih
tan saged malih matura
nulya kinene mantuk age
Kangjeng Sultan marang langgar
lajeng cuwa tyas Nata
dhumateng Ki Maja iku
apan sanget tan sambada.

139. Kajengnya lan yektineki
mangkana Kiyai Maja
mantuk wus prapta wismane
langkung sanget jrih wirangnya
konangan kajengira
Panembahan kang winuwus
apan lagya lelenggahan.
140. Kalawan Pangeran Behi
Raden Riya Natareja
ingkang sowan neng ngarsane
mapan aneng ing pandhapa
ndangu marang Ki Maja
kang dados panuwunda
umatur Rahaden Riya.
141. Wus matur niskaraneki
mesem Kangjeng Panembahan
dene teka kaya rare
Jeng Sultan den wedenika
ngelmu mangsa kilapa
Pangeran Belli umatur
pan boten kirang kawula.
142. Pan rumiyin duk tinari
pan boten rembag kawula
dhateng Ki Maja kajer.ge
nanging ngulami sadaya
tinantun apan samya
anglir kula kajengipun
kang purun paben satunggal.
143. Seh Bulawi lajeng iki
tinarka yun nggentosana
mila samya kendel mawon
sagung kang para ngulama
duk arsa sowanira
mring Matawisan puniku

mampir dhateng wisma kula.

144. Ngajak sowan mring Narpati
kula dipun ken matura
nung kula pambeng kajenge
pan lajeng sowan pribadya
mangkana kang winarna
pan dereng dumugi iku
Kyai Maja nulya prapta.
145. Semu sanget susahneki
ri wus tata samya lengah
Ki Maja umatur alon
dhateng Kangjeng Panembahan
lawan Pangran Behika
ngaturan nuwunken iku
ngapunten dhateng Sang Nata.
146. Sabab sagung pra dipati
sareng samya myarsa warta
Ki Maja dinukan Katong
samya suda ajrihira
wau dhateng Ki maja
dadya sanget aturipun
nalangsa nuwun ngapura.
147. Panembahan wlas ing galih
wau dhumateng Ki Maja
lawan Pangran Ngabehine
pan nulya den irid ika
sowan mring Mantaraman
samana Ingkang Sinuhun
apan lagya maos kitab.
148. Neng serambi langgar iki
Nasekatul Muluk ika
Panembahan ing praptane
lan Pangeran Ngabehika

Ki Maja kantun jaba
aneng pasowanjan iku
ri wus tata lenggah samya.

149. Neng serambi langgar iki
Panembahan ris aturnya
Sultan marma seba ingong
yen marengi karsanira
nuwunake pangapura
marang Kyai Maja ingsun
tulusa dadi kanthinya.

KINANTHI

Pupuh XVIII

1. Pan Sultan panuwuningsun
lawan adhimas Ngabehi
mangkana Sri Naranata
sareng myarsa aturneki
kang rama Jeng Panembahan
lir sinapon dukanekei.
2. Aris rgandika Sang Prabu
tanya mring kang rama iki
mangke neng pundi enggennya
pan Maja inggih Kiyai
Panembahan aturira
sun tinggal paseban jawi.
3. Jeng Sinuhun nulya ngutus
punakawan kang tinuding
nimbalu mring Kyai Maja
tan antara prapteng ngarsi
tur salam sarwi karuna
wus lilih tyasnya Narpati.
4. Niskaranya tan cinatur
Panembahan mapan nuli
samya kinendur nulya
lawan Pangeran Ngabehi
tan kantun Kyai Maja
marang Toyakendel iki.
5. Katiga engger aing ngayun
pan sampun datan winarni
Rahaden Sasradilaga
nuwun pamit mring Narpati
medal mring manca nagara

- apan sampun den lilani.
6. Kawarna Kangjeng Ratu
sangsaya sanget grahneki
sarira anggra osika
tan arsa den usadani
kadya wus karsaning Suksma.
Panembahan sring nangisi.
 7. Saking sanget marasipun
Panembahan mring Narpati
sampun karaos ing nala
Kangjeng Sultan yen upami
tinilar dhateng kang garwa
kadya bubrah ing tyasneki.
 8. Dadya sring ngandika iku
paran Ratu polah mami
yen kalakon sira tinggal
sapa kang sira mong iki
lawan Sultan wus sun duga
lamun kuwur tyasireki.
 9. Kangjeng Ratu ngandika rum
Pan kadospundi Kiayi
kalangkung begja sampeyan
kalayan Sri Narapati
inggih kawula punika
apan darma anglampahi.
 10. Ing dunya ngakeratipun
pan tan darbe tingal kalih
pan amung putra sampeyan
kang puka ngenger-ngengeri
Panembahan angandika
adhuh nyawa anak mami.
 11. Marmane kuwatir ingsun

tan beda tyasira yekti
kalawan Sri Naranata
tan arsa mulat liyaning
mangkana wus tan winarna
kawarnaa Sri Bupati.

12. Nimbali Ki Maja iku
kalawan Pangeran Behi
kinen mirsa baris samya
ingkang neng sawetan Pragi
kinen ngubengi sadaya
manawa ndaluya sami.
13. Sabab lanat lami sampun
mapan tan wonten ngedali
marma samya kinen mriksa
wantunya prajurit Jawi
lamun lami datan yuda
kathah samya mantuk iki.
14. Ingkang basah kalih iku
Bulkiya lawan pinilih
myang sagung kang pra dipatya
sandika kalih turneki
lengser sing ngarsa Narendra
kalih dalu winatawis.
15. Mapan datan nyana iku
lanat murtat yen ngedali
saking Ngayogya sadaya
mapan ya keringa sami
dadya lengkung agengira
basah myang kang pra dipati.
16. Parenca barisanipun
Ki Maja Pangeran Behi
utusan atur uninga
dhumateng Sri Narapati

lamun mengsaah badhe prapta
dereng wonten kang nadhahi.

17. Basah lan prajurit sagung
maksih ura nggennya baris
mengsaah medal ngereng arga
Palawonan sampun prapti
sang Nata kundur tumulya
dhateng Toyakendel iki.
18. Ndhawuhi rerepot sagung
kinen samya minggah ardi
Kangjeng Ratu kang winarna
lagya dhangan gerahneki
anitih tandhu kewala
Panembahan kang ngampingi.
19. Kangjeng Sultan mapan kantun
aneng Toyakendel iki
namung kalih punakawan
gamel prayatika ngampil
nongsong Kyai Maja prapta
kalawan Pangeran Behi.
20. Sang Nata ngaturan iku
lengser mring sawetan Pragi
sabab mengsaah langkung gengnya
dereng wonten kang nandhahi
namung anakmas pribadya
lan putu Sumanagari.
21. Ingkang ngawali puniku
mring mengsaah samargi-margi
ing wau tingal kawula
basah kalih anututi
nging katingal maksih tebah
lanat murtat datan nolih.

22. Sinanjataanan puniku
mring anakmas Ngabdulrakim
lan putu Sumanagara
mung males lawan lumaris
kados boten dangu prapta
wau meh nyabrang Peragi.
23. Sang Nata ndhahar turipun
ingkang paman Pangran Belli
saking Toyakendel budhal
miyos Jatingaras iki
lanatullah sampun nyabrang
medal peken Pacaksuji.
24. Pan dadya samya kadulu
kapir cuwa ing tyasneki
yun nukup tan antuk karya
dinuga lamun wus sepi
ing Toyakendel punika
malah gung kuwatirneki.
25. Ing wingking dedamel agung
ingkang samya anututi
dinuga basah kalihnya
mangkana ingkang winarni
Pangeran Dipanagara
wus lami aneng Mantawis.
26. Mapan ing salaminipun
sedanira ingkang rayi
pan dereng kundur punika
marang ing Bagelen malih
ing Turip pasanggrahannya
samana apan marengi.
27. Basah Ngabdulkatib iku
sowan mapan lawan ngirid
Basah Lepen Bener ika
pun Imam Mukbah nameki

lawan saprajuritira
sareng amiyarsa warti.

28. Ing Toyakendel puniku
kainggahan lanat kapir
Kangjeng Pangran apan nulya
sedya tetulung ing jurit
lawan basah kalihira
praptanya kasaput wengi.
29. Lajeng masanggrahan iku
aneng lepen Pitan iki
pan sampun ajeng-ajengan
lanat murtat mapan sami
neng Lepenkendel sadaya
mangkana Sri Narapati.
30. Apan masanggrahan iku
aneng ing dhusun Sejati
basah kalih sampun prapta
lajeng aneng Gamplong sami
lawan saprajuritira
pan samya ngenteni enjing.
31. Mapan ingkang ngodhol iku
nenggih Pangran Ngabdulrakim
lan Pangran Sumanagara
mondhok lepen Balang iki
lanat murtat apan samya
sadalu tan saged guling.
32. Saking sanget watosipun
sabarang dipun bedhili
sareng enjing bidhal nulya
saking Toyakendel iki
sedya lajeng mantuk ika

- lanat murtat apan sami.
33. Dhumateng Ngayogya iku
pan lajeng pinethuk jurit
mring Pangran Dipanagara
lawan Pangran Ngabdulrakim
Pangeran Sumanagara
lawan Basah Ngabdullahip.
 34. Basah Imam Musbah iku
lanat kraos tan kuwawi
pan namung tangled sakedhap
lanat lajeng lampahneki
kinodholan binedhilan
prapta sakilening Pragi.
 35. Sareng enjing nyabrang iku
Peraga dipun cegati
dhateng Gusti Imam Basah
lan Ngusman Ki Basah iki
nanging lanat meksa nyabrang
pan dipun drel kathah mati.
 36. Samya keli bangkenipun
sing wingking binuru iki
Pangeran Dipanagara
lawan Pangran Ngabdulrakim
nanging dereng mangsanira
lanat datan telas iki.
 37. Apan samya nyabrang iku
wus prapta sawetan Pragi
 gegancangan lampahira
datan nolih kancaneki
undurira mring Ngayogya
Islam saya kathah prapti.
 38. Dadya langkung girisipun

undurira lanat kapir
lan kekecer bathangira
mangkana wus tan winarni
Islam kang prapta sabilnya
mapan gangsal rangga kalih.

39. Patrajaya Padhas iku
lan gita sadherekneki
Rangga Lepenbener ika
apan sadherekireki
nenggih Basah Imam Musbah
mangkana wus tan winarni.
40. Kawarnaa Jeng Sinuhun
mapan datan arsa iki
wangsul masanggrahan ika
dhateng Toyakendel malih
Pangran Ngabehi aturnya
kajawi ing Sambiradin
41. Sang Nata marengi sampun
pan lajeng kinen ndandosi
mring Tumenggung Pamadigda
tan antara nulya dadi
Sri Narendra sampun pindhah.
masanggrahan Sambiradin.
42. Nanging datan nunggil iku
lawan repot agung sami
sabab datan cukup ika
Kangjeng Ratu den aturi
masanggrahan Kawisharja
ananging pan datan tebih.
43. Lan Sambirata puniku
pan samya katingalneki
namung let lepen kewala
Pangeran Dipanagari

pan lajeng kinen kundura
marang ing Bagelen malih.

44. Kalawan basah puniku
Ngabdulkatib datan kari
Basah Imam Musbah uga
mangkana wus tan winarni
Kangjeng Ratu tan winarna
gerahira kambuh malih.
45. Kadya cobaning Hyang Agung
tumpa-tumpa mring Narpati
Bagelen kancikan lanat
mapan karya beteng iki
aneng ing Waja punika
basah ing Bagelen sami.
47. Katiga pan sami mundur
nadhai datan kuwawi
lan Pangran Dipanagara
mring sawetan Bogawanti
wus katur marang Narendra
nulya tedhak Sri Bupati.
47. Lawan sawadya-kusweku
basah kalih datan kari
mapan lajeng masanggrahan
aneng Kulur Sri Bupati
wadya neng Temon sadaya
neng plipir Bagelen sami.
48. Sadina-dina prang pupuh
tan wonten kuciwaneki
lanat kapir kathah pejah
wong Islam wilujeng sami
saben dina bantu prapta
saking kedhu lanat kapir.

49. Panembahan mapan lapur
lamun tampi serat iki
sing Kurnel Nahis punika
Ki Maja parentahneki
dhateng Kangjeng Panembahan
kengkenan dipun aturi.
50. Lajeng mejahi puniku
mapan nulya den pejahi
Panembahan sangking jrihnya
punika mapan ing nguni
punakawannya pribadya
lawan kinasihan dhingin.
51. Mangkana malih alapur
saking mantri sepuh iki
wasta Mas Brajaleksana
mapan kapiran puniku
Jendral De Kok utusannya
lawan mbekta suratneki.
52. Nanging kakenakanipun
mapan Ki Maja puniki
Imam Karmen namanira
mangkana parentahneki
kinen mangsulna kewala
datan suka den pejahi.
53. Sabab dede ukumipun
mangkana Pangeran Behi
apan lajeng paben ika
punika ukum punapi
dene ngangge beda-beda
Ki Maja nulya nauri.
54. Sabab agami puniku
datan kenging den pejahi
Pangran Behi angandika

sanajan kang mati dhingin
apan padha bangsa Islam
tan prabeda karyaneki.

55. Dadya padudon adangu
kalajeng sulayaneki
mapan samya purunira
rembag nerang mring Narpati
nulya sareng sowanira
wus prapta ngarsa Sang Aji.
56. Kalihnya sami umatur
Sang Nata mesem nabda ris
apan kula datan wikan
ing dalil ingkang sayekti
nanging yen adat kewala
wartane kang dhingin-dhingin.
57. Tan wonten kengkenan lampus
Ki Maja suka tyasneki
rumasa yen ingilonan
dhumateng Sri Narapati
lajeng kinen mundur samya
mangkana Pangeran Behi.
58. Prapta pasanggrahanipun
apan lajeng animbal
lurah Mantrilebet ika
Prawiratani puniki
lawan Prawiradeksana
Prawirabau wus prapti.
59. Katiga apan panuju
samya sowan Sri Bupati
Pangeran Behi karsanya
dene mrih kapyarsa yekti
dhumateng Sri Naranata
lurah tiga pan tinuding.

60. Kinen mejahi puniku
kengkenan Jendral puniku
kang wasta Mas Kurmen ika
aja nggawa kanca maning
padha ijena kewala
sandika tiga turneki.
61. Mapan lajeng mangkat iku
sing ngarsa Pangeran Behi
wus prapta datan winarna
Mas Kurmen wus den pejahi
lawan kalih rencangira
inguja sami satunggil.
62. Mangkana Ki Maja ngrungu
lamun Imam Kurmen mati
langkung sakit manahira
dhumateng Pangeran Behi
nuwun adil mring Narendra
mapan datan angsal iki.
63. Sabab iku kang tinurut
parentahira pribadi
kang wuri sira dhawuhna
iya ja na memateni
sarupane mring kongkonan
mangkana wus tan winarni.
64. Kangjeng Sultan ing tyasipun
mapan langkung mring kang rayi
mangkana nimbali nulya
mring Ki Maja Pangran Behi
kinen samya kantun ika
lawan den angati-atি.
65. Sri Narendra arsa kundur
sakedhap mapan martuwi
Kangjeng Ratu gerahira

sangsaya angelayadi
kadya wus karsaning Suksma
tan supe ngibadahneki.

66. Dhasar ngunjuk wus tan ayun
Panembahan sring nangisi
lawan ingkang ibu ika
Kangjeng Ratu Ageng iki
marma Kangjeng Sri Narendra
langkung eron ing panggalih.
67. Ri wus meling Jeng Sinuhun
mapan lajeng kundur iki
datan mbekta abdi ika
mung lawan basah satunggil
Kangjeng Gusti Basah Imam
sabab punika kang rayi.
68. Kalawan ngampil puniku
tan antara sampun prapti
pan sesanderan kewala
lampahnya Sri Narapati
angagem Ki Jayabapa
Kangjeng Ratu anungkemi.
69. Mring pada Ingkang Sinuhun
kumembeng waspanireki
tan prabeda lan Narendra
ri wus tata lenggah sami
Gusti Basah ingandikan
lajeng Panembahan prapti.
70. Lajeng ngusweng pada iku
Jeng Gusti waspanya mijil
Kangjeng Ratu pan mangkana
kadya wekasan kapanggih
Kanjeng Ratu Ageng nulya
lawan Panembahan iki.

71. Apan samya tumut muwun
dadya sagung kang pra putri
kang ngadhep muwun sadaya
mangkana Sri Narapati
apan sangsaya tyasira
ri wus kinen nulya sami.
72. Kundur sowang-sowang iku
atanapi Basah Kamil
sampun mundur saking ngarsa
mangkana Sri Narapati
Kangjeng Ratu apan nulya
pinangku mring Sri Bupati.
73. Lawan angandika arum
dhuh bendara ingkang abdi
sapunika pan sumangga
yen arsa kundur rumiyin
dhateng alam kalanggengan
ing benjing tan mande panggih.
74. Mas Mirah lan abdinipun
yen pareng Rabulngalamin
panggiha aneng delahan
kalawan pun kakang Gusti
pan ing mangke sampun rila
lamun tinilar rumiyin.
75. Tan saged pun kakang ndulu
risaking sarira Gusti
Kangjeng Ratu ris turira
sarwi mesem yen marengi
sagung kalepatan samya
ingkang lahir myang kang batin.
76. Nuwun apunten satuhu
kawula mring Paduka Ji
bilih kasupen kawula

sabab lami angladosi
tanapi kang samar-samar
den agung apunten Aji.

77. Sri Narendra ngandika rum
nak angger ywa walang ati
muga Allah narimaa
sabarang ingkang kawijil
sanadyan inggih pun kakang
mugi den agung Mas Gusti.
78. Ngapunten mring lepatipun
sabab asring datan yekti
Kangjeng Ratu aturira
kawula nuwun Hyang Widi
ing dunya prapteng delahan
mugi tulusa angabdi.
79. Dhumateng Kangjeng Sang Prabu
sanajan wonten yomani
kawula kang ngladosana
dadya kumembeng waspa Ji
mangkana wus tan winarna
ing dalu Sri Narapati.
80. Enjing Kangjeng Sultan wangsl
tedhak dhateng Kultur malih
datan kantun Basah Imam
Kangjeng Ratu kang winarni
sapungkurira kang raka
sampun karsaning Hyang Widi.
81. Saya sanget gerahipun
Panembahan yun tur uning
Kangjeng Ratu datan suka
manawa ngeron-eroni
marang karsaning kang raka
embannya jaler puniki.

82. Kyai Soban namanipun
sareng myarsa ingkang warti
saya sanget gerahira
Kangjeng Ratu Soban nuli
nenuwun marang Hyang Suksma
mapan nuwun mati dhingin.
83. Tinarima Soban iku
ing dalu lajeng ngemasi
datan ana janma wikan
aneng sembahyanganeki
den nyana turu kewala
kangjeng Ratu kang winarni.
84. Nimbali kalih kang maru
mapan sampun prapteng ngarsi
Den Ayu Retnakusuma
lawan Raden Ayu iki
Retnaningrum angandika
Jeng Ratu Kadhaton aris.
85. Bok Ayu kaliyanipun
den agung ngapunten sami
sabarang lepat kawula
manawa kasupen iki
lawan malih poma-poma
sami saged dipun kari.
86. Angladosi mring sang Prabu
lawan malih kula titip
sampun karya susah manah
dhumateng Sri Narapati
Mbakayu kula nenedha
mugi dipun welas sami.
87. Kekalih tan saged matur
karuna lawan nyungkemi
mring Kangjeng Ratu punika

mangkana kapyarsa nuli
ingkang ibu nulya tedhak
Kangjeng Ratu Agung iki.

88. Kagyat myarsa swaranipun
muwun ingkang mantu kalih
Kangjeng Ratu Ageng prapta
lajeng nyundhang mring kang siwi
pan lajeng tumut karuna
nulya ingkang lesan mijil.
89. Nanging maksih alit iku
samy lega tyasireki
den nyana lajeng waluya
sabab Kangjeng Ratu iki
mapan lajeng saged lenggah
pribadi tan den ampingi.
90. Lawan angandika arum
utusan kinen ngaturi
dhateng Kangjeng Panembahan
tan antara nulya prapti
pukul sanga wanci nira
Den Ayu Sepuh kang ngiring.
91. Lajeng mundhut dhahar iku
kang ibu dipun aturi
dhahar kalawan kang rama
sami sareng karsaneki
darapon eca punika
dene ingkang maru kalih.
92. Kinen mareng dhahar iku
nunggil kalawan kang bibi
Den Ayu Sepuh punika
sadaya apan nuruti
ri sampunnya angandika
Jeng Ratu Kadhaton aris.

93. Wau dhumateng kang ibu
Kangjeng Ratu Ageng iki
anuwun kang pangapura
lamun wonten lepatneki
tanapi dhateng sang rama
den agung ngapunten sami.
94. Jeng Ratu Ageng nabda rum
ingkang ora-ora nini
apan ingsun ora ngrasa
yen sira salah mring mami
manawa kalalen ingwang
sun apura kabeh iki.
95. Sabarang salahireku
narima mring Illahi
Panembahan pan mangkana
ri wus nulya den aturi
Panembahan kundur ika
Kangjeng Ratu Ageng maksih.
96. Nenggani lawan kang maru
Jeng Ratu ngandika malih
ibu kawula yun nendra
nuwun paduka tenggani
inggih sadalu punika
kalawan mbokayu kalih.
97. Tulusa dadi sadulur
ing dunya prapta ing ngakir
Kangjeng Ratu gya sareyan
kalawan kang ibu iki
singeb sinjang cindhe ika
cindhe jlampang dhasar wilis
98. Apan lajeng sare iku
sakeca yen den tingali
Kangjeng Ratu Ageng nulya

kang putra tinilar ririh
lingsir dalu wayahira
manawa ngeget-egeti.

99. Apan arsa salat tahjut
punika nanging tan tebih
Kangjeng Ratu lan kang putra
sadaya pan samya guling
ingkang ngadhepi punika
samya eca tyasnya sami.
100. Ngantos waktu pajar iku
Jeng Ratu Ageng tan guling
lawan atengga kang putra
sareng wanci pajar sidik
pan samya tangi sadaya
lajeng salat subuh sami.
101. Sareng sampun bakda subuh
Kangjeng Ratu Ageng nuli
ingkang putra tinuwenan
dene kadingaren iki
sakenjing denira nendra
datan mundhut toya suci.
102. Sampun rawuh Kangjeng Ratu
pasareaning kang siwi
Jeng Ratu Kadhaton ika
kapanggih mujung puniki
sinjang cindhe singebira
sinjang parang rusak iki.
103. Samekan sawat jalengut
latar cemeng tur semani
dadya wus sinedyeng driya
sidhakep kang asta kalih
sinjang myang kang kasemekan
mapan sampun den singseti.

104. Kangjeng Ratu Ageng iku
apan nulya angungkabi
mring singebira kang putra
pan sampun kapanggih sepi
Kangjeng Ratu wus pranyata
kundur mring Rahmatullahi.
105. Kangjeng Ratu Ageng iku
ingkang putra den sungkemi
pan sanget denny karuna
dadya sami kagyat iki
lajeng anangis sadaya
sagung ingkang ngadhep sami.
106. Kangjeng Panembahan iku
langkung kagyat mlajeng prapti
tumingal dhateng kang putra
kundur dhateng Ngalam Suci
pan lajeng tumut karuna
mangkana sesambatneki.
107. Adhuh nyawa anakingsun
sapa ingkang sun tut wuri
pra putra prapta sadaya
gumuruh swaraning tangis
Panembahan ciptanira
kuwatos dhateng Narpati.
108. Mapan ingkang singeb sampun
winangsulaken lir nguni
Panembahan gya utusan
kapalan atur uninga
dhateng Kangjeng Sri Narendra
mring Kulur gantya winarni.
109. Sang Nata duk salat subuh
jroning salat aningali
kadya ingkang garwa prapta

nuwun pamit mring Narpati
kundur dhateng Rahmatullah
bakda salat Sri Bupati.

110. Apan lajeng pungun-pungun
Kangjeng Ratu kang kaeksi
lenggah neng ngempering langgar
pan sarwa sendhean iki
apan tan arsa ngandika
kang sami sowan ningali.
111. Lamun sungkawa Sang Prabu
dadya jrih tumingal sami
enjing lindhu lawan jawah
langkung dres bedhug kang wanci
Kyai Maja apan prapta
sowan ngaturi udani.
112. Yen wonten utusanipun
Panembahan atur uning
lamun kang rayi paduka
Jeng Ratu Kadhaton mangkin
kundur dhateng Rahmatullah
Ki Maja lan mbrebes mili.
113. Sangking kuwatos tyasipun
Ki Maja mring Sri Bupati
mangkana Sri Naranata
sareng myarsa aturneki
mesem lawan ris ngandika
timbalana Paman Behi.
114. Lan Suryengalaga iku
Ngabdulmajid nulya prapti
katiga ngarsa Narendra
pan samya tumungkul sami
kalawan angemu waspa
wus samya miyarsa warti.

115. Lamun Kangjeng Ratu surut
 samya watos mring Narpati
 sakawan Kiyai Maja
 Sang Nata ngandika aris
 wis aja ana rinasa
 pan takdir sapa ngowahi.
116. Nanging mengko karsaningsun
 katelu karia sami
 mung Ngabdulmasjid kewala
 iku kang sun gawa mulih
 kang kari mangsa bodhoa
 ing prang aja na ngowahi.
117. Lawan Basah Imam iku
 kon nusul sawuri mami
 katiga matur sandika
 mangkana Sri Narapati
 wus nitih ki Jayacapa
 namung ngampil ingkang ngiring.
118. Lawan ingkang rayi iku
 nenggih Pangran Nabdlumajid
 sakedhap kewala prapta
 ing Kawisharja puniki
 kang tangis mkasih wurahan
 lan jawah langkung dresneki.
119. Kangjeng Panembahan dulu
 yen rawuh kang putra nuli
 lumajeng angrangkul nulya
 kalawan muwun puniki
 Sri Narendra angandika
 sampeyan kendela Kyai.
120. Wonten pundi layonipun
 putra sampeyan Kiyai
 Panembahan aturira

maksih neng pasareaning
tan na wani ngowahana
Sri Narendra nulya manjing.

121. Pasarean sampun rawuh
maksih mujung cindhe wilis
tan mantra yen surud ika
nulya lenggah Sri Bupati
Kangjeng Ratu layonira
pinangku mring Sri Bupati.
122. Mapan lir sare satuhu
neng pangkon Sri Narapati
dadya sangsaya karuna
sagung ingkang para putri
Panembahan kembeng waspa
langkung maras tyasnya sami.
123. Sang Nata mesem nabda rum
wus padha menenga sami
ingsun ora apa-apa
sampeyan mendel Kiyai
anataa pasiraman
kula yun salat rumiyin.
124. Sampun manjing waktu luhur
Panembahan matur aris
ingsun ya durung sambahyang
Jeng Ratu sineleh ririh
Kangjeng Sultan nulya salat
aneng sandhinge kang rayi.
125. Sareng sampun bakda iku
Jeng Ratu pinangku malih
tan mantra lamun wus seda
nging kaot tan saged ngliring
mangkana Kangjeng Nembahan
matur lamun sampun rakit.

126. Nulya miyos Kang Sinuhun
Jeng Ratu pinondhong iki
sampun lenggah kanthil ika
gedebog kinen ngudhali
apan pinangku kewala
wau denira nyirami.
271. Dhumateng Kangjeng Sang Prabu
Kangjeng Ratu layoneki
tan wonten purun matura
sagung kang pra ibu sami
tanapi lawan kang eyang
lajeng samya kinen iki.
128. Nyirami neng pangkonipun
Sri Narendra lan pra putri
mapan tan wonten lenggana
mangkana ingkang ngosoki
Kangjeng Ratu Ageng lawan
Kangjeng Ratu Anem iki.
129. Kalawan kang eyang iki
Raden Ayu Sepuh iki
lan Den Ayu Juru ika
kalawan wau kang bibi
Den Ayu Haspabisapa
sanga pra putri nyirami.
130. Ingkang angladosi iku
nenggih wau ingkang bibi
Raden Ayu Panembahan
sepuh anem lawan malih
Den Ayu Rentakusuma
kalawan Den Ayu iki.
131. Retnaningrum mapan sampun
binekta kundur tumuli
kinurmatan ri sawusnya

sinarekaken puniki
apan sinandhing kewala
kang layon mring Sri Bupati.

132. Basah Ngabdulkamil iku
bakda asar praptaneki
lan Dullah Prawiradirja
Raden Jayasentaneki
katiga nungkemi pada
ri wus samya kinen mijil.
133. Ingkang layon Kangjeng Ratu
sadalu apan sinandhing
dhumateng Sri Naranata
kang sinjang myang singebneki
lajeng ingagem sadaya
tan mawi kinumbah iki.
134. Ingkang ganda maksih arum
mangkana pan sareng enjing
Panembahan matur nulya
yen trabela sampun rakit
lajeng kinen nglebetena
kang mbekta santana sami.
135. Ingkang pra ngulama sagung
wus pepak aneng pandhapi
mapan namung Kyai Maja
datan wonten maksih baris
santana kalih punika
anenggih Pangeran Behi.
136. Lan Pangran Suryenglageku
sadaya pan pepak sami
ri wus sinalatken ika
lajeng ingangkatken nuli
kang layon dhateng Jimatan
sinarekken pra ngulami.

137. Pandhita sarip kajiku
myang sagung santana sami
ingkang dados pangiridnya
nenggih Pangran Ngabdulmajid
lan Pangran Prabu ika
myang bupati lebet sami.
138. Mapan datan wonten kantun
Mantrilebet kang njajari
Suryagama Suranata
dullah tiga kang pangirid
Dyan Tumenggung Puthutlawa
lawan Dullah Badarudin
139. Sarip Samparwadi iku
Gusti Basah kang nindhihi
Dyan Dullah Prawiradirja
kinen wangsl baris malih
dhumateng Kulur punika
mapan rahmating Hyang Widi.
140. Kang jawah langkung dresipun
surya pan datan kaeksi
nanging tan wonten kodanan
kang jawah dadya njajari
lawan ngapit kering kanan
kang wingking lir ndherek sami.
141. Praga ageng banjiripun
sinabrang pan lestari
langkung elok Dating Sukma
wus prapta sawetan Pragi
Pangeran Suryawijaya
apan methuk aneng Mangir.
142. Kalawan Raden Tumenggung
Jayanagara puniki
angirid wadya tamtama

salompret tambur pan asri
lampahnya samarga-marga
lawan maos slawat sami.

143. Mapan datan mantra iku
yen ndherek layon sayekti
kadya panganten punika
duk lagya binayangkari
dadya ingkang ndherek ika
kang janma datanpa wilis.
144. Sangking kurmat mring Jeng Ratu
pinaring mring Ilaihi
wanudya bekti mring priya
punika pratandhaneki
ing Jinatan pan lampahan
saking Kawisharja iki.
145. Mapan iku kalih dalu
waktu luhur rawuhneki
wonten ing masjid Jimatan
sagung ingkang ndherek sami
tyasira kadya supena
tan luwe tan sayah iki.
146. Bakda asar kangjeng Ratu
malebet ing kluwat iki
aneng daganing kang eyang
mangkana apan lestari
kubur tan ana selanya
karikil mapan baresih.
147. Punika pratandhanipun
yen rinilan ing Hyang Widi
datan katanggor ing sela
kang dherek wus mundur sami
henengna ingkang wus mulya
Kangjeng Sultan kang winarni.

148. Sareng rnangkat Kangjeng Ratu
mapan tambuh tyasireki
rempu wus datanpa karsa
kadya liwung mring kang kardi
wus tan karuwan ing dunya
nnging sanget panawurneki.
149. Mangkana pan tedhak iku
mring sendhang satengah kali
apan arsa pager sela
sing jawi datan kaeksi
Kangjeng Sultan asarean
neng sela pinggiring warih.
150. Tan wonten kang ndherek iku
tedhaknya namung pribadi
kaparak samya kecalan
indaknya tan wonten uning
Nyai Lurah Seca nama
lan Nyi sasoka ngulati.
151. Apan dangu tan katemu
Panembahan tetanya ris
sireku ngoleki sapa
lurah kalih matur aris
ngupadosi putra tuwan
.sampun dangu tan kapanggih.
152. Panembahan langkung gugup
nulya tumut ngupadosi
mangkana anulya ana
wong ingkang angangsu bali
dinangu mring Panembahan
dene sira teka bali.
153. Ingkang ngangsu aturipun
putra dalem Sri Bupati
apan sare aneng sela

sapinggairing sendhang iki
Panembahan nusul nulya
lawan sagung para putri.

154. Panembahan prapta sampun
lawan ngemu waspa iki
Kangjeng Sultan angandika
wonten punapa Kiyai
pan arsa adus kawula
dereng wonten kang ngladosi.
155. Lajeng siram Kang Sinuhun
mundhut patelesaneki
kinarya namur kang rama
darapon eca tyasneki
ri wus mapan kundur samya
sadaya tan kantun sami
156. Sareng enjing lenggah iku
Sang Nata aneng pandhapi
lawan Kangjeng Panembahan
mapan gumujengan ika
Pangran Ngabdulmajid prapta
myang sagung kang ndherek sami.
157. Kagyat wusnya Jeng Sinuhun
dene prapta maksih enjing
Pangran Ngabdulmajid turnya
kawula tan nyipeng yekti
pan kadya tiyang supena
tulak kadolon neng margi.
158. Mapan inggih wau dalu
nyipeng ing Gegulu sami
lawan sakanca sadaya
wus katur niskaraneki
wus mungel njeng punika
mangkana ana wong prapti.

159. Saking ing Kulur kaburu
nulya kinen ndangu iki
mangkana pan aturira
ing Kulur dipun besemi
Ki Maja lawan Pangeran
Suryenglaga apan gendring.
160. Lumajengira binujung
nanging Pangeran Ngabehi
wau pan boten katingal
mengsaah lajeng anututi
wau satingal kawula
kendel wonten Bengkung sami.
161. Didalem prajurit sagung
baris wonten Wangkit sami
neng Pengasih Kyai Maja
mesem Kangjeng Sri Bupati
Panembahan guguping tyas
mangkana aturireki.
162. Apa ta umingser iku
Sultan akeh repot iki
ngandika Sri Naranata
wonten punapa Kiyai
sanadyan kapir dhatenga
Mantrilebet anyampuni.
163. Ngandika Ingkang Sinuhun
undangen Ki Maja aglis
neng Pengasih amek apa
gya lumampah kang tinuding
lurah Mantrilebet ika
Mas Prawiradeksaneki.
164. Tan antara prapta sampun
mapan kapethuk ing margi
lajeng sowan mring Narendra

dinangu aturireki
mapan sampun wangsul lanat
mila amba mantuk yekti.

165. Langkung kuwatos tyas ulun
dhumateng paduka Aji
mesem ngandika Sang Nata
marang Gusti Basah Kamil
heh Basah sesuk mangkata
lawan sira sun bantoni.
166. Si Puthutlawa puniku
ing Waja gitiken maning
Gusti Basah tur sandika
anulya luwar Sang Aji
ing dalu datan winarna
enjing budhal Basah Kamil.
167. Kalawan Raden Tumenggung
Puthutlawa pan angirid
kang Mantrilebet sadaya
tan winarna sampun prapti
ing Temon Jeng Gusti Basah
wus panggih lan Pangran Behi.
168. Lan Ngusman Ki Basah iku
nulya Kangjeng Pangran Behi
nimbalì dhateng kang wayah
Jeng Pangran Dipanagari
lan Bagelen basah tiga
samya kinen njabel iki.
169. Nyabeta pan sangking pungkur
ing ngajeng ingkang nadhahi
pan basah kalih punika
sandika samya turneki
nging putu ywa melu sira
pan akeh kuwatirneki.

170. Sampun dados rembagipun
dalu mapan njabel sami
mring Bagelen basah tiga
Basah Ngabdulkatib ngirid
enjing lajeng campuh yuda
angsal pitulung Hyang Widi.
171. Lanatullah dhadhal iku
mundur marang Kedhu malih
mapan kathah ingkang pejah
wong Islam wilujeng sami
nanging beteng sampun dadya
pan lajeng kine pang iki..
172. Mring Bagelen wetan iku
nulya mundur Pangran Behi
lan Pangran Dipanagara
tan kantun kang basah kalih
Bagelen pan sampun mulya
kawarnaa Sri Bupati.
173. Ingkang lagya tyasnya wuyung
mung Jeng Ratu kang kaeksi
nging sanget panamurira
kalamun lagya siniwi
gegujengan lan kang rama
anglir mas kentir ing warih.

MASKUMAMBANG

Pupuh XIX

1. Lamun dalu tan arsa sare Sang Aji
mangkana tyasira
paran temahane iki
wus tan bisa aneng dunya.
2. Nadyan silih sida sirna lanat kapir
sapa rewaningwang
dene teka gamang mami
bendara dhingin mring sira.
3. Pan ing mangko dadya lola ingkang abdi
kari aneng donya
mangkana kalamun enjing
sinamur lenggah pandhana.
4. Lan kang rama myang sagung kang pra ngulami
Pangran Behi prapta
lan Pangran Dipanagari
basah kalih sakancanya.
5. Atur uning lamun mengsa Waja sami
kathah ingkang pejah
wangsl dhateng Kedhu malih
Bagelen pan sampun karta.
6. Kangjeng Sultan mesem angandika aris
gih paman tarima
Dipanagara sireki
dene ora mulih ika.
7. Mring Bagelen Pangran Behi aturneki
mas putu punika
kedah remen neng ngarsa Ji
pitajeng mring basah ika.

8. Basah Ngabdulkatip mapan kang nyepuhi
ngandika Narendra
basah kinen ngaso sami
wus luwar Sri Narendra.
9. Sagung wadya samya susah tyasireki
tumingal Narendra
kalamun sangat prihatin
apan katawis ing nedya.
10. Lan tan arsa salin kang busana maksih
agemnya kang garwa
mangkana Jumungah iki
Kangjeng Sultan miyos salat.
11. Sabakda Kangjeng Sultan lenggah neng masjid
sagung pra ngulama
mangkana samya turneki
atanapi Kyai Maja.
12. Sampun sanget paduka ingkang prihatin
mesem Sri Narendra
sun iki ora prihatin
iya marang kang wus mulya.
13. Ala iku dene bojo lan agami
mung lestarinira
mapan sun kang prihatini
dadi asrep pra ngulama.
14. Kang pandhita sarip atanapi kaji
Pangran Behi turnya
punapaa Sri Bupati
maksih ngagem agemira.
15. Kangjeng Ratu apan dereng salin-salin
punika kang dadya
susahé didalem sami
mesem Sang Nata ngandika.

16. Paman Behi punika pan kajeng mami
derapon emuta
dunya temah rusakneki
putra sampeyan punika.
17. Kang jasmani mapan dosa pamineki
derapon tyas kula
sampun enget mring kang wangi
lamun boten makatena.
18. Ngupadosa paman dhumateng ing pundi
kang memba kewala
warna myang ngibadahneki
Ki Maja nambungi sabda.
19. Inggih ta lah kawula miyarsa warti
duk sinare ika
karamat samargi-margi
pratela eloking Suksma.
20. Mendah dene miyosa kakung rumiyin
apan wus tetela
lamun sinihan ing Widi
nulya kundur Sri Narendra.
21. Apan mundhut ningkah kang santana iki
Kangjeng Ratu ika
kaprenah nak-sanakneki
lan Dullah Prawiradirja.
22. Pan sinareng lawan kang tilaran iki
Ki Guru Kasongan
karsanya Sri Narapati
mrih ewa tyas sagung wadya.
23. Dadya jangkep sakawan nenggih Narpati
kang sepuh pribadya
kang ibu Pangran Dipati

Dyan Ayu Retnakusuma.

24. Nulya Raden Ayu Retnaningrum iki
kang anem punika
Raden Ayu Retnaningsih
Den Ayu Retnakumala.
25. Ingkang bini Pangran Dipanagareki
apan sampun seda
Den Ayu Madubrangteki
kang bini Den Ayu Basah.
26. Raden Ayu Retnadewati puniki
sampun samya seda
sedanya kalih wus lami
duk maksih neng Tegalreja.
27. Dadya sagung ngulama pandhita sami
lan kang pra pratiwa
lan putra santana sami
dadya eca tyasnya samya.
28. Dene sampun Sang Nata mudhut pawestri
mangkana Narendra
apan sangsaya tyasneki
lamun ningali punika.
29. Pasareanira kang rayi suwargi
lan panepenira
dadya Nata kundur iki
dhumateng ing Sambirata.
30. Pan sadaya myang repot tan ana kari
tumut ngalih samya
dhumateng ing Sambiradin
ingkang kantun Kawisharja.
31. Panembahan lan repot kang sepuh sami
nging Jeng Ratu ika

Ageng mapan tumut ngalih
dereng tega mring kang putra.

32. Enengena Jeng Sultan kang lagya kingkin
ya ta kang winarna
Kangjeng Sultan Sepuh iki
ingkang aneng ing Ngayogya.
33. Apan manggung punika den uring-uring
dhumateng ing Jendral
sabab kundur tanpa karsi
pan malah asring tinarka.
34. Pepanggihan kalawan kang wayah iki
mapan lanatullah
saking bingung ing tyasneki
Tumenggung Sasradilaga.
35. Ingkang wradin dhumateng mancanagari
pan ageng barisnya
wus bedhah ing Rajegwesi
Rembang sampaun kinepang.
36. Pan ing Lasem pasisir wus teluk sami
kantun Surabaya
mapan lagya den ayati
lanatullah kathah pejah.
37. Dadya sanget Jeng Sultan den uring-uring
susah lajeng gerah
dhasar sampun mangsaneki
pan wus langkung sepuhira.
38. Nulya kundur Kangjeng Sultan Sepuh iki
marang Rahmatullah
sinareken Matawis
tunggil kaliyan kang rama.
39. Kangjeng Sultan ingkang jumeneng Mantawis

akaping sapisan
Sang Nata ngaturan uning
kalamun wau kang eyang.

40. Sampun kundur dhumateng Rahmatullahi
sangsayaa tyasira
enget mring ubayaneki
dadya wus tan darbe karsa.
41. Ingkang eyang kang rayi wus kundur dhingin
nging kantun satunggal
Kangjeng Sultan kang den sihi
Jeng Suti Imam Ki Basah.
42. Ing tyasira mung kantuna rah sayekti
mring purbaning Suksma
lamun kinarsakna iki
ing siyang dalu sumangga.
43. Aneng dunya wus tan ana kang den sihi
Ki maja punika
apan asring resahneki
sabbarang parentahira.
44. Pangran Behi myang putra santana sami
lan kang pra pratiwa
nung-anung wus rambeg sami
nuwun parentah kang tata.
45. Langkung serah punika dados satunggil
pangulu lan jaksa
pepatih dados satunggil
mapan Ki Maja sadaya.
46. Parentahnya enjing sonten ngolah-ngalih
Pajang sapunika
Raden Arya Sindurjeki
sampun seleh munakawan.

47. Sabab asring punika dipun resahi
marang Basah Pajang
nenggih Seh Kasanbesari
parentahira Ki Maja.
48. Sabab kang ler Jatinom karebat malih
mring kapir sadaya
dadya Seh Kasanbesari
ngendhiih Dyan Riya Sindurja.
49. Raden Riya ajrih nulya seleh iki
ing waktu punika
Ki Maja sru muring-muring
sabab sanget isinira.
50. Mapan kathah kalajeng tekaburneki
dadya saya resah
Ki Maja parentahneki
nganggo kajengnya pribadya.
51. Awit matur dhumateng Sri Narapati
marma samya rembag
sagung kang pratiwa sami
nuruti Sri Naranata.
52. Basah Ngrema tinimbalan sampun prapti
karsaning Narendra
ingkang kinarya pepatih
wasta Dyan Danukusuma.
53. Mapan iku kang wus talering pepatih
nagari Ngayogyka
pinaringan nama iki
panunggak semi kewala.
54. Nenggih Raden Dipati Danuija iki
apan ingkang jaksa
lami maksih ndherek iki
wasta Kyai Nitipraja.

55. Nanging sampun sanget lungse karsa Aji
mapan anakira
kinarsakken anggentosi
pan inggih sampun ngulama.
56. Duk ing nguni pan dadi pathok nagari
dhongkolan punika
pinaringan tunggaksemi
nenggih Kyai Nitipraja.
57. Kang pangulu nenggih muridnya pribadi
inggih Kyai Maja
kang wasta Kaji Mam Raji
lan panuwunnya priyangga
58. Kangjeng Sultan apan lajeng anuruti
nenggih Kyai Maja
karsanira Sri Bupati
apan nyantana kewala.
59. Tunggil darnel lawan Pangeran Ngabehi
dados suka tyasnya
sagung kang pratiwa sami
tanapi putra santana.
60. Pra ngulama pandhita sarip lan kaji
mangkana ing Ngrema
kaponakannya puniki
Raden Dipati Danurja.
61. Apan nusul tan purun kantuna iki
putrane kang raka
Raden Dipati Suwargi
apan kekalih punika.
62. Ingkang sepuh Dyan Menggung Martanagari
kang anem namanya
Raden Gandakusumeki
sampun katur mring Narendra.

63. Mapan lajeng kinasihan mring Narpati
mbekta prajuritnya
kang samya mangsanireki
tan purun kantun neng Ngremma.
64. Kawan dasa apan panjinya kekalih
samya prawiranya
anenggih namanireki
Mas Panji Satadiwirya.
65. Lan Mas Panji Citradiwirya puniki
karsaning Narendra
sadaya pinundhut sami
kinarya sisihanira.
66. Mantrilebet dadya kiwa tengen iki
dene kang wadana
maksih tetp ugi iki
Tumenggung Martanagara.
67. Ingkang tengen Dyan Menggung Puthutlaweki
samya kawandasa
Raden Gandakusumeki
apan kinarya wadana.
68. Punakawan pan Mas Kasim lurahneki
ing Ngrema punika
dereng wonten basahneki
mapan den iras kewala.
69. Nenggih dhateng Raden Basah Ngabdullatip
gantya kang winarna
nenggih ing mancanagari
Dyan Menggung Sasradilaga.
70. Sampun kathah telukanipun nagari
lanat kathah pejah
Bagelen lawan Matawis
sepi datan wonten wisma.

71. Namung kantun ingkang tengga beteng sami mangkana Ki Maja pan kumat tekaburneki ngaturi bedhah Ngayogya.
72. Sabab suwung sagung lanat mapan sami kinerig sadaya dhumateng manca nagari cina ing Lasem sadaya.
73. Mapan sampun sumedyo manjing agami Den Sasradilaga dadya supe weling Aji anjamah ing nyonyah Cina.
74. Pan punika ingkang dados margineki apes juritira kapenakanira Sabil lan Kaji Mukamad Kasan
75. Pan ing Pathi lawan bapakipun sabil tiga sadhereknya ingkang samya tumut sabil lan Raden Mulyakusuma.
76. Tuban sabil Raden Sasradilageki pan lumayu nulya mantuk dhumateng Matawis Cina kathah pinejahan.
77. Dening lanat sabab kancanya keh mati datan lami nulya lanatullah wang sul malih dhateng Matawis sadaya.
78. Sampun prapta dadya nagari Matawis kathah malih mengsa lajeng karya beteng iki ing Baligo tinindhahan.

79. Mring Dipati Urawan sakancaneki
lawan Kanigara
mapan inggih den tadhahi
mring Pangran Sumanagara.
80. Sakancanya langkung rame denny jurit
pan sadina-dina
tan wonten kuciwa sami
dereng nuwun bantu samya.
81. Mapan maksih kuwawi sami nadhahi
mangkana winarna
Kangjeng Sultan kinen kardi
langgar lit panepen ika.
82. Cinelakan lawan masjid ageng iki
Ki Maja aturnya
apan ngiras maknum iki
gangsal waktu bar Jumungah.
83. Kangjeng Sultan apan lajeng anuruti
neng langgar kewala
datan kundur-kundur iki
sang Nata mring pasanggrahan.
84. Kang ngladosi mung tumenggung tiga iki
giliran punika
Den Ayu Martanagari
lawan Raden Puthutlawa.
85. RadenGandakusuma ingkang nyaponi
pasarean Nata
Ki Maja aturireki
yen marergi Sri Narendra.
86. Pan kawula badhe nyambi wulangneki
paduka miyarsakna
Sang Nata inggih nglilani
Ki Maja malih turira.

87. Paduka Ji gegadhangan janma supi
antawis punika
kang karsa namung satunggil
mesem Narendra ngandika.
88. Sun tan wruh apa karsaning Hyang Widi
ing waktu punika
Jumungah pan dados kalih
ingkang celak lan Narendra.
89. Kawisharja apan lawan Sambiradin
ngulami kang mulang
ing Celering pan satunggil
Seh Barnawi namanira.
90. Pan wus kathah santri ingkang prapta ngaji
dene Sambirata
Ki Maja papaosneki
kitab kang ageng kewala.
91. Pan gentosan sagung pra ngulama sami
Ki Maja mangkana
wicanten mring pra ngulami
heh kanca sagung ngulama.
92. Apa sira seja talip marang mami
pan nonton kewala
lamun seja talip yekti
anguran padha metua.
93. Sri Narendra mesem sareng amiyarsi
Ki Maja wuwusnya
nulya angandika aris
heh sira Martanagara.
94. Puthutlawa Gandakusuma wus dadi
muride Ki Maja
sabab padha ngrungu iki
dadi sira keneng kala.

95. Pan katiga gumuyu sarwi tur bekti
yen kenging patikbra
paduka Ji inggih kenging
Sang Nata gumujeng suka.
96. Apan ingsun wus maca kitab pribadi
iki apan tunggal
padha minajul ngabidin
lawan munabihat ika.
97. Sira iku katelu abutuh dadi
ngaler ngidul kala
samya suka gujengneki
mangkana wus tan winarna.
98. Kawarnaa wau ta ingkang ajurit
lanat srинг kuciwa
wongsal-wangsul datan dadi
malah kathah ingkang pejah.
99. Adan malih kinerig Magelang iki
lawan ing Ngayogya
Sala mapan kang mbantoni
dadya samya agengira.
100. Ing Baligo lawan Kanigara iki
Mapan Ki Urawan
lan Pangran Sumanagari
kawraten kathahen lawan.
101. Mas Tumenggung Martadiwirya pan sabil
tatu dhadhanira
kaburu wong Islam sami
ing Kanigara mangkana.
102. Mapan Rangga ing Gajahan ingkang sabil
pan sareng sadina
samya tatu dhadhaneki
wus katur marang Narendra.

103. Nulya Raden Dipati Danurja pamit
mbantoni ngayuda
kalawan kang basah kalih
budhalan prajuritnya.
104. Sampun prpta ing paseban Dyan Dipati
ing beteng wus dadya
lanat lajeng tan ngedali
samya neng beteng kewala.
105. Ing Baligo lawan Kanigaraiki
basah mapan samya
rembag agiliran sami
kang methuki Dyan Dipatya.
106. Apan lajeng masanggrahan Dyan Dipati
ing dhusun Ganjuran
sabab angsal salang kalih
lanatullah malih prpta.
107. Langkung kathah nulya Raden Adipati
tasah tinimbalan
lajeng datan mawi gilir
apan prang sadina-dina.
108. Yen kabujung lanat ngungsi betengneki
mung mariyemira
kang den endelaken iki
mangkana lajeng bubuhan.
109. Gusti Basah nglajengaken mengsa iki
kang saking Ngayogyo
lan Pangran Sumanegari
sakancanipun sadaya.
110. Basah Ngusman ngajengaken mengsa iki
lan Raden Dipatya
ingkang saking Kedhu sami
lawan Dipati Urawan.

111. Sakancanya samana apan marengi
kang mengsa Ngayogy
sampun datan saged mijil
pan asring kuciwanira.
112. Kathah pejah lanat lawan murtat iki
Kangjeng Gusti Imam
Mukamat Libasah Nenggih
mapan pinaringan serat.
113. Saking Raden Dipati Sindurja iki
lapur yen Seh Ngusman
Libasah pan antuk sabil
lawan Dullah Seh Kajika.
114. Ngabdulkadir kenging mriyem dhadhaneki
kontal datan pasah
nanging mapan lajeng sakit
lan ngantos luntak ludira.
115. Kang Bulkiya pan namung kantun satunggil
Seh Dullah Kajika
Mustapa sakancanekei
Jeng Gusti watos tyasira.
116. Lajeng tedhak nanging tan mbekta prajurit
dhumateng Ganjuran
yun panggih Raden Dipati
namung prajurit waneng prang.
117. Ingkang ndherek kawa; dasa kathahneki
dullahnya satunggal
Raden Prawira puniki
Kusuma panji satunggal.
118. Raden Panji Sumadiwirya puniki
kang gadhah Magetan
mangkana kapareng ugi
kadya wus karsaning Suksma.

119. Dyan Dipati kianggahan dening kapir
kaburu yudanya
sagung Islam mawut sami
sabab sanget enjingira.
120. Dadya kagyat samana kapethuk nuli
lanat lawan murtat
lan Jeng Gusti Basah Kamil
ngaturan mundur tan arsa,
131. Sabab sampun sami katingal puniki
lingen yen wangsula
kadya wus karsaning Widi
prapta marga sabilullah.
122. Gusti Imam Mukamat kang Ngabdulkamil
Alibasah ika
lajeng campuh ing ajurit
ingedrel kanin kang jaja.
123. Mapan lajeng anrus mring walikatneki
nging maksih neng kuda
ingkang rah amaratani
marang ing rasukanira
124. Nggennya ngasta waos lajeng runtuh iki
waneng prang tumingal,
lamun Kangjeng Gusti kanin
dadya sareng nempuh samya.
124. Kawan dasa apan arsa ambeg pati
ingkang gangsal ika
angundurken Kanjeng Gusti
ngampingan maksih neng kuda.
125. Lajeng kuwel anjata wus datan muni

waos campuh ika
kalawan sangkuh puniki
lanat bangkenya mbelasah.

127. Dyan Dipati sareng mulat Kangjeng Gusti
yen kanin kang jaja
mapan nulya malajengi
tumut ngunduraken ika.
128. Sagung ingkang prajurit pan wangsl sami
kang lumajeng ika
tumingal waneng prang ika
kawan dasa ngamuk samya.
129. Sareng campuh lajeng lanat murtat iki
kalindhih yudanya
sangsaya keh bathangneki
lawan kang kekecer ika.
130. Lanat lajeng samya ngungsi beteng sami
Islam apan samya
ingkang mbujung wangsl malih
Dyan Panji Sumadiwirya.
131. Mapan lajeng prapta ing sabilullahi
ajur kang kunarpa
mapan tatu sangkuh sami
neng tengah lanat bathangnya.
132. Raden Dullah Prawirakusuma kanin
pan larapanira
kengng mimis tan punapi
laya puniki sadaya.
133. Wadya Islam pan samya wilujeng sami
nengna kang winarna
Gusti Basah angrahuhi
sampun tedhak saking kuda.

134. Tinangisan mring sagung prajurit sami
myang Raden Dipatya
lan sagung pratiwa sami
rumaos tiwas sadaya.
135. Aneng tandhu mapan asring supeneki
ing samarga-marga
binekta kundur puniki
dhumateng ing Sambirata.
146. Ingkang mikul prajurit lawan bupati
Dyan Sumadiwirya
layone wis den saeni
marang Rahaden Dipatya.
137. Sampun katur dhumateng Sri Narapati
lamun ingkang putra
kanin jaja lawan asring
supe ing samarga-marga.
138. Sri Narendra kendel tan ngandika iki
geger Sambirata
wurahan swaraning tangis
Pangran Behi lan Ki Maja.
139. Pangran Prabu lan Pangeran Ngabdulmajid
pan methuk sadaya
lan Pangran Dipanagari
Panembahan sampun prapta.
140. Pan sadaya lajeng kapethuk ing margi
prapta pasowanana
Sambirata Sri Bupati
lumajeng methuk kang putra.
141. Pan ingaras mustakanira kang siwi
pan enget sakedhap
Kangjeng Gusti aningali

wau dhumateng kang rama.

142. Mapan lajeng ingkang waspa adres mijil
wus prapta pandhana
lajeng sinarekken iki
Gusti Raden Ayu Basah.
143. Apan lajeng nungkemi padanireki
pra putra sadaya
sepuh anem muwun cetha
tanapi Jeng Panembahan.
144. Samya watos dhumateng Sri Narapati
de kantun punika
ingkang dados telenging sih
Dyan Dullah Prawiradiija.
145. Tinimbalan tan antara nulya prapti
dereng mantuk ika
labet nanging tan punapi
kenging mimis wentisira.
146. Kangjeng Sultan sangsaya angles tyasneki
ningali kang putra
langkung dres ingkang rah mijil
ganda lir garu candhana.
147. Ingkang garap benggala wasta Nurngali
sareng praptanira
Dullah lajeng anungkami
padha sanget tangisira.
148. Nging Jeng Gusti sampun enget ing sakalir
lan sami ngandika
mapan lir waluyaneki
Kangjeng Sultan angandika.
149. Sapa kulup ingkang iya sira tuding
anggenteni sira

yen ana karsaning Widi
Kangjeng Gusti aturira.

150. Mung pun Senthot Jeng Gusti ngandika aris
heh ta Senthot sira
poma den angati-ati
lawan ingsun njaluk taridha.
151. Kulit putih iku kang minangka bukti
kehe mapan rolas
sabab iku marga sami
kaya mangkeneku iya.
152. Sarwi mesem dadya eca kang tyas sami
lan wus saged lenggah
mung kumeneng den jagani
lawan nyampingan pribadya.
153. Ingkang garap taksih benggala Nurngali
Kangjeng Sultan nulya
kundur marang masjid malih
sadaya wus kinen bubar.
154. Ingkang tengga namung kantun ingkang rayi
kalawan kang eyang
Kangjeng Ratu Ageng iki
miwah kang dhukun benggala.
155. Sareng dalu kang rayi dipun aturi
sare nunggil ika
rinangkul lan ngandika ris
Bendara angger karia.
156. Mapan ingsun wus tan bisa neng dunyeki
Raden Ayu nulya
ingkang raka den sungkemi
kalawan asru karuna.
157. Lan benggala dhukun sanget dennyang nangis

dadya tur uninga
dhumateng Sri Narapati
nulya kundur Sri Narendra.

158. Sampun rawuh pandhana nulya Jeng Gusti
pan enget sakedhap
ngabekti marang Narpati
lajeng prapta sabillulah
159. Kang ludira langkung kathah ingkang mijil
arum gandanira
lingsir dalu wancineki
Kangjeng Gusti kundurira.
160. Pan dhumateng ing Rahmatullah puniki
angsal ingkang marga
ing sabillulah sayekti
gumuruh sagung karuna.
161. Ingkang rayi Kangjeng Gusti anungkemi
Sang Nata ngandika
Dipanagara, sireki
gawanen mundur rinira.
162. Ingkang layon Kangjeng Gusti Ngabdulkamid
pan Imam Mukamat
Libasah karsa Narpati
ri sampunnya sinaenan.
163. Mapan lajeng binekta maring serambi
tinengga ngulama
pandhita sarip lan kaji
sadalu samya dhikiran.
164. Kangjeng Sultan lenggah aneng langgar iki
pan sandhing kewala
lawan layonnya kang siwi
celak mung let gedheg ika.

165. Jan sadalu datan ana wong kang guling
wingking sungkawanya
kang putra santana sami
kecalan wawrating yuda.
166. Sareng sampun bakda subuh Kangjeng Gusti
ingangkatken nulya
sinarekken kitha giri
tinunggal Seh Guru ika.
167. Ing Kuwaron Ki Pengulu lan ngulami
pan ndherek sadaya
pandhita sarip lan kaji
ingkang njajari neng ngarsa.
168. Mantrilebet Dyan Menggung Martanagari
lawan Puthutlawa
nulya waneng prang nambungi
Dyan Dullah Prawiradirja.
169. Pan nindhihi sagunging usar pra sami
mapan tar rinengga
kadya duk jumenengneki
yen kala mangkat ngayuda.
170. Kang salompret tambur apan datan kari
kalajeng Narendra
tumut lumampah neng wingking
tan katon putra santana.
171. Saldng dening geng tresna Sri Narapati
dhumateng kang putra
Ki Maja apan tan kari
layon medal Kawisharja.
172. Kangjeng Sultan kendel Kawisharja iki
myang putra santana
mangkana amratandhani

mendhung kedhik kang ngakasa.

173. Apan saking kidul kilen dhatengneki
nulya dres kang jawah
dene ingkang ndherrek sami
datan wonten kang kodanan.
174. Kyai Maja mangkana ing aturneki
punika kang tandha
lamun bale ngaras nangis
nenuwun dhateng Hyang Suksma.
175. Lintunipun malih prajurit kang luwih
samya kraos tyasnya
Panembahan Pangran Behi
mapan kumembeng kang waspa.
176. Kangjeng Sultan mesem angandika aris
pan sampun rinasa
punika kang wus utami
dene kula lan sampeyan.
177. Apan dereng kantenan karsaning Widi
pan wayah sampeyan
maksih wonten kang ngrimati
inggih dhateng layonira.
178. Kang pratandha tan ewah rahmating Widi
pan dadya sangsaya
gung putra santana sami
kathah kagagas ing driya.
179. Nulya kundur Sang Nata mring masjid Radin
lajeng manjing langgar
kathah karaos tyasneki
rumaos lola neng dunya.
180. Lurah kasim mangkana ing aturneki
duk wau kawula

dhikir subuh pan udani
dhumateng putra Narendra.

181. Mapan kadi panganten binayang kari
anitih jumpana
ginarebeg sagung estri
angagem raja kaputran.
182. Kasangsangan pan sekar sinurengpati
lawan ngagem jamang
rinumpaka ing sotyadi
anting-anting tebah jaja.
183. Ingkang ngadhep wanodya kalih sasih
neng nginggil jempana
pinaesan mapan sami
sakawan samya gengira.
184. Myang kang warna raja kaputrennya sami
dene kang sarira
gangsal kadya mas sinangling
balerengen netra kula.
185. Ngaler ngilen miyos sangginggiling masjid
dene kang jempana
pan kadya surya lumaris
Sang Nata sujud mring Suksma.
186. Lawan nyebut iya Alkamdlillahi
mangkana winarna
ingkang ndherek layon sami
prapta lajeng sowan Nata.
187. Ki Pangulu myang sagung kang pra ngulami
pan dinangu nulya
niskara wus katur iki
Sang Nata lajeng ngandika.
188. Heh pangulu pan wus sisan ngarsa mami

banjur ngangkat basah
padha sebaa mring masjid
lan kabeh sakancanira.

189. Ki Pangulu sandika lengser sing ngarsi
Kangjeng Panembahan
ingaturan sampun prapti
myang sagung putra santana.
190. Lajeng samya kinen sowan maring masjid
tan kantun ki Maja
Pangran Behi kang makili
dhumateng Radyan Dipatya.
191. Dhinawuhken karsanya Sri Narapati
apan sabilira
Kangjeng Gusti kang ngentos
Dyan Dullah Prawiradirja.
192. Kang misesa sadaya pra prajurit Jawi
dene namanira
mapan inggih maksih lami
nging wewah Ngabdulmustapa.
193. Raden Basah Prawiradirja puniki
kang Ngabdulmustapa
ngulami samya ngestreni
pandhita putra santana.
194. Wus mupakat myang sagung pratiwa sami
langkung suka rena
mring karsanya Sri Bupati
samana wus tan winarna.
195. Kawarnaa dhukun benggala Nurngali
sanget tangisira
tinilar mring Kangjeng Gusti
mangkana sesambatira.

196. Aku Gusti apa ora bisa kari
ing donya ngakerat
mung kowe ingsun ngengeri
siyang dalu pan mangkana.
197. Sesambatnya nyuwun idi mring Narpati
yun ngamuk pribadya
Sri Narendra tan marengi
mapan kinen ngentosana.
198. Lamun sampun pitung dintennya kang siwi
kinen sareng basah
panglurugnya mung ngentosi
kang pitung dina kewala.
199. Kangjeng Sultan saya angles tyasireki
myarsa sambatira
dhukum benggala Nurngali
Kaji Lawe kang winarna.
200. Nuwun pamit kapengin pejah ing sabil
myarsa tuturira
punika Mas Lurah Kasim
Kangjeng Sultan angandika.
201. Bok den ririh mangsa wurung besuk kaji
mapan Suryagama
amung sira ototneki
lawan Kaji Mansur ika.
202. Kaji Lawe umatur sarwi anangis
gumantung tyas amba
apan namung pejah sabil
kapengin badhe wuninga.
203. Raosira ganjaranipUn ing sabil
dados Suryagama
mapan awis tanglet iki
lan kanca awis puruna.

204. Yata mesem sarwi ngemu waspa Aji
 kathah kang kagagas
 nulya angandika aris
 ya wis kaji bener sira.
205. Apan iku yekti wekasaning urip
 ya sakarepira
 iya ingsun angamini
 barenga Nurngali sira.
206. Kalih mapan langkung lega ing tyasneki
 nulya ngaras pada
 wus lengser saking ngarsa Ji
 sampun panggih Raden Basah.
207. Apan lajeng nuwun dados usar sami.
 samya kinarilan
 wusnya pitung dinaneki
 Den Basah Prawiradirja.
208. Lanatullah lan murtat lajeng ngedali
 saking ing Ngayogyo
 mapan langkung kathahneki
 nulya pinethuk ing yuda.
209. Dhateng Basah Raden Prawiradirjaki
 myang sagung pratiwa
 pan lajeng campuh ing jurit
 waneng prang kalawan usar.
210. Mapan wus nir ingkang subasita sami
 baya tan wikara
 mung ngesthi yun bela Gusti
 ingkang usar pangiripnya.
211. Namung Dullah Prawirarana lan Kaji
 Alwi Nurngalika
 waneng crane pangiritneki

Den Riya Kertanadika.

212. Lanat murtat pan langkung pangedrelneki
mriyem wus tan munya
ingkang usar tempuh sami
usar langkung ramenira.
213. Pedhang mengsa lan waos wus tan ngundhili
kestul wus tan munya
usar lanat kathah mati
lamajeng pan ngungsi samya.
214. Mring Pelangkir sadaya wus bubariki
ingamuk waneng prang,
mbelasah bathangireki
kang gesang lumajeng samya.
215. Kaji Ali lawan benggala Nurngali
wus prapta sabilnya
sareng lan turangganeki
kang waos putung kalihnya.
216. Kang prajurit waneng prang kalih kang sabil
punakawanira
Kangjeng Gusti Basah swargi
Pun Mukmin lawan pun Kasta.
217. Pan sakawan samya jur kunarpaneki
tunggal bathang lanat
pan kathah bandhanganeiki
kuda kalawan sanjata.
218. Dadya sanget lanatullah kendhakneki
lan sanget risaknya
ngantos lami tan ngedali
Ki Maja ngot malih iku.
219. Tekaburnya sabab basah sampun pulih
ing prangnya punika

lawan saged ngaben janmi
kawarnaa Sri Narendra.

220. Ing tyasira wus telas ing pangarsi-arsi
kanikmatan dunya
mung kantun mring kang sejati
marma barang aturira.
221. Dyan Dipati lawan Kangjeng Pangran Behi
tiga Raden Basah
Kangjeng Sultan anuruti
Pangran Ngabdulrakim ika.
222. Lagya gerah lami tan nindhihi jurit
lawan Ki Urawan
mapan iya lagya sakit
apan linorot kalihnya.
223. Pangran Ngabdulrakim ingkang anggentosi
nenggih ingkang putra
Pangeran Sumanagari
Ki Urawan Secadirja.
224. Kyai Maja kalangkung amuring-muring
sabab Ki Urawan
mung punika ingkang meksih
angidhep sakajengira.
225. Temahannya nguring-uring mring Narpati
nggennya maca kitab
punika amimiringi
kitab lubab kang winaca.
226. Nggennya karya murat ginepokken iki
marang Sri Narendra
sabarang kang murat sami
Sang Nata mesem kewala.
227. Pan Ki Maja saya keh kalajengneki

barang ngelmu ika
mapan ingaken pribadi
ingkang rinilan mring Suksma.

228. Ingkang ngacep ngulama muridnya sami
kang dede muridnya
mapan datan arsa uning
sabab kathah sring sulaya.
229. Ingkang murid datan kenging den watoni
duk panuju buka
kitabnya tur bab ngulami
pandhita lawan ngulama
230. Ingkang ngadhep ngulama gangsal puniki
sadaya muridnya
Ki Pengulu den takoni
apa tegese ngulama.
231. Lan pandhita khukama suhada iki
Ki Pangulu turnya
kawula pan dereng uning
Ki Maja latah guyunya.
232. Suprandene sira padha ngaku alim
mangkono tan wikan
bedanya sawiji-wiji
Ki Barmawi aturira.
233. Apan inggih tampi kawula Kiyai
sakawan punika
mapan yektos sanes ugi
kajengnya jingga neneman.

D U R M A

Pupuh XX

1. Kaya pa ran Seh Barmawi aranana
ingkang sawiji-wiji
Barmmawi aturnya
pan inggih kang ngulama
punika yekti tan pasthi
dados hukama
khukama narambahai.
2. Nanging inggih sing ngulama kawitira
yen wus pinaring pasthi
nugrahan Hyang Suksma
lajeng dados khukama
Ki Maja anabda malih
mara ran ana
rupane ingkang endi.
3. Kang ngulama bedane lawan khukama
Barmawi aturneki
inggih kang ngulama
mapan kanca sadaya
khukama sampeyan Kyai
Ki Maja suka
bener temen Barmawi.
4. Enjing malih Barmawi nulya den undang
tan purun seh barmawi
saweg ewed mulang
dadya kantun sakawan
Ki Pangulu lan Ki Kawis
Kyai Dhadhapan
lawan Kyai Melangi.
5. Ndumugekken raosan wingi punika
Ki Pangulu turneki

tan dugi kawula
sakawan apan samya
Ki Maja gumuyu angling
dene ta sira
kemaki gelem dadi.

- 6.- Ya pengulu iku luwih abotira
golongan khukameki
dene kang pandhita
supe wekasana
tan bisa parentah janmi
kang akeh ika
sabab wekasana tokhid.
7. Dadi ora kena lamun tinuruta
marang wong akeh iki
kajaba khukama
iku pasthi kang bisa
kang tinut mring akeh iki
lan tokhid uga
mapan gadhangan Eblis.
8. Marmanira kabeh iku sira padha
aja na nganggo tokhid
duk myarsa Narendra
lir sinipi bendunya
salaminya den mirengi
mesem kewala
kadya karsaning Widi.
9. Ing sadinten punika sanget bendunya
heh ta Maja sireki
durung tutug sira
kiyanate tinira
kitab sira nggo ling-alin
katekaburira
ngendelken sira iki.

10. Sugih murid lan sinebut gurutama
ingsun tan nedya yekti
nggeguru lan sira
sakehing ngelmu padha
pan sira iku priabdi
kang duwe ika
ngelmu kagungan Widi.
11. Pinaringken mring manungsa kabeh iya
singa kinarsan dadi
Maja apan sira
dudu Jeng Rasulullah
lan padha manungsa yekti
tekaburira
dene kepati-pati.
12. Kangjeng Sultan nulya kinen nimbalana
ngulama kawan kaji
tan antara prapta
andher ngarsa Narendra
ngulama kang sepuh iki
Wotgaleh ika
lan Kyai Wanasari.
13. Kaji Dullah Badarudin sakancanya
Sang Nata ngandika aris
heh para ngulama
lan Badarudin sira
ingsun yun takon sayekti
mring ngelmunira
poma aja ana wedi.
14. Den balaka kabeh iku apa sira
padha tan nganggo tokhid
sadaya aturnya
nuwun duka Narendra
lamun boten mawi tokhid
pundi marganya

ngabekti mring Hyang Widi.

15. Pan wicalan Sinuhun kawan prakara
imam lawan tokhid
makripat lan Islam
kadospundi nggen rnbucal
mila punika nglampahi
aprang lan lanat
sing parentahing tokhid.
16. Kyai Maja sareng myarsa dukanira
lamun sanget Narpati
langkung ajrihira
nulya kengkenan ika
mratelakken mring Narpati
Kyai Dhadapan
lawan Kyai Melangi.
17. Lawan kitab kang winaca kinen mbekta
wus prapta ngarsa Ji
mangkana aturnya
pukulun pan punika
kitab kang winaos yekti
dhateng pun paman
tan rumaos ngowahi.
18. Apan nurut inggih kitab ungelira
saya duka Narpati
heh Dhadapan sira
ingsun mapan tan nedya
maoni wirayatneki
mring kang kitab ika
mau ingsun miyarsi.
19. Ana ngucap wong supi tokhid wekasnya
pun tokhid iku Iblis
poma aja ana
wong nganggo tokhid ika

lan tan kena tinut janmi
Kyai Dhadhapan
mangkana aturneki.

20. Pan kawula tan mireng waos punika
enggen kawula wingking
Ki Melangi ika
pan tumungkul kewala
datan tumut matur iki
apan sangsaya
dukanira Narpati.
21. Dene ana ngulama kidip punika
dangu Sri Narapati
mring kang samya seba
Raden Matanagara
lawan Puthutlawa iki
Gandakusuma
apa sira tan myarsi.
22. Lamun ana mau wong undhang-undhang
katiga matur sami
pan didalem kanca
kados myarsa sadaya
tumungkul Kyai Ghojali
Nata ngandika
wus lunga Ki Ghojali
23. Tanpa gawe padha sinebut ngulama
wus mundur kalihneki
Ki Maja nya prapta
lan semu langkung jrihnya
sarwi gumeter turneki
apan kawula
darmi nirokken yekti.
24. Ingkang kitab wonten mungel punika

kalamun tokhid Iblis
Sang Nata ngandika
heh ta pira Ki Maja
wilangane Islam iki
dalam ngibadah
Ki Maja aturneki.

25. Mapan inggih namung sakawan punika
imam kalawan tokhid
makripat lan Islam
Sang Nata angandika
paran nggone nganggo iki
kang telu ika
binuwang ingkang siji.
26. Kyai Maja lajeng tumungkul kewala
tan saged matur nuli
Sang Nata angandika
heh paran sira padha
ngulama kalawan kaji
panganggonira
ngelmu kang papat iki.
27. Pan sadaya aturnya dereng kaduga
Sang Nata ngandika ris
mangkene yen ingwang
lamun durung mupakat
padha maonana mami
ingkang supaya
amrih benering bekti.
28. Ingkang imam tegese apan panrima
rehning pinaring urip
mrih Allah Tangala
kang tokhid tegese nyata
olehe padha nglakoni
marang parentah

abot entheng tan nampik.

29. Kang makripat wus ora roro paningal
badan pan rusak iki
tan tinolih ika
cipta mangsa karia
mung karep marang kang jati
purbaning Suksma
Islam ing tegesneki.
30. Mapan pasrah wus tan darbe apa-apa
kabeh purbaning Widi
mung kari sumangga
dunya kerat wus padha
mung sihe Rabulngalamin
makluk wus sirna
iku pangrasa mami.
31. Kumpulira papat tokhid aranira
pratandha wusngantepi
mara waonana
lamun durung arja
anggep sun mangkono ugi
pan ingsun lila
amrih mupakatneki.
32. Atur sembah sadaya tumungkul samya
mapan dereng dumugi
lirkarsa Narendra
Ki Maja ris aturnya
sanies kang amba raosi
tokhid punika
mapan tokhiding Iblis.
33. Boten purun sujud mring kang liya Allah
namung ngekahi janji
kang nguni kewala
saking Allah Tengala

mring Adam lumuh kepati
mapan punika
kitab wiraosneki.

34. Pan wus bener mapan iku ya satunggal
lamun wekasaneki
namung kari pasrah
Iblis iku tan ana
pan durung narima yekti
kungkulon Adam
nadyan wong Islam iki.
33. Iya ora tarima nungkul lan lanat
padha gendholan dalil
nanging kari esah
Islam gendholanira
mapan Jeng Rasulullahi
iku upama
Jeng Nabi Adam dhingin.
34. Iblis iku dadi dalile si lanat
nurut karep pribadi
iku prabeanya
wekasane pan padha
dene ingkang jeneng tokhid
tan roro ika
namung Rabulngalamin.
37. Kapir Islam pan iku kang kinarepan
nanging kari sahneki
lanat mapan batal
sabab Iblis kang jarah
pan tinut sakarepneki
paran Ki Maja
yen nora nganggo tokhid.
38. Dadya uripira iku kaya-kaya
dene Islam kang pasthi

iku ya kajarah
marang ing Rasullullah
sabab iku kang nggedhongi
ngelmuning Allah
tan ana liya maning.

39. Ingkang dadya dalam tokhid praptanira
marang Rabulngalamin
dene sira Maja
ngaku bisa pribadya
mapan iku mokal pashti
wus ora ana
kang liya Kangjeng Nabi.
40. Yen kawula mapan ta padha kewala
liyane Kangjeng Nabi
singa kinarsakna
ngelmu kagungan Suksma
dudu sira kang nduweni
tekaburira
ngaku ngelmu mujudi.
41. Sipatnngelmu ngalam makluk ora ana
liyane Kangjeng Nabi
tinurut ing Islam
Ki Maja apan nulya
nuwun apunten puniki
karaos kathah
kalajeng wuwusneki.
42. Sri Narendra aris denira ngandika
heh Ki Maja pan uwis
iya sun ngapura
sanadyan ingsun uga
njaluk apunranireki
yen wong sulaya
ingkang mapan sayekti.

43. Padha bae luputira mring Hyang Suksma
apa dene mring Nabi
Ki Maja pan nulya
nembah majeng tur salam
kumembeng waspanireki
rumaos kathah
alat mring Sri Bupati.
44. Ri sawusnya mapan wus datan winarna
kalih dinten watawis
mapan Nyai Maja
darbe anak punika
lajeng kunduran ngemasi
Kiyai Maja
langkung prihatineki.
45. Bojonira kalih palastra sadaya
kathah anakireki
kang maksih lit samya
Sang Nata langkung welas
apan nulya den trimani
ingkang santana
Kangjeng Ratu kang swargi.
46. Randha anem inggih dereng gadhah anak
ayu kuning tur sugih
nenggih namanira
raden ayu punika
Prawiradiningrat nguni
ri wusnya ningkah
nulya ngalih nameki.
47. Raden Ayu Maja apan sapunika
mangkana kang winarna
nenggih Kyai Maja
langkung suka renanya
yen mring masjid wira-wiri

dalu-siyanga,
datan jenak alinggih.

48. Sampun lami nulya kumat malih ika
marma yen dhasar pasthi
ora kena owah
wus karsaning Hyang Suksma
Ki Maja sring memirengi
mring muridira
Kyai Pangulu Kaji.
49. Imam Marji dadya sowan mring Narendra
pan saking ajrihneki
ewed patrapira
dhumateng Kyai Maja
arsa amabeni ajrih
pan gurunira
marma seleh pribadi.
50. Kangjeng Sultan mapan aris angandika
paran sira Mam Marji
dene seleh ika
apa ta sababira
Ki Pangulu aturneki
tan wonten sabab
sing bodho amba yekti.
51. Dereng saged sumurup raosing kitab
marma kalangkung ajrih
pan mangke sumangga
kang karsa Sri Narendra
amba sampun tan kadugi
mesem Sang Nata
apan sampun udani.
52. Ingkang dados pakewedding ing tyasira
Kyai Pangulu Kaji
nulya Sri Narendra

lajeng nimbali ika
Dullah Suryagama prapti
ngarsa Narendra
Seh Kaji Badarudin.

53. Ris ngandika heh kaji sun kongkon sira
dhawuhna karsa mami
mring si paman Maja
dene saslehira
pangulu Kaji Mam Marji
si paman Maja
ingkang sun kon nggenteni.
54. Dadi iku pan wus ora katanggungan
kaya duk Demak dhingin
wali pangulunya
Suhunan Kudus ika
Dullah Kaji Badarudin
lengser sing ngarsa
Ki Maja pan marengi.
55. Daten wonten ing masjid lenggah neng griya
lawan den ayuneki
pan lagya pasihan
ing masjid datan jenak
Kaji Badarudin prapti
wus pinanggihan
lenggah aneng pandhapi.
56. Kaji Badarudin ndhawuhaken nulya
timbalannya Narpati
Ki Maja saurnya
lajeng bengis kewala
heh Dullah Kaji sayekti
mapan kawula
boten nedya angimpi.
57. Lamun dadi pangulu dika aturna

pan sanget lumuh mami
namung dadi imam
punika karep kula
kalamun pareng Narpati
namilng punika
ingkang kula bumeni.

58. Kaji Badarudin mangkana saurnya
sampun leres Kiyai
pan sanes punika
pangulu lawan imam
mila karsanya Narpati
kadya punika
mrih sampuh ewed Kiyai.
59. Milanipun anak pangulu Kajika
seleh kawula dugi
sangking ewedira
ajrih dhateng sampeyan
apan sampeyan kang taksih
ngimani ika
lan saru tingalneki.
60. Yen pangulu maknum dados tanpa karya
nenggih yen den tingali
Kyai Maja nulya
pan sanget sarengennya
dhateng Kaji Badarudin
asru anabda
heh Dullah Badarudin.
61. Apan dika tan sumurup ngelmunira
yen imam lawan kadli
apan beda uga
Mekah kadya punika
pan dika weruh pribadi
Dullah saurnya
inggih leres Kiyai.

62. Nanging Mekah sadaya apan kawisesa
mring Sultan Ngerum sami
pan tan wonten nata
sakawan apan samya
sarib basah imam kadli
namung punika
isine kang nagari.
63. Pan sakawan punika nadhahi karya
ing Rum kula tan uning
nenggih tatanira
dene Jawi punika
pan satungal ugerneki
wakilnya tiga
pangulu jaksa patih.
64. Marmanyia karsanipun Jeng Sri Narendra
sampeyan karya wakil
pangulu punika
derapon gadhah karya
Ki Maja nyentak abengis
pan kula uga
dede bebeting kadli.
65. Dika matur yen mung kini karep kula
Dullah mundur wus prapti
ing ngarsa Narendra
gya matur saniskara
nanging tan ngantos dumugi
Sri Naranata
bendu yayah sinipi.
66. Nulya kundur saking langgar Sri Narendra
datan ngandika iki
sagung kang neng ngarsa
pan langkung ajrih samya
rawuh pasanggrahan Aji
lenggah pandhana

nula kinen nimbali.

67. Ingkang paman Pangran Prabu sampun prapta
lan Pangran Ngabdulmajid
Pangran Behi mapan
nuju sepi punika
langlang gung barisan sami
Nata angandika
heh sira Ngabdulmajid.
68. Ingsun kongkon tundhungen iku si Maja
neng kene tanpa kardi
mundhak karya ika
ewuh sabarang karya
wus tiba lamun tan becik
atine iya
sabarang makewuhi.
69. Paman Prabu sampeyan tumut lumampah
sandika turnya kalih
wus lengser sing ngarsa
kalih pan sampun prapta
wismane Ki Maja sami
apan wus panggya
lajeng dipun dhawuhi.
70. Kyai Maja karsanipun Sri Narendra
ing sadinten puniki
dika kinen kesah
saking Sambirata
pundi kang dika dhemeni
sampun kalilan
neng ngriki mekewuhi.
71. Kyai Maja mapan langkung jrihira
mangkana aturneki
punika Pangeran
mapan wonten punapa

kula tan ngraos yekti
kalamun dosa
bilih kalentu tampi.

Pangeran Ngabdulmajid
ma igkana sabdanya
pan kula tan wuninga
ingkang dadi dukanekei
Ki Maja turnya
wau Seh Badarudin.

nenggih prakawin seki
pangulu punika
apan wangulan kula
kaol khak ujaring ngelmi
inggih manawa
Badarudin ngewahi.

74. Badarudin apan mulya tinimbalan
mring Pangran Ngabdulmajid
tan antara prapta
dinangu aturira
kawula boten mewahi
malah tur kula
dereng ngantos dumugi.

75. Sri Narendra lajeng kundur tan ngandika
Pangran Prabu nambungi
dhasar Kyai Maja
sok dhemen gawe duka
gelem tan gelema inggih
andika lunga
apan sadina iki.

76. Mokal lamun Sinuhun kakilapana
mring karep dika yekti

Ki Maja aturnya
nuwun inah kawula
arsa sowan mring Sang Aji
ngaturken ika
pan wiraosing ngelmi.

77. Ingkang ekak Pangran Prabu angandika
mangsa kurang Narpati
kang nelmu lir dika
apan mangsa kilapa
dika yun seba tan keni
Kiyai Maja
tumungkul langkung ajrih.
78. Pangran Ngabdulmajid malih angandika
paran mangke turneki
marang Sri Narendra
Ki Maja aturira
boten gadhah atur malih
mung nuwun inah
Pangran dinten puniki.
79. Pangran Ngabdulmajid nulya kundur ika
lawan kang paman ugi
Pangran Prabu prapta
ing ngarsa Sri Narendra
wus katur niskaraneki
pan tan winarna
Ki Maja kang winarni.
80. Ing sedinten pinika langkung bingungnya
nedha rembag pan sami
mring para ngulama
ingkang dadi muridnya
angleresken karsa Aji
pra muridira
kendel samya tan angling.

81. Sareng sampun bakda ngisa Kyai Maja
dhateng dalemireki
nenggih kangjeng Pangran
Ngabdulmajid wus prapta
mapan ingaturan ngirid
sowan Sang Nata
Pangeran datan apti.
82. Mapan ajrih mung punika wangslannya
Ki Maja lajeng prapti
marang dalemira
Pangran Dipanagara
pan samya wangulaneki
kados kang paman
mangkana kang winarni.
83. Kangjeng Sultan sareng sampun bakda ngisa
miyos dhateng pandhapi
kinen nimbalane
kang rayi lan kang putra
Pangeran Dipanagari
mapan kalawan
Pangeran Ngabdulmajid?
84. Kalih sampun prapta ing ngarsa Narendra
dangu prakawis nguni
nenggih Kyai Maja
J eng Pangran aris turnya
kados sanget kuwurneki
dugi kawula
kala wau pan prapti.
85. Wisma amba saweg kesah sapunika
Pangran Dipanagari
mangkana saurnya
pan inggih sapunika
pun kaki Maja mapan taksih

neng wisma kula
wau yun tumut ugi.

86. Sowan nanging kawula kang boten suka
bilih ngeget-egeti
reh datan ngandikan
wau taksih neng ngrika
Sang Nata ngandika aris
pakaryanira
Jeng Pangran aturneki.
87. Amba taken yun sowan ngaturken ika
nenggih raosing ngelmi
pan kawula tedha
mugi den sanjangena
kawula ingkang nyagahi
matur ing Nata
nging datan suka yekti.
88. Sanjangipun kaki ngelmi khak punika
kalayan langkung gaib
sampeyan Pangeran
pan mansa sumerepa
sanajan kang pra ngulami
inggih sadaya
dereng sumurup sami.
89. Sri Narendra mesem aris angandika
kajaba ngelmu belis
kene ingkang langka
yen ngelmune wong Islam,
wus pasthi mupakat yekti
sagung ngulama
arma eling sun dhingin.
90. Pinelingan Mas Lurah lan Ki Papringan
lamun wekasaneki
Ki Maja akarya

ruwedding barang karya
iki wus tetela yekti
ingsun priyangga
ingkang nemua yekti.

91. Iki nyata Mas Lurah barang ujarnya
lawan Ngabdullah dhingin
yen datan raharja
Ki Maja ing tyasira
dereng dumugi sabda Ji
Ki Maja prapta
gaya sowan mring Narpati.
92. Semu kagyat Sang Nata nulya ngandika
heh Ki Maja sireki
prapta ngamek apa
ingsun tan ngundang sira
Ki Maja matur semu jrih
apan kawula
sowan yun matur yekti.
93. Menggah ngelmi ingkang gaib Sri Narendra
lahiring kraton mangkin
kang gaib upnika
Allah lawan Mukhamad
pan Allah tan nyata yekti
namung Mukhamad
punika ingkang lahir.
94. Kadya imam Lawan pangulu punika
lahir kalawan batin
Sang Nata duk myarsa
mring aturnya Ki Maja
apan sanget dukaneki
asru ngandika
heh Maja sria Iblis.
95. Durung tutug karepira angrencana

mring sun salawasneki
Ngabdulmajid sira
ingsun yun atetanya
matura ingknag sayekti
pa iya sira
iya gelem ngabekti.

96. Mring Ki Maja lan sira Dipanagara
myang sarupane iki
aneng ngarsaning wang
lanang wadon matura
den balaka aywa kelir
poma ta padha
Pangeran Ngabdulmajid.
97. Matur nembah dewa Ji mapan kawula
dereng sumurup yekti
Ki Maja aturnya
Sri Narendra ngandika
heh ta iya Ngabdulmajid
Allah Mukhamad
roro tan nyata siji.
98. Nging Mukhamad pan iku lahiring Allah
kang tinut Islam iki
pan namung Mukhamad
Allah pan ora nyata
Dulmajid upamaneki
ingkng nagara
masjid gedhe sayekti.
99. Mapan ratu upama iku lir imam
yen bodho tan sayekti
angimani ika
sabab kang punjul ana
ing sajroning masjid iki
iku si Maja
ngrasa punjul pribadi.

100. Marmanira dadi wakil tan narima
isih kungkulan mami
yen pangulu ika
maksih wakil aranya
lan imam beda sayekti
imam misesa
paran sira Dulmajid.
101. Lawan kabeh iku ingkang padha ana
ingsun takon sayekti
apa padha ana
ngratu marang Ki Maja
sadaya saur sami
karya punapa
mapan tan kirang inggih.
102. Abdidalem ngulama kados Ki Maja
Ki Maja langkung ajrih
konangan kajengnya
gumeter aturira
pan punika sanes tampi
panuwun amba
kados Mekah pan nanging.
103. Sri Narendra mesem malih angandika
heh iya Ngabdulmajid
iku wus tetela
lamun iblis ngrencana
ature ambolak-balik
mengko ing Mekah
ingkang kinarya dalil.
104. Den arani ingsun durung mikir baya
nadyan Mekah Dulmajid
papat iku badan
dene bawane iya
samengko aneng Ngrum iki

pan kangjeng Sultan
ing Ngrum pan misesani.

105. Sira weruh Pangran Ngabdulmajid nembah
pukulun tan kadugi
Jeng Sultan ngandika
pan badan upamanya
nagara iku Dulmajid
imam ratunya
pangucap kang pepatih.
106. Kang pangulu paningal tegese ika
jaksa pamyarsa iki
dene gung gaota
prajurit upamanya
paran Ki Maja sireki
celuk kewala
tan saged matur malih.
107. Pangran Ngabdulmajid mangkana aturnya
pukulun kados pundi
punika sadaya
mapan bingung tyas amba
Sri Narendra angandika ris
marmane sira
iku den mejanani.
108. Bener ingkang ngaarni tan weruh ika
mangkene Ngabdulmajid
imam tegesira
lahiring urip ika
pan napas partelaneki
pangulu iya
lahiring rasa pasthi.
109. Aneng netra nyatane ing mengko iya
jaksa pemyarsa iki
pan lahiring ngakal

kuping pratelanira
patih pangucap iki
napsu lahirnya
lesan pratelaneki.

110. Pan mangkana duk neng Banyumeneng ika
njaluk bubuhan siji
iya kang misesa
ingsun kinen masrahna
papat endi kang sun pilih
siji kewala
pan iku karepneki.
111. Kang den elih amung ananya kewala
dhingin nggonging ngarani
ratu wali ika
mukmin lawan pandhita
dene ratu Ngabdulmajid
pan iya imam,
imam pan iya urip.
112. Dene wali iku rasa jatinira
pangulu araneki
dene kang pandhita
angen-angenku iya
apanjaksa araneki
mukmin pan iya
Ngabdulmajid pan budi.
113. Dadi aran patih mengko lahirira
paran nggone amethil
pan saben manungsa
iku padha kewala
dene sun iki Dulmajid
karsa Hyang Suksma
aneng ing Tanah Jawi.
114. Pan kinarya kalipah Jeng Rasulullah

dadi pangirid sabil
Islam lawan lanat
pan nugrahan kewala
pniundhuta rina-wengi
tan weruh ingwang
iku kagungan Widi.

115. Mapan kudu anjaluk iku wong apa
pan takabure ndadi
kitab ampungannya
pan dumeh bisa maca
mara jupuk den aglis
pan kitabira
wacanen ngarsa mami.
116. Lamun ora sira iku pan wus kena
marang kukummu iki
wus ping telu sira
ngrencana marang ingwang
Ki Maja sareng miyarsi
langkung jrihira
gumeter aturneki.
117. Inggih sampun imam pangulu sumangga
kang kinarsakken Aji
amba sampun rila
Sang Nata su ru ngandika
heh Maja liwat sireki
dennya pitenah
iya sapa kang wani.
118. Lamun maksih sira iku ora lunga
jer kitab ora keni
lamun sira lunga
ing mengko ingsun bisa
golek kang luwih sireki
pratandha nira
iku kaji Mam Marji.

119. Tur ing nguni iku panuwunira
lan muridira yekti
suprandene uga
iku seleh tan bisa
saking pangucapireki
sadina-dina
pan manggung memirangi.
120. Pan saiki pratandhane atinira
yen tan salamet yekti
salawase ika
sun turut aturira
sakeh layang sun takoni
yen mangsulana
aturira pan dalil.
121. Qur'an iku iya kang duwe parentah
mengko wekasaneki
pan sira pribadya
ingkang njaluk wisesa
heh ta Maja sira iki
kalamun meksa
anurut karsa mami.
122. Pasthi sira sun ukum lawan agama
pan wus tetela yekti
yen ngrusuhi sira
manggung karya rubeda
lah mara matura maning
yen isih ana
ngelmanira kang kari.
123. Kyai maja tan saged malih matura
kalangkung dennyajrih
Sang Naga ngandika
heh Ngabdulmajid sira
sesuk sebaa sireki
lan Martalaya

kancanira bupati.

124. Ingkang ana ing kene padha sebaa
sandika turnya kalih
wus kundur Narendra
manjing mring pasanggrahan
lingsir dalu wancineki
kawarna enjang
mangkana Pangeran Behi.
125. Dalu prapta denira langlang barisan
enjing sowan pan sami
gung putra santana
kang aneng Sambirata
lawan kang para bupati
pepak sadaya
aneng pasowanana jawi.
126. Sri Narendra wus miyos lenggah pandhana
lajeng kinen nimbali
kang putra santana
prapta ngarsa Narendra
bupati pan maksih kari
aneng pasowanana
Sang Nata aningali.
127. Mring kang paman Pangran Behi sampun prapta
mesem nabda Nata ris
paman duk punapa
anggen sampeyan prapta
lan punapa lujeng sami
kang neng barisan
Pangran Behi aturneki.
128. Wau dalu pukul sanga amba prapta
abdidalem kang baris
wilujeng sadaya
mesem Sri Naranata

ing wingking wonten prakawis
kabutuh kula
paman Prabu ngadani.

129. Lajeng samya sinamur lan gegujengan
mangkana kang winarni
nenggih Kyai Maja
sadalu datan nendra
sareng enjing ngundang iki
kang pra ngulama
lan Dullah Badarudin.
130. Pan tinantun samya amemaos kitab
estu leres Bupati
mangkana Ki Maja
langkung kaduwungira
kathahen aturireki
lawan tinetah
mring sagung pra ngulami.
131. Dullah Kaji Badarudin apan nulya
kinen sowan mring Aji
anuwun ngapura
sagung alatnya samya
ing karsa sampun ngladosi
apan sumanga
namung panuwuneki.
132. Ketibipun ingkang sami ngulamanya
nenggih Kaji Mam Marji
lan Ki Kawis ika
Barmawi Ki Dhadhapan
katib lami apan sami
linorot ika
dinadekaken modin.
133. Mung punika panuwunipun Ki Maja.
inggih bilih marengi

mesem Sri Narendra
ngandika mring kang paman
nenggih Jeng Pangeran Behi
apan tan ewuh
kekah dhasar sayekti.

134. Wau dalu pan sanget srengen kawula
suprandene pan maksih
tekabur punika
ngaken saged priyangga
Pangran Behi aturneki
leres Narendra
mila sampun tan kenging.
135. Ingewahan enget sakedhap kewala
dhumateng ngelmineki
kalamun kabetah
yen dhangan supe nulya
ing siyang kalawan ratri
tekaburira
mung punkia kang dadi.
136. Kaji Badarudin tumungkul kewala
Sang Nata ngandika ris
paman gih sampeyan
kula kengken lumampah
mring masjid ngadegken iki
pangulu Maja
lan panuwunnya sami.
137. Inggih sampun kula turuti sadaya
kabeh melua iki
marang masjid padha
sandika samya turnya
sagung putra santaneki
lawan bupatya
wus rampung karsa Aji.

138. Nulya kundur Sang Nata amasanggrahan
mangkana Pangran Behi
myang putra santana
lan sagung pra dipatya
sadaya dhumateng mesjid
wus tan winarna
kawarna sampun lami.
139. Ing Bagelen mapan kainggahan lanat
kalangkung ageng neki
dadya tan kawawa
Basah Ngabdultahyika
lawan Basah Ngabdullatip
mapan ing Ngrema
dereng dipun tanemi.
140. Marma basah dadya kether juritira
ngungsi dhateng Matawis
Bagelen sadaya
mundhak ing Wates samya
wus katur marang Narpati
Sri Naranata
nulya kinen nimbali.
141. Raden Basah Prawiradirja wus prapta
lan saprajuritneki
saking wetar, Praga
dadya mung kantun ika
Bulkiya kang maksih baris
ingwetan Praga
lawan Radyan Dipati.
142. Lajeng kinen mantuk apan tata-tata
karsanya Sri Bupati
kinen ngantukena
mring Bagelen sadaya
mangkana ingkang winarni
ing Sambirata

kinggahan lanat kapir.

143. Saking Kedhu pan kalangkung ageng ika
medal Deksa puniki
Pangran Pakuningrat
lawan Jayapideksa
tan kuwawi anadhahi
atur wuninga
dhateng Sri Narapati.
144. Lamun mengsah saking Kedhu langkung gengnya
arsa mring Sambiradin
mangkana wus prapta
lanat ing Penanggulan
geger Sambirata nuli
gung repot samya
apan wus mingkah ardi.
145. Sambirata marengi suwung punika
prajurit namung kedhik
Mantrilebet ika
pan mamung kawan dasa
lan nuju Jumungah iki
Kiyai Maja
karsanya Sri Bupati.
146. Apan kinan ndumugekken nggennya salat
Jumungahan sami
lawan Suryagama
Suranata kalawan
bar Jumungah apan sami
para ngulama
Sri Narendra pribadi.
147. Kang methukken lan sagung putra santana
bupati lebet iki
kang ndherek Narendra
mung ngampil punakawan

gamel kang dados pangarsi
raung kawan dasa
Mantrilebet kang ngirid.

148. Dyan Tumenggung Martanagara kalawan
Raden Puthutlaweki
Dyan Gandakusuma
prapta ing dhusun Monggang
lanat prapta tanjung iki
ajeng-ajengan
nanging parmaning Widi.
149. Lanatullah minggah dhateng majeng ika
den nyana kathah iki
barisnya wong Islam
mempen neng padhusunan
Jeng Sultan kang kaeksi
aneng ing marga
lan putra santaneki.
150. Myang bupati apan samya kakapalan
den nyana usar iki
dhateng lanatullah
dadya tata barisnya
ri wus nulya amriyemi
mring dhsusn Monggang
uja kang den mriyemi.
151. Mantrilebet kawandasa datan ewah
mempen ing dhusun sami
mangkana Ki Maja
ri wus bakda Jumungah
lajeng nusul prapta sami
tigang gendera
saya kathah kaeksi.
152. Lanatullah saya ngati-ati samya
tinarka methuk jurit

mangkana Ki Maja
apan rembagan samya
kalawan Pangeran Behi
lamun sambada
Sri Nata den aturi.

S I N O M

P u p u h XXI.

1. Tedhak amethukken yuda
budhal saking Sambiradin
wus prapta ing dhusun Monggang
dhusun Tanjung nggennya kapir
nanging parmaning Widi
apan datan nganti campuh
dadya Ki Maja lawan
Kangjeng Pangeran Ngabehi
angaturi mring Jeng Sultan prayoginya.
2. Mapan ngunduran kewala
sabab abdi langkung kehdik
saprandos ing Sambirata
sapunika sampun bresih
punapa den kekahi
yen pareng karsa Sinuhun
benjing-enjing kewala
sinabet pun lanat kapir
gya nimbali Radyan Dipati Danurja.
3. Lan Seh Ngusman Alibasah
datan tanggan benjing-enjing
sagendhingga lantullah
dene sapunika yekti
sanget kuciwaneki
mapan langkung ika tuhu
mangkana Sri Narendra
wus dhahar aturnya kalih
Mantrilebet nulya kinen ndawuhana.
4. Mundur nanging ywa katara
kinen turut desa sami
sampun mundur sri Narendra

ngaler ngilen lampahneki
dhateng Rejasa iki
sareng wus tebih kadulu
Islam ing lampahira
lanat ngira yen ngingeri
nulya lajeng lanat marang Sambirata.

5. Sang Nata rawuh Rejasa
nulya Kangjeng Pangran Behi
matur dhateng Sri Narendra
Basah Prawiradirjeki
lawan Bagelen sami
anyabeta saking kidul
prayogi dhinawuhan
Ki Maja datan ngrembagi
sabab sampun libur Dyan Prawiradirja.
6. Pan ngangkat karya pribadya
badhe langkung awratneki
Raden Dipati punika
dereng wonten karyaneki
Sang Nata wus nuruti
mring Ki Maja aturipun
gandhek sampun lumampah
nimbalni Raden Dipati
gegancangan lan Seh Ngusman Alibasah.
7. Pangeran Sumanagara
kalawan Secadirjeki
mapan tan kalilan mbekta
maksih akantun abaris
aneng sawetan Pragi
samana gandhek wus cundhuk
lawan Radyan Dipatya
ndhawuhken timbalan Aji
langkung kagyat Raden Dipati Danurja.

8. Lan Seh Ngusman Alibasah
gya nembang tengara nuli
budhal lan sawadya-kuswa
Basah lan Raden Dipati
prapta sakilen Pagi
wektu mahrib kendel sagung
samya salat sadaya
bakda ngisa Dyan Dipati
lan Seh Ngusman samupn prapta ing Rejasa.
9. Wus panggih lan Kyai Maja
tanapi Jeng Pangran Behi
ingirid sowan Narendra
wus cundyuk lan Sri Bupati
mangkana aturneki
yen pareng karsa Sinhun
benjing-enjing kawula
ngaturi tedhak mriksani
lepen Gubah ngriki kacelaken mengsaah.
10. Wektu samya kathahira
Islam lawan lanat kapir
bilih rame ing ngayuda
tan wande prapta ing ngriki
mangkana Sri Bupati
sampun dhahar aturipun
Dyan Dipati Danurja
nengena wuwusen enjing
Kangjeng Sultan wus tedhak mring lepen Gubah.
11. Raden Dipati Danurja
wus nembang tengareng jurit
gumregut wadya Bulkiya
mangkana ingkang winarni
Raden Basah miyarsi
Prawiradirja puniku
kalamun Sambirata

kalebetan lanat kapir
Raden Basah sigra anembang tengara.

12. Lan sagung Bagelen samya
nenggih Basah Ngabdulkatip
lan Basah Ngabdulmuhyika
pan langkung gregutnya sami
basah tiga puniki
lawan saprajuritipun
pan sareng praptanira
kalawan Radyan Dipati
pan sking ler lawan Ngusman Alibasah.
13. Dyan Basah Prawiradirja
mapan lajeng nempuh jurit
tan kantun basah kalihnya
tumenggung rangga lan panji
namung kendel ngabehi
ingkang binekta puniku
prajurit jajar samya
Bagelen tinilar sami
aneng Wates saking kidul basah tiga.
14. Lanat langkung bingungira
kinepang neng Sambiradin
ingkang ler Raden Dipatya
lan Ngusman Libasah iki
kang kilen ingkang baris
Pangran Pakuningrat iku
lawan Carkanagara
Jayapideksa tan kari
lanatullah apan lajeng nempuh ika.
15. Ngaler ngilen undurira
binuru Den Basah iki
pan saking kidul puniki
lanatullah kathah mati
urut lepen margeki

yun medali margi iku
pan sampun cinegatan
mring Ngusman Libasah iki
kang tinempuh dadya Pangran Pakuningrat.

16. Ing Toyakendel wus prapta
sayah lanat mogok nuli
mapan langkung pangedrelnya
tan kendel mariyemneki
nanging sakedhap iki
lanat lajeng lampahipun
prapta ing Tanjung nulya
samargi dipun pateni
bangkenira kekecer samarga-marga.
17. Mogok neng Tanjung punika
mangkana Sri Narapati
Mantrilebet kinen samya
mapan tulunga ing jurit
Raden Martanagari
lan Raden Puthutlaweku
Raden Gandakusuma
sampun mangkat saking ngarsi
sakancanya lawan sampun kathah prapta.
18. Raden Dipati tumingal
lan bsah sakawan iki
yen mantrilebet tumingal
dadya langkung ajrihneki
dullah rangga lan panji
ngabehi pan sareng nempuh
tan mawi subasita
lanat yudanya kalindhih
langkung kathah bangkenira lanatullah.
19. Lumajeng pan sampun prapta
Pananggulan mogok kalih
pan kadya pangagengira

usar punika kang kenging
ngantos dangu mogogi
andandani bangkenipun
kang pangageng kewala
dene lanat ingkang alit
pan timilar kekecer saenggenira.

20. Mangkana meksa tan kwasa
lanat pan lumajeng malih
saya kathah ingkang pejah
mangkana kasaput wengi
Islam pan kendel sami
mapan dereng untungipun
tan telas lanatullah
pan kathah bandhanganeki
kang sanjata kuda mangkana winarna.
21. Islam pan lujeng sadaya
satunggal namung kang prapti
ing sabillullah punika
Mas Panji Dasamukeki
liwung pangamukneki
ngantos putung waosipun
ajaur kunarpanira
nung kathah kang labet sami
wadya Islam kenging mimis tan punapa.
22. Seh Mukamad Ngusman Basah
kenging mriyem kontal iki
mapan dhawah saking kuda
kudanya lajeng ngemasi
nanging pitulunging Widi
tan pasah Seh Ngusman iku
mapan wus tan winarna
kawarnaa Sri Bupati
datan arsa kundur dhateng Sambirata.
23. Tamadigda kinen karya

nenggih pasanggrahan malih
ing Pengasih namanira
mangkana Radyan Dipati
pan kinen wangsl malih
dhateng pabarisanipun
lawan Ngusman Libasah
dhumateng sawetan Pragi
basah. tiga wus kinen mantuk sadaya.

24. Mring Wates atata-tata
badhe mring Bagelen sami
mangkana Sri Naranata
mapan masanggrahan maksih
neng gedhong gubah iki
angentosi dadosipun
dennya karya punika
pasanggrahan tan winarni
sampun dados nulya tedhak Sri Narendra.
25. Mring Pangasih lan sawadya
rawuhira tan winarni
mangkana Raden Dipatya
mapan tampi suratneki
saking Residhen iki
Paleg ing Magelang iku
Jendral De kok kajengnya
pan meksa ngajak bedhami
lamun sampun kange suratnya punika.
26. Paleg kinen pepanggiha
rumiyin lan Dyan Dipati
mangkana katur Narendra
kang surat dhateng Pengasih
Sang Nata nya nimbal
dhumateng Ki Maja iku
kalayan ingkang paman
nenggih Jeng Pangran Ngabehi

mapan samya tinantun surat punika.

27. Kyai maja aturira
kalawan Pangeran Behi
kados lir duk Jahalanang
pan langkung tanggeh punika
ngelmu batal tan kenging
yen mawi bedhami tuhu
lamun sampun barangat
yen kapir tan pasrah dhiri
mapan kathah ingkang sesiku punika.
28. Makaten Raden Dipatya
tan sumurup ngelmu pasthi
boten wande kalepatan
lamun tamtua apanggih
ageng sesikuneki
dhumateng ing ngelmanipun
wantu dereng uninga
dhateng sikuning agami
Sri Narendra dadya dhahar aturira.
29. Kang paman lawan Ki Maja
mangkana Radyan Dipati
tan kalilan lamun panggya
lan Residhen Kedhu iki
apan wus tan winarni
Jayanagara winuwus
pan katamuan mengsa
Kurnel Alwen wastaneki
mapan ngirid sagung wadya ing Ngayogyakarta.
30. Karya beteng ing Sayangan
mangkana dipun takeni
mring Raden Jayanagara
sakancanira bupati
sakidul Ngayogyeku

lan wetan Ngayogya iku
myang prawira tamtam a
langkung rame siyang ratri
datan nuwun bantu mring Raden Dipatya.

31. Tinantun maksih kaduga
lanat kapir kathah mati
mangkana bupati ingkang
prapta ing sabillullahi
kang santana Narpati
Pangran Demang putranipun
Raden Senakusuma
pan risak kunarpaneki
pan kalajeng kaloloh pangamukira.
32. Lawan Bugis kalih ika
pan Rangga Daeng Makincing
Ngabehi Dhaeng Marewa
beteng ing Sayangan dadi
Kurnel Alwen puniki
langkung resah ing prangipun
wong ngili pinejahan
lanang wadon sarta bayi
yen kacandhak mapan den rampet kewala.
33. Daya-daya apulih
sabab lanat keh kang mati
samana kidul Ngayogya
mapan kathah ingkang sabil
mangkana Dyan Dipati
mapan arembagan sampun
lawan Rahaden Basah
Prawiradirja tan kapti
Pangran Behi yun matur mring Sri Narendra
34. Rahaden Jayanagara
pan sinuwun undurnekki

sabab winastanan tiwas
rumeksa ing tanahneki
rembag katiga sami
Den Basah lega tyasipun
marma lami punika
tan dhateng Bagelen nuli
Raden Basah mapan ewed ing tyasira.

35. Dhumateng Rahaden Basah
Ngabdullatip pan sayekti
mangkana nggega rembugnya
apan basah Ngabdullatip
sinuwun mring Narpati
ginentosaken puniku
dhateng Jayanagara
kadya wus karsaning Widi
pan ing wektu punika sagung punggawa.
36. Apan panas-pinanasan
tanapi Ki Maja iki
mapan langkung panasira
dhumateng Radyan Diapti
lan dhateng Pangran Belli
Sang Nata wus uning iku
lamun sagung punggawa
yen mangkono apan sami
nging Sang Nata wus mupus karsa Hyang Suksma.
37. Mangkana hesthining driya
nadyan sirna lanat kapir
iya teka Tanah Jawa
kaya wus tan bisa mami
mrih selame tyasneki
mring wong Jawa kabeh iku
dadya angles tyasira
kagagas kang samya swargi
harma barang aturnya catur punggawa.

38. Pangeran Behi Ki Maja
Den Basah Raden Dipati
Sang Nata nurut kewala
sabab ing galih wus sepi
mring rahmating dunyeki
kang pininta mring Hyang Agung
pan namung tetepira
sagung kang nglampahi sabil
lawan sahid sagung Islam Tanah Jawa.
39. Jalu-estri rare ika
angsala supangat Nabi
Mukamad Sam kang mustapa
namung sih Rabulngalamin
ing siyang lawan ratri
Kangjeng Sultan kang sinuhun
marang Allah Tangala
tetepe kang imam sami
katrimaa sabil-sahidnya sadaya.
40. Ngantepi Islamnya samya
nglampahi parentah dalil
ing Qur'an pan ayat Katal
namung sih Rabulngalamin
ing akerat punika
tetepa ingkang sinuwun
mangkana mapan mulya
Raden Jayanagareki
tinimbalan mring Pangasih sampun prapta.
41. Tan kantun wadya tamtana
tigang atus kathahneki
pan samya tumut sadaya
mangkana wus den dhawuhi
lan Basah Ngabdulkatip
tan kalilan mantuk iku
mring Bagelen punika

apan kinen anggentosi
mring lampahanira Dyan Jayanagara

42. Prajurit kinen masrahna
myang sagung pra adipati
sakidul Yogyo sadaya,
mring Den Basah Ngabdullatip,
apan wus tan winarni
amung tamtama puniku
ngabehi panji rangga
kawandasa kathahneki
kedah tumut dhateng Dyan Janayagara.
43. Mangkana karsa Narendra
Raden Jayanagareki
Kinarya sisihanira
Raden Puthutlawa malih
prajurit tamtameki
kawandasa kadya iku
mapan sisihanira
lawan mantrilebet malih
sabab Raden Tumenggung Martanagara.
44. Lan Raden Gandakusuma
karsanira Sira Bupati
kinarya basah ing Ngrema
mantrilebet tumut sami
bebektanya pribadi
mangkana wus tan cinatur
pan lajeng kinen mangkat
badhe basah tiga iki
mung pinilih ingkang tan kalilan mbekta.
45. Binantokken Dyan Dipatya
sadaya tan wonten kari
turkiya barkiya ika
karkiya suraya sami

mandhung waneng prang iki
lan basah Bagelen iku
Ngabdulmuhyi punika
saking Wates budhal sami
prapteng Ngelak lajeng pinethukken yuda.

46. Nanging let lurung punika
dennya jang-ajangan baris
dadya namung mariyeman
tan ana kang miyatani
nengna kang lagya jurit
Ki Maja ingkang winuwus
saking karsa Hyang Suksma
datan marem ing tyasi eki
weling atur mring Pangeran Behi nulya.
47. Nuwun pamit mring Narendra
yen nglampahi perlu iki
nguni ayun ngradin Pajang
lan nuwun den ter prajruit
gangsal atus puniki
bulkiya kang tigang atus
Seh Ngusman Alibasah
punika ignkang pangirid
Mangkuyuda lan Tumenggung Brajayuda.
48. Samya nyatus prajuritnya
jangkep gangsal atus iki
mapan langkung tiga welas
lan kanca methakan sami
anak Urawan iki
mapan inggih kula nuwun
lawan tumenggung Pajang
kang kapala lajeng sami
apan badhe kula antukaken samya.
49. Pangran Behi angandika

yen kanging bok sampun Kyai
ingkang ngadhep ing Narendra
mapan tan wonten Kiyai
kula sring kesah uga
Ki Maja apan sumaur
kados pundi Pangeran
yen tan ceceker pribadi
mapan inggih kathah anak putu kula.

50. Punapa ingkang katedha
ing benjing wekasanekei
pedah sampeyan santana
anganggur dipun ingoni
lan sagung senapati
yen sampeyan darbe kayun
inggih mangsa lepata
pan kawula tiyang alit
lamun boten Pangeran pados priyangga.
51. Pangeran Ngabehi nabda
punika geseh Kiyai
atur dika mring Narendra
nengih parentahing dalil
mung angelar agami
punika salaminipun
yen niyat anglar tedha
mapan batal sabilneki
datan angsal pan mindhak angsal duraka.
52. Yen amrih tedha kewala
pan sampun rampung rumiyin
punika duk Jahalanang
Ki Maja sumaur bengis
sampeyan anyegati
ing kula rumiyin iku
sadaya kang parentah
Sri Narendra amung darmi

pan ing mangke wonten Rahadyan Dipatya.

53. Pangeran Behi ngandika
sanadyan mangke Kiyai
pan maksih wonten andika
parentahira Narpati
ingkang inggil pribadi
lamun makaten puniku
dika punapa trima
kaprentah adhi dipati
sabab basah kaprentah adhi Danurja.
54. Yen makaten karep dika
nuwun dadi basah Ky li
puniku wekasania
Ki Maja saurireki
sinten pintena ugi
kaparentah inggih purun
nadyan wonten nginggila
pan lamun datanpa kasil
gih Pangeran punika mindhak punapa.
55. Gumujeng Kangjeng Pangeran
dene kok geseh Kiyai
kalawan atur andika
mring Sang nata slamineki
Ki Maja saurneki
sampeyan tan uning tuhu
lamun ngelmu punika
mawi tanajul lan tarki
Pangran Behi mesem aris angandika.
56. Kiyai wedi kawula
lamun matura pribadi
pan namung ngater kewala
dika matura pribadi
samana sampun kering

- prapta ngarsa Kang Sinuluin
 sampun katur niskara
 mesem Sang Nata nglilani
 pan wus uning sakajengira Ki Maja.
 57. Nanging ing tyas Sri Narendra
 mapan wus sedya ngantepi
 sabarang kang wus kawedal
 ngandika mring Pangran Behi
 kinen maringi tulis
 mring Radyan Dipati iku
 barang panuwunira
 Ki Maja wus den lilani
 sampun lengser kalih sing ngarsa Narendra.
 58. Mangkana wus tan winarna
 kawarnaa ingkang jurit
 Dyan Basah Prawiradirja
 lawan B; sail Ngabdulmuhyi
 Raden Martanagari
 mapan tanpa wekas iku
 let lurung mariyeman
 tan kendal ing siang-ratri
 dadya rembag dalu samya Jebol ika
 59. Medal pinetan marganya
 lanat mapan tan udani
 eca dennya mariyeman
 Raden Basah gelarneki
 sagung waosan sami
 ingkang kinen baris iku
 sampun prapta Keroya
 basah tiga badhe sami
 myang orajurit pan datan kantun sadaya.
 60. Sanget samya sayahira
 sabab dalu lampahneki
 arip lawan medal arga
 marma samya tilem iki

tan nyana den tututi
prajurit pan samya cucul
kalawan basahira
lanat prapta ngepang nuli
lajeng ngedrel sinareng mariyemira.

61. Langkung gugup basahira
lan sagung prajurit sami
nambur nylompret lawan dandan
nenggih basah Ngabdulmuhyi
ingkang medal rumiyin
lan ngirid kang usar sagung
ing Bagelen sadaya
ing jawi dhusun wus prapti
lagya baris pan lajeng binujung nulya.
62. Dhateng usar lanatullah
mangkana sagung prajurit
ri wus denira adandan
mapan sareng medal sami
tan ngantos tata iki
lanat lajeng nempuh purun
mariyem wus tan munya
mung kantun drel sanjata lit
apan namung sanjata mungel ping tiga.
63. Islam sareng ajengria
apan nurut kukus sami
panlajeng caruk kewala
sangkuh lawan waos iki
lanat mapan kalindhuh
Raden Prawiradirjeku
mangkana wuwusira
mring Raden Martanagari
lamun kangmas tan nelasaken punika.
64. Mapan wande dados basah

sareng miyarsa puniki
Tumenggung Martanagara
pan langkung bramantyaneki
kalawan ingkang rayi
Raden Gandakusumeku
wus nir sagunging baya
pan liwung pangamukneki
ngantos putung kang waos agem pribadya.

65. Nulya nyandhak malih ika
waos ampilanireki
Dyan Basah Prawiradirja
tilarane Kangjeng Gusti
basah kang sinuwargi
Kyai Macan namenipun
dadya telas sadaya
lanat kedhik ingkang urip
Mayor Biskis lan Raden Sindunagara.
66. Kalih pan samya lumajar
nging Sindunagara kanin
mapan kantun waosira
wasiyat namanireki
Ki Jakameleloki
bangke lanat apan tumpuk
lan kang kekecer samya
pitung atus kathahneki
wadya Islam ingkang prapta sabilullah.
67. Pan lurah mandhung satu nggal
Mas Bahi Nitiraneki
prajurit tatu sadaya
nanging samya tan punapi
kathah bandhanganeki
mapan w arna-warna iku
kalih mriyem punika
mimis lan obatireki

- sanjata lit tigang atus lan sandhangan.
68. Punika mapan andhungan
myang badhe Sangkelat iki
yatra mapan kathah ika
kuda punika kajawi
angsalnya tiyang siti
wus radin Bagelen iku
ingkang tengah punika
Raden Basah nulya aglis
dhateng Ngrema kendel dhusun Lajer ika.
 69. Netepaken Raden Basah
Martanagara puniki
prajurit Ngrema sadya
kalawan Bagelen prapti
duk nguni mapan sami
prajurit ngungsi mring gunung
mung dullah panji rangga
kang samya dhateng Matawis
sampun pepak prajurit sewu sadaya.
 70. Bagelen kilen punika
kang tengah sewu pribadi
Basah Ngabdulmuhyi ika
nanging ingkang wetan maksih
kancikan lanat iki
mangkana ingkang winuwus
Kurnel Keleres ika
apan langkung napsuneki
ing risake Mayor Biskis balanira.
 71. Kinerig sagung kelana
kurnel nindhihi pribadi
datan kantun mayor ika
langkung kathah balaneki
apan wus budhal sami
saking Kedhung Maeseku

mangkana Raden Basah
Prawiradirja puniki
mapan sampun inggih ngaturan uninga.

72. Mring Basah Ngabdulmuhyika
lamun lanat andhatengi
mapan langkung kathahira
nulya Raden Basah iki
nata sagung prajurit
nganging tadhah karsaniun
Basah Ngabdulmuhyika
minangka dhadhanireki
mapan sampun prajurit pinara tiga.
73. Dyan Basah Martanagara
kang dados pangawak kering
kanan Dyan Prawiradirja
nenggih Basah Ngabdulmuhyi
pan kinan ngati-ati
mangkana katingal sampun
lanat pan lajeng ika
nata baris ngedrel nuli
pan sinareng kalawan mariyemira.
74. Prajurit Bagelen tengah
pan kalindhuh yudaneki
mburu maring lanatullah
basah Prawiradirjeki
apan nulya ngabani
nyabet saking kanan iku
Basah Martanagara
ingkang nyabet saking kering
lanatullah mapan kathah ingkang pejah.
75. Kalindhuh lanat yudanya
Islam awan turu sami
Kurnel mapan langkung kroda

gya ngabani usarneki
kelana kang pangirid
pan kawit tahun puniku
nulya anginum samya
wus tan nedya mundur urip
golong maju pelangkir nulya lumajar.

76. Dadya wang sul malih samya
lajeng campuh ing ajurit
usar mapan sami usar
dharat panggih lan pelangkir
langkung ramening jurit
mapan dereng untungipun
tan telas lanatullah
samya wuru ingkang jurit
Dyan Tumenggung Gandakusuma winarna.
77. Kenging mriyem wentisira
dhawah kudanya negmasi
nging Dyan Gandakusuma
angsal pitulunging Widi
labet datan punapi
mangkana kasaput dalu
lajeng sapih kang yuda
lanatullah kathah mati
bangkenira pan binekta mudnur samya.
78. Kang ageng-ageng kewala
bangkenya lanat kang alit
tinilar mapan belasah
mangkana Islam kang prapti
dhateng sabillullahi
Dullah Santadiwiryeku
lawan Citradiwiry
Mas Panji Singa puniki
ingkang labet jajar Islam gangsal welas.
79. Nanging samya tan punapa

dadya pur-epuran sami
mangkana pan sareng enjang
lanat tan medali malih
lajeng mundur mring Kemit
mangkana ingkang winuwus
Raden Prawiradirja
nantun mring kang raka iki
Raden Basah Martanagara punapa.

80. Kadugi sampun den tilar
rumeksa mring bawahneki
Dyan Basah Martanagara
wangulanira kadugi
lawan berkat Narpati
mangkana Bagelen sampun
kilen lawan kang tengah
Padhang lanat mapan sami
neng jro beteng sampun datan saged medal.
81. Dyan Basah Prawiradirja
mangkana ing karsaneki
mring Bagelen ingkang wetan
apan maksih peteng iki
pan nulya den tanemi
basah nenggih papanipun
Pangran Behi punika
dados dullah karkiyeki
namanira Raden Prawirakusuma.
82. Dados jangkep basah tiga
Bagelen wus pulih malih
Dyan Basah Prawiradirja
mapan ingkang den tenggani
tanemannya pribadi
neng Bagelen wetan iku
tan mawi tur uninga
dhumateng Sri Narapati

dennya ngangkat Dyan Basah Prawiradirja,

83. Dhumateng Rahaden Basah
Prawirakusuma iki
mangkana apan wus lama
nging lanat tan saged mijil
Bagelen Padhang sami
Raden Basah nulya mantuk
mring Mataram sawadya
kuswa apan datan kari
lajeng wowan dhumateng Sri Naranata.
84. Angaturaken bandhangan
nenggih kang mariyen. kalih
lan waos Jathamalela
myang mimis lan obatneki
kalawan matur malih
kalamun Bagelen iku
wetan pan tinaneman
basah dullah karkiyeki
dene ingkang kawula gentosi ika.
85. Nenggih pun Suramustapa
kang nguni panjinireki
nenggih didalem karkiya
mesem Nata ngandika ris
ya wus tarima mami
myang sarupaning kang sagung
kang padha ngangkat karya
nanging tyasira Narpati
esmu gela mring Basah Prawiradirja.
86. Sabab andhingini karsa
ing nguni pan tan wineling
lamun Bagelen kang wetan
nenggih kinen anameni
basah wus tan winarni
mangkana Ki Maja iku

mapan sampun lumampah
dhumateng sawetan Pragi
nging sulaya lan Seh Ngusman Alibasah,

87. Seh Ngusman ayun mopo
ajrih timbalan Narpati
yun tumut datan kaduga
dhumateng Ki Maja iki
lawan dullah satunggil
Seh Kaji Dulkadir iku
mama anangga krama
yen den ajak mangkat iki
pan sumados dereng pepak kancanira.
88. Dadya lami Kyai Maja
mapan datan mangkat iki
nenggih dhumateng ing Panjang
esmu kacuwung puniki
keturnya mring Narpati
ayun wande isin tanggung
sareng Ngusman Libasah
tan kenging tinantun iki
ing tyasira ingkang ingaben punika.
89. Nenggih prajurit bulkiya
Seh Ngusman Libasah iki
kang badhe kinarya bandha
nanging Seh Ngusman wus uning
marma tan purun iki
mring Ki Maja kajengipun
lamun badhe sulaya
Ki Maja saaturneki
marman ra Seh Ngusman awrat tyasira.
90. Mangkana kiyai Maja
langkung kewran ing tyasneki
rumaos kathah klajengnya
dennya matur mring Narpati

marang sasamineki
dadya nantun muridipun
nenggih Kyai Dhadhapan
kalawan Kiyai Melangi
aturira kalih pan kadugi ika.

91. Nangge dalil Mansuh ika
sabab wenang dening langip
pan ngudur namnng sakedhap
Ki Maja dadya nuruti
mring ture muridneki
Kyai Dhadhapan puniku
pan sinekajeng nulya
Ki Dhadhapan mring Melathi
lajeng panggih lan Mayor Wiranagara.
92. Nulya tanggel-tinanggalan
sabab mayor muridneki
duk alit neng Kalang ika
tan winarna niskareki
nulya samya ngayagi
panggihe bicanten iku
kalih pan dados morga
Dhadhapan lan mayor iki
neng Melathi uws semados dintenira.
93. Ki Maja panedhanira
residhen pangulu patih
ing SalaYogya sadaya
mayor mapan anyagahi
nging nedha kendelneki
sagunging aprang sadarum
sagah Kiyai Maja
nulya atur surat iki
mring Pangasih wus katur mring Sri Narendra.
94. Duk nupiksa ingkang surat

Nata langkung benduneki
wau dhumateng Ki Maja
mangkana timbalaneki
heh ta sakena iki
mapan durung tutug-tutug
Maja karya rencana
olehnya manggung nggabusi
yen mangkono iya dhingin ana apa.

95. Mapan sagung kang bicara
dene ora ana dadi
iku iya kang angajak
saben-saben jendral iki
lan masrahake tuwin
tanah Jawa kabeh iku
suprandene tan dadya
ujare ngelmu tan keni
dene mengko ingkang den bicara apa.
96. Residhen yun temu ika
lan Danuija ora keni
tutur lamun Qur'an ika
ingkang ora angiliani
tur ta ora miwiti
pan darma Residehn Kedhu
nggawa layange jendral
satuture sun turuti
durung lawas upama lamun lalia
97. Dene banget karya nistha
tulusuran luru urip
turengelmu tan kena
wus tita lamun tan keni
ginugu ujarneki
ngulama apa ran iku
mapan salawasnira
gung mbebeka karyaneki

lan maninge wus akeh wong ingkang Islam.

98. Ngulama kaji pandhita
sarip lan santana mami
kang wus padha sabillullah
dene angisin-isini
donya sira mepeti
mapan ora sedya ingsun
lamun Allah Tangala
iya ora anglilani
ing luhure Islam ingkang aneng Jawa.
99. Agama Nabi Mukhamad
sun tedha sirnaa mami
aneng dunya tanpa karya
mapan sun sedya belani
marang kang padha sabil
jer iku parentahingsun
kabeh wong tanah Jawa
Islam ingkang padha sabil
lawan sahid pan ingsun kang duwe karya.
100. Anjaluk menenging prapta
ingsun apan tan nglilani
mangkono maneh Ki Maja
bicara tan sun lilani
lamun tan wani jurit
angur konen bali iku
Badarudin pan sira
sun kongknon ndhawuhna iki
mring Ki Maja yen mangkono karsaningwang.
101. Lawan maning dhingin sira
mampira Danurja iki
layang gawanen balekna
Dullah Kaji Badarudin
sandika autrneki
nembah lengser nulya mundur

sing ngarsa Sri Narendra
tigang dinten nulya prapti
Dullah Badarudin lawan mbekta serat.

102. Paturanira Ki Maja
rapal kang ngengingken iki
punika pan ayat Qur'an
inggih kang amba lampahi
nulya Sri Narapati
animbalu ngulameku
kang maksih kantun samya
praptandher ngarsa Narpati
lan kang kaji pandhita Nata ngandika.
103. He sanak kaji ngulama
ingsun yun takon sayekti
mapan iki ayat Qur'an
apa nangseh mansuh iki
pojara den sayekti
mapan ingsun tan sumurup
mring nanseh mansuh ika
sadaya samya turneki
mapan estu sampun mansuh yen punika.
104. Agami Nabi Mukhamad
rapal punika kang kenging
duk alame Nabi Musa
nadyan muridnya pribdi
pan samya aturneki
kaji Mam Raji puniku
lan Seh Barmawi ika
nulya kinen amangsuli
duka Kaji Badarudin mring Ki Maja.
105. Kalamun wus tan kalilan
sabarang paturaneki
nging kinen mantuk kweala

lamun datan purun jurit
Kyai Maja puniki
sareng tampi suatrneki
Sri Narendra langkung jrih kaduwungira.

106. Mring sagung paturanira
sadaya kang wus kawijil
mapan ing salaminira
kathah kang kalajeng iki
dhateng Sri Narapati
yun mantuk wirang kalangkung
lawan kang prajangjian
lan mayor apan wus dadi
namung kantun ngentosi dinten kewala.
107. Mangkana estu apanggya
mapan aneng ing Melathi
Ki Maja lan sagung samya
kang den welingaken iki
apan pepakan sami
Sala lan Ngayogya iku
mayor tan kantun ika
tan winarna bicareki
Kyai Maja lajeng sowan Sri Narendra.
108. Mring Pengasih sampun prapta
lajeng njujug aneng masjid
nulya weling atur ika
marang Dullah Badarudin
nuwun sowan Narpati
Kaji Badarudin iku
lajeng sowan Narendra
Sang Nata apan marengi
lenggah aneng surambi langgar punika.
109. Kaji Badarudin turnya
pun paman lamun marengi

nuwun sowan atur salam
sakancanipun ngulami
ngandika Sri Bupati
mapan ingsun wus tan ayun
salaman lan wong bisa
mapan ingsun bodho yekti
bokmanawa anulari bodhoningwang.

110. Heh Badarudin tutura
Marang Ki Maja sireki
"Dullah Badarudin nulya
mundur sing ngarsa Narpati
lan Ki Maja wus panggih
sampun winartakken iku
timbalaning Narendra
lamun tan arsa pepanggih
lan sampeyan lawan manise kang sabda.

DHANDHANGGULA

Pupuh XXII

1. Kyai Maja sareng amiyarsi
lamun Nata tan arsa panggiha
tumungkul krasa ing tyase
lamun gung lepatipun
atanapi mring ngelmineki
rumaos lamun tiwas
barang aturipun
ingkang sampun kalampahan
dadya sanget nalangsa sajroning ati
marang Allah Tangala
2. Atanapi dhumateng Jeng Nabi
dadya medal Ki Maja luhira
ngraos barang kadudone
nulya aris amuwus
wau marang Seh Badarudin
andika umatura
dhumateng Sang Prabu
kawula nuwun sapisan
angabekti dhumateng Sri Narapati
mapan sedya kawula
3. Anglampahi sakarsa Narpati
Dullah Kaji Badarudin nulya
wang sul matur mring Sang Rajeng
Nata ngraos tyasipun
sareng myarsa ing aturneki
Seh Badarudin mulya
tinimbalan iku
lawan sagung kang ngulama
miwah kaji ingkang badhe tumut sami
wus samya prapteng ngarsa.
4. Kyai Maja nulya atur bekti

jawab asta lawan Sri Narendra
sainu ^umembang waspane
anglin^wekasan pangguh
rrTyang pra kaji lawan ngulami
sadaya pan mangkana
marma datan dangu
Sang Nata angres kang driya
duk tumingal dhumateng Ki Maja iki
kadya karsaning Suksma

- 5t. Apan lajeng kinen mangkat malih
datan ngantos matur Kyai Maja
tan winarna niskarane
mapan wus prapta iku
neng wetaning Paraga malih
Seh Ngusman Alibasah
ingundang tan ^urun
lawan Seh Dullah Kajika
Ngabdulkadir dadya ingkang tumut naming
Dullah Kaji Mustapa
6. Namung lawan kancanya pribadi
datan pepak sadaya mangkana
samya saguh nusul bae
namung tumenggungipun
ingkang pepak Mangkuyudeki
Urawan Brajayuda
Sadilaga iku
tumenggung Pajang sadaya
datan tumut samya gela ing tyasneki
dhumat0hg Kyai Maja.
7. Dadya namung nak-muridireki
lan sadherekira ingkang milya
nangl?ig kathah kantun mangke
murid sadherekipun , °
ingkang sampun samya ngulami

s

sabab Kiyai Maja
sring sulayanipun
kaliyan Sri Naranata
lan ngelmunya sareng nyelakaken iki
dhateng Kyai Dhadapan.

8. Kadya sampun karsanya Hyang Widi
Kyai Maja kuwur manahira
datan kantenan kajenge
mangkana sareng dalu
lajeng mangkat mring Pedhuh iki
gangsal atus watara
ingkang ngiring iku
apan lajeng tinututan
Kurnel Lebren Ki Maja ngaturan uning
kalamun tinututan.
9. Mapan lajeng kinen ngati-ati
enjing lanat pan lajeng katingal
Islam sampun baris mangke
pan tan kuciwa iku
Kyai Maja tyasneki
dhumateng ngelmanira
lan karsa Sang Prabu
sedya sabil karsanira
sampun nyandhak waos yun ngawaki jurit
sagung kang pra dipatya
10. Lan parjurit samya nggeregut sami
Ki Melangi wus ngangge sanjata
sedya rempon sadayane
sareng ningali iku
Kyai Maja arsa ngawaki
Kasanbesari mapan
wus andhelik iku
mangkana Kyai Dhadapan
mapan sanget nggenira matur puniki

Kyai prayogi sabar.

11. Pan kawula yun nyoba rumiyin
methukaken dhumateng punika
manawi sae kajenge
wus karsaning Hyang Agung
Kyai Maja kendho tyasneki
mangkana Ki Dhadhapan
lumajeng mring ngayun
ngawe-awe tanganira
kapitan Hut mangkana nulya nimbangi
sampun samya papanggya.
12. Nulya samya sareh kang prajurit
kurnel Lebron apan nulya panggya
kalawan Ki Maja mangke
dadya wus sae iku
sareng dalu Ki Maja iki
nyipeng Waringin ika
kurnel nyipeng iku
neng beteng Pelem mangkana
sareng enjing Ki Maja dipun aturi
mring Kalathen bicara.
13. Wus dilalah karsaning Hyang Widi
Kyai Maja gampang manahira
pan wus tan winarna mangke
mengkana kang winuwus
Sri Narendra miyarsa warti
Kalamun Kyai Maja
mring Kalathen iku
langkung n'gungun ing tyasira
mring prajuit ingkang kinen tumut sami
lawan ingkeng mardikan.
14. Pitung dinten pan antawisneki
Sri Narendra apan nuju lenggah
neng surambi langgar mangke

ingkang sowan neng ngayun
Badarudin lawan Barmawi
Puthutlawa kalawan
Jayanagareku
ngraosi mring Mangkuyuda
lawan sagung ingkang samya tumut iki
andangu ngelminira.

15. Mring Barmawi lawan Kaji Marji
apa ingsun tan oleh duraka
sabab kang lumaku kabeh
mapan parentahingsun
kajabane Ki Maja iki
pan karepe pribadya
Barmawi turipun
kados boten pramilanya
sabab sampun paduka dhawuhken iki
wadi ing lampahira.
16. Tan antara Mangkuyuda prapti
mapan lawan Seh. Kaji Mustapa
Melangi Wanakramane
kagyat Sang Nata ndlulu
gya ingawe sakawan sami
lumajeng ngaras pada
samya nangis iku
Sang Nata angles ing driyal
Ion ngandika wus padha menenga dhingin
mara sira tutura.
17. Pan sakwan samya aturneki
lamun tiwas didalem sadaya
wus katur saniskarane
mangkana Ki Majeku
mapan wonten Surakarteki
Kaji Dulkatip prapta
samya nangis iku

pan sarenti dhatengira
Sri Narendra samana ngandika aris
wus ja na kang rinasa.

18. Pan gantungan wong neng dunya iki
begja lara pati ora bakal
wus padha muliha kabeh
nulya luwar Sang Prabu
Kyai Maja wus tan winarni
mangkana Sri Narendra
animbalii iku
mring Basah Prawiradirja
lan kang paman Kangjeng Pangeran Ngabehi
sampun prapta ing ngarsa.
19. Sri Narendra angandika aris
mapan dangu Bagelen wartanya
Dyan Basah alon ature
sampun padhang sadarum
lanatullah tan saged mijil
ingkang langkung keringan
Bagelen sadarum
abdidalem basah tiga
mapan namung Dyan Basah Martanagari
kalamun kesah langlang.
20. Lanatullah samya minep kori
nandyan inggih lumampah priyangga
lanat kalangkung kawuse
Sang Nata malih nan tun
mring kang paman Jeng Pangran Behi
kula mapan yun kesah
mring Bagelen iku
ngupados pangulu ika
kalih dalu sampeyan tengga ing wingking
kalih way ah sampeyan.
21. Lawan Basah Prawiradiijeki

pan sandika katiga turira
Dyan Basah aris ature
punapa Jeng Sinuwuh
inggih boten mundhut prajurit
Sang Nata ris ngandika
wus tan susah ingsun
ing buri poma den yitna
mapan ingsun lunga datanpa karyeki
namung wong jro kewala.

22. Kang sun gawa lawan Ngabdulmasjid
paman Prabu kabeh pan sun tinggal
prajurit mung papa bawe
tama Suryagameku
Mantrijero Suranateki
lawan kabeh ngulama
pan iku kang perlu
arsa pun pilihi padha
lan ngulama Bagelen endi kang dadi
prayoga nggentenana.
23. Mring Ki Maja pangulonireki
pan sadaya sandika turira
enjing nulya budhal rajeng
Ki Jayacapa iku
pan tinilar karsa Narpati
budi aneng gedhogan
lan medal luhipun
Nyai Lurah Seca nama
tur uninga lamun Jayapaca nangis
nulya kinen nusulna.
24. Tan winarna Sang Nata neng margi
sampun rawuh ing Bagelen nulya
tigang dalu neng margine
masanggrahan Sang Prabu

aneng masjid ing Kawisinggil
Basah Martanagara
tinimbalan sampun
lan Dullah Gandakusuma
apan sampun prapteng ngarsanya Sang Aji
esmu kangen Narendra.

25. Gya lenggah Sang Nata neng serambi
ingkang paman Prabu aneng ngarsa
lan Pangran Ngabdulmajide
myang kang ngulama sagung
ing Bagelen wus samya prapti
ingirid Raden Basah
Martanagareku
lan Raden Gandakusuma
nulya nunggil ngulami Bagelen sami
lan ngulami Mataram.
26. Pajang Kedhu mapan sampun tunggil
Raden Basah nunggil Puthutlawa
lan Dullah Badarudine
lan tuwan sarip iku
Sampurwadi mapan anunggil
Raden Gandakusuma
Jayanagareku
dene sagung kang ngulama
ingkang sepuh Bagelen namung kekalih
nenggih Kumbangan wiyar.
27. Seh Kastuba Berangkal puniki
Seh Mukamad ingkang sampun samya
ginuron pra ngulamane
punika kang tinantun
nenggih dhateng Sri Narapati
sadaya cacahira
kang ngulama sagung
mapan satus kawan dasa

langkung kalih ingkang ndherek mring Narpati
Pajang Kedhu Mataram.

28. Ing Bagelen wus samya tinari
aturira pan sami kewala
anenggih Mukamad Kusen
pan kapenakanipun
inggih Kyai Pangulu lami
Ibrahim ingkang swarga
wus pitaya tuhu
nenggih dhateng ngelminira
lawan daweg sepuh anemipun mangkin
lan sampun tan kuciwa
29. Lan Ki Maja datan kantun yekti
lawan taksih taler pangulunya
pan wus anurut Sang Rajeng
mring sagung aturipun
wau ingkang para ngulami
mapan pinaring nama
nunggak semi iku
anglir Ki Pangulu swarga
mapan nama Pangulu Pekih Ibrahim
wus mupakat sadaya.
30. Gung ngulama myang pratiwa sami
Raden Basah wus kinen wangsula
dhumateng barisan maneh
samya suka-reneku
sabab taler pangulu sami
lawan Raden Dipatya
Sang Nata winuwus
neng Bagelen apan lama
sring meng-ameng dhateng lepen Cingcingguling
apan ningali baya.
31. Kang ngladosi pan Dullah satunggil
Raden Banyakwidhe namanira

lan rangga Karanganyare
nengnih rangga Metaun
pan punika ingkang pinanci
ngladosi Sri Narendra
mring Dyan Basah iku
kawarnaa ing Mataram
pasanggrahan Pangasih kinecu iki
dhumateng lanatullah.

32. Pan uninga yen sepi Narpati
prajuritnya lebet ndherek samya
marma lanat purun mangke
Raden Basah puniku
pan katungkul lan Pangran Behi
kalih mapan tan nyana
yen lanat puniku
ing Semanggen dalu mangkat
mring Pingasih kalangkung denira dhemit
jawah sanget petengnya.
33. Pangran Behi mapan barisneki
neng cepuri Dyan Basah Prawira
dirja maksih neng pendhoke
lan saprajuritipun
lamun siyang anganglang iki
marma samya tan nyana
sabab lanat iku
wus lami tan medal yuda
lan Dyan Basah kang dados ecaning galih
sabab Kangjeng Pangeran.
34. Barisira aneng ngajeng iki
anindhiji Pangran Pakuningrat
lawan ayanagarane
Jayapideksa iku
lanatullah langkung asandi
saben dhusun kamargan

yen tinaken iku
mapan ngaken prajuritnya
Pangran Behi yun kundur dhateng Pangasih
mapan unangandika.

35. Marmanira lampahnya lestari
sareng wektu subuh praptanira
aneng ing Pangasih mangke
ingkang tengga puniku
pasanggrahan Pangasih iki
Pangran Dipanagara
lagya salat subuh
lan sagung kang kemit samya
jalu estri mapan lagya salat sami
langkung tan wonten nyana.
36. Lanatullah sareng prapta iki
lajeng ngedrel samya gugup ika
sadaya tambuh polahe
apan lajeng kinepung
Pangran Dipanagara iki
nanging parmaning Suksma
pan sadaya iku
samya wal saged lumajar
nanging raja barana kang sirna enting
ing Pangasih sadaya.
37. Pan tan ngantos saged angopeni
saking dening sanget kuwurira
gangsal kang prapta sabile
kabedhah lajeng ngamuk
mantri sepuh wastanireki
pan Mas Prabaleksana
lawan ngampil iku
wasta Ki Darmataruna
saanaknya nongsong Priyatikta iki
nanging jajar sadaya.

38. Mapan nuju samya kemit iki
 Raden Basah sareng myarsa warta
 gugup lajeng nambur age
 prajurit apan sagung
 langkung kagyat kasesa sami
 sabab tan wonten nyana
 sanget enjingipun
 lanat sareng sami myarsa
 tambur muni lawan salompretnya muni
 lajeng tata barisnya.
39. Raden Basah Prawiradirjeki
 lajeng budhal tan ngantos samekta
 prajurit mung saanane
 kang kantun samya nunul
 saking sanget kasesaneki
 nengg'h Rahaden Basah
 langkung ajrihipun
 rumaos kalamun tiwas
 tigang atus prajurit kang sareng iki
 tinata urut marga.
40. Sareng prapta lajeng nempuh jurit
 langkung rame lanat kathah pejah
 Islam saya kathah mangke
 ingkang prapta anusul
 lanat mundur prangnya kalindhih
 Pangran Behi winarna
 pan sareng myarseku
 yen Pangasih kalebetan
 dening lanat mapan langkung ajrihneki
 rumaos lamun tiwas.
41. Dent ngantos kabobolan iki
 lajeng nambur lawan myarsa swara
 sanjata Pangasih rame
 nging besmen tan kadulu

Pangran Behi nulya nututi
lang Pangran Pakunignrat
Cakranagareku
Jayapideksa winarna
lanatullah ingkang kubujung ing jurit
lajeng kapethuk marga.

42. Nenggih lawan Pangeran Ngabehi
lajeng campuh wingking tinututan
si lanat langkung bingune
kekecer bathangipun
nggennya ngrayah pan kathah iki
tinilar turut marga
sing kasesanipun
wau denira lumajar
enengena lanat wus datan winarni
kawarnaa Dyan Basah.
43. Sampun panggih lan Pangeran Behi
Pangran Dipanagara katiga
pan samya ngraos tiwase
dene prajurit iku
apan tiga kang samya sabil
kang labet kalih welas
nanging lanat iku
pan langkung dennyka kasesa
marmanira datan ngantos ambesmeni
ing Pangasih punika.
44. Tiga sami rembag atur uning
lamun tiwas dennyka sami tengga
pasanggrahannya Sang Rajeng
tan winarna wus katur
ingkang surat dhateng Narpati
Sang Nata apan nulya
sing Bagelen kundur
tan winarna rawuhira

ing Pangasih sangsaya cobaning Widi
dhateng Sri Naranata.

45. Raden Basah Prawiradirjeki
manggung bayak dhumateng Narendra
yatra bandar sadayane
mapan kedah kasuwun
sagunging prang dipun sagahi
lan malih panuwunnya
Raden Basah iku
Radyan Dipati Danurja
nenggih lawan Raden Basah Ngabdulkatip
wontena ngarsa Nata.
46. Lawan sagung prajuritireki
pan sadya kasuwun punika
basah lan pra dipatine
ingkang parentah sagung
kang prajurit kasuwun sami
Sang Nata esmu kewran
mangkana nulyeki
animbali mring kang paman
Pangran Behi lan Pangeran Ngabdulmajid
Mas Pangulu kalawan.
47. Nenggih Dullah Kaji Badarudin
Puthutlawa lan Jayanagara
kang sowan ngarsa Sang Rajeng
lon ngandika Sang Prabu
mring kang paman Pangeran Behi
pan kados pundi paman
tan ewed puniku
lamun tiyang nyepeng pedhang
dipun sambi nyepeng arta kados pundi
punapa tan kapiran.
48. Pangran Behi mangkana turneki
apan sampun tan kirang kawula

ning meksa dreng panuwune
sagah kadugi sampun
mapan ngrangkep kang darel kalih
yektosipun punika
sing murinanipun
dhateng kagungan Narendra
sabab kathah tan kantenan damelneki
wonten adhi Danurja.

49. Basah nedha kawis angsalneki
milanipun kasuwun sauaya
myang bantu makaten maleh
ingkang bupati sagung
mapan kathah lawan prangneki
adhi Danurja kirang
ing pamerdenipun
dene paduka Narendra
ingaturan dhahar dhateng basah nenggih
tigang weu sawulan.
50. Sri Narendra mesem ngandika ris
kados pundi paman prayoganya
pangulu Ngabdulmajid
Badarudin sireku
pan sadaya samya turneki
prayogi tinurutan
mapan mindhak cukup
paduka Ji kang rumeksa
kendho rikuh yen tebih Radyan Dipati
tan sae sawangira.
51. Kang jumagi ing ngarsa Narpati
pan pangulu patih lawan jeksa
lang basah satunggal mangke
tan kirang sawangipun
pan sadaya aturnya sami
Basah Prawiradirja
tan teron tyasipun

mangkana Sri Naranata
sareng myarsa samya aturnya sami
mesem aris ngandika.

52. Yen wus mangkono rembagireki
Badarudin sira dhawuhena
Basah Prawiradirjane
yen wus kalilan iku
ing sabarang panuwuneki
dene caosanira
iya marang ingsun
telung ewu -saben tanggal
tan tarima nanging saka karsa mami
namung sewu kewala.
53. Akeh-akeh tan ana karyeki
lawan sapa ingkang anggentenana
mring Danurja barise.
lan Ngabdullatip iku
Badarudin lengser sing ngarsi
tan winarna wus panggya
lan Dyan Basah iku
wus dhinawuhaken sadaya
Raden Basah langkung suka manahneki
mangkana aturira.
54. Inggih uwa lamun wus marengi
Sri Narendra panuwun kawula
Kangjeng Pangran Ngabehine
barisan wonten kidul
kang nggentosi Basah Dullatip
dene Raden Dipatya
kang nggentosi iku
Pangeran Sumanagara
lawan kula nuwunaken nama nenggih
Basah Pangran punika.
55. Dene uwa kawula pribadi

pundi-pundi sadaya kang awrat
kula kang tulung badhene
ri wus nulya umatur
Badarudin mring Sri Bupati
saaturnya Dyan Basah
tinurutan sampun
Dyan Dipati tinimbalan
lawan Basah Ngabdulkatip sampun prapti
neng Pangasih sadaya.

56. Ing Pengasih saya kathah janmi
sabab sampun kang putra santana
lan bupati miji kabeh
aneng Pengasih kumpul
Pangran Behi wus ngalih iki
barisan kidul Yogyakarta
angajengken iku
Semanggen mung kantun tiga
Pangran Pakuningrat Jayanagareki
lawan Jayapideksa.
57. Lanatullah langkung agengneki
karya beteng aneng Penanggulan
kang punggawa katigane
datan kuwari iku
anadhahi nulya tur uning
dhumateng Raden Basah
pan samya katungku
anampani kang lapuran
lawan arta anyambi nata prajurit
ngantos kalajeng dadya.
58. Ingkang beteng kapyarsa Narpati
Raden Basah pan ngantos kadukan
gya mangkat saking pondhoke
lan saprajuritipun
nulya baris ing Sendhang iki

pan sampun jeng-ajengan
mung let kalih dhusun
datan purun amajenga
nulya nuwun Raden Basah mring Narpati
Raden Jayanagara.

59. Lawan Raden Puthutlawa iki
sakancanya mantri lebet lawan
prawira tamtama mangke
gya pinaringken iku
sampun mangkat saking Pengasih
Raden Prawiradirja
apan aturipun
• badhe ngantep ing ayuda
marmanipun nuwun abdidalem kalih
mantrilebet tamtama.
60. Amrih ajrih sagung kang prajurit
Seh Mukamad Ngusman Alibasah
mapan sareng ing praptane
aneng Sendhang sadarum
kang bulkiya mantrijero iki
tamtama sareng enjang
nembang tengareku
Dyan Basah Prawiradirja
lanatullah panuju samya jengneki
apan kadya semayan.
61. Samya kehnya tan kuciwa sami
sareng prapta trus acampuh yuda
mapan kalangkung ramene
usar samyosar pangguh
Islam dharat campuh pelangkir
mangkana Kebonyabrang
lawan Margaewuh
sing Pengasih sesanderan
mapan api ingutus mring Sri Bupati

kinen ningali yuda.

62. Apan kalih calunthangan sami
kalangenan sami geculira
Raden Prawiradilajane
lawan Seh Ngusman iku
langkung ajrih sareng ningali
dhumateng Kebonyabrang
lawan Margaewuh
jelah-jeleh saking wuntat
nguwuh-uwuh lamun dinuta Narpati
dadya sagung pratiwa.
63. Mapan samya angawaki jurit
wus nirbaya pan tanpa wikara
basah kalih pangiride
tan antara wus campuh
lanat Islam dados satunggil
sanjata mriyem pejah
kang prang samya wuru
mung sangkuh lan waos ika
ingkang majeng angsal pitulung Hyang Widi
lanat lajeng mbelasah.
64. Bangkenira kedhik ingkang urip
pangagengnya lanat pan kacandhak
mayor kalawan kaptine
kedhik ingkang lumayu
pan binuru lajeng angungsi
manjing mring beteng samya
pan lajeng kinepung
samya yun rinangsang pisan
dereng untung Dyan Dullah Puthutlaweki
kenging mariyem kontal.
65. Nanging angsal pitulung Hyang Widi
tan tumama Dullah Jayanagara
kenging mariyem kudane

ingkang wasta pun Jagul
lajeng pejah tamtama katri
kang prapta sabillullah
pan panji sadarum
kala maksih ruketira
mapan sampuh lawan mayor kaptin sami
dadya mundur sadaya.

66. Dereng untung bedhah betengneki
mapan kathah angsalnya bandhangan
sanjata lit lan kapale
mriyem satunggal iku
nanging datan binekta sami
katungkul rerebatan
sanjata lit iku
dadya kang katur Narendra
namung polet gangsal apan warni-warni
apan wus tan winarna.
67. Wonten Praga Pangran Basah iki
pan kalindhuh nenggih yudanira
lanat lajeng karya beteng
aneng Gemplong puniku
dadi kasep lajeng adadi
sagunging wadyanira
amempen sadarum
dening kindepang ing mengsa
Penanggulan mapan wus tan bisa mijil
ingkang pinatah tengga.
68. Pangran Pakuningrat den kantheni
Jayapideksa Carkanagara
binantokaken ing Gemplong
Raden Basah katungkul
ngudur arta lan Radyan Dipati
dadi Sri Naranata
saya ngles tyasipun

rumaos dinukan Suksma
sabab saben-saben nurut aturneki
ingkang para nayaka.

69. Datan wonten kang karsa pribadi
Kangjeng Sultan ing dalu myang siyang
pan namung ing sih Hyang bae
nenggih lestarinipun
dhateng ingkang sabillullahi
sadaya katrimaa
imannya puniku
mangkana Sri Naranata
apan namung nggalih ing wekasaneiki
sihing Allah Tangala.
70. Dhateng ingkang samya sabil sahid
pan sinamur meng-ameng jeng Sultan
dhateng ing Terayu mangke
remen masjid Terayung
ingkang ndherek myang pra ngulami
sadaya pan tinilar
ing Pangasih iku
mangkana ingkang winarna
Kyai Maja sampun wonten ing Betawi
mapan kinen kengkenan.
71. Atur surat dhumateng Narpati
Jendral de Bis nyuwun kendeling prang
anenggih ingkang kinengken
Ki Dhadapan puniku
lawan Kyai Kasanbesari
Kapitan Rup punika
Kathah seratipun
wus katur mring Sri Narendra
sinusulken dhumateng Terayu iki
langkung ewa tyas Nata.
72. Sagung serat tan arsa ningali

lajeng kinen mangsulken sadaya
dhateng Radyan Dipatine
lan Raden Basah iku
dene nuwun kendeling jurit
merengi Sri Narendra
nging bicara agung
Sang Nata wus datan karsa
mangsa borong Dyan Basah lan Dyan Dipati
Pangran Behi tiganya.

73. Mung satunggal welingnya Narpati
datan kenging lamen ngewahana
ayat batal parentahe
ingkang ingutus pangguh
nenggih lawan Raden Dipati
Mas Pangulu pribadya
lan Dullah puniku
Badarudin Melangika
Pangran Suryawijaya sakawan sami
lengeser sing ngarsa Nata.
74. Sri Narendra lajeng ngenya puri
mring Pangasih pan wus tan winarna
pun Kapitan Rup ature
mring Raden Basah iku
pan kawula inggih wineling
mring komasaris jendral
ijeman puniku
kalamun pareng Sang Nata
sagung tanah kang wonten residheneki
sadaya akanthia.
75. Lan ngulami dados sami-sami
sampun wonten nenggih kang parentah
Dyan Basah alon ature
ya dhingin ingsun matur
nulya Raden Basah kapanggih
lawan Raden Dipatya

mapan ta panuju
pepak kang putra santana
myang pratiwa Raden Prawiradilok.
ngaturken aturira

76. Kapitan Rup dadya angaturi
Mas Pangulu sagung pra ngulama
apan sampun prapat kabeh
pan samya rembagipun
sae katur Sri Narapati
mangkana lajeng sowan
sakawan puniku
wus prapteng ngarsa Narendra
apan nuju lenggah langgar Sri Bupati
neng serambi punika.
77. Sampun katur kang niskara sami
Sri Narendra mesem angandika
ya wis bener nanging kasep
kalamun ingsun turut
iya iku wekasaneki
dadya prang rebut dunya
paran polahingsun
yen katemu besuk kaya
lan kang padha wus prapta sabillullahi
dhingin duk Jahalanang.
78. Ora kurang kamurahan Widi
, tur ta ika maskih pepak padha
ingkang sabil durung akeh
lan ingsun bisa iku
males marang nak-putunek
ingkang padha tininggal
ingsun datan ayun
karya pitenah mring bala
jadi samya tumungkul tan saged iki
lamun malih matura.

79. Sri Narendra angandika malih
heh Danurja lan Prawiradirja
sira wangslana dhewe
layang Betawi iku
mapan ingsun lan paman Behi
wus aja sira ucap
dene karsaningsun
pan wus ora owah-owah
mapan samya sandika aturnya kalih
pan wus datan winarna.
80. Jendral De Kok mapan kin tun tulis
maring Dyan Basah Prawiradirja
langkung andhap sebutane
ngajak panggihan iku
lamun pareng lan wektuneki
ana ing Pananggulan
lawan kirim pistol
sarakit dadya Den Basah
geng tyasira mangkana Sri Narapati
nimbalni Raden Basah.
81. Mapan ewa sebab kathah iki
kang den emper pratingkahing lanat
ing sabarang parentahe
marang prajurit sagung
mung satunggal kang tan ngowahi
parentahing Narendra
bar Jumungah iku
ingkang maksih tinetepan
pamardinya Dyan Basah mring salat iki
gangsal wektu tan ewah.
82. Sri Narendra kang dados tyasneki
mung satunggal dhateng ingkang putra
Den Ayu Gusti Basahe
mapan tinilar iku

mring kang raka marma Narpati
kalangkung denny welas
wus lami tinantun
krama dhumateng Narendra
datan arsa malah asring muwun iki
kemutan mring kang raka.

83. Mila sanget Sang Nata amardi
kramanira iya ingkang putra
sabab wus sumedyo rajeng
tilar dunya puinku
kanikmatan dunya tan tolih
mung marang Kalanggengan
kang dados tyasipun
lan nuwun marang Suksma
lestarine sihing Hyang benjing ing akhir
myang mrang gunging samya.
84. Wadya Islam kang nglampahi sabil
lawan sahid muga narimaa
subkanahu tangalane
dhumateng imanipun
nulya ana parmaning Widi
Den Ayu Gusti Basah
mring kang ram a nurut
langkung sukur mring Hyang Suksma
Sri Narendra nulya kinen animbali
Basah Martanagara.
85. Basah Ngrema kang kinen nggentosi
ingkang rayi Dyan Gandakusuma
mapan wus dhinawuhake
ingkang niskara sagung
nenggih dhateng Raden Dipati
mangkana mapan nulya
nimbalni puniku
Radyan Dipati Danurja

marang Basah Prawiradiija wus prapti
pan lajeng dhinawuhan.

86. Mapan kinen wau animbali
ya mring Dyan Basah Martanagara
wus winartan niskarane
ing karsa Sang Sinuhun
Raden Basah langkung tyasneki
sanget angarsa-arsa
sanes dhawahipun
wekasan. medal tyasira
dadi becik basah ing Bagelen iki
lawan basah Mataram.
87. Datan sanes lan Raden Dipati
apan maksih darbe putra jaka
lan Pangran Ngabdulmajide
samya gela tyasipun
nanging kantun kang lahir iku
pan samya ngarsa-arsa
mangkana winuwus
Dyan Basah Prawiradiija
mapan lajeng sowan Kangjeng Ratu iki
mring pasanggrahanira.
88. Sareng prapta pan dinangu nuli
ana para Basah sira prapta
Dyan Basah atur sembah
mapan nuwun kapanggih
wayah dalem pan mupung kenging
inggih wekasan panggya
enjing lamun sampun
krama kados boten suka
ingkang gadhah Kangjeng Ratu ngandika ris
ingsun tan ngrungu wart a.
89. Sapa ingkang bakal den paringi
Raden Basah matur semu waspa

inggih basah ing Bagelen
Jeng Ratu Ageng iku
ingkang wayah dipun timbali
Dyan Ayu Gusti Basah
sampun prapteng ngayun
Dyan Basah Prawiradija
lajeng nangis sumungkem pangkonireki
emut dhateng kang swarga.

90. Pan katiga samya muwuneki
Kangjeng Ratu Ageng mring kang wayah
Jeng Gusti Imam Basahe
mapan wus tan cinatur
kawarnaa wau kang prapti
Basah Martanagara
wus katur Sang Prabu
karsanira Sri Narendra
ingkang kinen. mangku Rahadyan Dipati
Basah Martanagara.
91. Kangjeng Raden Ayu Basah Gusti
ingkang kinen mangku wau ika
Dyan Basah Ngabdulkatipe
aneng Bendungan iku
para putri pepakan sami
pan Kangjeng Panembahan
lawan Kangjeng Ratu
Ageng kang nenggani ika
neng Bendungan ri wusing pinanggihneki
mapan lajeng ingarak.
92. Ing Pangasih mring Bendungan iki
mapan nuju ing wulan Ramelan
tanggal kaping pitulase
putra santana sagung
myang pratiwa kang ndherek iki
prajurit mapan samya
anjajari ngayun

langkung kathah janma miyat
mapan ngantos lampahan sadinten prapti
samya enggar tyasira.

93. Myang Dyan Basah Prawiradirjeki
ingkang datan katon tumut ika
kalawan pra prajurite
wus tan winarna iku
kawarnaa jendral puniki
nerangkan bab panggihan
Pananggulan iku
Raden Basah wangslannya
ngajak panggih aneng dhusun Turus iki
lajeng tan kadadosan.
94. Nulya taken pikajenganeki
Raden Basah apan wangslannya
nyarah mring jendral kajenge
tigang prakawis iku
kendel lawan bicanten iki
katiga lawan aprang
jendral pan tinurut
punapa sakajengira
jendral mapan Raden Basah kang nadhahi
jendral lajeng milih prang
95. Dadya lajeng ngangkat aprang malih
wulan Sawal kendel tigang wulan
Sang Nata apan karsane
dene tanah Matarum
Raden Basah lan Pangran Behi
kang kinen nadhahana
sagunging prangipun
Sri Narendra apan arsa
alelana prajurit tinilar sami
namung mbekta bulkiya.
96. Suranata Suryagama iki

Mantrijero prajurit tamtama
jayengan lawan usare
mapan pangiridipun
Basah Ngusman Basah Dullatip
lawan Raden Dipatya
putra santaneku
ingkang ndherek namung gangsal
Pangran Prabu lawan Pangran Ngabdulrakim
Pangran Dipanagara.

97. Pangran Hadinagara puniki
Pangran Suryadipura kalawan
Mas Pangulu sakancane
kang pra ngulama iku
sampun budhal saking Pengasih
mapan sareng kalawan
Pangran Behi iku
budhal mring sakidul Yogyakarta
sawadyanya Raden Basah kang ngenggeni
ing Pangasih punika.
98. Tan winarna niskaranya sami
ingkang aprang wus rame sadaya
kawarnaa Jeng Sang Rajeng
Bagelen sampun rawuh
masanggrahan ing Ranti iki
urut sewu marganya
animbali iku
basah ing Bagelen tiga
Raden Basah Gandakusuma wus prapti
Basah Ngabdulmuhyika.
99. Raden Basah Prawirasumeki
sampun panggih lan Raden Dipatya
sampun dhinawuhan mangke
lamun Sang Nata ayun
tedhak marang ing Godhong iki

wingking samya den yitna
tengga tanahipun
nging Basah Bagelen tengah
Ngabdulmuhyi kinarsakken ndherek iki
lawan prajuritira.

100. Dene buri sira kang ngopeni
lamun ana mungsuh ingkang prapta
katempuh basah karone
marang rumeksaneku
basah kalih samya turneki
sandika tan winarna
Sri Narendra iku
saking Ranti sapun budhal
lan sawadya-kuswa kang dadya pangarsi
Basah Yuda kanaka.

PANGKUR

Pupuh XXIII

1. Basah Ngabdulmuhyi ika
mapan ingkang dadya ngarsaneki
pan sewu prajuritipun
sapalih kang binekta
tan winarna Sri Narendra sampun rawuh
ing Gowong sawadya-kuswa
tumenggung Gowong pan kalih.
2. Tumenggung Gajahpramada
lan Tumenggung Kartadesa puniki
nulya dhinawuhan sampun
marang Raden Dipatya
kinen karya pasanggrahnaa apan iku
kang celak beteng Sapuran
sandika kalih turneki.
3. Tan winarna sampuri dadya
pan ing Wanasraya wastanireki
nulya tur uninga sampun
budhal Sri Naranata
saking Pucung saha wadya-kuswanipun
wus rawuh ing Wanasraya
tigang dinten wonten margi.
4. Kalawan beteng Sapuran
mapan samya neggih katingalneki
namung elet jurang iku
langkung pakewedira
mung kuciwa tebih toya tedha iku
susah sagunging ngulama
kangelan ngibadahneki.
5. Nulya na marmaning Suksma
apan samya manggih sendhang pribadi
saben-saben pondhok iku

lan wong Bagelen samya
ledhok Gowong prapta wewadenan iku
sabarang wonten sadaya
datan kirang tedha sami.

6. Mangkana beteng Sapuran
langkung kathah bebantu ingkang prapti
lanat dados kalih iku
nenggih barisanira
ing Sapuran kalyan ing Kedalon iku
mapan samya kathahira
basah tiga rembag sami.
7. Sareng sinabet punika
Basah Ngabdulmuhyi dipun bebah
nginggahi Sapuran iku
lawan Gajahpramada
Seh Mukamad Ngusman Libasah puniku
ninggahi Kedalin ika
lawan Basah Ngabdullatip.
8. Puthutlawa Janagara
Karsanira wau Sri Narapati
binantokaken puniku
mring Ngusman Alibasah
sampun dadya ing rembagira sadarum
mangkana enjing winarna
gya nembang tengareng jurit.
9. Sumahab kang wadya-bala
sareng mangkat wau kang basah katri
pan angkir watu tumurun
ing arga panujuka
latnatullah mapan arsa ninggah iku
mara kalih lampahira
kadya wus karsaning Widi.
10. Kapethuk neng Jalantara

Dullah Kaji Ngabdulkadir ameling
dhumateng ing raganipun
yen ingsun mengko prapta
sabillullah poma aja sira rembug
kabeh kanca poma-poma
dimen rusak jisim mami.

11. Mangkana sareng katingal
mengsa lajeng ngedrel lan mariyemi
wadya Islam lajeng nempuh
Seh Dullah Kaji ika
Ngabdulkadir mapan anarajang purun
bulkiya lawan tamtama
mantrijero ngamuk sami.
12. Kadya wus karsaning Suksma
Dullah Kaji Ngabdulkadir pan prapti
dhumateng ing jangjinipun
wantu Seh Dullah ika
Ngabdulkadir yen uning mring lanat iku
wus ilang kang subasita
nirbaya tan wigih-wigih.
13. Lawan Mas Wiradeksana
mapan panji mantrilebet puniki
pan sareng pangamukipun
kalih putung watangnya
pan kalaieng prapta ing sabillullahu
rinubung mring lanatullah
Sek Kaji Mustapa uning.
14. Lawan Raden Puthutlawa
samya ngamuk ngrebat kunarpaneki
myang sagung prajurit iku
sareng majeng sadaya
kathah pejah lanat kalindhih prangipun
ing Sapuran pan mangkana
prangnya Basah Ngabdulmuhyi.

15. Kirang kedhik pan meh bedhah
betengira lanat wus gege iku
kang eneng jro beteng iku
pan katingal kewala
saking pasanggrahan Wanasarayaku
samya suka gung katingal
mring solahe lanat sami.
16. Mapan dereng untungira
kudanira basah sukunya kalih
kenging ing mariyem rampung
pejah panji pan tiga
ingkang prapta ing sabillallah puniku
dadya samya mundur ika
lawan kasaput ing wengi.
17. Mapan sareng undurira
ingkang saking Jalantara puniku
lawan ing Sapuran iku
kanthi mbekta layonnya
ingkang sabillullah Seh Dullah Kajiku
Ngabdulkadir gung bulkiya
sadaya pan samya nangis.
18. Lawan Mas Panji punika
mantrilebet Prawiradeksaneki
wus katur mring Kang Sinuhun
lan panji Bagelen tiga
ingkang sabil layonnya samya pinundhut
dhateng ngarsanya Narendra
sabab wus kadalon iki.
19. Pan kendel sadalu samya
ingkang layon neng ngarsanya Narpati
mapan arum gandanipun
mangkana sareng enjang
lajeng kinen ngangkatken layon puniku
mantuk mring Bagelen tiga

Seh Dullah Kaji Dulkadir.

20. Panji Prawiradeksana
sinaenan neng tanah Gowong iki
basah tiga rembagipun
yun majeng malih ika
nulya ana lapuran saking Matarum
Dyan Basah Prawiradiija
atur tiwas tengga nagri.
21. Pasanggrahan Sri Narendra
ing Pangasih sampun risak puniki
sagung repot dhateng Kulur
lang Kangjeng Panembahan
Kangjeng Ratu Ageng neng Dhawahan iku
tan ewah lawan kang wayah
abdidalem kathah sabil.
22. Tumenggung Cakranagara
wau ingkang prapta sabillullahi
lan gangsal ngabehinipun
lan panji Toyagesang
sampun sura digdaya lanat gung lampus
mangkana sareng miyarsa
Sang Nata ngungun kang galih.
23. Sagung prajurit Mataram
myang pratiwa putra santana sami
langkung kerong manahipun
sareng samya miyarsa
yen Pangasih apan sampun risak iku
watir nak rabinya samya
nging jrih matur mring Narpati.
24. Mangkana malih kang prapta
serat saking basah kang wetan iki
tur uninga labet iku
kenging mriyem wentisnya

lajeng dhawah saking turangga pan lampus
lawan Raden Natayuda
prapta ing sabillullahi.

25. Lawan Tumenggung Sibara
Andhamohi risak kunarpaneki
dadya Bagelen puniku
kang wetan pan kancikan
dhateng lanat Basah Ngabdulmuhyi iku
langkung kerong manahira
prajurit Bagelen sami.
26. Mapan kathah mantuk ika
saking sanget kuwatos tyasnya sami
basah tiga samya matur
dhumateng Sri Narendra
lamun abdidalem prajurit puniku
sampun kathah mantuk ika
kuwatos nak-rabineki
27. Mangkana Raden Dipatya
aturira dhateng Sri Narapati
atanapi Mas Pangulu
ngaturi mundur samya
mring Matawis sabab abdidalem sagung
samya sanget kerorina
neng ngriki tan saged jurit.
28. Sang Nata dhahar aturnya
dhateng sagung ingkang pratiwa sami
sareng enjing budhalipun
sanking ing Wanasraya
aneng marga pan kapethuk suratipun
Dyan Basah Gandakusuma
ngaturken sal-angsalneki.
29. Bandhangan tambur gendera
lan salompret kang kathah sanjata lit

mariyem kalih puniku
karsanya Sri Narendra
pinaringken malih kinen mbekta wang sul
mring Basah Gandakusuma
mangkana wus tan winarni.

30. Sang Nata wus rawuh ika
ing Bagelen masanggrahan Narpati
aneng Keroya puniku
ngasokaken kang wadya
Basah Gandakusuma karsa Sang Prabu
lan Basah Ngabdulmuhyika
mapan kinen angopeni.
31. Mring Bagelen ingkang wetan
sabab basahira mapan maksih sakit
pan namung wakil tumenggung
tan pitajeng Narendra
ri sawusnya Sang Nata nya budhal iku
myang sagung sawadya-kuswa
kundur dhumateng Matawis.
32. Sampun prapta ing Mataram
masanggrahan neng Paliyan Narpati
Basah Prawiradirjeku
lawan Pangeran Basah
tinimbalan kalih sampun prapta ngayun
dinangu ingkang niskara
sampun katur sadayeki.
33. Sri Narendra angandika
paran sira bab ing aprang puniku
yen wus tan kaduga iku
angur padha matura
karuhane mumpung maksih jembar iku
Dyan Basah Prawiradiija
mangkana ing aturneki.

34. Rumiycin myang sapunika
nadyan silih wewaha mengsa malih
yen taksih gesang pukulun
mangsa ta suminggaha
Sri Narendra wus angandika arum
heh iya Prawiradirja
kalamun nyata sireki.
35. Sun jaluk pratandhanira
basah kalih sandika aturnekei
sampun lengser saking ngayun
Basah Prawiradirja
lawan Pangran Basah Sumananagareku
mangkana wus tan winarna
sareng dinten Senen iki.
36. Dyan Basah Prawiradirja
lawan Basah Sumanagari
wus budhal sawadyanipun
saking Genthan punika
arsa nggitik lanat ingkang baris iku
ing Pager kapareng nulya
apan kapethuk ing ardi.
37. Dadya samya kajengira
lanatullah arsa mring Genthan iki
dadya sami kajengipun
kapethuk Selabelah
lajeng campuh langkung rame swaranipun
sanjata lir ardi bentar
lajeng ruket ing ajurit.
38. Peteng kukusing sanjata
lanat Islam sampun wor juritneki
Mangkana karsa Hyang Agung
Basah Prawiradirja
mapan labet kenging mimis baunipun
dadya kalindhiih prangira

sagung wadya Islam iki.

39. Kalawan panji waneng prang
Sumaleka kendhang gumulung sabil
prajurit jajar puniku
ingkang sabil sadaya
lanatullah kathah kang samya alampus
kaburu Islam yudanya
mangkana nya den tulungi.
40. Mring Dullatip Alibasah
wolungdasa jayengan kang prajurit
mapan sami ajengipun
lanat wegah tyasira
sabab sampun kathah pejah kancanipun
Kapitan Rup tatu ika
kalawan mayorireki.
41. Dadya samya undurira
nanging Islam angsal bandhangan iki
Walanda gesang puniku
satunggal namanira
pan pun Yakop samana tur uning sampun
dhateng Kangjeng Sri Narendra
lamun Raden Basah kanin.
42. Kenging mimis baunira
pasah nanging boten dados punapi
dene kang prajurit sagung
ri kala sakit ika
kang misesa Dyan Basah panuwunipun
dhumateng Sri Naranata
nenggih Pangran Ngabdulmajid.
43. Kalilan wus tan winarna
kawarnaa Kangjeng Pangeran Behi
mapan sanget gerahipun
kundur mring kilen Praga

- dadya sagung prajurit ndherek sadarum
 myang bupati kidul Yogyakarta
 Sang Nata karsanireki.
44. Kang misesa kidul Yogyakarta
 pan winangsulaken malih puniki
 mring Raden Jayanagareka
 Tumenggung kidul Yogyakarta
 myang prajurit wus pinaringken sadarum
 mring Raden Jayanagara
 lajeng kinen mangkat nuli.
 45. Saking ing sakilen Praga
 Raden Jayanagara budhal nuli
 myang sagung kidul Yogyeku
 Dullah Reksasantana
 Raden Jawinata Anggawikrameku
 lan Tumenggung Bahuyuda
 wus prapta kidul Yogyeki.
 46. Lajeng baris wetan Ngopak
 kawarnaa nenggih Sri Narapati
 salaminya sakit iku
 Basah Prawiradirdja
 kang prajurit samya kendho juritipun
 lan wonten atur uninga
 lamun lanat badhe prapti.
 47. Kurnel Alwen tetindhihnya
 badhe nyabrang saking sakilen Pragi
 kang baris Sayangan iku
 mangkana Sri Narendra
 nulya budhal saking ing Paliyan iku
 mantrijero lan bulkiya
 kang munggeng ngrasa Narpati.
 48. Seh Dullah Kaji punika
 Ngabdulkadir pan sampun den sulih

anenggih Seh Kaji Mansur
pinaring nama dullah
dadya sisihira Kaji Mustapeku
Mas Pangulu munggeng wuntat
myang sagung pra kang ngulami.

49. Suranata Suragama
sampun rawuh ing Kacubung Narpati
lajeng masanggrahan iku
neng Kecubung Demangan
Raden Basah Martanagara puniku
kalawan Raden Dipatya
musuh apan sampun prapti.
50. Lan ngirid bupati magang
ing Bagelen apan sakawan iki
lawan saprajuritipun
kala waktu punika
langkung ageng kang coba mring Kang Sinuhun
bupati kathah sulaya
kalawan basahireki.
51. Nanging Kangjeng Sri Narendra
mapan sampun tan ningali kekalih
marma punapa turipun
pra widaya tinurutan
anger sagah mengsahtawan lanat iku
Basah Ngabduikatip prapta
lawan saprajuritneki.
52. Lajeng kinen baris samya
aneng Galur lawan Radyan Dipati
kang munggeng ngarsa Sang Prabu
Basah Martanagara
lawan Ngusman Libasah kang baris iku
ana ing Wates punika
nenggih Pangran Ngabdulmajid.

53. Lawan Pangran Pakuningrat
 miyah sagung wau ingkang prajurit
 Prawiradirja sadarum
 samana kaunggahan
 lanatullah apan sareng praptanipun
 Wates lawan Galur ika
 samana pinethuk jurit.
54. Langkung rame ning ngayuda
 sanjata lit barung mariyem sami
 Sang Nata marma tyasipun
 marang Raden Dipatya
 sabab kedhik ingkang prajurit puniku
 ingkang kathah namung magang
 lawan Basah Ngabdullatip.
55. Prajutitnya mung jayengan
 pan kapalan wolungdasa puniku
 Seh Ngusman Libasah iku
 kang kinen tetulunga
 sakancanya prajurit bulkiya sagung
 lan Basah Martanagara
 mapan kinen tumut iki.
56. Dene ingkang tinindhikan
 mantrilebet suranata iki
 suragama budhal sagung
 saking ngarsa Narendra
 ingkang ngadhep namung kantun Mas Pangulu
 sakancanya pra ngulama
 lan putra santana sami.
57. Basah kalih sampun prapta
 pan ing Galur panggih Raden Dipati
 Sri Narendra arsa ndulu
 saking Kecubung budhal
 lanatullah datan saged nyabrang Gelur
 dadya namung prang sanjata

sabab datan saged malih.

58. Nyabrang let lepen punika
lanat Islam mung sanjatanan sami
mangkana ingkang winuwus
kang aprang Wates ika
Pangran Ngabdulmajid pan kalindhiih iku
lawan Pangran Pakuningrat
nanging tan atur udani.
59. Undurira tan katingal
mapan samya kalingan dhusun iki
wadya Islam mapan sagung
manjing mring padhusunan
lanatullah langkung sanget sagedipun
tan mawi mbesmeni griya
marma ingkang perang iki.
60. Ing Galur mapan tan nyana
lamun Islam kalindhiih yudaneki
samya nyana lamun bujung
sabab tan mbesmi griya
lan sanjata apan sampun kendel dangu
marmanira samya eca
denira sanjatan iki.
61. Mangkana usar katingal
Sri Narendra ndangu mring gamel sami
lawan punakawan iku
sadaya aturira
tiyang ngili akerig maesanipun
saking sanget panasira
marmanya datan katawis.
62. Lingsir kilen wayahira
awit enjing wau denira jurit
usar mapan prapta sampun
samya kagyat sadaya

Mas Pangulu umatur dhateng Sang Prabu
kalamun punika usar
Sang Nata dipun aturi.

63. Mundur sagung usar samya
mbujung sarta sami anyanjatani
nanging parmaning Hyang Agung
samya lujeng sadaya
sagung ingkang andherek ing Sang Aprabu
Dyan Dipati kang winarna
lawan kang basah kekalih.
64. Sareng miyarsa punika
lamun wingking rame sanjata muni
samya langkung kagyatipun
wus narka yen Narendra
dadya samya langkung kuwur manahipun
nulya sami mundur ika
sedyta tulung mring Narpati.
65. Wus nir sagung kang bebaya
sareng mundur nulya kapethuk sami
kalawan usar sadarum
lajeng campuh kang yuda
kuwel telas usar lanat kedhik iku
usar ingkang maksih gesang
tinulungan mring pelangkir.
66. Lan kang saking Galur ika
sampun nyabrang lanat lajeng ngebyuki
Islam pan karoban mungsuh
kalangkung bingungira
lajeng mundur Islam kalindhuh prangipun
kabujung ing lanatullah
nanging marmaning Hyang Widi.
67. Islam dereng untungira
apan kedhik kang prapta sabilneki

sadaya namung salikur
prajurit Baglen samya
kang satunggal anenggih pepatihipun
Raden Dipati Danurja
lanat kathah ingkang mati.

68. Nulya sapih ingkang yuda
mapan sampun nenggih kasaput wengi
lanat lajeng samya mundur
mring parnah sowang-sowang
lawan mbekta mring bangkene rowangipun
namung kang ageng kewala
kang alit tinilar sami.
69. Islam kathah angsalira
kang bandhangan kuda usar pan sami
mangkana ingkang winuwus
Raden Jayanagara
dennya baris neng Geger sakancanipun
lanatullah mara tiga
wau denira ngangkahi.
70. Mas Dullah Reksasentika
mapan kinen methukaken puniku
mengsah saking wetan iku
Tumenggung Jawinata
methukaken ingkang saking lor puniku
ingkang sagung lanatullah
mapan saking kilen iki.
71. Apan pinethukken ika
dhateng Raden Jayanagara nenggih
lawan Kaji Ahmad iku
Tumenggung Bahuyuda
lajeng campur pan sanget karoban mungsuh
nging Raden Jayanagara
wirang yen mundura urip.

72. Lan Tumenggung Bahuyuda
 Kaji Ahmad pan wus sumedya sabil
 prajurit tamtama iku
 golong pangamukira
 langkung rame pan wus karsaning Hyang Agung
 Rahaden Jayanagara
 prapta ing sabillulahi.
73. Kalawan Seh Kaji Ahmad
 lan Tumenggung Bahuyuda puniki
 prajurit tamtama iku
 sadaya ingkang bela
 Bahuyudan mapan tiga belanipun
 samya risak kang kunarpa
 lanatullah kathah mati.
74. Mas Dullah Reksasantana
 lawan Raden Jawinata puniki
 saged bubu yudanipun
 wangslu mring Geger samya
 lanatullah sadaya pan sampun mundur
 lajeng anyaeni samya
 kang prapta sabillullahi.
75. Lajeng ngaturi wuninga
 mring Narendra pan wus datan winarni
 Sang Nata aneng wana gung
 nggenira amangsangrahan
 pan sadina-dina nggenira prang pupuh
 lanatullah lawan Islam
 kendel lamun dalu iki.
76. Dadya Sang Nata priyangga
 kang nindhihi salaminira sabil
 Basah Prawiradirjeku
 lan Pangran Ngabehika
 marmanira datan kendel kang prang pupuh
 Mas Lurah Suramustapa

Tumenggung Karkiya sabil.

77. Kalawan panji jayengan
Jayengsinom nenggih wastanireki
mapan prang Kulur punika
kathah lanat kang pejah
prang Sidhatan mantrilebet sabil iku
Kiyai Puthutsumangga
kalawan anakireki.
78. Lawan Prawirajatmika
sadhereknya Prawiragendereki
kang sabil sakawan iku
anak sadherek samya
lanatullah apan kathah ingkang lampus
mangkana sagung pratiwa
atanapi kang prajurit.
79. Samya nuwun mring Narendra
aso sabab saweg sayah pan sami
aprang sampun lami iku
tan wonten kendelira
Sri Narendra apan welas dadya nurut
lajeng minggah dhateng arga
ing Crema wastanireki.
80. Mangkana ingkang winarna
Pangran Behi gerahnya dhangan sami
lawan Raden Basah iku
Prawiradirja nulya
kalih nusul dhumateng Ingkang Sinuhun
lawan Kangjeng Panembahan
wus prapta ngarsa Narpati.
81. Apan wus datan winarna
duk samana pitung dinten antawis
masanggarahan Crema iku
kawarna lanatullah

nulya minggah mapan langkung agengipun
Sri Narendra angandika
mring kang paman Pangran Behi.

82. Lan Basah Prawiradirja
mapan kalih samya kinen sumingkir
dereng dhangan pisan iku
manawa kambuh samya
tan antara lanatullah prapta sampun
Seh Ngusman Li Basah nulya
kinen nantang gung prajurit.
83. Kalawan Pangeran Basah
Seh Mukamad Ngusman Li Basah iki
pan dadya pangiridipun
sagung prajurit dharat
Pangran Basah Sumanagara puniku
mapan pangirid kapalan
Narendra ingkang nindhihi.
84. Lawan Kangjeng Panembahan
wadya Islam gelarnya sampun dadi
nyiluman gung dharat iku
kapal kang katingal
lanatullah sareng amiyarsa iki
prajurit ingkang kapalan
lajeng ngedrel mbereg wani.
85. Mundur sagung kang kapalan
dadya lanat langkung ageng tyasneki
mapan sareng inggahipun
sapalih winatara
Seh Mukamad Ngalibasah Ngusman iku
anulya ngabani ika
Islam lajeng nempuh wani.
86. Tan wonten mawi sanjata
namung waos samya gung Islam iki

Ki Baya pangamukipun
pan sareng panempuhnya
lanatullah dadya langkung kagyatipun
kathah kang kacemplung jurang
ingkang minggah telas mati.

87. Atumpuk bangkening lanat
ingkang niba jurang lanat keh sami
mati putung sukunipun
kang wingking kathah prapta
lanatullah nging tan saged minggah iku
pan lajeng minger sadaya
lanatullah inggahneki.
88. Pan kasaput dalu ika
Sri Narendra sagung kang wadya sami
pan wus dhinawuhan mundur
sagung kang wadya Islam
sampun mundur mangkana ingkang winuwus
Seh Mukamad Ngusman Basah
prapta ing sabillullahi.
89. Mas Dullah Kaji Mansura
lan Mas Panji Suraturkiya sabil
lawan Ki Jakariyeku
ing Tegal wismanira
lan anaknya tiga sareng sabilipun
kawarnaa Seh Mukamad
Ngusman ing sabilireki.
90. Pan wus sinedya ing driya
lan wus sanget Ngusman ing sepuhneki
kalangkung elok puniku
kodratira Hyang Suksma
Kangjeng Pangran Ngabehi uning puniku
yen Seh Mukamad Libasah
katingal salat puniki.

91. Pan mungging nginggiling sela
tengah lepen pan malih wonten uning
yen Seh Mukamad puniku
katingal lagya mlampah
urut lepen lan mandhi lawungireku
astanira ingkang kanan
kang kering nancutken nyamping.
92. Mangkana wus tan winarna
Seh Mukamad Ngusman Libasah iki
anenggih ing sabilipun
mapan ingkang wus mulya
kawarnaa lanatullah ingkang sagung
wus ngumpul sarowangira
pan lajeng minggah pra sami.
93. Mapan dhateng ngingil Crema
Sri Narendra masanggrahan Pringtali
Panembahan pisah iku
kalintu marginira
lajeng kundur dhateng pasanggrahanipun
mapan wus datan winarna
kawarnaa Sri Bupati.
94. Pangran Behi aturira
lan Dyan Basah Prawiradirja iki
yen pareng karsa Sang Prabu
sanajan ngantep yuda
pan prayogi neng wetaning Praga tuhu
wiyar radin papanira
Sri Narendra anuruti.
95. Lan sampun rembag sadaya
pra pratiwa prajurit pra ngulami
Sang Nata gyga budhal sampun
myang sagung wadya-bala
apan sampun tedhak saking Delingtangsul
Gempol lawang marginira

lajeng masanggrahan iki.

96. Aneng Siluk Sri Narendra
pan anuju Jendral De Kok puniku
wonten Sentolo puniku
kirang kedhik pethukan
sareng sampun aso kang wadya sadarum
Sri Narendra mulya tedhak
wau dhumateng Kemenjing.
97. Ingkang ndherek basah tiga
kang santana apan mung Pangran Behi
lawan Pangran Harya Prabu
diningrat nging punika
sampun sepuh mapan datan arsa kantun
salaminya lan Narendra
apan remen seda sabil.
98. Sapurugnya ingkang putra
Kangjeng Sultan Jeng Pangran datan kari
tinilar mopo kalangkung
mangkana sampun prapta
ing Kemenjing Kangjeng Sultan karsanipun
mapan yun nindhihi usar
lan kang paman Pangran Behi.
99. Dene kang kinarya usar
pra pratiwa lawan sagung ngulami
kang dados pangiridipun
nenggih Raden Dipatya
lawan Mas Pangulu Basah kalih iku
Rahaden Prawiradirja
lawan Raden Ngabdullatip.
100. Pan kinen nindhihi dharat
kang pangirid Puthut Dullahaweki
kalawan dullah puniku
nenggih Prawirarana

Pangran Basah Sumanagara puniku
karsanira Sri Narendra
kinarya panggalak jurit.

101. Myang sagung kang pra dipatya
wetan Praga dene prajuritneki
kang samya dharat puniku
kinen masrahken ika
marang basah kalih ingkang badhe ngadu
sampun samya rerembagan
samangsane lanat prapti.
102. Henengena Sri Narendra
Jendral De Kok yata ingkang winarni
apan wus miyarsa iku
yen Sang Nata wus nabrang
marang wetan Praga Sawadya-kusweku
langkung gugup manahira
nulya budhal anututi.
103. Saking Sentolo punika
lan sagung para ingkang upisir
mapan kathah upsiripun
mangkana sampun prapta
ing Tangkilan pacalang tur uning iku
dhumateng Sri Naranata
yen lanatullah nututi.
104. Nulya Kangjeng Sri Narendra
Pangran Basah ingkang kinen rumiyin
kadya rembagnya puniku
Basah Prawiradirja
lawan Basah Ngabdullatip nulya iku
masangken wadya kang dharat
ana ing Tulungan iki.
105. Lanatullah sareng myarsa
langkung galak nulya binujung iki

Basah Sumanagareku
lawan sakancanira
pan lumajeng basah kalih gya kadulu
tiga Abusungep ika
binujung lumajeng sami.

106. Lanat langkung pangedrelnya
kawarnaa wadya kang dharat sami
pan maksih ampingan dhusun
lawan andhodhog samya
ingkang waos mapan rinebahken iku
nanging lanat wus uninga
dennya manjing minggrang-minggring.
107. Semu kapok duk prang Carma
wadya Islam wus tan drana tyasneki
mapan dereng mangsanipun
Dullah Prawirarana
lawan Dullah Puthutlawa ngabaniku
Islam wus nir sagung baya
tandhyu sareng ngadeg sami.
108. Lajeng nempuh majeng rampak
lanatullah langkung panggah ing jurit
pan sanget pangedrelipun
Islam anusup samya
mring kukusing sanjata anulya campuh
kuwel wus dados satunggal
sanjata wus datan muni.
109. Mung sangkuh lan waos ika
lanatullah samya rentah kang topi
Islam rentah surbanipun
saking ramening yuda
apan panggih samya nuju purunipun
dullah mapan samya dharat
nenggih ingkang anggawaki.

110. Basah Ngabdullatip ika
 sampun mudhun wau saking turanggi
 Basah Prawiradirjeku
 ingkang maksih neng kuda
 Pangran Basah Sumanagara puniku
 nyabet saking pungkur ika
 lawan sakancanireki.
111. Mas Rangga Puthutguritna
 lan Mas Dullah Prawirarana iki
 Dullah Prawirayudeku
 liwung pangamukira
 ngantos datan ngambah siti Islam sagung
 lanat kalindhih prangira
 kang wuri usar mbantoni.
112. Kalangkung resah prangira
 mapan carub usar lawan pelangkir
 saking samya liwungipun
 mangkana wadya Islam
 mapan carub lan dharatan kapalanipun
 kawarnaa Sri Narendra
 langkung welas aningali.
113. Dhumateng prangnya kang wadya
 sabab sampun tan saged mundur sami
 Sri Narendra nulya tulung
 ngajengken pra dipatya
 lan ngulama nyabet saking kanan iku
 mangkana lanat prangira
 kalindhih lumajeng sami.
114. Dadya Islan saged benggang
 samya mundur pan kadya den gentosi
 lanat maha unduripun
 lawan ngedrel sanjata
 Mas Pangulu kenging mimis lajeng dhawuh

pan lumayu kudanira
lawan Kangjeng Pangran Behi.

115. Dhawah mbandhang kang turangga
Pangran Pakuningrat mangkono ugi
mapan samya dhawahipun
dadya mundur sadaya
namung kantun Sang Nata lan Pangran Prabu
mangkana Radyan Dipatya
angundangi jerat-jerit.
116. Sri Narendra entenana
usar lanat sareng mireng pan sami
yen iku Ingkang Sinul in
ingkang kantun priyangga
usar ingkang lumajeng pan samya wang sul
ngebruksi mring Sri Narendra
amistul lan amedhangi.
117. Sang Nata tan ngagem astra
mapan sampun binekta mlajeng ngampil
Dyan Dipati saya bingung
Sang Nata tulungan
mapan sampun karsanira Hyang Agung
geng coba mring Sri Narendra
pra dipati meksa nggendring.
118. Lan sagung pra kang ngulama
lawan kaji nanging parmaning Widi
Sang Nata apan lestantun
denira mundur ika
nanging ingkang paman Kangjeng Pangran Prabu
mapan kathah labet pedhang
ngantos jur rasukaneki.
119. Sabab ngampingi Narendra
ingkang samya pasah datan punapi
dadya lajeng sapihipun

kang samya bandayuda
Islam lanat mapan samya sayahipun
mangkana Islam kang prapta
dhumateng sabillullahi.

120. Mas Dullah Prawirarana
lan Mas Dullah Prawirayuda iki
Dullah Sumadipureku
Den Mas Selamet ika
lan Mas Rangga Puthutguritna puniku
apan kalih Suryagama
Seh Kaji Mukamad Tayip.
121. Seh Kaji Mukamad Kasan
lanatullah kalangkung kathahneki
kang ageng-ageng puniku
apan samya binekta
lajeng mundur dhateng Ngayogyo puniku
kang alit sami tinilar
mbelasah bangkenireki.
122. Mangkana Sri Naranata
masanggrahan neng Ngeijana puniku
pan namung ngaso sedalu
enjing anulya budhal
apan kundur masanggrahan dhateng Siluk
angasokken ingkang wadya
lanat mapan kendhak iki.
123. Lami tan ngedali yuda
sareng sampun ngaso Sri Narapati
sagung ingkang wadya iku
tedhak malih Narendra
mring Tangkilan lan putra santana iku
apan salong nusul samya
nenggih Pangran Ngabdulrakim.
124. Lan Pangran Suryawijaya

Pangran Dipakusuma nuwun iki
dados tindhuh usar iku
mangkana wus linilan
neng Tangkilan lanatullah lajeng nglurug
sawarni neng beteng nglempak
wus katur Sri Narapati.

125. Lajeng animbali basah
Sri Narendra mapan dipun aturi
mundur sing Tangkilan iku
kirang wradin papannya
tinurutan mundur mring Kemenjing iku
nulya lanatullah prapta
pinethuk tulungan malih.
126. Kalangkung ramening yuda
kang sanjata barungan mariyemneki
tan ana kuciwa iku
usar pan samya usar
lanatullah mapan kathah ingkang lampus
usarnya kathah kang pejah
dadya kalindhih prangneki.
127. Islam pan mbereg kewala
lanatullah kekecer bangkeneki
lajeng samya ngungsi iku
lanat mring beteng Barja
yen sampuna selak kasaput ing dalu
lawan manjing beteng samya
kados lanat telas yekti.
128. Islam wang sul pambujungnya
mapan kathah angsal bandhanganeiki
sanjata lan kapal iku
mapan wus tan winarna
Pangran Behi lan Raden Dipati matur
ngaturaken rembagira

basah myang kang pra dipati.

129. Sri Narendra ingaturan
lajeng tedhak dhumateng ing Sambiradin
mangkana apan tinurut
budhal Sri Naranata
lawan sagung sawadya-kuswa sadarum
sagung beteng kang kamargan
mapan kathah den besmeni.
130. Jendral De Kok duk miyarsa
langkung gugup lamun Sri Narapati
masanggrahan Candhi iku
mangkana apan nulya
tinututan nanging parmaning Hyang Agung
Islam tan purun yuda
apan namung ngolah-ngalih.
131. Denira amasanggrahan
salaminya Nata neng Sambiradin
lamun linurugan iku
namung ngalih kewala
nadyan lanat pan kendho panglurugipun
apan samya datan perak
namung beng-ubengan sami.
132. Sang Nata nimbali basah
paran marma dene tan perang iki
Dyan Basah tan saged matur
mapan katiga pisan
Pangran Behi mangkana ing aturipun
bilih marengi Narendra
punika rembagnya sami.
133. Paduka mapan ngaturan
lajeng tedhak dhateng mancanagari
Sang Nata duk miyarseku
mring aturnya kang paman

dadya mesem lawan angandika arum
mendah paman kang tinilar
kasmaran ingkang gumanti.

ASMARADANA

Pupuh XXIV

1. Kadiparan polah neki
tiyang Matawis sadaya
Kangjeng Pangeran ature
kawula langkung tan rembag
inggih lamun punika
lan malih sinten jinujug
kalawan mangsa sanesa.
2. Jer sarppun dhumateng takdir
Jeng Sri Nata angandika
lamun makaten karepe
neng ngriki pan tanpa karya
sae mantuk kewala
gya nemb; ng tengara iku
budhal saking Sambirata.
3. Sawadya-kuswa tan kari
Sri Narendra karsanira
angubengi Ngayogyane
sukur lamun kapethuka
lan lanat a neng marga
apan miyos Tajem iku
mangkana atur wuninga.
4. Lamun lanat barisneki
neng kilen Tajem punika
namung neng sabin kemawon
mapan datan purun medal
lajeng Si Naranata
miyos wi tan Gowok iku
kendel ai eng Mawatreja.
5. Nging lanat tan ngupakardi
pan lajeng miyos Ngayogya

kendel ing Karapyak mangke
sagung desa kang kamargan
pan kathah ingobongan
kang tengga samya lumayu
pan kathah angsal jarahan.

6. Lanat tan methukken jurit
mangkana wus tan winarna
prapta sakilen Pragane
mapan lajeng Sri Narendra
anulya masanggrahan
aneng masjid Genthan iku
lawan ngasokaken wadya.
7. Dyan Basah Martanagari
nusul apan sampun prapta
nanging sagung prajurite
kathah kantun wetan Praga
ingkang jajar sadaya
dullah panji rangga iku
kang ndherek mring kilen Praga.
8. Mangkana wus tan winarni
nulya lanatullah prapta
apan kalangkung kathahe
kolonelira tetiga
tap-untapan kewala
nenggih lawan rawuhipun
Kangjeng Panembahan ika.
9. Basah Prawiradirjeki
nulya ngaturi uninga
lanat teka ing bendune
Sang Nata pan ingaturan
nenggih lengser kewala
sabab langkung kathahipun
lawan malih mara tiga.

10. Sri Narendra anuruti
mring ature Raden Basah
lajeng budhal sing Gerithane
tan kantun Jeng Panembahan
lan kang putra santana
basah tiga munggeng pungkur
lan sagung kang pra dipatya.
11. Prapta jawi dhusun sami
nulya lanat pan katingal
saking wetan lan saking ler
lan saking kilening desa
sareng pangedrelira
Radyan Dipati winuwus
lan Pangran Suryawijaya.
12. Sri Narendra den aturi
lumajeng nanging Sang Nata
apan tan anitih mangke
dening Kyai Jayacapa
dadya tan saged enggal
pan samya tinilar iku
sabab mimis saking dresnya.
13. Kangjeng Pangran Ngabdulrakim
kalangkung denira duka
marang Radyan Dipatine
lan Pangran Suryawijaya
lah ta Suryawijaya
dene mangkono sireku
aningga mring Sri Narendra.
14. Dene nora ngidhep isin
wedi maneh yen duwea
wedi mring mimis tibane
nulya wangsl kalihira
lajeng matur Sang Nata
ingaturan nitih iku

mring Kiayai Jayacapa.

15. Ki Jayacapa puniki
pan kenging karya tengeran
yen Islam unggul jurite
pan lajeng nrjang kewala
yen badhe asor punika
anggendring palajengipun
datan kenging den ampaha.
16. Kapal tan saged nututi
marang Ki Jayacapa
marma ngaturan Sang Kutong
salin ngagem Jayacapa
mapan Raden Dipatya
lawan pangeran puniku
tan tahan mimis deresnya.
17. Sang Nata mesem nuruti
mring turnya kalih punika
gya nitih Jayacapane
karsanira Sri Narendra
winangsulaken ika
lawan lajeng ngasta lawung
nanging Kyai Jayacapa.
18. Apan meksa datan kenging
Sri Narendra pan binekta
lumajeng Jayacapane
pan dadya kantun sadaya
mapan wus tan winarna
kawarna Dyan Basah iku
lan sagung kang pra dipatya.
19. Pan lajeng kinepang wani
dhateng sagung lanatullah
kalangkung kewran ing tyase
dadya angrompok kewala

wau denny lumampah
mapan ta ingurung-urung
lanat tan purun celaka.

20. Apan basah tiga iki
sakawan Kangjeng Pangeran
Ngabehi lan saputrane
lan Pangran Suryanagara
dullah panji lan rangga
samya kapalan puniku
tan wonten mawi sanjata.
21. Marma datan saged sami
males pan kinarya lesan
nging mimis pistul kemawon
nanging marmaning Hyang Suksma
mapan srting angsalira
lamun usar lanat maju
pinethukken mundur nulya.
22. Pangran Suryanagareki
dilalah karsaning Suksma
mapan sanget tekabure
mangkana sesumbarira
heh iya lanatullah
entekna obat mimismu
lamun enteknya njupuka.
23. Apan iya sun enteni
maraa sisan ya padha
lawan den cedhak marene
dinukan dhateng kang eyang
Jeng Panfxan Ngabehiku
ywa mangkono sira putu
kasiku temahanira.
24. Kadya wus karsaning Widi
Pangeran Suryanagara

tan kendel dinukan kuwe
wau dhumateng kang eyang
apan datan pantara
kenging mimis jajanipun
lajeng prapta sabillullah.

25. Dhawah saking ing turanggi
mapan datan mawi polah
wus datan winarna mangke
Islam wilujeng sadaya
namung pangran puniku
wus samya prapta sadarum
marmanira Sri Narendra
26. Mapan lajeng Sri Bupati
masanggrahan ing Tangkisan
lanat ingkang ngodhol mangke
lajeng kendel ing Sidhatan
kantun sewu watara
ingkang kathah samya wangsul
lawan ngaturaken ika.
27. Mring bangkening kancaneki
mangkana dalu winarna
Sang Nata nimbali age
marang ingkang kajineman
Sadiyak wastanira
lawan Gadhtingan puniku
Asnawi Jayeng manggada.
28. Lawan Sabuklumpang iki
gangsal kinen lumebeta
marang ing lanat pondhoke
pinaringan waos samya
Ragakeli Sadika
tanapi Baleret iku
Jayengmanggada punika.

29. Dipayana waosneki
Gadhingan pun Bandung ika
pun Bantheng Sabuklumpange
gangsal wus mundur sing ngarsa
prapteng dhusun Sidhatan
apan ngatos surupipun
nenggih kang wulan punika.
30. Mangkana lanat winarni
pan langkung prayitneng baya
mapan tan kena kumresek
apan lajeng sinanjata
bangun enjang watara
ingkang wulan surupipun
mangkana Kyai Sadika.
31. Mapan sampun rembag sami
lumebet mring pabarisan
Sadika pan pangajenge
gangsal pan samya mberangkang
sineret landheyannya
sangking parmaning Hyang Agung
gangsal lestari lebetnya.
32. Daten konangan puniki
malah lajeng tumut samya
gegeni lan sradhadhune
kancanya kinethik samya
poma aja na padha
anumbak mring saradhadhu
marma dangu kendelira
33. Samana apan marengi
mayor lan kapitan medal
katanggcr mring Sadikane
mapan lajeng ingancaran
mayor pan lajeng niba
tan mawi sesambat iku

kapitan kagyat anulya.

34. Winaos kapitan mati
mapan lajeng geger samya
pun lanat pabarisane
litnan medal tinadhahan
sampun pejah sadaya
Sadika apan wus metu
lan sakawan kancanira.
35. Nanging Mukamad Asnawi
tatu apan tan punapa
gangsal punika angsale
ngalih niga myang nyakawan
mung Sadika pribadya
ingkang ngantos aksal wolu
lajeng aningali samya.
36. Kang gangsal pan aneng sabil
langkung rame ingkang aprang
pan lawan rowange dhewe
lanat kathah ingkang pejah
satus langkung watara
selak siyang nulya mundur
kajineman gangsal samya.
37. Wus prata tangkisan sami
lajeng sowan mring Narendra
wus katur ing niskarane
mangkana lanat winarna
sareng enjing punika
pan nggelasah bangkenipun
lan telas pangagengira.
38. Pan samya tan nyanajanmi
kang karya geger punika
sabab tan wonten tilase
sagung bangke tinilikan

pan bangsanya pribadya
dadya langkung girisipun
ri wusnya ndandani samya.

39. Sagung bangsaning kang mati
nulya budhal mantuk samya
mapan gancangan lampaque
ajrih lamun tinututan
mapan wus tan winarna
lanat sanget kendhakipun
dadya lami datan yuda.
40. Mangkana ingkang winarni
Dyan Basah Prawiradirja
lan Pangeran Basah mangke
Dyan Basah Martanagara
Basah Prawirasuma
mapan sami rembagipun
angaturi mring Narendra.
41. Tedhak dhateng wetan Pragi
Dyan Dipati sampun rembag
lan Pangeran Ngabehine
Sang Nata nurut kewala
samana lajeng budhal
lan sawadaya-balanipun
tan kantun Jeng Panembahan.
42. Ing marga datan winarni
wus rawuh ing Siluk ika
Pangran Prabu sowan age
mapan lajeng atur salain
dhumateng Sri Narendra
lawan ingkang rayi iku
nenggih Kangjeng Panembahan.
43. Ri wus tata lenggah sami
Sri Narendra angandika

mapan sampun dhangan mangke
Pangran Prabu aturira
mapan dereng sadaya
Sang Nata ngandika arum
prayogi sampeyan ngiwa.

44. Paman sampun tumut jurit
Pangran Prabu aturira
kawula wus sepuh Katong
pan inggih mangsa wandea
sun tan lamun palastra
mumpung wonten marginipun
kalangkung kapengin kula.
45. Prapta ing sabillullahi
Panembahan angandika
kangmas prayogi den sareh
ing benjing yen dhangan pisan
apan sae punika
Pangran Behi aturipun
sami lajeng Panembahan.
46. Pangran Prabu ngandika ris
iya dhimas sun wus trima
nanging ora bisa ingong
lamun pisah lawan Sultan
mesem Jeng Panembahan
marmanipun kula nusul
kangmas gih kados sampeyan.
47. Kawarna Basah Dullatip
prapta lawan Puthutlawa
mapan tur wuninga mangke
yen lanatullah punika
kang wonten kilen Praga
badhe kerigan puniku
dhateng ing ngriki sadaya.

48. Lawan sagung kang prajurit
mapan sampun kathah prapta
nusul dliateng Sang Akatong
mangkana wus tan winarna
Sang Nata nuju lenggah
Panembahan munggeng ngayun
Pangran Behi ika lawan.
49. Pangran Prabu atanapi
Pangran Ngabdulrakim ika
Pangran Suryawijayane
Pangeran Dipanagara
Pangran Dipakusuma
lawan Raden Basah iku
Martanagara neng ngarsa.
50. Pangran Jayakusumeki
samya mantu Sri Narendra
Sang Nata ngandika alon
dhateng Kangjeng Panembahan
Kiyai pan kawula
tampi wangsitng Hyang Agung
kalamun badhe kawula.
51. Punika wekasaneki
apan tan dados punapa
dados Kang Sinihun mangke
samya tumungkul sadaya
kalawan ngemu waspa
Panembahan alon matur
paran Sultan ingkang dadya.
52. Ing besuk wekasaneki
Sri Narendra angandika
Sala kangmas Purbayane
ing ngriki paman resahan
pan kerigan sadaya
sagung ingkang beteng iku

praptanira mara tiga.

57. Saking kidul kilen iki
lawan ingkang saking wetan
Raden Prawiradirjane
Sri Narendra ingaturan
mapan mundur kewala
nenggih ngaler ngilen iku
sabab lanat langkung gengnya.
58. Sri Narendra wus nuruti
gya nitih Ki Jayacapa
lanat pan sareng praptane
mangkana Ki Jayacapa
ingampah datan kena
punika tengeranipun
lamun badhe kasor ing prang.
59. Apan lajeng lampahneki
dadya sagung ingkang wadya
tan wonten taken-tinaken
pandherek mundur sadaya
mangkana kang winarna
usar lanatullah iku
apan nututi sadaya.
60. Dadya katututan sami
nulya campuh ing ngayuda
pan lajeng kuwel kemawon
apan wus tebih ku iya
nging punika sadaya
samyu gung durakanipun
dhateng Rabilngalamina.
53. Tanapi mring Kangjeng Nabi
sabab manut lanatullah
Panembahan lon ature
Sultan paran karsanira

Sri Narendra ngandika
kenging tan kenginga iku
Kiyai mapan kawula.

54. Namung nuwun ambelani
dhumateng kang samya prapta
inggih ing sabillullahe
sanadyan inggih kawula
lamun ayun duraka
kandhev mapan meksih iku
Kiyai kantun ing dunya.
55. Nanging yen kenging tan kenging
asanget panuwun kula
namung rakiming Hyang Manon
kang kula suwun punika
pan namung tetepira
sadaya samya tumungkul
kang sarta angemu waspa.
56. Mangkana wus tan winarni
tigang dina antaranya
lanatullah ing praptane
mapan langkung kathahira
lan Kangjeng Panembahan
usar lanat kathah lampus
nulya kang pelangkir samya.
61. Lanatullah anututi
Islam prang leres kewala
dadya sagung pelangkire
tan saged anututana
namung usar kewala
mapan ingkang aprang iku
dadya kekecer bangkenya.
62. Kalih belah winatawis
lanatullah usarira

kang prapta pinggir Pragane
tigang dasa winatara
Islam pan lajeng nyabrang
mring kilen Praga sadarum
sampun sapih ingkang yuda.

63. Mangkana Islam kang prapti
nenggih dhateng sabillullah
Kangjeng Pangran Harya mangke
Prabudiningrat punika
Raden Tumenggung ika
Puthutlawa lan Dyan Menggung
Martadirja mapan lawan.
64. Mas Rangga Pasekan iki
lan lurah Bandar punika
Mas Behi Legama rane
lan Mas Kartawangsa ika
lawan kaji satunggal
Sekararum wismanipun
prajurit jajar sawelas.
65. Lan lurah jineman iki
sakancanira sawelas
Mantrilebet satunggale
lurah jineman punika
Mas Sidik namanira
kancanya namanireku
Gadhingan Asnawi lawan.
66. Jayengmanggada puniki
kalawan pun Sabuklumpang
anenggih Mantri lebete
Rahaden Mujawasanya
namung jajar kewala
kang prapta sabillullahu
prang Siluk amung punika.

67. Usar lanat kathah mati
mangkana wus tan winarna
anulya kendel Sang Katong
aneng Jelampar punika
pan ngasokaken wadya
Panembahan pamit iku
kundur mring pasanggrahannya.
68. Sang Nata sampun nglilani
lan Basah Martanagara
nuwun pamit mring Sang Katong
lan Dullatip Alibasah
Pangran Dipanagara
yun manggenken repot sagung
pan wus kalilan sadaya.
69. Mangkana Pangeran Behi
lan Basah Prawiradirja
Basah Sumanagarane
Basah Prawirakusuma
lawan Raden Dipatya
Sang Nata ngaturken iku
masanggrahan ing Tangkisan.
70. Sabdening Jelampar iki
aneng redi kirang cekap
kinarya ngaso wadya keh
nuruti Sri Naranata
budhal saking Jelampar
sawadya-kuswa tan kantun
tan winarna aneng marga.
71. Ing Tangkisan sampun prapti
pitung dinten winatara
Sang Nata neng Tangkisane
pacalang atur uninga
yen lanatullah prapta
mapan langkung agengipun

Dyan Basah Prawiradirja.

72. Lawan Kangjeng Pangran Behi
umatur dhateng Narendra
rembag ngunduran kemawon
sabab lanat langkung kathah
ingkang dereng prapta wau
Sang Nata nurut kewala.
73. Marang ing aturireki
kang paman lan Raden Basah
mapan ingaturan manggon
mundur marang ing Pinetak
nadyan tinurutana
ngrika kang papan pikantuk
gya budhal Sri Naranata.
74. Saking ing Tangkisan iki
mapan dhumateng Pinetak
lawan sawadya-balane
sampun rawuh Sri Narendra
kawarna lanatullah
apan tan nututi iku
sareng prapta ing Tangkisan.
75. Sang Nata wus panggih sepi
lajeng wangsl lanatullah
dhumateng ing Bengkung maneh
lan dhateng Keratak ika
kawarna Sri Narendra
mapan ingaturan iku
lajeng dhateng lepen Buka.
76. Dhumateng Jeng Pangran Behi
Sri Narendra angandika
ing ardi punapa mangke
apan boten wonten lanat
Pangran Behi aturnya

mapan boten aturipun
nenggih pun Prawiradirja.

77. Ing wingking pan wonten kedhik
nanging pandugining basah
lanat arsa mantuk mangke
dhateng ing Bagelen ika
marma paduka Nata
lumampaha dhateng Rayun
manawi wingking punika.
78. Mapan inggih medal ngriki
Sang Nata nurut kewala
dhateng kang paman ature
nulya mangkat Sri Narendra
nitih Ki Jayakresna
kang munggeng ngarsa Sang Prabu
mung Raden Harya Sindurja.
79. Lawan pinilih satunggil
Ki Ngabehi Surawana
kekalah punakawane
Banthengwareng lan pun Rata
pangampil panggantenan
lawan pakecohan iku
sakawan kang aneng ngarsa.
80. Kangjeng Pangeran Ngabehi
Ngabdulrahman tunggil basah
neng wingking lan prajurite
Radyan Dipati Danurja
lawan kang pra dipatya
samya n unggil lampahipun
kang munggeng wingking Narendra.
81. Namung gamel lawan ngampil
lan Pangran Dipakusuma
sareng prapta ing Sangire

nenggih Kyai Jayacapa
kedah wangsl kewala
pan samarga-marga iku
pineksa mring gamel samya.

82. Pinuju tan den titih
ingampil gamel kewala
anulya kapethuk mangke
neng Sangir lan lanatullah
dadya sami kagyatnya
Kyai Surawana wangsl
lan Raden Harya Sindurja.
83. Lawan punakawan kalih
Banthengwareng lan pun Rata
lanat lajeng ngedrel bae
surak lawan bendhe ika
Banthengwareng karuna
kalawan pun Rata iku
ngaturi wangsl Narendra.
84. Nging sampun tan saged iki
kang margi langkung alitnya
kapit jurang lan ardine
dadya dangu Sri Narendra
kinarutug sanjata
punakawan kalih iku
nanging mangkana aturnya.
85. Punika didalem sami
apan sampun minggah arga
Sang Nata ngandika alon
yen ingsun milua munggah
ngendi dalane iya
gunung kadi andha iku
wus mara sira dhingina.
86. Mangkana parmaning Widi

Banthengwareng lan pun Rata
pan saged minggah kudane
lajeng tinut mring Narendra
pan maksih binedhilan
saking ing ngandhap puniku
nenggih dhateng lanatullah.

87. Ki Jayacapa puniku
medhot madosi Narendra
ananging semu bingune
kinepung mring lanatullah
kalawan binedhilan
Ki Jayacapa puniku
lajeng minggah dhateng arga.
88. Wus panggih lan Sri Bupati
nusup-nusup Jayacapa
Sang Nata laju lampaque
pan ngaler ngetan Narendra
wingking rame swaranya
ingkang sanjata puniku
dinugi yen Raden Basah.
89. Wau ingkang methuk jurit
tan nyana lamun kang paman
Kangjeng Pangran Ngabehine
Ngabdurrahman lan kang putra
Pangran Jayakusuma
Raden Atmakusumeku
dhasar wus sinedyeng driya.
90. Marma tan arsa gumingsir
lanatullah kathah pejah
wus prapta sabillullahe
Kangjeng Pangeran punika
Ngabehi Ngabdurrahman
kalawan kang putra iku
Pangeran Jayakusuma.

91. Raden Atmokusumeki
langkung rusak kang kunarpa
lanat ingkang pejah akeh
mangkana wus tan winarna
kawarnaa Narendra
mapan sampun rawuh iku
aneng dhusun Sidawayah.
92. Lenggah aneng ngandhap ringin
Dyan Dipati sampun prapta
lan sagung pra dipatine
Dyan Basah Prawiradirja
lawan Pangeran Basah
Sumanagara puniku
Basah Prawirakusuma.
93. Pangran Suryawijayeki
Pangeran Dipakusuma
Jeng Pangran Ngabdurrakime
pan sampun pepak sadaya
ingkang ndherek pan samya
Sang Nata anulya ndangu
mring kang paman tan katingal.
94. Lawan ingkang putra kalih
Pangeran Jayakusuma
kalawan ingkang rayine
Rahaden Atmokusuma
Sri Narendra atanya
paman Ngabehi tan ndulu
marang ngendi paranira.
95. Dene kabeh pan wus prapti
tan wonten purun matura
samya tumungkul kemawon
Sri Narendra semu duka
Dhateng Raden Dipatya
lan mring pra basah puniku

semu kumepyur tyas Nata.

96. Sabab myarsa bedhil muni
ing wingking wau punika
mapan kalangkung ramene
pan wus nyana ingkang paman
de tan wonten katingal
kalawan kang putra iku
kang Pangran Jayakusuma.
97. Dadya Nata murang-muring
mapan medal ingkang duka
ingsun takon satemene
mokal wong samono kehnya
lamun nora weruha
nulya Raden Riya matur
Sinuhun pan dugi amba.
98. Paman dalem Kangjeng Gusti
kados sampun sabillullah
kalayan putra kalihe
Sang Nata sareng miyarsa
mring ature Dyan Riya
Sindureja kendel dangu
mapan tan saged ngandika.
99. Sarwi mijil waspa Aji
rumaos kantun pribadya
lawan ing tanah Jawane
rumaos tan saged nata
lamun amrih slaminya
dhumateng kang samya kantun
mangkana Jeng Sri Narendra.
100. Semu seret sabda Aji
heh wus padha ta karia
pan arsa ingsun rebute
iya layone Jeng paman

nulya sareng aturnya
lanatullah sampun mundur
lan malih ingkang kunarpa.

101. Paman dalem sampun yekti
saundurnya lanatullah
mapan inggih ingkang layon
apan sampun sinaenan
dhumateng Raden Basah
Ngabdullatiip pan satuhu
kula wuninga priyangga.
102. Mangkana Sri Narapati
pan saya ngles ingkang driya
sareng miyarsa ature
mring sagung kang pra nayaka
lajeng datan ngandika
gya mundhut titihanipun
karsanira Sri Narendra.
103. Mapan tedhak saking ardi
wang sul dhumateng Tangkisan
pan wus sumedya Sang Katong
yun tilar nikmat ing dunya
lan kathah kang kagagas
sampun tedhak Jeng Sinuhun
datan mawi angandika.
104. Nenggih Pangran Ngabdurrakim
ingkang lumampah neng ngarsa
kalawan punakawane
Banthengwareng lan pun Rata
dadya Raden Dipatya
mapan sanget ajrihipun
lawan kang basah katrinya.
105. Kuwatos tyasira sami
dhumateng Sri Naranata

tan arsa ngandika Katong
mapan langkung sungkawanya
tinilar mring kang paman
mangkana kasaput dalu
lajeng kendel wonten Carma.

106. Sadalu neng pinggir kali
dennya sare Sri Narendra
saking sanget sungkawane
namung kang rayi satunggal
ingkangngadhep punika
Pangran Ngabdurrakim iku
gamel ngampil punakawan.
107. Kawarnaa Dyan Dipati
lawan kang basah katrinya
myang sagung pra pratiwane
pirembag angundang samya
Basah Martanagara
lan Basah Dullatip iku
kinarya lipur Narendra.
108. Sabab puniku kang maksih
pan datan tumut kadukan
kinen methuk Tangkisane
pan lawan kinethik samya
kalih samya ngakena
nusul saking kajengipun
pribadi kalih punika.
109. Enjing budhal Sri Bupati
tan winarna lampahira
apan saking ing Carmane
sampun rawuh ing Tangkisan
mung gamel punakawan
ampil lan kang rayi iku
sajuga kang aneng ngarsa.

110. Nenggih Pangran Ngabdurrakim
Pangeran Suryawijaya
mapan anggenggeng basahe
lawan kang putra sajuga
Pangran Dipakusuma
tengga Dyan Dipati iku
mangkana Sri Naranata.
111. Asanget nggennya prihatin
marang ing wekasanira
sabab wus tanpa kanthine
marma tan arsa ngandika
ingkang rayi punika
Pangran Ngabdurrakim iku
tan tebih lawan Narendra.
112. Datan masanggrahan Aji
neng pinggir sendhang kewala
saking rempuning tyas Katong
mung nyipta yun tilar dunya
kadya yen katekana
mring lanatullah puniku
Sang Nata wus datan nedya.
113. Lamun gumingsira malih
mangkana ingkang winarna
Pangran Dipanagarane
lan Basah Martanagara
Dullatip Ngalibasah
apan samya prapta iku
lajeng sowan mring Narendra.
114. Katri samya aturneki
lamun marengi Narendra
nenggih Radyan Dipatine
lan Basah Prawiradirja
Basah Sumanagara
tinantun kajenganipun

punapa inggih taksiha.

115. Purun mengsa lanat yekti
yen sampun tan purun Nata
mapan kantenan wawrate
Sang Nata aris ngandika
ya wus mangsa bodhoa
sun wus datan darbe kayun
Pangran Ngabdurrakim turnya.
116. Leres Basah Ngabdullatip
lawan pun thole kalihnya
Sang Nata ngandika alon
wus Ngabdurrakim menyanga
kabeh tarinen padha
lan si Ngabdullatip iku
sandika kalih aturnya.
117. Wus lengser saking ngarsa Ji
kalih mapan sampun panggya
pinuju pepakan kabeh
langkung susah manahira
sagung kang pra pratiwa
sabab Sang Nata tan ayun
ningali lawan ngandika.
118. Marma saweg susah sami
sagung kang wadya sadaya
gya Pangran Ngabdurrakime
lawan Ngabdullatip Basah
mangkana sampun prapta
gya ndhawuhken karsa Prabu
dhumateng Raden Dipatya.
119. Lawan ingkang basah kalih
mangkana sami aturnya
jangji taksih gesang bae
kawula pan datan nedya

sumingkir ing ayahan
dhumateng Ingkang Sinuhun
suka pejaha ing rana.

120. Yen mengsa lanatullahi
pan sampun nedyo nemaha
tan ajrih ageng inggile
lan sagung ingkang pratiwa
nyuwun ngapunten samya
sagung kalepatanipun
dhumateng Sri Naranata.
121. Sadaya aturnya sami
Pangran Ngabdurrakim nulya
lan Basah Ngabdullatipe
umatur mring Sri Narendra
lamun samya mangkana
sadaya ing aturipun
sagung ingkang pra pratiwa.
122. Nulya samya den timbali
prapta andher ngarsa Nata

heh iya sira Danurja
ing mengko karsaningwang
kalamun nyata satuhu
ature Prawiradirja.
123. Lawan Sumanagareki
angantepi mring Islamnya
mapan iya karsaningong
dene iki ing Mataram
sun pra telu kewala
si Prawiradirja iku
mapan ta sira manggona.
124. Ana sakidul Yogyeki
dene si Sumanagara

muliha marang bawahe
ana dene kulon Praga
sun balekake iya
mring si Ngabdullatip iku
katiga matur sandika.

125. Poma ja na kang gumingsir
sanajan prpta sabilla
anaa bawahe dhewe
dene lamun savah samya
ingsun lilani iya
ngaso marang Gunungkidul
iku si Prawiradirja.
126. Dene Sumanagareki
Gunung Marapi ngasoa
Ngabdullatip aneng kene
lan sagung rerepot samya
ngendi sidhemanira
masthi basah kang katempuh
iya mring pangreksanira.
127. Basah tiga aturneki
pan samya sagah sadaya
myang Dyan Prawiradirjane
umatur dhateng Narendra
lamun marengi karsa
paduka Ingkang Sinuhun
anjenengana kawula.
128. Mesem Nata ngandika ris
heh iya Prawiradirja
mapan ingsun sayektine
pan arsa ngindhung iradat
wus nora duwe karsa
lawan maneh banget ewuh
yen ingsun melu ing sira.

129. Pasthi iku padha rneri
dene mengko karsaningwang
arsa alelana bae
tan karuwan kang sun sedya
dene sira Danuija
apa kang dadi karepmu
melu keri pan prayoga.
130. Lan kabeh bupati miji
ya apa sakarepira
ingsun tan ngarani mengko
mung Basah Martanagara
iku ingkang sun gawa
lawan Ngabdurrakim iku
gamel ngampil punakawan.
131. Tumungkul Raden Dipati
dangu tan saged matura
mangkana aturnya alon
pan pejah gesang kawula
ayun ndherek Narendra
lan bupati miji sagung
mapan samya aturira.
132. Lawan ingkang putra kalih
Pangeran Dipanagara
Pangran Dipakusumane
Pangeran Suryawijaya
apan nuwun kantuna
kedal tumut basah iku
mapan linilan kewala.
133. Sampun dados rembag sami
Dyan Basah Prawiradirja
lan Pangeran Basah mangke
Sumanagara pan nulya
kinen sareng budhala
saking ing Tangkisan iku

karsanira Sri Narendra.

134. Dhumateng sawetan Pragi
kalawan sawadyanira
pan wus tan winarna mangke
kawarnaa Sri Narendra
saking Tangkisan budhal
tedhak mring Pinetak iku
arsa panggih lan kang rama.
135. Kangjeng Panembahan iki
Ngabdulngarip karsanira
apan arsa pamit mangke
sampun ngraos Sri Narendra
lamun wekasan panggya
Panembahan kang winuwus
aneng Sangir pasanggrahan.
136. Mangkana Sri Narapati
apan sampun apepanggya
lawan Jeng Panembahane
lajeng ngrangkul Panembahan
lan kumembeng kang waspa
Sang Nata ya mengkoneku
kadya wus karsaning Suksma.
137. Kalih pan rumaos sami
lamun wekasan pepanggya
ri wus Nata ngandika lon
Kiyai kula yun kesah
inggih saking Mataram
Panembahan alon matur
iya marang ngendi Sultan.
138. Paran polahe kang kari
ing Mataram pasthi bubrah
lamun Sultan kesah kuwe
Sri Narendra angandika

Kyai kados punapa
mapan kula ing satuhu
kados karsaning Hyang Suksma.

139. Tan pirsa wekasaneki
nanging kalamun wuninga
mring paman Behi tilase
pan kedah napsu kewala
marma kajeng kawula
apan nyungkiraken napsu
dene Mataram punika.

140. Ingkang kula ken nenggani
mapan inggih basah tiga
dene rerepot sagunge
ing pundi kang rinemenan
katempah dhateng basah
inggih ing pangreksanipun
Panembahan angandika.

141. Sanajan mangkono yekti
mangsa boronga lan Sultan
ingsun tan pracaya mangko
Sri Narendra angandika
Kyai kados punapa
kawula pan saged sampun
ngampah mring napsu punika.

142. Yen tan kesah kula Kyai
pitung dinten antawisnya
kawula pirsa srengenge
punika ing laminira
yen tinulungan Suksma
pun lanatullah puniku
pitung dinten kados sirna.

143. Mung kang celak kula Kyai
nggenipun atilar dunya

sabab kula satuhune
sampun tan saged neng dunya
sareng paman punika
kinarsakken ing Hyang Agung
mapan kawula pribadya.

144. Tan saged parentah janmi
dene punika sadaya
ingkang taksih kantun mangke
pan sanes kajengnya samya
Kyai kalawan kula
dene sampeyan wus sepuh
marma tan saged kawula.
145. Dene yen anema kedhik
kenging yen kula kanthia
Panembahan sareng anon
timbalanira Narendra
mangkana aturira
lamun mangkono karsamu
sanadyan mati uripa.
146. Sultan aku lumuh kari
Sri Narendra angandika
Kiyai langkung ribete
mapan inggih lampah kula
badhe anerang baya
lan tan wonten kula jujug
pan manut lembaking driya.
147. Lawan yun arah ing takdir
punapa kaparengira
mung mrih manjangken lelakon
yen kawula datan kesah
mapan enggal kawula
singa kinarsakna iku
mangkana Jeng Panembahan.

148. Semu seret ngandika ris
lamun wus mangkono Sultan
apan iya awakingong
sun duga wus nora kuwat
nanging panedhaningwang
ing saenggon mati ingsun
muga Allah anrimaa.
149. Ngantepi mring Islam mami
iku lamun pinatenan
yen tan mati kaya priye
mapan ingsun wus tan nedya
dunya prapteng ngakerat
lamun adarbea ratu
saliyane Sultan sira.
150. Sabab badaningsun iki
sun rasa wus nora kangkat
kalamun cinekel bae
Sultan paran karsanira
Sri Narendra ngandika
lawan ngemu waspa iku
dadya samya mijilira.

MIJIL

Pupuh XXV

1. Apan lamun cinepeng Kyai
nuruta kemawon
mung satunggal sampun nedya bae
lamun nedya dados babal Kyai
eman sikuneki
yen nedya puniku.
2. Sakit pejah pan sampun pinasthi
gantungan sumaos
marma kula punika yektose
namung kantun nenggih wektuneki
kang kula entosi
pejah gesang tuhu.
3. Pan kawula Kyai datan uning
kagungan Hyang Manon
mung manungsa sumangga darbeke
begja sakit Kyai lawan pati
katiga wus pasthi
gantungan puniku.
4. Mapan inggih ganjaran wus pasthi
wong neng dunya mangko
datan ewah ing lohkhil makpule
nging manungsa Kyai tan udani
mring pepastheneki
karsaning Hyang Agung.
5. Pan ugering Islam mung satunggil
pan pasrah kemawon
sakit pejah tan gumingsir mangke
namung imam ingkang den antepi
parentahing dalil
Qur'an yektosipun.

6. Marma angger sampun nengga Kyai
pan sae kemawon
bangsa sae punika tegese
dhewe-dhewe mapan kedah ugi
nggennyu luru urip
nikmating dunyeku.
7. Nging punika ugeripun Kyai
imam risak mangko
sabab dunya apan pangraose
anglabeti benjing prapteng akir
mung punika Kyai
mugi dipun emut.
8. Dene badan risaking dunyeki
Islam ngamat kaot
Panembahan wus padhang galihe
mapan aris ngandika mring Aji
wus ta Sultan mami
mung nuwun pangestu.
9. Muga oleh ingsun sihing Widi
supangat kinaot
den elingna pratingkah mangkene
Kangjeng Sultan angandika aris
insa Allah Kyai
gya jawab saestu.
10. Namung ingsun ndherekken memuji
lawan donganingong
jinurunga mring Allah karsane
Kangjeng Sultan aris aturneki
inggih nuwun Kyai
gya bidhal king gunung.
11. Panembahan wus datan winarni
Kangjeng Sultan mangko
tedhak saking Sangir sapraptane

gya Pinatak ing wadyanireki
mangkana karsa Ji
sagung dharat iku.

12. Tan kalilan ndherekaken sami
kinen kantun mangko
neng Pinatak sagung dharat kabeh
ingkang ndherek mung kang pra dipati
santana satunggil
putra kalih iku.
13. Punakawan mung tiga puniki
ngampilira loro
pan lancaran Sang Nata karsane
tigang dasa apan winatawis
ingkang ndherek sami
pan kapalan iku.
14. Marma dharat tan kalilan sami
sabab karsa Katong
pan narajang lanat barisane
lamun mawi dharat angrubedi
karsanya Narpati
wus bebegjan iku.
15. Mapan ingkang munggeng ngarsa Aji
Raden Basah mangko
nenggih Martanagara lan maneh
ingkang rayi Pangran Ngabdurrakim
Pangran Dipanagri
Dyan Dipati pungkur.
16. Lawan sagung kang para dipati
sing Pinatak bodhol
apan miyos ing Waja Sang Rajeng
marmaning Hyang lanat pan tan uning
sagung ingkang baris
aneng Waja iku.

17. Lepen Lurung kenging den sabrang
marmaning Hyang Manon
bakda ngisa Sang Nata angkate
sing Pinatak apan sampun prapti
Gunawan Narpati
sareng wektu subuh.
18. Pan lampahan tigang dinten iki
lamun lumrahing wong
sing Pinatang marang Gunamane
apan kendel Kangjeng Sri Bupati
ngasokken turanggi
neng ngandhap gurda gung.
19. Basah Martanagara pah nuli
animbalu gupoh
nenggih wau dhateng prajurite
Rangga Bapang Gamawijayeki
apan sampun prapti
wong banjur sadarum.
20. Lawan ngampil kalih atus iki
mangkana Sang Katong
mapan ndangu Dyan Basah barise
Bapang Gamawijaya turneki
abdidalem sami
prajurit mung sagung.
21. Pra dipati lawan basahneki
neng Kejawan Katong
Sri Narendra mangkana karsane
apan nusul mring Kejawan sami
mapan aso naming
sadinten sadalu.
22. Neng Gunaman gyu budhal Narpati
mring Kejawan mangko
datan kantun sawadya-balane

tan winarna ing marga Narpati
Kejawan wus prapti
nging Dyan Basah iku.

23. Gandakusuma apan wus ngalih
nggennya baris manggon
aneng Pancer lan saprajurite
ing Jejawan amung den tenggani
bupati kekalih
tiga lawan rasus.
24. Aturira Rahadyan Dipati
tinimbalan mangko
Raden Basah lan saprajurite
nging santana apan tan nglilani
karsanya Narpati
yun lelana iku.
25. Pitung dinten neng Rema Narpati
apan nulya bodhol
mapan dhateng ing Tanah Panjere
tan winarna marga wus prapti
tanah Panjer Aji
ing Palumbon dhusun.
26. Raden Basah Gandakusumaki
apan baris mangko
aneng lepen Kajar lan sagunge
kang prajurit myang nayaka sami
nulya den timbali
apan prapta sampun.
27. Lawan sagung kang nayaka sami
myang prajurit mangko
pitung atus apan watarane
dadya sangang atus kumpulneki
lawan kang prajurit
basah ingkang sepuh.

28. Kadya sampun karsaning Hyang Widi
Kangjeng ri Sang Katong
ing tyasira yun lelana bae
Basah Gandakusuma turneki
nuwun karsa Aji
ning Nata tan ayun.
29. Pan mangkana sabdanya Narpati
heh Basah karsengong
gung prajurit bubrahana kabeh
dimen aso mapan arsa mati
sun nutugna iki
lelana mring gunung.
30. Ayun weruh niškaraning wukir
jamprong dhingin ingong
lamun ingsun durung munggah kuwe
Raden Basah langkung cuwaneki
yun matur pan ajrih
wus datan cinatur.
31. Sri Narendra nulya budhal sami
sing Palumbon Katong
lawan Basah Martanagare
nanging sagung kang prajurit sami
kinen mantuk iki
mung Panjer Tumenggung.
32. Kalapeking lan prajuritneki
kang ndherek Sang Katong
sabab iku kang wruh jajahane
myang punggawa kang saking Matawis
tigang dasa iki
pan wus tan cinatur.
33. Sri Narendra nggennya njajah ardi
panjang lawan mangko
Baurayang lan Selamanike

Gowong mapan samya den tedhaki
mangkana Narpati
cobaning Hyang Agung.

34. Pan ginanjar gerah sanget yekti
dadya Jeng Sang Katong
masanggrahan neng Lobangandonge
Basah Martanagara karsa Ji
kinen mudhun iki
mring Palumbon iku.
35. Kang bupati Gowong Selamanik
pinaringken mangko
lawan Panjer kang tengga Sang Rajeng
namung kantun nayaka Matawis
pankapalan sami
wus datan cinatur.
36. Raden Basah Martanagareki
wau dennyu bodhol
kawarnaa Sang Nata gerahe
aneng Lobangandong sanget iki
Celep Sri Bupati
pan asring puniku.
37. Supenira kawarna kang rayi
Kangjeng Pangran mangko
Ngabdulrakim klangkung pamuwune
yen tumingal marang Sri Bupati
klangkung risak yekti
sariranireku.
38. Lawan asring kinen ameteki
ingkang rayi Katong
mila sakamantyan pamuwune
Kangjeng Sultan angandika aris
heh sira Durrakim
sun takon satuhu.

39. Karya paran sira sok anangis
apa eling bojo
lawan anak sakadangmu kuwe
lamun eling muliha sireki
iya mring Mantawis
sun lilani iku.
40. Pangran Ngabdurrakim aturneki
tan nyumpena Katong
lamun amba darbea tyas mangke
nilar dhateng Kangjeng Sri Bupati
nolih anak-rabi
pan amba saestu.
41. Daten gadhah inggih niyat kalih
mung paduka Katong
apan Gusti dhumateng sanese
ngalam ngakir tan sumedya malih
lawan amba nguni
ubanggi puniku.
42. Ingghih lamun tan kangkat karsa Ji
lanatullah mangko
yen tan sirna kang tanah Jawane
apan amba kapengin sayekti
pejah marganeki
ing sabillullahu.
43. Pan tan nedya amba anggingsira
niyat kang kawiyo
amung amba punika yektine
lamun ndulu sarira Narpati
mapan kedah nangis
tan uning satuhu.
44. Ingghih dhateng kajenging kang tangis
mesem Jeng Sang Katong
angandika heh Ngabdurrakime

yen mangkono tangiara yekti
mapan ati salim
ingkang nangis iku.

45. Maksih ana mapan den karepi
tan kaduga mangko
Kangjeng Pangran mangkana ature
kados leres timbalan Narpati
pan amba rumiyin
Dewaji nggenguru.
46. Inggih dhateng Kyai Tastajani
nanging apan yektos
dereng ngantos dumugi wulange
manah amba apan dereng tampi
pan kaselak ugi
Seh Tasjani wau.
47. Mantuk dhateng ing rahmatullahi
mesem Jeng Sang Katong
ris atanya heh Ngabdurrakime
anggeguru apa sira adhi
maring Seh Tasjani
Jeng Ringran wot santun.
48. Bab ing dhikir lawan tunggal kalih
kadariyah mangko
inggih lawan kajabariyahe
manah amba dereng ngantos tampi
mring panganggep yekti
mrih salametipun.
49. Apan langkung sing pakewedneki
peteng tyas mba yektos
kadariyah pan kalajeng mangke
jabariyah langkung tusnaneki
lawan bab ing dhikir
dereng padhang tuhu.

50. Mapan inggih kang pinandeng yekti
lawan malih Katong
anggeping tyas dhumateng Hyang mangke
praptanipun apan margi tokid
mesem Sri Bupati
angandika arum.
51. Heh ta iya iku Ngabdurrakim
takonira ingong
mapan ngelmu abanget langkane
Pangran Ngabdurrakim atur bekti
pan amba Dewaji
nyuwun barkah tuhu.
52. Inggih ngelmi kang kalih prakawis
nganggep mring Hyang Manon
pan punika kang dados petenge
manah amba langkung dereng tampi
iya Ngabdurrakim
mangkene yen ingsun.
53. Marma kadariyah batal yekti
iku pan mangkono
wus tan ngrasa aneng dunya kiye
lamun iku ana ingkang kardi
nging pangrasaneki
ana pribadiku.
54. Mapan ora ana liya maning
iya kang pangraos
kang wisesa nging karepe dhewe
dunya kerat ngrasa misesani
dadya batalneki
tekad mangkoneku.
55. Sabab wus tan angrasa kinardi
jabariyah mangko
pan mangkene Durrakim tekade

aneng dunya iku pan kinardi
tan ana pribadi
myang ngakerat besuk.

56. Wus tan ana lamun mati urip
tekad kang mangkono
marma batal iku temahane
aneng dunya uripira iki
namung kang pinikir
sandhang pangan iku.
57. Dadya kadi kewan uripneki
marma tuna mangko
kadariyah lir Eblis uripe
marma liwat iku Ngabdurrakim
Jeng Pangran Ngabekti
lan aris umatur.
58. Marma peteng tyas amba sayekti
pan punika karo
inggih nunggal apan wekasane
kados pundi ing panganggeneki
dadosipun Sunni
pan kalih puniku.
59. Ya mangkene sira Ngabdurrakim
kadariyah mangko
pan yaiku wong kapir tekade
jabarivah mapan kupur iki
Islam tekadneki
ingkang Sunni iku.
60. Pangran Ngabdurrakim tur wot sari
marma tyas mba Katong
mapan langkung saking pakewede
tekad kalih dadosipun Sunni
pan punika kalih
samya yektosipun.

61. Margi Sunni kalih batal sami
gya mesem Sang Katong
pan mangkene iku panganggone
kadariyah anglir emas iki
jabariyahneki
lir tembaga iku.
62. Tekad loro den dadi sawiji
dadya Sunni mangko
kadariyah kang jabariyahe
tinggalena iku Ngabdurrakim
dadya aran Sunni
yen tembaga iku.
63. Yen wus awor lawan emas kaki
ilang rane loro
pan suwasa iku dadya rane
kapir kopar yen wus ilang iki
Islam araneki
wus den awas iku.
64. Kangjeng Pangran Ngabdurrakim nuli
ngusweng pada Katong
ri sawusnya gya umatur maneh
kados pundi punika bab dhikir
kang pinandeng ugi
ing wekasnipun.
65. Kangjeng Sultan mesem ngandika ris
tan kaya ri ningong
mundur kaya wong nenempuhake
dene ingkang dhikir iku yayi
pan sira yun milih
ing wiwitan iku.
66. Pan kalimah yayi bintang pasthi
den bener ri ningong
kalimahe mring napi isbate

napi suwung apan karepneki
isbat ana iki
lamun isbat tuhu.

67. Mapan ana kang pinandeng yekti
iya isim mangko
mapan isim jalalah arane
iya ingkang aneng jroning ati
mapan den arani
sanubariiku.
68. Pan ing jantung iku lahirneki
Jeng Pangran turnya lon
kados pundi malih ing indhake
kang bab dhikir kathah ingkang warni
mesem Sri Bupati
apan kabeh iku.
69. Yen wus ngumpul apan mulih maning
marang isim mangko
iya sipat jalalah arane
dene dhikir papat araneki
mapan ingkang dhingin
napi isbat iku.
70. Yen wus tutug ing niskaraneki
mapan isim mangko
iya edat adhiku arane
apan nuli dhikir isim ghaib
lan ghaib-ghinaib
ingkang kapatipun.
71. Iya iku mulih mring san kamil
kang kin; rya gedhong
marma yen wus tekan san kamile
adhi ilang pan arane iki
kawula lan Gusti
ing Qur'an tinutur.

72. Ana rapal marjalbahraheni
yaltaki yan reko
lan barjakun layangi yan mangke
poma sira den waspada yayi
sabab nunggal uwis
dadya siji iku.
73. Isbat lawan adhi ingkang napi
tan na sebut loro
iya lawan kang sinebut kuwe
namung kari mandengana iki
yen wus weruh adhi
poma aja weruh.
74. Lamun katon ja sira ningali
pan dating Hyang Manon
pan mung iku Islam wekasane
dhikir myang salat padha sayekti
yen sira wus kamil
lawan tangi turu.
75. Lara pati wus tan ana adhi
pan iku wor-winor
pan ing dunya lawan ngakerate
nanging dunya bedane ta yayi
sipat ngaral maksih
ing manungsa iku.
76. Kangjeng Pangran Ngabdurrakim nuli
ngaras pada Katong
apan langkung padhang ing galihe
lawan angsal kalilaning Widi
sagung ingkang ngelmi
landhep tampinipun.
77. Wus karaos suraosing ngelmi
karsaning Hyang Manon
Kangjeng Pangran mangkana ciptane

mring Narendra pan tigang prakawis
sudarma sayekti
guru lawan ratu.

78. Dadya kang tyas wus tan nedya gingsir
lumampah sapakon
henengena tan winarna lire
kawarnaa Kangjeng Sri Bupati
apan sampun lami
aneng Bulu Bandhung.
79. ngGt nya gerah pan wus dhangan iki
karsanya Sang Katong
arsa tedhak mring tanah Panjere
nusul marang Basah Martanagri
enjing budhal nuli
saking Bulu Bandhung.
80. Daten kantun kang para dipati
mangkana cinriyos
Jayacapa kedah wangslu bae
nging pineksa mring gamelireki
wasta Sumatali
pan lagya tumurun.
81. Saking Bulu Bandhung apan nuli
cobaning Hyang Manon
lanatullah apan methukake
langkung kathah mayornya Magelis
nenggih ingkang tindhuh
lajeng ngedrel purun.
82. Kangjeng Sultan samya den aturi
mring nayaka mangko
wangslu dhateng Bulu Bandhung maneh
sabab lanat langkung kathahneki
Sang Nata nuruti
sagung aturipun.

83. Kang punggawa apan wangsl aglis
ing ngayun Sang Katong
ingkang wingking pan binereg bae
lanatullah ngedrel minggah sami
wus karsaning Widi
kuda samya kantun.
84. Pan tan kenging samya den tunggangi
mung Kangjeng Sang Katong
apan sampun tebih ing lampuhe
ingaturan lumebet wanadri
kang dipun titihi
Ki Jayakresneku.
85. Mapan dadya kasasar Narpati
cobaning Hyang Manon
arsa wangsl datan saged mangke
ngkang jurang langkung lebetneki
gaya tedhak Narpati
sing turangga gupuh.
86. Pan kaselak lanat anututi
sarwi ngedrel mbrondong
Kangjeng Sultan nulya lenggah bae
aneng ngandhaping jurang puniki
kinarubut bedhil
saking nginggil wau.
87. Lanatullah langkung kathahneki
nututi mring Katong
lawan ngedrel sing nginggil jurange
Sri Narendra pan wus nedya yekti
yun sabillullahi
wus tinilar iku.
88. Marang sagung kang para dipati
mung kang rayi Katong
lan kang putra kalih apan mangke

anungkemi pada muwun sami
ngaturan Narpati
lengser saking ngriku.

89. Punakawan satunggal kang nami
pan pun Rata mangko
nangis lawan suu nguman-umane
nenggih dhateng Rahadyan Dipati
dene nilariki
dhumateng Sang Prabu.
90. Dyan Dipati nulya wangsul aglis
prapteng ngarsa Katong
lawan nangis mangkana ature
Sri Narendra apan den aturi
lengser saking ngriki
sanget aturipun.
91. Lawan malih sang putra puniki
Sang Nata nabda lon
wus ta padha sun tinggalen bae
mapan ingsun yen pareng Hyang Widi
arsa angleboni
mring sabillullahu.
92. Putra kalih tinggalan kang rayi
sanget turnya mangko
muwun sarwi nungkemi padane
nging Sang Nata wus tan keguh iki
mangkana winarni
kang lanatullahu.
93. Banthengloreng kang samya rumiyin
mangkana Sang Katong
apan la eng dipun peksa bae
mring kang putra kalawan kang rayi
mapan sampun manjing
dhumateng wana gung.

94. Sampun tebih lawan lanat sami
gya kendel Sang Katong
gamel Sumatali prapta kuwe
pan dinangu Ki Jayacapeki
lan Jayakresneki
Sumatali matur.
95. Lamun sampun kenging lanat kalih
titihan Sang Katong
lawan sagung kuda sadayane
datan wonten kang kantun sawiji
dadya Sri Bupati
mapan arsa wangsul.
96. Ning kang rayi Pangran Ngabdurrakim
sanget matur Katong
mapan ewed Dewaji raose
lamun prapta ing sabillullahi
mangsuli turanggi
lan wus tebih langkung.
97. Agem dalem Ki Jayacapeki
yen pareng Hyang Manon
paduka Ji maksih jumenenge
kados inggih nunten manggih malih
pan sampun ginalih
luwung lajeng sampun.
98. Dadya Nata nurut mring kang rayi
sabab turnya mangko
kasinggihan Sang Nata karsane
Sri Narendra lawan aningali
kang pusaka iki
tugel lawungipun.
99. Apan papak ngantos wangkit godhi
sasmita Hyang Manon
Kangjeng Kyai Rondhon wus adate

yen Sang Nata manggih susah yakti
apan mratandhani
dadya ngles Sang Parbu.

100. Kang kacksi mung Basah Matawis
pan katiga mangko
kadya sampun aseje manahe
sabab ingkang pusaka Narpati
tiga putung sami
pan landheyaniipun.
101. Kyai Gagaksarang lan kyai
Muntingwangi karo
nging Sang Nata kendel langkung tyase
sampun mupus ing purbaning Widi
dadi Sri Bupati
mung ngentosi wektu.
102. Praptanira mring sabillullahi
ingkang dipun antos
Sri Narendra mangkana ing tyase
sampun pasrah mring rabilngalamin
nging sanget Narpati
ing panamuripun.
103. Daten mantra katawis karsa Ji
lamun wus mangkono
yen Matawis kang dadya galihe
malah ndangu kewala Narpati
mapan datan apti
laminya Sang Prabu.
104. Jengkar saking ing tanah Matawis
wus tetela yektos
lamun basah kang neng Matawise
tiga apan samya sedheng yekti
pan Kangjeng Kiayi
Rondhon tengeripun.

105. Dadya lajeng lampahnya Narpati
sadalu makuwon
aneng marga Dyan Pati ature
Sri Narendra apan den aturi
nusul basah mating
Palumbon puniku.
106. Lanatullah wus datan winarni
kawarna Sang Katong
apan langkung remben ing lampah
sabab badanira Sri Bupati
apan rempu kalih
dadya rendhetipun.
107. Pan lumampah dharat Sri Bupati
marma sangsaya doh
padanira Sang Nata kalihe
mapan ngrempong ing samargi-margi
wus nemah Narpati
lamun sanggenipun.
108. Prapta dhateng ing sabillullahi
nemah tyas Sang Katong
saking sanget Sang Nata gerahe
kawarnaa Radyan Basah nenggih
Martanagareki
pan sampun kapethuk.
109. Aneng marga lawan Sri Bupati
pan sadayaning wong
inggih nusul mring Bulu Bandhunge
pan panuju kapethuk ing margi
dadya kendel Aji
neng Luwan Sadayu.
110. Basah Martanagara ningali
dhumateng Sang Katong
mapan lajeng kumembeng waspane

lan winartan mring Radyan Dipati
ing sasolahneki
duk neng Bulu Bandhung.

111. Langkung ngungun Dyan Martanagari
Sang Nata tanya Ion
basah sira nusul pa karane
mapan ingsun iki uga yekti
yun nusul sireki
pan kapareng iku.
112. Katujune kapapag sireki
Dyan Basah turnya lon
badhe atur wuninga wiyose
abdidalem sampun samya prapti
ingkang tebih-tebih
Gowong Ledhok Kedhu.
113. Lepen Bener lepen Selamanik
Sang Nata nabda lon
kaya paran Basah sun mangkene
pan ginanjar lara mring Hyang Widi
ana ngantep jurit
dhingin sira iku.
114. Antenana dhanganingsun dhingin
bab ing aprang mangko
aja ngantep yen tan waras kiye
Raden Basah semu cuweng galih
ayun meksa ajrih
mangkana Sang Prabu.
115. Ingaturan masanggrahan iki
aneng Lobangandong
apan tanah ing Panjer wanane
tumenggungnya wasta Kalapeking
kang kinen ngladosi
dhumateng Sang Prabu.

116. Ingaturan turangga satunggil
mring Dyan Basah mangko
ri sawusnya Dyan Basah gya lengser
wangsul marang ing Palumbon malih
sapraptanya nuli
Raden Basah iku.
117. Ing Palumbon nulya rembag sami
mring sadayaning wong
yen maksisha baris Plumbon kene
kacedhaken lawan. Sri Bupati
manawa nekani
lanatullah iku.
118. Lamun jurit dadya mberibeni
ya marang Sang Katong
sabab cedhak sampun rembag kabeh
lawan sagung kang para dipati
kalamun angalih
mring Ngrema puniku.
119. Raden Basah nulya budhal iki
sing desa Palumbon
lawan sagung para dipatine
nedya nunggil lawan ingkang rayi
Raden Basah nenggih
Gandakusumeku.
120. Neng Kejawan nenggih nggennya baris
sawadyanya awor
tan winarna Dyan Basah praptane
sampun nunggil lawan ingkang rayi
kawarna Narpati
kang neng Panjer iku.
121. Lobangandong pasanggrahan Aji
nging karsa Hyang Manon
Kangjeng Sultan sangsaya gerahe

mapan sanget tan saged lumaris
lanatullah asring
langkung celak ngriku.

122. Dyan Dipati langkung marasneki
bok konangan mangko
dadya matur dhumateng Sang Rajeng
nuwun pamit Ki Patih sengadi
apan yun nyepuhi
Basah kalihipun.
123. Lawan sagung kang para dipati
sinuwun mring Katong
apan lawan Pangran katigane
aturira nenggih Dyan Dipati
amrih samuneki
Sang Nata nya nurut.
124. Nging Jeng Pangran Ngabdurrakim malih
ingkang putra mangko
Kangjeng Pangran Dipanagarane
langkung mopo pan tan tega yekti
nilar Sri Bupati
pan lumuh kalangkung.
125. Nanging meksa nenggih Dyan Dipati
nuwun mring Sang Katong
Sri Narendra wus uning wekase
nanging semu wirang mring Hyang Widi
yen datan nuruti
mangkana nabda rum.
126. Heh ta Ngabdurrakim ari mami
pa gene ta babo
nganggo datan sukur mring Hyang mangke
apa lila sira Ngabdurrakim
mring jangjine ngelmi
nuruta riningsun.

127. Dadya ilang pasrahira yekti
marang ing Hyang Manon
mundur jisim sira eman kowe
Ngabdurrakim apan jisim iki
pratandha sayekti
namung loro iku.
128. Marma kena ngaral dunya iki
sabab nanggung loro
iya dunya lawan ngakerate
aneng jisim mengko lahirneki
ala lawan becik
kono tengeripun.
129. Dadya kena ngaran ngamal jisim
sabab nanggung loro
lara waras neng jisim lahire
Ngabdurrakim wus aja tinolih
mundhak ametengi
mring imam riningsun.
130. Pan katesnan lahir iku Eblis
kang nggodha riningong
kang den suprih iya panawure
tingalira marang kang sajati
pan imam sayekti
nora kena lampus.
131. Lamun lara iku kena adhi
sabab ngaral mangko
pan karane ing iman mangkene
kaya sira lumuh pakon mami
sabab ngeman yekti
mring jasmaninipun.
132. Iku uga mapan godha yekti
napsu rane mangko
anglarani mring iman temahe

tegese lara kang imam adhi
peteng tingalneki
marang ing Hyang Agung.

133. Pangran Ngabdurrakim matur aris
pan amba Sang Katong
mapan dereng kusus sadayane
bab ing imam kang surya upami
mendhung napsu yekti
nging tetelanipun.
134. Pan sadaya wonten tekad yekti
pan wicalan mangko
kang dat sipat apngal lan asmane
kados pundi nggenipun nyiggahi
sipat wujud lahir
mesem Jeng Sinuhun.
135. Pan mangkene iku Ngabdurrakim
yen wus sira mangko
anukidi mring imam yektine
iya lawan pitulung Illahi
supangating Nabi
lir anglo iku.
136. Den alangna den ujurna iki
pan tunggal riningong
lir barambang sabungkul pamane
den kongsi ntek denira ngonceki
tan beda rupeki
lir angubak iku.
137. Banyu dan dang anglir dandang iki
klebon najis mangko
kabeh iku apan tunggal bae
tegesing dat pan lahiring urip
sipat rupa adhi
apngal gaoteku.

138. Nanging edad ingkang misesani
dene sipat mangko
pan kinarya kanyatahan bae
apngal asma kumpul sipatneki
dadi amung kari
dat lan sipat iku.
139. Dene sipat iku ingkang lahir
tan prabeda mangko
iya lawan kang sipat batine
ingkang rusak kang tan rusak iki
mapan tunggal yekti
yen wus sirna iku.
140. Ingkang kadim kari neng dunyeki
apan aran mangko
iya kanthi kalawan apngale
marma aja sira semang yayi
dadi batal yekti
makripatireku.
141. Pan wus nora kena rusak pasthi
kadiming Hyang Manon
pan srengenge iku upamane
bunderira apan wus pinasthi
karsanya Illahi
mangkono lir wujud.
142. Pan padhange iku dat sayekti
apngalira mangko
iya iku pan wora-warine
lamun bengi leren tan lumaris
kari asmaneki
aja salang surup.
143. Marmanira ywa sumelang yayi
aninggal maring ngong
pan Allahu sai in mukide

gung manungsa aneng dunya iki
lan kena ngowahi
mring pepasthen iku.

144. Aneng dunya ngalam rusak iki
pan darbe lelakon
ngalam langgeng besuk katemune
pan wus pasthi nora owah iki
marma aja kongsi
batal ariningsun.
145. Kangjeng Pangran Ngabdurrakim nuli
ngaras pada Katong
mapan langkung padhang ing galihe
kadya asal karilan ing Widi
barang wejang iki
pan sampun kacakup.
146. Nadyan sampun sumendhe ing takdir
nyarah karseng Katong
Jeng Sinuhun langkung sukur tyase
ingkang rayi landhep tampineki
pasah dhateng ngelmi
lan waspada sampun.
147. Apan dhateng karsa kang sajati
salang surup mangko
ingkang ngelmu pan waspada kiye
tan winarna miskaranya sami
pan wus budhal iki
sing ngarsa Sang Prabu.
148. Pantes kari nenggih lampahneki
marga tan cinriyos
sampun prapta aneng Kajawane
nulya nunggil lawan basah kalih
nengna kang winarni
Lobangandong iku.

149. Sri Narendra apan kang winarni
tengah guwa manggon
Lobangandong pan iku arane
gerah sanget apan kang ngladosi
punakawan kalih
maksih alit iku.
150. Lare bajang apan kang satunggil
sanget mbeler ing nggon
pinaringan narna Banthengwareng
kang satunggal pun Rata nameki
pan salami-lami
lelana Sang Prabu.
151. Datan katun punakawan kalih
mangkana Sang Katong
apan wonten mayarnya gerahe
ingaturan ngalih mring tyang siti
sabab langkung watir
Lobangandong iku.
152. Mapan ragi celak lawan margi
lepen Kajar mangko
Sri Narendra anurut ature
marang bekel lepen Kajar iki
pan pinaring nami
anenggih pun Petruk.
153. Ing Sebendha bekel kang ngladosi
dhumateng Sang Katong
apan kalih pinaring namane
Semar Gareng apan pantes sami
kalawan kang warni
tiganira iku.
154. Sri Narendra ingaturan ngalih
mring Sebendha mangko
lajeng bidhal king Lobangandonge

ing Sebendha tan tinarneng margi
wus rawuh Narpati
neng Sebendha iku.

155. Masanggrahan ing tengah wanadri
Loban namaning nggon
dadya kambuh Sang Nata gerahe
langkung sanget. punakawan kalih
denira anangis
maras manahipun.
156. Banthengwareng lan pun Rata iki
neng dagan Sang Katong
rare kalih pan sanget tangise
Semar Gareng Petruk tumut nangis
ngandika Narpati
nora mati ingsun.
157. Wus ta padha menenga ywa nangis
pan kuwur tyas ingong
nulya samya kendel panangise
ing Sebendha ana dhukun siji
wus sepuh pawestri
gemati kalangkung.
158. Mapan dhateng Kangjeng Sri Bupati
ragi kenes mloto
Nyai randha Asmara turune
gamel kalih wasta Sumatali
apan sikepneki
janggadelogeku.
159. Sampun lami nenggih Sri Bupati
aneng Loban mangko
ragi sampun asenggang gerahe
kang ngladosi tiyang wolu estri
gantya kang winarni
Kejawan winuwus.

160. Basah kalih lan Raden Dipati
pangran tiga mangko
kang prajurit pan sewu cacuhe
nanging taksih kaseser ing jurit
sabab lanat iki
langkung kathahipun.
161. Tigang tanah pan dadya satunggil
marma langkung kerong
Raden Basah tansah mundur bae
tan cinatur wau ingkang jurit
kawarna kang prapti
nenggih Mas Pangulu.
162. Lawan Dullah.Kaji Badarudin
Ki Melangi mangko
Kaji Imam Marji sarowange
samya nusul pan saking Matawis
panggih Dyan Dipati
kathah wartinipun.
163. Dyan Dipati saya lit tyasneki
sareng myarsa wartos
yen Matawis basah katigane
sampun teluk mring lanatullahi
nulya rembag iki
lawan Mas Pangulu.
164. Mapan taken dalil ingkang kenging
yen bedhami mangko
Mas Pangulu Kyai Pelangine
Ji Mam Maiji matur lamun kenging
sabab dening laip
apan rembag sampun.
165. Gya ngaturan Pangran Ngabdurrakim
Dyan Dipati mangko
lawan Pangran Dipanagarane

Pangran Dipanagara wus prapti
lawan basah kalih
gya rembagan iku.

166. Kajengira nenggih Dyan Dipati
yun bedhami mangko
mapan kenging nenggih ing ngelmine
Pangran Ngabdurrakim ngandika ris
gih sanadyan kenging
pan kula tan ayun.
167. Lamun panggih lan lanatullahi
wus ubanggi ingong
lamun Ingkang Sinuhun pamane
yen tan jaya nenggih. juritneki
luhung kula dhingin
mati rila tuhu.
168. Milanipun prakawis puniki
kakang yen wus lados
inggih lawan wicanten pamine
datan rampung lawan pedhang iki
luhung tan meningi
boten saged ndulu.
169. Nenggih dhateng Kangjeng Sri Bupati
Kangjeng Pangran alon
kesah nulya kundur mring pondhoke
Pangran Dipanagara pan sami
lan kang paman iki
basah kalihipun.
170. Pan mangkana sami aturneki
kawula samengko
boten gadhah sedya sayektine
sakit pejah punapa karsa Ji
mapan anglampahi
tan sumedya tuhu.

171. Darbe kayun Ki Lurah sayekti
nulya kesah gupoh
wangslul marang ing barisan maneh
dadya datan aksal rembag iki
nenggih Dyan Dipati
lawan Mas Pangulu.
172. Nulya wonten ingkang surat prapti
saking Kurnel Nahos
lawan Kumel Kokis pan serate
ingkang mbekta pan kengkenaneki
basah ing Matawis
lawan seratipun.
173. Kurnel Klares ingkang mbekta iki
nenggih kang kinongkon
Basah Ngabdurratip lawan maneh
Jendral De Kok kengkenan pribadi
tuwan Samparwadi
kang kinengken iku.
174. mBekta surat samya ungelneki
ingaturken mangko
pan badhami yen kanggo ature
jendral kurnel samya anyagahi
yun sowan pribadi
dhateng Jeng Sinuhun.
175. Dadya ageng tyasnya Sang Dipati
gya ngaturi gupoh
mring Pangeran Ngabdurrakim maneh
lawan Pangran Dipanagareki
lan kang basah kalih
nging samya tan purun.
176. Apan samya jrih wangulaneki
dhumateng Hyang Manon
Pangran Ngabdurrakim ris sabdane

mring kang putra Basah Martanagri
kulup ingkang endi
sirna baya iku.

177. Raden Basah matur awot sari
ardinggil kang katon
Kangjeng Pangran alon ngandikane
kulup iya saksenana mami
yen upama iki
sun nora katemu.
178. Iya lawan mring Sinuhun maning
wus dhemen ing kono
pinundhuta sirna baya bae
marang Allah kang Rabulngalamin
pan wus rila mami
nora bisa ndulu.
179. Tigang dinten pan antawisneki
nulya lanat mangko
mapan minggah kalangkung kathahe
Raden Basah datan anakeni
ngaler ngetan iki
nenggih unduripun.
180. Lawan sagung kang para prajurit
myang dipati golong
lawan Pangran Dipanagarane
Kangjeng Pangran Ngabdurrakim iki
wus karsaning Widi
mapan ta pinuju.
181. Ngidul ngilen lan Radyan Dipati
Mas Pangulu mangko
sakancanya myang pra dipatine
prapteng wukir sirna baya nuli
Pangran Ngabdurrakim
gya lenggah neng ngriku.

182. Lanatullah pan samya nututi
wus karsa Hyang Manon
Kangjeng Pangran Ngabdurrakim mangke
ingaturan dhateng Dyan Dipati
lumajeng tan apti
lawan Mas Pangulu.
183. Pan sadaya Sami angaturi
Kangjeng Pangran mopo
mapan lajeng angrupak tingale
masiyating guru kang den esthi
mapan anglabelti
dhateng ngelmi laut.
184. Dhikir kamal-mukamil den esthi
parmaning Hyang Manon
pan katrima Jeng Pangran karsane
raga jiwa apan sampun nunggil
tan pantara prapti
mring rahmatullahu.
185. Ingkang layon dhawah aneng siti
samya kagyat mangko
gya sinundhang mring Mas Pangulune
nanging sampun lajeng kundhurneki
marang ngalam suci
kan kantun lir pucung.

PUCUNG

Pupuh XXVI

1. Daten nganti sinaenan layonipun
pan selak kasesa
lanatullah anututi
ingkang layon mangkana lajeng tinilar.
2. Pan lumayu sadaya arebut dhucung
kantun gilang-gilang
kang layon neng pucak ardi
sirna baya lawan iku marganira.
3. Nulya ana apan parmaning Hyang Agung
kang wa Ki Dulkahar
nenggih kang tengga wanadri
sirna langkung ageng pun Tepong namanya.
4. Pan punika lajeng tengga layonipun
kalih rencangira
samya ageng-agengneki
dadya wangsul sagung ingkang lantullah.
5. Mapan ngantos payu tigang dalu iku
layonnya Jeng Pangran
Ngabdurrakim kang nenggani
nging pun Tepong kalawan sakancanira.
6. Dyan Dipati Mas Pangulu samya wangsul
lan sakancanira
sareng tigang dinten iki
mapan nedya anyaeni layonira.
7. Sima ingkang nama pun Tepong puniku
lan sakancanira
anulya sami sumingkir
mring garumbul mangkana wus tan winarna.

8. Ingkang lay on sampun sinsenan iku
lir sare kewala
kinubur pucaking wulir
sirna bay a enengna ingkang sadaya.
9. Kawarnaa anenggih Ingkang Sinuhun
aneng wana Laban
sampun senggang gerahneki
apan lenggah ingadhep kang punakawan.
10. Bantehgwareng kalawan pun Rata iku
panuju punika
Semar Gareng Petruk sami
Maratruna pan sami rmntuk sadaya.
11. Sabab sampun sami eca manahipun
Sri Narendra senggang
mangkana pun Tepong prapti
yen janmaa pan kadya atur uninga.
12. Ing tyasira Sang Nata langkung kumepyur
nanging tan ngandika
Banthengwareng kang winarni
lan pun Rata semu ajrih kalihira.
13. Bakda ngisa pun Tepong ing praptanipun
aneng wana Laban >
lajeng nebak kidang iki
sadangunya kinarya dolan kewala.
14. Rare kalih pandirangan ulatipun
sabab sanget celak
yen padhangga pan kaeksi
samya matur dhumateng Sri Naranata.
15. Pan punapa punika suwaranipun
mesem Sri Narendra
nulya angandika aris
asu ajag apan iku mburu kidang.

16. Sirep janma Gareng Petruk praptanipun
lajeng tinakenan
dhateng punakawan kalih
marma dangu kapethuk lawan pun Tepong.
17. mBujung kidang wau wonten margi ngriku
yun lajeng kawula
pan ajrih kula entosi
sakesahe Banthengwareng Rata tanya.
18. Ingkang aran Tepong punapa puniku
Gareng Petruk nabda
sima geng lurahe ngriki
pan sadaya ingkang sagung buron wana.
19. Banthengwareng lan pun Rata samya getun
sangsaya ajrihnya
sadangunya wonten ngriki
datan tebih mesem Kangjeng Sri Narendra.
20. Sampun lami Sang Nata neng Loban iku
datan mirsa warta
ngajeng-ajeng Kalapeking
pan wus lami Kalapeking datan prapta.
21. Pan pun Petruk asring den undang puniku
maring lanatullah
pan langkung den titi-titi
nging pun Petruk pan meksa kumbi kewala.
22. Malah lajeng sinakitan meksa iku
tan ngaken punika
lan Nyai Maratrunei
yen mring pasar tetumbas sring tinakenan.
23. Dadya Semar Gareng Petruk samya matur
lawan Maratruna
Sumatali sami watir
pan dinuga lanat sampun mirsa warta.

24. Malah asring kinepung ing Loban iku
nging tan ngantos prapta
apan pitulung Hyang Widi
binedhilan saking tebihan kewala.
25. Nulya wangslu sagung lanatullah iku
mangkana Narendra
pindhah saking Loban iki
masanggrahan aneng wana Padhasmalang.
26. Sitimiring ingkang wana wastanipun
nging kang ndherek ika
kantun pun Gareng puniki
Semar Petruk punika iyang ketara.
27. Sabab bekel Marta tan kalilan iku
Nyai Maratruna
kedah ndherek tan marengi
angrubedi dadya kang ndherek Narendra.
28. Apan namung tetiyang gangsal puniku
mangkana tan lama
Sang Nata neng Sitimiring
karsanira Narendra tedhak mring Rema.
29. Sampun mangkat saking Sitimiring iku
prapta Padhasmalang
mangkana kapethuk iki
lawan seratira Residhen punika.
30. Nging Sang Nata tan arsa ningali iku
dene kang kengkenan
kinen mbekta wangslu iki
ingkang serat lajeng lampahnya Narendra.
31. Mapan langkung cobaning Hyang wektu iku
dhateng Sri Narendra
dumadakan Sumatali
lan pun Gareng bingung datan angsal marga.

32. Pan kalintu kasasar mring wana agung
mapan margi warak
ingkang den wastani margi
arsa tanya satunggal tan manggih janma.
33. Lawan jawah apan langkung deresipun
neng satengah wana
lawan langkung petengneki
parmaning Hyang titihanira Sang Nata.
34. Datan wangwang ngambah jurang curi paluh
kalen lelumpatan
lawan uwot-uwot sami
dadya sayah kendel aneng tengah wana.
35. Pan pun Rata angrempong sanget puniku
dadya nyare wana
wus tan na baya kaeksi
buron wana sadaya malah rumeksa.
36. Kalih dalu Sang Nata aneng wana gung
ngentosi pun Rata
lan bingungnya Sumatali
lawan Gareng Banthengwareng langkung kuwat.
37. Sareng sampun sami mantuk ingkang bingung
kalawan pun Rata
pan saged samya lumaris
nulya mangkat Sang Nata sing tengah wana.
38. Bantheng warak sima kang lumampah ngayun
anglir karya marga
marmanya Sri Narapati
kang tit ihan saged anurut punika.
39. Mapan kadya waradinan wana puniku
sagung kang gelagah
lan eri pan sirna sami
kang kamargan nangkana datan winarna.

40. Aneng marga pan lestari lampahipun
mangkana Narendra
mapan sampun rawuh iki
tanah Rema aneng Pagertipis ika.
41. Wau dennya masanggrahan Jeng Sinuhun
pan nulya utusan
nimbal Radyan Dipati
lawan basah kalih apan sampun prapta.
42. Raden Basah Martanagara puniku
lawan Raden Basah
Gandakusuma puniku
nanging Raden Dipati kang datan prapta.
43. Sabab tebih pan sanes panggenanipun
basah kalih nulya
dinangu mring Sri Bupati
Dyan Dipati dene tan wonten punika.
44. Raden Basah Martanagara umatur
pan sanes panggenan
saking ngriki langkung tebih
apan ngiwa lan ingkang sepuh sadaya.
45. Pan rembagan semu kagyat Jeng Sinuhun
ingkang tuwa sapa
Raden Basah aturneki
gih pun paman pangulu nusul punika.
46. Kaji Badarudin Kaji Mam Rajiku
Ki Pelangi ika
apan sampun prapta sami
rembagipun ngengingken bedhami samya.
47. Dyan Dipati langkung lega ing tyasipun
kawula den undang
inggih kaliyan pun adhi
rayidalem putradalem sampun prapta.

48. Saniskara sampun katur ing Sang Prabu
duk miyarsa Nata
mring ature basah kalih
yen kang rayi Pangran Ngabdurrakim seda.
49. Sampun kundur mring rahmatullah puniku
apan tilar dunya
punika kang dados margi
benceng karsa lawan Dyan Patih Danurja.
50. Dadya kendel Sang Nata dangu anjetung
kathah kang kagagas
dadyemut purbaning Widi
aneng dunya wekasan amung punika.
51. Nulya n dangu pangran kalih Nata iku
basah aturira
putra dalem Kangjeng Gusti
pari sareng tinilar dhateng kang paman.
52. Kalih samya sanget muring-muringipun
dhumateng Ki Lurah
tan kenging kula pambengi
lajeng tedhak dhateng ler lepen punika.
53. Ing Serayu ingkang ndherukkan punika
tumenggung sakawan
Pacitan lan Selamanik
ing Parakan lan Lepenbubur punika.
54. Apan arsa anjenengi ing prangipun
Basah Imam Musbah
lawan Raden Basah nenggih
apan Soryawinata putra paduka.
55. Ingkang anem kula datan uning tuhu
nenggih karsanira
ingkang ndherrek Lurah Kasim
pun Jenggala lawan Prawiraperbawa.

56. Sareng rayidalem seda Jeng Sinuhun
abdinya sadaya
kang bektan saking Matawis
apan samya telas kang manah sadaya.
57. Mas Pangulu lawan Kyai Pelangiku
anulya katingal
basah kalih apan sami
dadya medal malih ingkang napsu samya.
58. Sabab iku ingkang dadya marga agung
barang kasusahan
nulya matur basah kalih
pan Sinuhun ngulami kalih punika.
59. Pinejahan nya mesem Ingkang Sinuhun
nora kaya sira
heh basah ingsun tuturi
wruhanira sagung manungsa ing dunya.
60. Apan uwis pinasthi ing Lokil makpul
begja lan cilaka
wekasan marganeting pati
gung manungsa iya iku beda-beda.
61. Pan mung siji wong urip ingkang satuhu
pan ugering jasat
lamun jasatira kapir
apa kudu ngantepi mring kapirira.
62. Lamun Islam kudu ngantepi Islamipun
dadi tan kabandhang
lara-pati tan gumingsir
iya iku ingkang ingaranan Islam.
63. Sabab dene anglakoni takdir iku
basah wong neng dunya
rahmat kang gumelar iki
ing ngakerat mapan ing rakim kewala.

64. Marmanira padha den a was sireku
kawulaning Allah
neng dunya mung loro iki
kapir ngakerat timbanganira.
65. Iya loro suwarga naraka iku
marma wong neng dunya
mapan akeh ingkang kapir
kang naraka sabab murah reganira.
66. Kang suwarga banget larang ajinipun
arma kapir arang
ingkang manjing Islam iki
malah Islam akeh manut kapir ika.
67. Sabab nora kelar ing patukonipun
yen tan olih ika
sihing Hyang tan kelar pasthi
patukone marma milih ingkang murah.
68. Basah kalih samya padhang ing tyasipun
pan wus nyarah karsa
nulya kinen animbal
Mas Pangulu lawan Ki Melangi ika.
69. Nanging sareng kalawan kengkenanipun
Kurnel Kleres ika
mapan atur suratneki
nging kengkenan kurnel kinen mangsulena.
70. Apan dhateng Raden Dipati puniku
mung ingkang tinimbalan
Mas Pangulu lan Melangi
kalih sampun prapta ngarsaning Narendra.
71. Apan lajeng ngusweng pada kalihipun
pan sarwi karuna
ri wusnya ngandika aris
heh pangulu ingsun takon marang sira.

104. Apan tuwi dhateng kang rayi puniku
nenggih Kangjeng Pangran
Ngabdurrakim Sri Bupati
pan sadalu nyare aneng Sirnabaya.
105. Lenggah neng pasarean Jeng Sinuhun
sangking tresnanira
wau dhumateng kang rayi
maksih anem dene legawa palastra.
106. Enjing pangkat saking Sirnabaya iku
tan winarneng marga
Maratiga sampun prapti
lajeng nyare sadalu neng Maratiga.
107. Angentosi Ahmad Pekih praptanipun
lagya tinimbalan
punika pangagengneki
pan ing Sampang mangkana dalu winarna.
108. Apan wonten anenggih kengkenanipun
Rahadyan Dipatya
Tumenggung Purwadiijeki
apan lawan Tumenggung Sinduatmaja.
109. Raden Basah Gandakusuma gya matur
dhateng Sri Narendra
yen wonten utusaneki
Dyan Dipati apan mbekta serat tiga.
110. Saking Kurnel Kukis lawan Kurnel Nahus
Kurnel Kleres ika
Sang Nata enget kang rayi
dadya medal dukanya mring Dyan Dipatya.
111. Heh si Basah si Purwadirja ta iku
lan Sinduatmaja
karo konen padha bali
dene layang apan ingsun ora bisa.

112. Lamun meksa kudu seba loro iku
 padha patenana
 sandika Dyan Basah aglis
 lengser saking ngarsanira Sri Narendra.
113. Henengena pan wus tan winarna iku
 enjing apan prapta
 nenggih pun Mukamad Pekih
 mapan lawan prajuritira sadaya.
114. Pan ingirid mring Raden Basah puniku
 sowan ing Narendra
 nulya Raden Basah iki
 kinan wangsal mring Cadhong tunggil kang raka.
115. Datan kantun lawan mantrilebetipun
 kang ndherek Narendra
 namung lantun Banthengwaring
 Bujagati kalawan Jayengmanggada.
116. Mas Pangulu lan Ki Melangi puniku
 kang saking Mataram
 samya mbekta rencang ngalih
 nulya budhal Sang Nata sing Maratiga.
117. Kur-ungkuran lawan Raden Basah iku
 mangkana Narendra
 dalu nyare ing Ginadhing
 buron wana rumeksa samarga-marga.
118. Awit mangkat saking Sitimiring iku
 wus karsaning Suksma
 buron wana kang neng ngarsi
 apan kac ya punika akarya marga.
119. Marma saged titihannya Jeng Sinuhun
 pan kadya wradinan
 sima warak bantheng iki
 kang neng ngarsa kadya njajari punika.

88. Maksih jembar lamun arsa aso iku
kaya nora kurang
gunung alas akeh iki
teka aso tunggal lawan lanatullah.
89. Paran sira Mas Pangulu pan tumungkul
tan saged matura
kalawan Kyai Melangi
Sri Narendra apan nulya angandika.
90. Apan ndangu dhateng basah kalihipun
heh Martanagara
lan Gandakusuma iki
prajuritnya apa wus padha samekta.
91. Raden Basah kalih mangkana turipun
pan dereng punika
pan amba ken ngaso sami
inggih benjing ing wulan ngajeng punika.
92. Apan samya amba ken prapta sadarum
lawan dhawuh amba
paduka y un ngantep jurit
yen marengi ing karsa paduka Nata.
93. Apan sae masanggrahan Sampang iku
ngriki watos amba
sabab didalem prajurit
dereng mepak marma bilih lanatullah.
94. Minggah kedhik apan Batanglodhi iku
yen kathah Balitar
marma Sinuhun prayogi
masanggrahan wonten ing Sampang punika.
95. Sri Narendra anuruti aturipun
Dyan Basah punika
mangkana sabda Narpati
heh ya basah ingsun turut aturira.

96. Nanging besuk yen wus padha teka iku
 gung prajuritira
 den enggal tutura mami
 Raden Basah aturnya inggih sandika.
97. Sri Narendra ngandika mring Mas Pangulu
 heh pangulu sira
 kalawan sira Melangi
 pan ing mengko iya apa karepira.
98. Lamun arsa ngaso tunggal lanat iku
 pan luwih prayoga
 apan iya ingsun iki
 wus anedyo nglabuhi parentahingwang.
99. Nora kena lamun tunggal lanat iku
 Mas Pangulu turnya
 kalawan Kyai Melangi
 sakit pejuh kawula ndherek kewala.
100. Nulya budhal Sang Nata saking ing ngriku
 Pagertipis ika
 ingkang ndherekken Narpati
 Raden Basah Gandakusuma punika.
101. Lawan ingkang prajurit mantrijro iku
 nenggih Raden Basah
 Martanagara amaksih
 kantun baris ing ardi Cadhong punika.
102. Pan pun Rata lawan pun Sumataliku
 tan saged lumampah
 samya kantun ing Kumuning
 de pun Gareng sampun mantuk ing Sibandha.
103. Banthengwareng ingkang datan kantun-kantun
 apan langkung kuwat
 nung kuciwa mbesur iki
 Sri Narendra arsa mirsa Sirnabaya.

72. Den balaka dene sira prapta iku
paran karepira
apan nganggo ngirid iki
kongkonane kurnel pan wus tepung sira.
73. Lawan kurnel Mas Pangulu aturipun
gih boten kawula
mung sarengan wonten margi
nadyan kalih kengkenanipun Dyan Basah.
74. Dyan Prawiradirja sareng amba tuhu
mbekta ingkang serat
Kurnel Kukis Kurnel Mahis
lawan Jendral Dhe Kok pan inggih kengkenan.
75. Tuwan Sarip Samparwadi ingkang ngutus
duk myarsa Narendra
mring atur mangkono yekti
apan dangu kendel datan angandika.
76. Langkung ngungun tyasira Ingkang Sinuhun
yen samya mangkana
gya emut purbaning Widi
lamun Islam imanira warna-warna.
77. Apan sanes lawan iman kapir iku
sajuga kewala
marma samya kajengneki
lamun Islam kang iman patang prakara.
78. Iman maksum ingkang pra Nabi puniku
wali pan hidayat
makbul pan imaning mukmin
nging tagayur punika ingkang warata.
79. Lanatullah namung mardut imanipun
marmanira samya
sagung lanat kajengneki
dadya Nata ngandika aris atanya.

80. Heh Pangulu dene ya mangkono iku
iya wartanira
kabeh kancanira iki
yen mangkono dadyeku wus nora pira.
81. Apa lali kabeh mring Islame iku
lan dhingin saguhnya
ujare padha ngantepi
mring Islame lara-pati tinemaha.
82. Apan mengko dene padha mangkoneku
mati yen wania
lara bae nora apti
liwat nistha eman urip aneng duriya.
83. Mas Pangulu mangkana ing aturipun
pan yektos kawula
lawan pun adhi Melangi
amanggihi dhateng pun Prawiradirja.
84. Apan saking sanget kuwatosing kalbu
pataken kawula
dene makaten puniki
pan punapa kasupen dhateng Narendra.
85. Raden Basah makaten wangsulanipun
punapa wong edan
nging kawula apan yekti
pan angsala aso sakedhap kewala.
86. Sri Narendra mesem angandika arum
sira kaya ngapa
Pangulu lawan Melangi
apa nora kasiku marang agama.
87. Yen wong Islam nganggo ngersula puniku
wong sayah tegesnya
pan ngresula atineki
ora kurang iya kagunganing Allah.

120. Pan tetela eloking Dat kang satuhu
kang wa Ki Dulkahar
wus datan winarna malih
kang niskara sampun rawuh Sri Narendra.
121. Datam arsa Sang Nata aneng ing dhusun
masanggrahan wana
lanatullah myarsa warti
yen Narendra ing Sampang pasanggrahannya.
122. Apan nulya inginggahan Jeng Sinuhun
ningali Sang Nata
mring solahe lanat sami
apan ngantos nyipeng sadalu punika.
123. Aneng Sampang angobongi sakeh gubug
enjing mundur samya
lanat saking Sampang sami
aneng marga pan cinegat marang sima.
124. Mapan gangsal lanatullah ingkang lampus
lan sakapalira
sima kang samya mejahi
dadya kapok datan purun malih minggah.
125. Nulya marga kewala den pepet iku
sagung lanatullah
samya baris aneng margi
pan pun Tepong ningali baris punika.
126. Sakancanya aneng ngereng-ereng gunung
pan samya katingal
rakite anglir geladhi
semu giris manahira lanatullah.
127. Sareng ndulu pun Tepong pan samya mundur
mapan angsal gangsal
saradhadhu den bektani
pan Walanda kalawan sanjatanira.

128. Nanging datan tinedha apan puniku
 kinecer ing marg
 bangkenya dipun sempali
 mung sanjatanira kang datan kapanggya.
129. Dadya giris apan lanat samya mundur
 mangkana pun Tepong
 lamun dalu mudhun iki
 sakancanya lanat murtat kathah risak.
130. Mapan asring lanat dalu gegeripun
 murtat kathah pejah
 pun Tepong ingkang mejahi
 pan mangkana lampahaan wektu punika.
131. Buron wana kathah ingkang samya mudhun
 karsaning Hyang Suksma
 angresahi lanat sami
 warni kapal lembu pan sami binekta.
132. Mring pun Tepong mangkana wus tan cinatur
 kawarna Narendra
 aneng wana sipeng iki
 Mas Pangulu Ki Melangi sareng muthah.
133. Angaturken apan pejah gesangipun
 nuwun mring Narendra
 mugi lereha tyasneki
 ingkang bendu mring Basah Prawiradirja.
134. Kang punika marma makaten Sinuhun
 saking pangowelnya
 mring sagung didalem sami
 ageng-alit jalu-estri badhe risak.
135. Sabab lanat langkung ing pangudinipun
 sareng myarsa warta
 yen paduka wonten ngriki
 basah tiga tan kuwawi nadhahana.

136. Dados susah sadaya di dalem sagung
 Matawis punika
 ageng-alit jalu-estri
 milanipun Dyan Basah Prawiradirja.
137. Anglampahi kados makaten puniku
 saking tan kuwawa
 anadhahi ing prangneki
 rembagipun sadaya pan amba pirsa.
138. Lamun sampun paduka ngantep prang pupuh
 badhe ngamuk samya
 dadya mesem Sri Bupati
 yen mangkono bener si Martanagara.
139. Sira dhingin karo pan padha jinaluk
 arsa pinatenan
 tinarka ngewuh-ewuhi
 pan ing mangke sireku dadi wus nyata.
140. Barang rembug dhasar sira wite iku
 ingsun pan tan nedya
 kalawan ngowahi dalil
 kang parentah ing Qur'an pan tan wus kena.
141. Lamun mukmin kongsi perak lan puniku
 ngalamat cilaka
 lara-pati sapa kardi
 Mas Pangulu mangkana ing aturira.
142. Inggih leres lamun rumiyin puniku
 sabab taksih celak
 sapunika sampun tebih
 gung manungsa kalayan Allah Tangala.
143. Lan Jeng Nabi sampun langkung laminipun
 antawis punika
 Jeng Sultan mesem nabda ris
 heh Pangulu becik maneh angajia.

144. Lan den banget sira tobata satuhu
mring Allah Tangala
lamun sira iku maksih
ngimanake iya marang ngelmunira.
145. Sabab sira angarani adoh iku
mring Allah Tangala
lamun adoh iku dadi
Gusti Allah karuwan panggonanira.
146. Kangjeng Nabi sira rani lawan iku
pan wus ora ana
yen mangkono tanpa kardi
sira ngaji ngegungaken Qur'anira.
147. Pan jangjinya ing Qur'an parentahipun
prapta ing kiyamat
Jeng Nabi sarengatneki
pan ing mangko Qur'an maksih tulisira.
148. Apa lali dene mangkono sireku
yen Allah manggona
dadya ana rupaneki
lamun rupa pasthi nganggo anom-tuwa.
149. Lamun nganggo anom-tuwa pasthi iku
bakal kena rusak
marma tobata den aglis
lamun ora tobat wus pasthi duraka.
150. Apa lali dalil sahi in muhitu
lan ing kulhu ika
lawan iku Kangjeng Nabi
sira rani wus lawas dadi tan ana.
151. Pan ing mengko iya mupakate iku
Qur'an apan ana
lamun iku Kangjeng Nabi
pinasrahan prapta ing kiyamat pisan.

152. Apan mengko durung kiyamat Pangulu
Mas Pangulu nulya
tumungkul pan esmu tangis
pan rumaos kathah lepat aturira.
153. Mapan inggih antawisnya tigang dalu
Mas Pangulu nulya
matur malih mring Sang Aji
kados pundi punika karsa Narendra.
154. Sabab sampun sami kalajeng sadarum
abdidalem basah
prajurit lan pra dipati
namung kantun didalem basah sakawan.
155. Ingkang taksih santosa ing manahipun
mesem Sri Narendra
heh Pangulu sira iki
dene bisa ngarani nganggo santosa.
156. Mas Pangulu mangkana ing aturipun
sabab maksih kekah
nggenipun nyepengi dalil
ngestokaken ing karsa paduka Nata.
157. Mapan abdidalem punika sadarum
ngangge dalil wenang
sabab manahipun langip
Sri Narendra mangkana kang pangandika.
158. Heh pangulu mangkene pangrasaningsun
dalil laip iya
kalamun nora miwiti
yen miwiti iku ora ngalap wenang.
159. Lir upama wong kagepok najis iku
ingkang nggepok neja
kang tan nedya nggepok iki
apa tunggal apa beda ukumira.

160. Loro iku pan wus padha cedhak iku
 sabab laibira
 mas Pangulu aturneki
 apan sanes kang neja nggepok punika.
- 161.. Sabab maha ingkang ginepok Sinuhun
 pan saking kabekta
 ngalap-udur saking laib
 dalil wenang Sinuhun inggih punika.
162. Sri Narendra malih angandika arum
 pan ing dhingin sapa
 iya ingkang amarahi
 Mas Pangulu pan mangkana aturira.
163. Warni-warni apan didalem sadarum
 Dyan Prawiradirja
 yektos ingkang amarahi
 Ngabdullatip apan kacepeng punika.
164. Ingapusan malih ngandika Sang Prabu
 yen mangkono iya
 Badarudin ana ngendi
 lawan Kaji Mamraji ing wartanira.
165. Mas Pangulu mangkana ing aturipun
 rumiyin Narendra
 inggih Dullah Badarudin
 lawan Kaji Mamraji kalih punika.
166. Apan sami mudhun dhateng Somalangu
 Sang Nata ngandika
 yen ing mengko karsa mami
 heh Pangulu ing mengko sira mudhuna.
167. Timbalana Kaji Badarudin iku
 lan Ji Mamrajika
 karo lamen prapta iki
 sira konen karo mulih mring Mataram.

168. Dhawuhana padha konen momong iku
mring Prawiradirja
lan dhawuhana duka mami
Mas Pangulu aturnya apan sandika.
169. Nulya mundur saking ngarsanya Sang Prabu
sigra mangkat nulya
pan wus tan winarneng margi
ngantos pitung dinten apan dereng prapta.
170. Ki Melangi mangkana ingkang winuwus
pan sanget aturnya
dhumateng Sri Narapati
nuwunaken ngapunten Radyan Dipatya.
171. Sabab sampun sanget kasusahanipun
bilih tan kuwawa
dados awon temahneki
dene ingkang bab serat apan sadaya.
172. Daten wonten Sinuhun ing cacadipun
kalamun pinirsa
inggih dhateng ngelmuneki
pan rumiyin duk jumeneng Rasulullah.
173. Lamun wonten srat pan pinirsa satuhu
awon saenira
mapan lawan den wangsville
Sri Narendra mangkana kang pangandika.
174. Heh Pelangi sira dhingin nora matur
ing salawasira
Ki Melangi aturnekei
apan ajrih dhumateng Kiyai Maja.
175. Yen mangkono sira timbalana iku
iya si Danurja
lan sakehe layangneki
iku kabeh padha sira konen nggawa.

176. Lan layange Jendral aja kari iku
 wis sira mangkata
 sandika nulya tur bekti
 sampun mangkat saking ngarsanya Narendra.
177. Tan winarna ing marga wus prapta iku
 nenggih ing Kejawan
 Ki Melangi lajeng sakit
 sampun panggih lawan Mas Pangulu ika.
178. Nanging Raden Dipati kalajeng teluk
 mangkana winarna
 Mayor Biskis myarsa warti
 lamun wonten utusanira Narendra.
179. Mas Pangulu neng Kejawan pan puniku
 malah sinusulan
 anenggih Kyai Melangi
 nulya mayor apan kengkenan angundang.
180. Apan ngantos ping tiga mapan tan purun
 Mas Pangulu ika
 nulya Badarudin prapti
 Mayor Biskis pan malih kengkenan ika.
181. Kang kinengken Raden Ngabdullatip iku
 lumampah priyangga
 samana pan sampun prapti
 Mas Pangulu Kaji Badarudin ika.
182. Ki Melangi Raden Ngabdullatip muwus
 kang pangulu kula
 kinengken mayor sayekti
 angaturi inggih dhateng ing sampeyan.
183. Saking delap sanget mayor yun pepangguh
 inggih lan sampeyan
 yen sampeyan datan apti
 dhateng beteng mayor mariki priyangga.

184. Mapan datan nedya darnel awon tuhu
mung sedya tetanya
mring karsane Sri Bupati
yen sampayan manggih awon pan kawula.
185. Ingkang nanggung mangkana pan rembag sampun
Mas Pangulu ika
lawan Kaji Badarudin
Ki Melangi mapan sae tinurutan.
186. Sabab ngudur nulya mangkat Mas Pangulu
saking ing Kejawan
dhateng beteng Soka iki
apan lawan Kaji Badarudin ika.
187. Ki Melangi pan datan tumut puniku
kantun neng Kejawan
sabab sanget sakitneki
tan winarna ing marga pan sampun prapta.
188. Mas Pangulu aneng beteng Soka iku
mayor pethuk nulya
apan langkung hurmatneki
ri wus tata lenggha mayor aris tanya.
189. Mas Pangulu kula pitaken satuhu
punapa kang karsa
nenggih Kangjeng Sri Bupati
Mas Pangulu mangkana ing saurira.
190. Apan boten darbe karsa Jeng Sinuhun
mayor malih tanya
wonten pundi Ki Melangi
Mas Pangulu mangkana ing saurira.
191. Apan kantun wonten Kejawan puniku
sabab sakit ika
mayor nulya matur malih
wartinipun nimbali Raden Dipatya.

192. Mas Pangulu inggih mapan aturipun
mayor malih nabda
mapan sampun kasep iki
Dyan Dipati olehe katemu ika.
193. Sampun elet pitung dina wartinipun
lawan praptanira
inggih Kiyai Melangi
pan saiki Dyan Dipati lagi lunga.
194. Mring Megelang kabeh lurah kawuleku
pan katemu jendral
sabab jendral sapuniki
ayun lunga marang Batawi punika.
195. Pitung dinten kados lurah kula mantuk
ian Raden Dipatya
dene manawi den timbali
Dyan Dipati kang Sinuhun yun punapa.
196. Mas Pangulu mangkana ing sauripun
ayun pirsa serat
sadaya punika sami
pan rumiyin Jeng Sinuhun dereng pirsa.
197. Sabab lagya nyarengi duka puniku
mring Raden Dipatya
marma sagung surat sami
taksih wonten nenggih Rahadyan Dipatya.
198. Sapunika sampun lilih Kang Sinuhun
marmanya ngandikan
lawan kinen mbekta sami
sagung serat kalawan serate jendral.
199. Lamun teksih inggih kinen mbekta iku
Mayor Biskis mojar
Mas Pangulu kadi pundi
lamun boten wonten karsane Sang Nata.

200. Inggih tepang tumunten lan jendralkiku
mapan karsa kula
langkung susah manahneki
sareng mireng Kangjeng Sultan sanget gerah.
201. Kados pundi yen ngantosa seda iku
Mas Pangulu nabda
mayor niku kados pundi
dene mengsah leresipun mindhak bingah.
202. Mayor Biskis mangkana pan sauripun
Mas Pangulu ika
mapan boten ngrasa niki
tanah Jawa kang keringan mung punika.
203. Kangjeng Sultan Ngabdulkamit pan satuhu
marmanya sakedhap
tan katenan wartaneki
dadya kathah ingkang duwe karep padha.
204. Mas Pangulu marang nagri Jawi niku
bingung kanca kula
sareng Kangjeng Sultan taksih
pan saniki pun sami kendel sadaya.
205. Marma enak kanca kula manahipun
mung den arsa-arsa
kang Sinuhun tepangneki
kalih jendral ing siyang dalu punika.
206. Yen upami boten kalakona tepung
apan kanca kula
ingkang gedhe-gedhe sami
tanah Jawa bakal mbuwang polet padha.
207. Kang Sinuhun kalawan jendral puniku
wus samya ubaya
Mas Pangulu nulya pamit
mantuk dhateng pondhok Kejawan punika.

208. Mayor Biskis pan mangkana welingipun
Mas Pangulu dika
sampun kesah-kesah iki
sing Kejawan ngantosana lurah kula.
209. Boten lami kados nuli prapta iku
Mas Pangulu nabda
nggih kula yun atur tulis
mring Narendra nulya mantuk saking Soka.
210. Lawan Dullah Kaji Badarudin iku
wus prapta Kejawan
nulya kengkenan tur tulis
mring Narendra tan winarna sampun prapta.
211. Apan mring Mukamad Pekih iku
gya katur Narendra
seratnya pangulu nuli
tinupiksa kang serat ijemanira.
212. Apan kadya kang mungel ngajeng puniku
ingkang saniskara
dangu kendel Sri Bupati
ri sawusnya nupiksa ingkang nawala.
213. Pan mangkana osiking tyas Jeng Sinuhun
baya karsaning Hyang
ingsun kinen anglakoni
lara wirang apan nggoningsun neng dunya.
214. Dene temah mangkene iki pangulu
ingsun nora meksa
wus takdire awak mami
Sri Narendra nulya aris angandika.
215. Ahmad Pekih apa wus dhemen sireku
pangulu karepnya
tur sembah Mukamad Pekih
sampun remen Sinuhun kados punapa.

216. Dadya mesem Sang Nata ngandika arum
wus padha kewala
sagung ing wong dadi iki
yen mangkono agawea layang sira.
217. Timbalana marene iku pangulu
lan Martanagara
lawan saprajuritneki
dene Basah Gandakusuma maksiba.
218. Kari baris aneng Kejawan puniku
lan prajuritira
aja kari Badarudin
Ki Melangi sabab jare isih lara.
219. Lan si Rata kalamun wus waras iku
gamel Sumontalya
tur sembah Mukamad Pekih
nulya lengser saking ngarsanya Narendra.
220. Karya surat nimbali puniku sagung
tan winarna prapta
sadaing Sampang sami
Mas Pangulu Badarudin tinimbalan.
221. Lawan Raden Basah Martanagareku
tiga prapteng ngarsa
sakawan Mukamad Pekih
Sri Narendra ndangu Kaji Mamrajika.
222. Kaji Badarudin mangkana turipun
pan kalajeng Nata
sampun mantuk mring Matawis
Sri Narendra ndangu mring tingkah punika.
223. Heh Pangulu apa wus enak atimu
lawan sira padha
dene nganggo tepung iki
apa ora kasiku mring ngelmunira.

224. Mas Pangulu lawan Badarudin matur
pan boten punika
sabab amba tan miwiti
sabab saking pangajakipun punika.
225. Inggih Mayor Biskis punika Sinuhun
pan ngelmu kalilan
lamun lanat kang miwiti
Sri Narendra mesem aris angandika.
226. Heh Pangulu lan Badarudin sireku
apa wus pracaya
kabeh mayor ujarneki
Mas Pangulu Badarudin aturira.
227. Inggih sampun tiyang punapa Sinuhun
ingkang cinepengan
yen dede wiraosneki
pedah kuda kendhangsulipun punika.
228. Sri Narendra nulya nantun basah iku
Basah paran sira
Raden Basah aturneki
mapan amba Sinuhun punapa karsa.
229. Yen mangkono sun cobane ngelmunipun
si Pangulu iya
lawan Kaji Badarudin
heh Pangulu Badarudin wus balia.
230. Mring Kejawan tutugena tepung iku
lawan Mayor sira
kalawan kurnel wus prapti
dhawuhena ingkang dadi karsaniningwang.
231. Bab ing ingon bocah prajurit ki sagung
lan pangrabinira
apa kurnel anyaguhi
sabab iku ingone pan rong prakara.

232. Dhuwit bandar kalawan pajeg puniku
padha pratelakna
pajeg wetune deseki
ingkang bandar pan iku wetuning pasar.
233. Lamun kurnel nora anyaguhi iku
tan bisa bicara
pasthi yen ngeron-eroni
nora wurung dadi agung rerebutan.
234. Pan saiki rikalane durung rampung
iya kang bicara
bumi bandar karsa mami
iya kurnel kang sun lilani nyekela.
235. Wus mangkata mring Kejawan sira iku
kalih atur sembah
gya lengser saking ngarsa Ji
tan winarna marga Kejawan wus prapta.
236. Mayor Biskis sampun myarsa wartosipun
Mas Pangulu prapta
lawan Kaji Badarudin
saking Sampang apan mentas megatruhnya.

MEGATRUH

Pupuh XXVII

1. Langkung bungah ing tyas pun mayor puniku
nulya kengkenan ngaturi
apan dhateng Mas Pangulu
lawan Kaji Badarudin
tan kawarna panggih karo.
2. Mayor lajeng atetaken karsanipun
nenggih Kangjeng Sri Bupati
sampun pinajar sadarum
mayor langkung leganeki
ingkang tyas sarta lingnya lon.
3. Mas Pangulu apan punika sadarum
inggih ing sa tanah Jawi
kagungan dalem Sinuhun
kanca kawula pan aming
ngempek tilem nedha yektos.
4. Marma benjing yen tedhak Kangjeng Sinuhun
sagung beteng apan sami
sampun dhinawuhan iku
mungel kang mariyem sami
hurmat ping nyalawe mangko.
5. Lawan edrel sanjata alit sadarum
marma kawula puniki
anglir katibanan daru
langkung dede wawratneki
lurah kula ingkang wartos.
6. Sampun dhateng wingi sore lawan iku
nenggih Rahadyan Dipati
saking Magelang puniku
nulya Mayor Biskis nuding
dhumateng kapitan gupoh.

7. Gegancangan ngaturi mring kurnelipun
ing Kedhungmaesa iki
Mas Pangulu sampun mantuk
lawan Kaji Badarudin
dhumateng Kejawan mangko.
8. Mayor Biskis kengkenan ngaturi suguh
marang Raden Basah nuli
apan langkung kathahipun
nging ingkang kinengken iki
kang tumrap ing unggah-unggoh.
9. Pan mangkana anenggih wicantenipun
ingkang ingutus puniku
raden kawula ingutus
mring mayor nenggih maringi
rangsum ing sampayan mangko.
10. Raden Basah Gandakusuma puniku
sareng myarsa tembungneki
mring mayor kengkenanipun
pan langkung bramantyaneki
heh tutura marang mayor.
11. Apan ingsun iki dudu baturipun
dene nganggo den paringi
kalawan rinangsum iku
apan ora kurang mami
wus gawanen bah gupoh.
12. Tuturena mring mayor mangkono ingsun
mapan yekti datan pati
kengkenan nuli wangsl
mangkana pan pajeng warti
wau dhumateng twan mayor.
13. Saniskara mayor lajeng srengen iku
dhumateng kengkenaneki

bener Raden Basah iku
ujarira ingkang sisip
yen sira katekan mengko.


14. Kaya paran ing mengko patembunganmu
kengkenan saurneki
pan inggih nyaosi suguh
mangkono mayor sabdeki
nadyan iku ya mangkono.
15. Ingsun apan lan Raden Basah puniku
pasthi gedhe Basahneki
Basah kurnel tembungipun
lawan maneh ingsun iki
dadi wong desa samengko.
16. Wus ta sira balia matura iku
lamun ingsun angaturi
suguh mring Dyan Basah iku
nulya matur wangslu malih
apan mangkana turnya lon.
17. Nging Dyan Basah mapan maksih ajrih iku
sabab dereng dipun weling
kalamun wonten sesuguh
pan iku kinen nampeni
Mas Pangulu kang memantos.
18. Lawan Dullah Badarudin apan iku
yen dadya duka Narpati
mangkana wus tan cinatur
kawarnaa Sri Bupati
apan animbali karo.
19. Raden Basah Martanagara dinangu
wau dhumateng kang rayi
Basah Gandakusumeku
pepakira kang prajurit

manawa wus ana repot.

20. Basah Martanagara mangkyा turipun
pan sampun lapur pun adhi
prakawis prajuritipun
pan sampun pepak pun adhi
tumenggung panji rangga wor.
21. Mapan kendel ngabehi prapta sadarum
nanging kang jajar prajurit
mapan kathah kirangipun
pandugi prapta sapalih
Sang Nata ngandika alon.
22. Pira kehe pepake prajurit iku
iya adhinira iki
Raden Basah aturipun
sewu sagung lan dipati
adhi gangsal atus kang wong.
23. Ingkang dipun cepeng pribadi puniku
kalawan lapur pun adhi
yen mentas tampi puniku
segahipun mayor nanging
adhi mapan lajeng laro.
24. Sampun katur ingkang niskara sadarum
mesem Kangjeng Sri Bupati
mangkana wus tan cinatur
Kurnel Kleres kang winarni
lan Raden Dipati mangko.
25. Sareng tampi nenggih mayor suratipun
kalangkung bungah tyasneki
mapan lajeng mangkat iku
saking Kedhungmaeseki
tan kantun Dyan Dipatya nom.
26. Lawan Basah Ngabdullatip prapta sampun

ing Panjer nulya ngaturi
wau dhateng Mas Pangulu
lawan Kaji Badarudin
ingirid dhumateng mayor.

27. Tan winarna marga Panjer prapta sampun
Mas Pangulu sampun panggih
kalawan kurnel puniku
kurnel langkung bungahneki
mangkana nulya lingnya lon.
28. Mas Pangulu Kaji Badarudin iku
punapa karsa Narpati
manah kawula kalangkung
sareng prapta suratneki
ingggih kang saking pun mayor.
29. Dadya ical sayah kawula sadarum
saweg prapta kula niki
pan saking Magelang iku
angirid Raden Dipati
kapanggih lan Jendral Dhe Kok.
30. Lajeng mangkat mariki tan ngantos tuhu
aso Mas Pangulu angling
kurnel kawula ingutus
dhateng Kangjeng Sri Bupati
maringaken tabe Katong.
31. Apan sampun dhinawuhaken sadarum
barang kang dadya karsa Ji
wus muni ing ngajeng iku
sagung ingkang niskareki
angling dhawuhnya mring mayor.
32. Kurnel apan langkung bingah manahipun
pan aris dennya nauri
mapan sandika sadarum



pupana karsa Narpati
sampun anyagahi ingong.

33. Nadyan silih wontena sadasa ewu
kawula ingkang nyagahi
ingon abdidalem sagung
prajurit pangrabi sami
ri wus sinamur pakuwon.
34. Mas Pangulu kula yun tanya satuhu
andika ingutus iki
lah pundi pratandhanipun
ingkang surat Sri Bupati
Mas Pangulu anabda lon.
35. Apan boten pinaring surat puniku
kurnel mangkana sabdeki
Mas Pangulu dika luput
pantese dipun dhedheli
paran Den Dipati mangko.
36. Napa leres boten ta puniki
sabab utusan Narpati
boten mbekta surat iku
Dyan Dipati anauri
apan leres kurnel yektos.
37. Mayor Biskis mangkana nulya sumambung
sanadyan Radyan Dipati
pan iku gih milu luput
seratipun kurnel katri
lan jnedral tan katur Katong.
38. Dadya pirang-pirang serat kendel iku
wonten Rahaden Dipati
mangke neng pundi sadarum
Dyan Dipati anauri
pan kula kengkenan pados.

39. Ngaturaken sagung kang serat puniku
Kangjeng Sinuhun tan panggih
saniki ical sadarum
lawan ingkang mbekta ugi
nggih mayor ingkang beburon.
40. Tambuh mati lan urip kula tan weruh
tan prapta ngantos samangkin
ingkang anggawa puniku
kurnel malih anambungi
kados pundi pangulu mangko.
41. Lamun Kangjeng Sultan tan tumunten tulung
pan kacekele saniki
mapan banget denny bingung
sabab kathah ingkang sami
karep jroning inggih batos.
42. Marang nagri Jawa niki Mas Pangulu
yen Kangjeng Sultan pribadi
pan inggih mangsa na purun
ing Sala Yogyakarta puniku
sabab kang santana ewon.
43. Lawan buron wana mapan tumut nimbrung
salaminya Sri Bupati
masanggrahan ardi iku
beteng kang celak wanadri
pan asring geger gumuroh.
44. Sima lawan sawer kang ngrusuhi iku
saradhadhau kathah sami
binekta mring sima wau
kalawan sanjataneki
tan kantun sadaya kamot.
45. Yen linuru bathangira pan katemu
nging bedhilnya tan kapanggih

marma giris kanca sagung
myang kang desa-desa sami
ing mangke pan kathah lowong.

46. Ingkang celak beteng angladosi iku
mring beteng tinedha sami
sawer lawan sima iku
lamun dalu praptaneki
lawan pitik iwen golong.
47. Lamun siyang apan tan wonten kadulu
marma sagung susah sami
kados pundi Mas Pangulu
punapa Sri Narapati
tan ngowel abdi Sang Katong.
48. Mring risake punika didalem sagung
sadaya ing tanah Jawi
nging kawula Mas Pangulu
pan dereng narima yekti
mring dika ngaku kinongkon.
49. Kudu nuwun pratandha dalem satuhu
derapon den andel yekti
mring kanca kula sadarum
lan kawula angaturi
dhumateng Kangjeng Sang Katong.
50. Mas Pangulu pan namung sawontenipun
saking lega kang tyas yekti
apan warna-warna iku
lan arta punika kedhik
ngaturi pajajan yektos.
51. Maring abdidalem punakawan sagung
sampun Mas Pangulu yekti
kawula kedah anuwun
pratandha dalem pribadi

amrih den andel sayektos.

52. Dhateng bangsa kawula mapan satuhu
Mas Pangulu anulya mit
apan lawan kaji iku
Badarudin tan winarni
margi sipeng wus prapteng nggon.
53. Panggih lawan Raden Basah Mas Pangulu
lawan Kaji Badarudin
gya ingirid Mas Pangulu
sowan dhumateng Narpati
marang Raden Basah kaot.
54. Kaji Badarudin apan datan kantun
katri wus prapta ngarsa Ji
Mas Pangulu nulya matur
sagung kang niskara sami
Kurnel Kleres turnya mangko.
55. Kang niskara wus mungel ngajeng sadarum
kendel dangu Sri Bupati
rumaos yen tiwas tuhu
sabab kang tyas teka gampil
apan nuruti Sang Katong.
56. Mring ature Mas Pangulu Ki Mlangiku
tiga Kaji Badarudin
Sang Nata apan kalangkung
kewran tyas ewet mangsuli
sabda kang sampun kawiyo.
57. Dadya nemah Sang Nata ing sandi iku
abela kalih prakawis
kang sabil lawan kang kantun
apan sedya den belani
lan narah takdir Hyang Manon.
58. Enget jangji dhumateng dum-dumanipun

manungsa neng dunya iki
wus pinasthi lokil makpul
lamun tan kena sumingkir
lara wirang pati mangko.

59. Kangjeng Sultan wekasan ngandika arum
heh paran pangulu iki
lan Badarudin sireku
prakara panuwuneki
layang kurnel marang ingong.
60. Apa patut lamun sun turuti iku
kalih samya aturneki
pan langkung prayoginipun
dene cacad dhateng ngelmi
pan amba kang nanggel Katong.
61. Sabab amba lan pun paman kang satuhu
tan wonten kang dados aji
sumelang mring kurnel tuhu
sabarang paturaneki
pan namung bares kemawon.
62. Marma kang tyas kalangkung pitajengipun
nulya Sang Nata nUruti
pan sampun pinaring iku
ingkang pratandha Narpati
Mas Pangulu nulya kinon.
63. Wangsul panggih lawan Kurnel Kleres iku
Badarudin datan kari
lan mbekta pratandha iku
tan winarna margi pangggih
lan kurnel pangulu gupoh.
64. Apan nuju sami pepakan sadarum
mayor lawan kurnel sami
kurnel sami sukanipun

sareng Mas Pangulu prapti
sarta mbekta serat Katong.

65. Pan sadaya sami ngadeg kurmat iku
sadangunya maos tulis
sagung ingkang agung-agung
mangkana parentah Aji
heh Kurnel Kleres ta mangko.
66. Lawan Mayor Biskis ri wus tabeningsun
karo marang ing sireki
sira angaturi iku
bedhami lan jendral iki
iy asun turuti mangko
67. Nanging kurnel apan ingsun amemundhut
gawekna pasanggrahaning
ing Remakamal ta iku
lawan ing Kejawan iki
telu Kaliraja ingong.
68. Besuk lamun rawuh Kaliraja ingsun
abdiningsun basah iki
Mataram kang loro iku
lawan saprajuritneki
kabeh methuka lan ingong.
69. Lawan Jendral Dhe Kok kono wektu iku
iya mapaga mring mami
patemon Kalirajeku
wus titi karsa Narpati
kurnel langkung sukeng batos.
70. Lawan mayor myang sagung kolonel iku
nulya sami tata linggih
kernel atetaken iku
Mas Pangulu kados pundi
pan kawula datan ngertos.

71. Dene ingkang pratandha ing Jeng Sinuhun
wonten satengahing tulis
pan tan wonten adatipun
kula dereng ninga yekti
kados pundi kang mangertos.
72. Mas Pangulu mangkana wangulanipun
tan uning karsa Sang Aji
krunel nulya karya iku
kang surat katur Narpati
sabarang karsa Sang Katong.
73. Kurnel Kleres apan anyagahi sampun
Mas Pangulu sampun pamit
lawan Badarudin iku
tan winarna marga prapti
sampun katuring sang katongo.
74. Saniskara angandika Jeng Sinuhun
ya wus ta warahen iki
Kurnel Kleres apan ingsun
besuk Senen tedhak mami
marang Remakamal ingong.
75. Kurnel arsa sun timbali kono iku
ing Rema methuka mami
aja kadhinginan ingsun
lawan den samekta nuli
tundha aja kurang prabot.
76. Mas Pangulu sandika ing aturipun
gya lengser utusan aglis
mring kurnel aparing weruh
sabarang karsaning Aji
kurnel langkung sukeng batos.
77. Pan rumaos lamun kapracaya tuhu
dhateng Kangjeng Sri Bupati

sabarang parentahipun
Mas Pangulu den sagahi
marang Kurnel Kleres yektos.

78. Apan lajeng parentah kurnel puniku
mring mayor akarya iki
pasanggrahan Rema iku
lan Kejawan apan sami
kinerig sarupaning wong.
79. Langkung asri kinantha kadhaton sagung
Rema lan Kejawan sami
mawi gapura puniku
pasowan pinacak suji
neng jawi gapura kono.
80. Sapambedhil awatara tebihipun
pasanggrahan lawan iki
pa sebab kang tarub agung
pancen palenggahan Aji
ingurug wedhi pan kaot.
81. Kang pasowan alit samya pipit iku
yen tinon saklangkung asri
lawan datan karya lurung
apan ngantos dugi ngardi
ing Sampang rinadin mangko.
82. Apan sami ingurug wedhi puniku
toya padasan lan malih
jembangan maripit iku
gapura lan pacak suji
punika sadya manggon.
83. Sakarepe pan mayor pribadi iku
sadaya ingkang njenengi
karya pasanggrahan iku
Rema lan Kejawan sami

mangkana wus samya dados.

84. Kurnel lajeng tur uning mring Mas Pangulu
lawan nerang wancineki
anenggih pamethukipun
dhumateng Sri Narapati
lan dintenya kang sayektos.
85. Mas Pangulu lajeng amangsuli gupuh
temtu Senen tedhak Aji
dhumateng Rema puniku
lawan kurnel kinen prapti
jam kalih welasing kono.
86. Sari Narendra pan dinugi rawuhipun
kados yen ejam satunggil
mangkana wus tan winuwus
kawarnaa Senen prapti
Mas Pangulu karsa Katong.
87. Apan lawan Kaji Badarudin iku
pan samya kinen rumiyin
mring Remakamal puniku
mangkana Sri Narapati
saking Sampang nulya bodhol.
88. Datan tebih Rahaden Basah puniku
Martanagara lan Aji
pan tansah ajageng kewuh
lawan Ki Mukamad Pekih
tanapi prajurit Katong.
89. Kang watara amung kalih belah iku
kang ndherek Sri Narapati
tedhakira saking gunung
marma Dyan Basah tyasneki
apan maksih sedyeng kewoh.
90. Apan dereng Dyan Basah pitajeng iku

mring lanat barang turneki
mapan namung Mas Pangulu
lawan Kaji Badarudin
kang sampaun pitajeng yektos.

91. Raden Basah Martanagara puniku
karsanya Sri Narapati
apan kinen ngampil iku
anenggih Kangjeng Kiyai
Bandayuda karseng Katong.
92. Sabab lamun sulaya ing aturipun
Mas Pangulu lawan Kaji
pan lajeng rerempon iku
marma Dyan Basah pinaring
pusaka cinothe mrantos.
93. Kangjeng Kyai Bandayuda apan iku
lawan ingkang samya ngampil
kang pusaka tiganipun
nenggih Kyai Amat Pekih
lawan Mas Tumenggung mangko.
94. Sanagara lan Dyan Dipayana iku
tan winarna aneng margi
ing Remakamal wus rawuh
nanging kurnel dereng prapti
apan maksih enjing yektos.
95. Saweg pukul sadasa watawisipun
rawuhira Sri Bupati
kurnel apan sedyanipun
lan arsa ngelon-eloni
ywa kongsi kasesa mangko.
96. Apan pukul sadasa kurnel puniku
angkatira saking kemit
kalawan usar sadarum
sareng wonten margi myarsi

kurnel lamun Jeng Sang Katong.

97. Sampun rawuh ppasanggrahan Rema iku
kurnel apan langkung ajrih
lajeng sesanderan gupuh
lawan sagung usarneki
tan winarna prapteng enggon.
98. Pan ing Rema lawan usarira sagung
kang pelangkir maksih kari
dadya kasesa sadarum
kurnel apan maksih tebih
wau denny mudhun anjlog.
99. Saking kuda neng jawininggapureku
lawan datan mawi topi
panuju panas kalangkung
kang ngir'ng mung Dyan Dipati
lawan Ngabdullatip karo.
100. Lan ajidan satunggal apan kang tumut
ajidan Tenis kang nami
wus cundhuk lan Jeng Sinuhun
kurnel ismu langkung ajrih
tumungkul denira lunggoh.
101. Sri Narendra mangkana ngandika arum
heh kurnel dene kok kari
iya sira lawan ingsun
kurnel matur semu ajrih
apan kawula sayektos.
102. Mung parentahipun didalem puniku
Mas Pangulu lawan Kaji
Badarud ai pan satuhu
ingkang kawula lampahi
neng Rema dipun wewantos.
103. Pukul kalih welas amba kinen iku

dateng methuk paduka Ji
mapan sampun waton wau
krumiyinan ing Narpati
apan paduka Sang Katong.

104. Jam satunggal apan dhawuh Mas Pangulu
rawuh dalem wonten ngriki
harma kawula Sinuhun
pan sedya ngelon-elon
sampun ngantos kantun Katong.
105. Lan kawula sareng prapta margi tuhu
kawula miyarsa warti
yen paduka sampun rawuh
harma kasesa puniki
kathah kantun dereng prantos.
106. Dados kirang hurmat kawula satuhu
dhumateng Sri Narapati
mung nuwun ngapunten agung
sabab sing kasesaneki
mesem ngandika Sang Katong.
107. Heh ta kurnel wus tan dadi ngapa iku
kurnel nulya matur aris
yen pareng Ingkang Sinuhun
kawula badhe ngaturi
hurmat Sang Nata nabda lon.
108. Ya wus nora pan ingsun tarima iku
sabab sira durung iki
bisa nembadani iku
iya lawan karsa mami
kurnel mangkya matur alon.
109. Apan sampun kalajeng beteng sadarum
inggih kawula prentahi
masang mariyem sadarum
apan ping nyelawe sami

lan drel sanjata binrondong.

110. Ora kurnel wus wurungna kabeh iku
lamun sira bisa iki
iya ngurmati maringsun
ping pitung puluh ya becik
lawan punjul lima kono.
111. Pan mangkene kurnel iku artinipun
pan ingsun Kalifah Nabi
neng tanah Jawa kabeh sun
Kangjeng Nabi ingkang yektti
sakabate pitung puloh.
112. Punjul papat lima Kangjeng Nabi iku
marma padha sun hurmati
dadi mung nyawiji iku
dene ya ingsun pribadi
mapn wus tan kurang ingong.
113. Kurnel olehira ngurmati maringsun
sajroning ngaprang iki
iya kurnel pitung taun
satus ewu kaya luwih
hurmatira marang ingong.
114. Lawan kurnel marmane pratandhaningsun
iya sun prenahken iki
neng tengah tulisan iku
sabab iya Kangjeng Nabi
nagarane Mekah mangko.
115. Mekah iku satengahing jagad tuhu
arma yen sira tan apti
iya angurmati iku
mring Jeng Nabi kita iki
Mukamad Sam kang kinaot.
116. Sabab ingsun iki mung sadarma tuhu

kang duwe agama Nabi
dadya kurnel kendel dangu
wekasan umatur aris
yen tan karsa Jeng Sang Katong.

117. Inggih hurmat mariyeme sareng iku
mapan kawula ngaturi
hurmat salompret lan tambur
Sang Nata mesem sabda ris
kurnel prayoga tur kaot.
118. Nulya kurnel parentah mring Tanes iku
gya lumajeng andhawuhi
marang usar plangkir sagung
gya mubeng pra sowan sami
nulya kurnel matur alon.
119. Kados pundi ing karsa Kangjeng Sinuhun
punapa nyare ing ngriki
Kangjeng Sultan nulya ndangu
marang Basah Martanagri
Basah Kejawan pan adoh.
120. Teka kene apa wus cedhak ta iku
Raden Basah matur aris
apan lawan Mas Pangulu
yen paduka tedhak saking
ngriki apan bakda luhor.
121. Kados boten akir menggah angsaripun
dadya Nata ngandika ris
heh kurnel pan ingsun banjur
mengko bakda luhur iki
lan sira apa wus caos.
122. Tundhan kurnel apan sampun aturipun
namung kawandasa iji
lan kawula bekta tuhu

titihan pan tiga bilih
paduka karsa Sang Katong.

123. Pan katura tetiga kapal punika
kang saking mayor satunggil
apan lajeng kinen mundhut
tiga wus prapta ngarsa Ji
langkung suka tyas Sang Katong.
124. Tiga pisan kang kuda samya gengipun
bagus inggilira sami
mung satunggal ingkang dhawuk
ules abrit ingkang kalih
Sang Nata ngandika alon.
125. Heh ya kurnel banget ing tarimaningsun
wit kudaningsun pribadi
wus banget ing sayahipun
nulya kurnel matur malih
kang dhawuk punika Katong.
126. Inggih mayor ingkang ngaturi puniku
kawula kang abrit kalih
inggih katura sadarum
lawan sapanganggeneki
ya kurnel tarima ingong.
127. Matur malih kurnel dhateng Sang Aprabu
bilih kapareng pun patik
rumiyin ing lampah ulun
sabab badhe hurmat baris
wonten ing kemit Sang Katong.
128. Sri Narendra angandika prayogeku
nging Tenes tinggalen iki
dimen keri ngarsaningsun
anjaga utusan mami
kurnel aja kongsi ewoh.

129. Kurnel sanget bingah ing galihipun
angraos den pitajengi
lan tan walang ati sampun
kurnel pamit sing ngarsa Ji
ajidan tinilar mangko.
130. Apan lawan sakawan usar puniku
kurnel nya pangkat rumiyin
lan usar palangkir sagung
tan kantun Radyan Dipati
lan Basah Dullatip karo.
131. Henengena kurnel apan prapta sampun
ing kemit gantya winarni
Sang Nata neng Rema sampun
sareng bakda luhur nuli
Sang Nata sing Rema bodhol.
132. Pan ajidan Tenes nya utusan gupuh
usar kang kinen rumiyin
aparing pirsa rumuhun
mring kurnel dhumateng kemit
lamun wus tedhak Sang Katong.
133. Saking Rema kapal sawadya-kusweku
mangkana kurnel winarni
kalangkung ing kurmatipun
inggih ing samargi-margi
tan kirang janma gumolong.
134. Sareng ngajengaken prapta kemit iku
satengah ejam watawis
mapan ingkang margi agung
tinurut ing pancak suji
langkung asri lamun tinon.
135. Lawan mawi tinurut sesekar mungguh
myang gapura ngapit-apit

sekar myang sari dinulu
sareng wus celak Narpati
saking ing pakemit kono.

136. Pan ajidan Tenes anander rumuhun
kang munggeng ing ngarsa Ji
Rahaden Basah puniku
sagunging kapalan sami
kurnel nulya methuk gupoh.
137. Aneng lurung iya lawan mayoripun
myang sagunging kang pra upsur
kang nindhihi baris agung
usar kalawan palangkir
namung litnane kemawon.
138. Langkung rame salompret kalawan tambur
nging kuciwa mriyemneki
ingkang datan mungel iku
kalawan sanjata alit
mangkana Kangjeng Sang Katong.
139. Maksih munggeng neng luhuring kuda iku
dene ingkang den titahi
saosane kurnel wau
kurnel mayor apan nuli
atur tabe mring Sang Katong.
140. Lawan sagung ingkang pra upsur sadarum
ri wusnya kurnel tur aris
Sang Nata ngaturan iku
kendel sakedhap puniki
reh saosan wus sumaos.
141. Sri Narendra aris angandika arum
wus kurnel tarima mami
Sang Nata anulya laju
mring Kejawan karsa Aji

kurnel langkung cuweng batos.

142. Sabab sampun caosan rakit sadarum
ing marga datan kawarti
ing Kejawan sampun rawuh
mung Tenes ingkang angiring
lan usar sakawan mangko.
143. Raden Basah Gandakusuma amethuk
lanang Kejawan njajari
neng lurung prajurit sagung
sadaya apan wus rakit
tan wonten kuciwa tinon.
144. Apan lawan duk aneng kemit puniku
ingkang niskara pan sami
mangkana wus tan cinatur
Raden Basah den timbali
dinangu prajurit Katong.
145. Dereng pepak sadayabdidalem sagung
taksih kathah kirangneki
awit saweg sangang atus
mangkana wus tan winarni
dalu enjing winiraos.
146. Kurnel sowan nenggih lawan mayoripun
tanapi kapitaneki
kolone binekta sampun
sadaya tan ana kari
samya tur tabe Sang Katong.
147. Ri wus tata lenggah kurnel nulya matur
kados pundi karseng Aji
punapa ta ingggih tamtu
pamundhut dalem Dewaji
karya pasanggrahan Katong.
148. Lepenreja Kangjeng Sultan ngandika rum

iya kurnel matura ris
lamun marengi Sang Prabu
bok sampun miyos Dewaji
apan inggih tanah ledhok.

149. Apan sanget Sinuhun ing susahipun
wit margi kalangkung alit
kalawan malih sadarum
jurang ardi lawan malih
dhusun datan wonten katon.
150. Ugi wonten satunggal kalih kang dhusun
nanging sampun suweng sami
datan wonten tiyangipun
tan wonten hulun ken kardi
inggih pasanggrahan Katong.
151. Saking ngriki ing Lepenreja Sinuhun
pitung dinten tan dumugi
dados langkung susahipun
sagung abdidalem sami
lawan kang margi wana grot.
152. Lamun kirang tedha sinten ingkang tulung
kalawan malih marengi
Sinuhun kang jawah agung
dene yen teranga ugi
dadosna punapa mawon.
153. Apan datan patos kasusahanipun
sabab lampah ageng yekti
kados pundi Sang Sinuhun
ewa sapunika inggih
yen sampun karsa Sang Katong.
154. Pan sandika nging kawula kedah matur
menggah kasusahaneki
Sri Narendra nulya ndangu

dhumateng Radyan Dipati
mring ture kurnel mangkono.

155. Aturira Dyan Dipati lawan sagung
ingkang pra nayaka sami
inggih leres aturipun
kurnel sampun tamtu ugi
lamun kathah susah Katong.
156. Sri Narendra apan ndhahar aturipun
ingkang pra nayaka sami
nulya angandika arum
wus kurnel pikiren iki
endi kang prayoga mengko.
157. Ri wusira kurnel nulya pamit mundur
lan mayor sakancanekei
sonten sowan malih sampun
mapan kalawan angirid
kang dereng sowan mring Katong.
158. Wit kumendhan sapangginggil pan sadarum
kang sinowanken Narpati
dadya kurnel sowanipun
ajeg sadinten ping kalih
datan kantun lawan mayor.
159. Walang ati pan sampun tan wonten iku
ajidan Tenes karsa Ji
pinundhut mring kurnelipun
anjagi karsa Narpati
sabarang karsa Sang Katong.
160. Lawan basah barang kekiranganipun
ajidan ingkang nadhahi
sabarang parentahipun
mangkana wus tan winarni
enjing kurnel sowan Katong.

161. Lawan mayor mangkana ing aturipun
 wau dalu Sri Bupati
 kawula nampeni iku
 lapuranipun anenggih
 kumendhan Mlihan Sang Katong.
162. Kadhatengan nenggih pan kengkenanipun
 Basah Prawiradirjeki
 ingkang kinengken puniku
 ji kalih stunggal ngulami
 nama Kaji Ngisa Katong.
163. Kamaijan ing ngulama Barmawi iku
 mbekta jeneral seratneki
 Sang Nata ngandika arum
 heh kurnel tuturireki
 Jeneral Dhe Kok lunga mengko.
164. Mring Batawi mangkana kurnel turipun
 apan tamtu sadayeki
 kawula ngentosi tuhu
 wuninga duk angkatneki
 mapan ingkang serat Katong.
165. Ugi kula sampun meling waunipun
 inggih dhateng Kurnel Kokis
 sabab serat kang rumuhun
 paduka dereng mangsuli
 Sang Nata malih tanya lon.
166. Layang apa kurnel panduganireku
 kurnel mangkana turneki
 pan mung bangsane satuhu
 nenggih lawan kang rumiyin
 samya bedhami kang yektos.
167. Paduka Ji winastan maksih neng gunung
 pan dereng uning sayekti

yen sampun tedhak pukulun
mesem Nata ngandika ris
heh kurnel pan karsaningong.

168. Lamun teka pan layange jendral iku
aja katur marang mami
sabab pan wus kasep iku
warta pan ana pribadi
lawan sun tan arsa anon.
169. Iya marang kang padha kinongkon iku
kurnel sandika turneki
mangkana luwaran iku
sonten kurnel sowan malih
tan kantun lawan kang mayor.
170. Kurnel matur dhumateng Ingkang Sinuhun
mangkana pan aturneki
kawula yun nerang tuhu
paduka punapa maksih
reinen pasanggrahan Katong.
171. Wonten ngriki ing Kejawan Kang Sinuhun
mangkana ngandika aris
heh kurnel apa rembugmu
kalamun prayoga iki
iya lawan karsaningong.
172. Sun turuti mangkana kurnel turipun
ingkang kapanggih Dewaji
raosing manah pukulun
paduka apan prayogi
dhumateng Kedhu kemawon.
173. Mumpung jendral pan dereng dhateng puniku
pandugi kula Dewaji
datan ngantos Siyam tuhu
jendral pasthi nunten prapti

sabab kawula Sang Katong.

174. Sampun kin tun surat yen paduka ayun
apepanggihan pribadi
mila dugi nunten wangsl
punika yen saupami
karsa dalem boten dados.
175. Paduka Ji kawula aturi wangsl
inggih mring Bagelen malih
sanajan dados satuhu
pan tanglet sami Walandi
pan kawula temah Katong.
176. Nging panuwun kawula mapan satuhu
panjenengan dalem Gusti
apan sampun ngantos iku
kagepok mring lepatneki
lan darnel prakawis mangko.
177. Amiwiti kalamun cidra Sinuhun
pan mangsa wandea panggih
mring awak pribadinipun
mangkana Sri Narapati
sareng myarsa tur mangkono.
178. Kurnel Kleres lawan Mayor Biskis iku
ingkang Nata tyas pan gampil
kadya wus karsa Hyang Agung
amung sumendhe ing takdir
semu wirang Jeng Sang Katong.
179. Lamun ngantos sumingkir mring dum-dimanipun
iya wong aneng dunyeki
mangkana Ingkang Sinuhun
apan nulya ngandika ris
heh kurnel aturm u karo.
180. Sun turuti nanging metu ngendi ingsun

jabo Kalireja iki
mapan sireku wus matur
lamun banget susahneki
dalan marang Kedhu mangko.

181. Lamun seka kene wus tan kena ingsun
kajaba ing ledhok iki
lawan bali mring Matarum
kalawan ing Kedhu ngendi
karepira jujug ingong.
182. Kurnel Kleres mangkana ing aturipun
ing Menoreh yen marengi
lawan karsa Jeng Sinuhun
sabab boten susah mawi
sadaya sampun mirantos.
183. Sri Narendra mangkana timbalanipun
heh kurnel ya wis miranti
apan sabarange iku
nanging ingsun nora keni
sabab iku iya nganggo.
184. Metu Barabudhur lawan Kaliabu
kalawan anyabrang kali
iya Bagawanta iku
sun kok wetokake ngendi
pan telu tan kena ingong.
185. Kurnel Kleres mangkana ing aturipun
Sinuhun bilih marengi
pan miyos Cacaban iku
ing ngriku kula aturi
mapan urut sewu miyos.
186. Apan nyabrang Sinuhun ing Kadilangu
Kangjeng Sultan ngandika ris
kurnel dadi mubeng iku

susah kang prajurit iki
sarupaning dharat kang wong.

187. Kurnel matur didalem kang dharat sagung
mapan kajengipun sami
medal ing ngriki sadarum
ing Kedhu Maesaaji
pan inggih ngleres kemawon.
188. Kajengipun sareng lan plangkir sadarum
dene paduka Narpati
kawala pribadi iku
ingkang ndherekken Dewaji
inggih lawan usar Katong.
189. Sri Narendra ngandika heh kurnel ingsun
sesuk mangkat karsa mami
apa kaduga sireku
ingsun mundhut mring sireki
iya jaran pitung puloh.
190. Den samekta tekakna mengko bengiku
pukul wolu angkat mami
sira praptaa den esuk
sandika kurnel turneki
nulya nantun marang mayor.
191. Heh ta mayor apa kaduga sireku
ing pamundhut dalem iki
iya jaran pitung puluh
mayor sandika turneki
ngandika malih Sang Katong.
192. Heh ta kurnel sun prentah marang sireku
apa Bagelen saiki
wus sun gawe kerta iku
tanah Jawa sarupaning
pan wus leren perang mangko.

193. Heh ta Basah Martanagara lan dhimu
Basah Gandakusumeki
prajurit undhangna sagung
apan wus sun tan lilani
iya lamun prang rerempon.
194. Basah kalih samya sandika turipun
ngandika malih Narpati
heh kurnel parentahingsun
iku poma mring sireki
dhawuhna kancamu karo.
195. Ingkang padha tunggu beteng kabeh iku
iya sarupaning iki
abdiku prajurit sagung
ingkang padha ndherek mami
padha den reksaa kang wong.
196. Den kareksa aja kongsi kurang iku
kang pinangan kabeh iki
derapon jeronggeh iku
olehe ndhedherek sami
lan maneh parentahingong.
197. Lamun ana prajurit agawe rusuh
iya ing sawuri mami
den enggal cekelen iku
nuli pasrahna maring
Martanagara Basah ngong.
198. Apan maneh lamun kancanira rusuh
basah nya tutura maring
ing kurnel kalih puniku
samya sandika turneki
kurnel prentah marang mayor.
199. Heh ta mayor sira weruh dhawuh iku
timbalane Sri Bupati

buri sira kang katempuh
sabarang karsa Narpati
sabab bakal ndherek ingong.

200. Mayor Biskis sandika ing aturipun
Sang Nata ngandika malih
kurnel praptaa den esuk
kurnel sandika turneki
anulya luwar Sang Katong.
201. Wektu iku pan kurnel Kleres puniku
pan anglir ingkang pepatih
mring Kangjeng Sultan satuhu
sabarang karsa Narpati
kurnel kang nadhahi mangko.
202. Ingkang jawi lebet Raden Basah iku
mangkana Radyan Dipati
lan Basah Dullatip iku
mapan kadya magang kalih
ngiring mring kurnel kewawon.
203. Ingaturan Sang Nata tan karsa iku
myang sagung ingkang bupati
sadaya kang tumut wangslu
mangkana wus tan winarni
ing dalu pan winiraos.
204. Kuda pitung dasa apan prapta sampun
malah mayor anyaosi
dados jangkepipun satus
ajidan Tenes anuli
lapur mring Dyan Basah gupoh.
205. Lawan kurnel nyaosi pasangon iku
mring sagung ingkang prajurit
ajidan Tenes puniku
apan njaga siyang ratri

neng ngarsane basah manggon.

206. Apan lajeng dinum kapal lan arteku
mitung atus kathahneki
sareng enjing kurnel iku
sowan lan Radyan Dipati
Dullatip tan kantun awor.
207. Kurnel matur yen paduka sampun rawuh
Sinuhun Menoreh benjing
lamun jendral dhateng sampun
kajengipun methuk enjing
dhumateng Menoreh Katong.
208. Lan paduka yen panggih jendral pukulun
sampun ngandika pribadi
sabarang karsa pukulun
kawula ingkang nyagahi
sagung kang bicara Katong.
209. Lawan jendral Kangjeng Sultan ngandika rum
ya kurnel tarima mami
kalawan sira apa wus
karya pasanggrahan iki
palerenan nginep ingong.
210. Kurnel matur apan sampun kala wau
kengkenan kawula Aji
karya pasanggrahan sagung
ingkang kamargen Narpati
kurnel nulya muwus alon.
211. Mring Dyan Basah sinten ingkang ngirid iku .
mring prajurit dharat sami
Raden Basah anabda rum
Tumenggung Suradirjeki
lan rangga bapang kang loro.
212. Katelune Gawijaya kurnel muwus

sae sampeyan timbali
kajengipun tepang iku
sabarang kalih pun Tenis
pan punika kanthining ngong.

K I N A N T H I

Pupuh XXVIII

1. Raden kang ngirid sadarum
nenggih dhumateng pelengkir
sabarang kiranganira
neng margi mundhuta iki
dhumateng Tenis punika
kalih tinimbalan sami.
2. Apan tinepangken sampun
kalih lan ajidan Tenis
ri wus kinen mundur samya
Sang Nata andangu iki
mring mayor kurnel aturnye
sampun baris woten margi.
3. Kalawan sakancanipun
ingkang badhe ngantun sami
atur hurmat ing Narendra
Sang nata ngandika malih
heh kurnel sira dhingina
sandika nya budhal Aji.
4. Saking Kejawan puniku
langkung rame swaraneki
sagung ingkang tetabuhan
apan pukul wolu enjing
inggih dinten Senenira
karsanira Sri Bupati.
5. Pan tinata lampahipun
ingkang kinen wonten ngarsi
sagunging walandi usar
kalih belah winatawis
ingkang dadya pangiridnya
pun kapitan Hut puniki.

6. Lan kapitan Jit puniku
kapitan Pelman lan Jeli
wingking kurnel Kleres ika
wau ingkang anindhijihi
ing ngiring Radyan Dipatya
lawan Basah Ngabdullatip.
7. Miwah kang bupati sagung
ingkang sami teluk iki
wingking nulya sinambungan
Basah Gandakusumaneki
kalawan prajuritira
kang sami kapalan iki
8. Kawandasa kathahipun
tumenggung rangga lan panji
wingking kang nambungi ika
Dyan Basah Martanagari
lawan saprajuritira
nulya Kangjeng Sri Bupti
9. Dhinerek ngulama iku
lawan kaji datan tebih
ngampil lawan punakawan
datan wonten dharat sami
apan kapalan sadaya
yen tinon langkung ngajrihi.
10. Mayor methuk baris iku
neng lurung Soka puniki
lan sagung sahupsirira
ingkang badhe kantun sami
salompret tambur wurahan
kendel sakedhap Narpati.
11. Ning maksih neng kuda iku
mayor atur tabe nuli
kalawan hupesirira

ri wus lajeng Sri Bupati
kendel aneng Petanahan
apan kurnel kang ngaturi.

12. Kalangkung sugatanipun
kurnel mring Sri Narapati
tan kirang samarga-marga
lan sagung kang ndherek sami
atanapi kang rerenggan
sadaya apan sinami.
13. Ri wus gya budhal Sang Prabu
tan ewah ing lampahneki
sadalu nyare ing Ngambal
enjing nulya tedhak malih
kendel dhahar aneng Wara
ri wus bidhal Sri Bupati.
14. Rawuh Jagarasan iku
mangkana nulya ningali
Nata marang Kaji Ngisa
kalawan Kaji Mam Raji
Barmawi katiganira
mbekta jendral suratneki.
15. Sri Narendra lajeng bendu
tiga nulya majeng sami
panggih lan kurnel punika
Sri Narendra nyare malih
aneng Semanggen punika
enjing nulya mangkat malih.
16. Apan miyos Kadilangu
punika samargi-margi
Walandi pan samya hurmat
wit kumendham sapanginggil
lawan sagung beteng ika
kang kamargen Sri Bupati.

17. Samya hurmat baris agung
tan ewuh samargi-margi
wonten kumendham satunggal
umatur Sri Narapati
Sinuhun bilih paduka
inggih lamun den aturi.
18. Dhumateng Magelang tuhu
sampun karsa paduka ji
mapan tan sae dadosnya
ya ta mesem Sri Bupati
ya kumendham sun tarima
sira weh peking mring mami.
19. Sadalu nyare Sang Prabu
aneng ing Tanggel puniki
enjing Nata sigra bidhal
tan ewah lampahireki
rawuh Sedhung kendel nulya
salat luhur Sri Bupati.
20. Sareng sampun bakda luhur
Mas Pangulu nulya prapti
sowan dhumateng Sang Nata
kinengken mring kurnel iki
nenggih ngaturi wuninga
mangkana aturireki.
21. Kurnel apan weling atur
mangke paduka Dewaji
yen beteng sampun katingal
ing Manoreh den aturi
mugi kendela sakedhap
ningalana saking ardi.
22. Mila sapunikanipun
kurnel nyuwun ngrumiyyini
lan sagung prajurit samya

paduka dipun aturi
dewaji sampun tumedhak
lamun dereng den aturi.

23. Aris ngandika Sang Prabu
ana apa iku dening
Mas Pangulu aturira
nuwun apunten Dewaji
wau satingal kawula
kurnel sanget nepsuneki.
24. Makaten wicantenipun
Mas Pangulu dipun aglis
andika matur Narendra
mung pangestu dalem yekti
kalamun lampah punika
pan tangled sami Walandi.
25. Mapan inggih begjan sampun
Walandi Kedhu puniki
lawan ing Bagelen ika
badhe keprukan pribadi
pan begja rempu kawula
apan begja kurnel Kukis.
26. Inkang pecah endhasipun
marmanya Sri Narapati
aningalana kewala
inggih saking nginggil ardi
apan sampun tedhak-tedhak
yen dereng kula aturi.
27. Mesem ngandika Sang Prabu
ya wis ta ingsun lilani
wangslu Mas Pangulu nulya
kurnel sampun den dhawuhi
nulya anembang tengara
nyalompret lan tambur aglis.

28. Tinata prajurit sagung
pelangkir kang munggeng ngarsi
ajidan Tenis tindhinhya
nulya usar kang nyambungi
pan kapitan Hut tindhinhya
Jit Pelman kalawan Jeli.
29. Nulya wadya dharat sagung
anenggih ingkang angirid
Mas Tumenggung Suradiija
lan mas rangga bapang iki
Gamawijaya punika
Kurnel Kleres anambungi.
30. Lan Raden Dipati iku
myang sagung tumenggung sami
ingkang telukan sadaya
angiring mring kurnel iki
wingking sinambungan basah
Gandakusuma anuli.
31. Basah Martanagareku
nulya Kangjeng Sri Bupati
kang wingking kaji ngulama
mangkana katingal iki
beteng Menoreh punika
Kangjeng Sultan kendel nuli.
32. Wonten saluhuring gunung
prajurit kang kendel sami
wit Basah Gandakusuma
mapan sapawingkingneki
ingkang ngadhep Sri Narendra
ningali neng ngiring ardi.
33. Marang kurnel Kleres iku
Mangkana Kurnel winarni
kendel aneng Ngapus ika

kalawan Radyan Dipati
lawan pun tumenggung samya
lawan Basah Ngabdullatip.

34. Ingkang tumut lajeng iku
angirid sagung prajurit
wus dangu wangsul anulya
nenggih Basah Ngabdullatip
apan lestari kewala
lampahnya sagung prajurit.
35. Kurnel nya ngaturi iku
dhumateng Sri Narapati
Sang Nata anulya tedhak
saking ardi sawadyeki
kurnel apan methuk nulya
wus cundhuk lan Sri Bupati.
36. Kurnel aris aturipun
dhumateng Sri Narapati
angsal pangestu Narendra
sampun tan wonten punapi
ing Menoreh sapunika
kanca sampun pepak sami.
37. Kang ageng-ageng sadarum
kang tan wonten namung kalih
pan Kurnel Kokis punika
kalawan mayor Magilis
apan kurnel Nahis nata
tumut dhumateng Batawi.
38. Kalawan residhen Kedhu
namung wakil sekretaris
pun Kokis tengga Magelang
suwawi lajeng Dewaji
Sri Narendra nulya budhal
lawan sawadya kusweki.

39. Kurnel pamit mring Sang Prabu
apan sampun ngrumiyini
kalawan Radyan Dipatya
wus kalilan nyander nuli
praptanira tan winarna
mangkana Sri Narapati.
40. Ing Menoreh sampun rawuh
apan langkung rameneki
mung kuciwa mariyemira
wau ingkang datan muni
apan langkung pangrengganya
kurnel marang Sri Bupati.
41. Sareng katingal Sang Prabu
kurnel lajeng methuk aglis
kalawan sakancanira
ingkang ageng-ageng sami
kurnel Lebron de Pron ika
mayor Bowerkanper yeki.
42. Sekretaris Maglang agung
myang sagung kapitaneki
gya rawuh Sri Narapati
pasanggrahan apan maksih
manggung aneng luhur kuda
kurnel kang samya ngampingi.
43. Kalawan mayor sadarum
sekretaris datan keri
nulya tedhak Sri Narendra
kurnel Kleres anampeni
gennya tedhak saking kuda
wus lenggah Sri Narapati.
44. Sagung ingkang agung-agung
apan maksih ngadeg sami
kurnel gya matur Narendra

kalamun pareng Sang Aji
pan sagung kanca sadaya
nuwun atur tabe sami.

45. Sang Nata marengi iku
nulya sagung majeng sami
atur tabe gantya-gantya
pan kapitan sapaginggil
ri wus kurnel matur nulya
punapa kalilan linggih.
46. Ngandika ingkang Sinuhun
ya kurnel ingsun lilani
nulya sami lenggah tata
ingkang celak lan Narpati
pan amung Kleres priyangga
apan lawan sekretaris.
47. Pan wakil Residhen Kedhu
mangkana wus tan winarna
ingkang niskara sadaya
Sri Narendra apan nuli
kundur marang pasanggrahan
sagung kang pandherek sami.
48. Ri wus rawuh samya wangsul
marang Kleres pondhokneki
sonten sekretaris sowan
nuwun pamit ing Narpati
arsa mantuk mring Magelang
sabab badhe nata sami.
49. Nenggih badhe ingonipun
sagung didalem prajurit
sampun kalilan mring Nata
nulya mundur sekretaris
saking karsanya Narendra
ing dalu wus tan winarni.

50. Kawarnaa enjingipun
twan kurnel Kleres puniki
sowan lawan ngirid ika
kang para pangageng sami
apan nuwun pamit samya
dhumateng Sri Narapati.
51. Sadaya pan badhe mantuk
mring prenahira pribadi
kalilan Sri Naranata
mangkana wus tan winarni
twan kurnel Kleres punika
anjaga pasowaneki.
52. Sadinten ping kalih iku
pukul sanga lamun enjing
sonten apan pukul gangsal
kurnel pamit mring Narpati
mangkana pan aturira
bilih marengi Sang Aji.
53. Kawula yun kesah parlu
sakedhap apan dewaji
inggih dhumateng Magelang
punapa weling Narpati
Sang Nata aris ngandika
pan tan darbe karsa mami.
54. Lamun sira lunga iku
poma aja lawas iki
kurnel mangkana turira
sadalu kemawon prapti
mangkana sampun kalilan
kurnel lajeng mangkat aglis.
55. Saking ngarsanya Sang Prabu
kang tinilar anampeni
sabarang karsa Narendra

pan kapitan Hut puniki
mangkana kurnel wus prapta
saking Magelang puniki.

56. Pan kathah sal-angsalipun
ingkang sinjang warni-warni
sadaya katur Narendra
atanapi basah kalih
pan tumut tuk angsal-angsal
Sang Nata ngandika aris.
57. Heh kurnel apa karyeku
mangkana kurnel turneki
ing benjing yen dhateng jendral
sampun ngantos anglingsemi
kalayan malih kawula
sampun ngantos den wastani.
58. Pan kirang hurmat pukulun
inggih dhateng Sang Dewaji
mesem ngandika Narendra
heh kurnel paran sireki
lamun jendral besuk teka
iya sun temoni ngendi.
59. Kurnel Kleres aturipun
sakarsa dalem Dewaji
jendral mangsa lengganaa
mangkana tan wus winarni
enggaling waktu punika
prajurit wus kathah prapti.
60. Nusul dhateng Jeng Sinuhun
samakta gagamaneki
Mataram Kedhu punika
ing nguni pan samya dhelik
sadaya pan dhateng wana
myang Bagelen kathah sami.

61. Wau ingkang prapta nusul
dhumateng tumenggung neki
kinten sewu langkung kathah
kajawi pangrembeneki
apan prajurit kewala
mangkana Sri Narapati.
62. Pan dereng eca tyasipun
sabab ingkang putra maksih
Jeng Pangran Dipanagara
arosa denira jurit
lanatullah kathah pejah
marmanyia mayor Magelis.
63. Datan saget prapta iku
sabab asring maksih jurit
lawan Basah Imam Musrah
lan Raden Basah puniki
Suryawijaya mangkana
Sang Nata osiking galih.
64. Lamun tan sun undang iku
amesthi ngeron-eroni
iya nggoningsun bicara
lan jendral de Kok sayekti
lan maneh sun wus parentah
anglereni gung prang iki.
65. Nora wurung iku besuk
agawe luput ing mami
tur ta mangsa nguwisana
kajaba nugraheng Widi
sun nedya ngarah kewala
mring takdir sun dongeng iki.
66. Mangkana Ingkang Sinuhun
pan lajeng kinen nimbali
marang kurnel Kleres ika

tan antara nulya prapti
lan kaptin Sahul punika
ingiring Raden Dipati.

67. Lan Basah Dullatip ika
wus prapta ngarsa Narpati
Sri Narendra angandika
heh kurnel pan karsa mami
kalamun rembug lan iras
pan ingsun arsa nimbali.
68. Marang Dipanagareku
lawan prajuritneki
apa iya saguh sira
gawe pamondhokaneki
kalawan sesuguhira
sabab prajurite iki.
69. Basah loro padha iku
lan kang aneng kene iki
yen nora sun timbalana
pan banget kuwatir mami
sabab bocah anom ika
mung wani kang ana yekti.
70. Lan basahe loro iku
apan padha sugih wani
sun dhingin pan wus parentah
duk aneng Kejawen mami
anglerem sagunging prang
tanah Jawa kabeh iki.
71. Kurnel Kleres pan puniku
sareng miyarsa karsa Ji
langkung lega manahira
mapan ayun matur ajrih
nulya aris aturira
pan leres karsa Narpati.

72. Yen tan ngandikan satuhu
putra dalem sapuniki
ngeroni galih Narendra
dene pasanggrahaneki
lawan tedhanira samya
sagung ingkang pra prajurit.
73. Kawula sagah ing sagung
Sang Nata ngandika malih
sapa kurnel kang prayoga
ingkang pantes ingsun tuding
anggawa layange ika
Si Basah Martanagari.
74. Kurnel Kleres nya umatur
barang punapa Dewaji
kawula sumangga karsa
Sri Narendra ngandika ris
heh ta kurnel karsaning wong
lamun rembug lan sireki.
75. Ajidan Tenis lan iku
Tumenggung Jayalaneki
kurnel sumangga aturnya
mangkana wus den dhawuhi
Sri Narendra angandika
marang Basah Martanagri.
76. Basah gawea sireku
layang gawakena Tenis
Dyan Basah matur sandika
mangkana wus tan winarni
wus luwar Sri Naranata
kurnel lan Dyan Basah iki.
77. Apan lajeng madeg iku
badhe pasanggrahaneki
Jeng Pangran Dipanagara

saundurnya sing ngarsa ji
mapan ing wektu punika
Walanda kalawan Jawi,

78. Tan wonten sulayanipun
Dyan Basah lan kurnel iki
tanapi sadayanira
Mas Pangulu Kurnel asring
gegujengan pan mangkana
sun duga kalakon mami.
79. Angayomi Mas Pangulu
ing besuk katekan mami
pan kawula yun ngupaya
nenggih Qur'an tembung Jawi
apan badhe kula karya
mabeni sagung ngulami.
80. Mas Pangulu Sauripun
gih kurnel pan sukur yekti
andika ayun uninga
marang Qur'an prentahneki
mangkana wus tan winarna
kurnel nya matur Narpati.
81. Kawula ingkang Sinuhun
apan angsal bakar sidik
lamun jendral sapunika
ing Samawis sampun prapti
apan pandugi kawula
tigang dinten kados prapti.
82. Jendral ing Maglang Sinuhun
kalawan tur kawuleki
benjing yen paduka Nata
panggih lan jendral prayogi
pan sampun mawi ngandika
Sri Narendra anyagahi.

83. Mangkana wus tan cinatur
enjing Basah Ngabdullatip
sowan dhumateng Narendra
umatur kurnel ing ratri
apepakan gung kalana
ki lurah pan kawula Ji.
84. Apan sami pista sagung
kalana pan pepak sami
kurnel Kleres nya manabda
heh sakehe kanca mami
lan dika Radyan Dipatya
lawan Basah Ngabdullatip.
85. Wus datan ngarani ingsun
mring sagung kang pista iki
apa ta wus mantep padha
anglabuhi mring Narpati
golek ratu kaya apa
sun duga wus datan olih.
86. Tanah Jawa kabeh iku
goroh yen ana nimbangi
iya ratu kang utama
pan anglir nemu sun iki
dhasar wus patut kewala
lamun padha den labuhi.
87. Lamun ta mung kira iku
pan kapitan Hut winarni
apan lajeng nyandhak gelas
ngadeg nginum asru angling
heh ta kabeh kanca-kanca
apan ingsun tan ngarani.
88. Kalamun ingkang Sinuhun
nemu pakewuh ta iki
kabeh aja na sulaya

pan remuka anglir iki
kang gelas binanting nulya
kurnel lajeng animbangi.

89. Apan mbanting gelasipun
sadaya sami nimbangi
pan dadya telas sadaya
piring gelas pecah sami
myang kang lilin sami pejah
Sri Narendra atanya ris.
90. Basah apa ana iku
Raden Basah matur aris
kawula datan uninga
ingkang dados awit neki
sareng pukul sanga nulya
kurnel apan sowan iki.
91. Lan sagung kalananipun
umatur mring Sri Bupati
pan kawula mireng kabar
lamun jendral benjing-enjing
dhatengipun ing Magelang
Sri Narendra gyा miyarsi.
92. Suwarane sanjateku
mangkana ngandika aris
heh kurnel pan iku apa
kaya bedhil swaraneki
mangkana kurnel aturnya
kados jendral sampun prapti.
93. Lamun marengi Sinuhun
pan kawula benjing-enjing
sakedhap yun mring Magelang
paduka meling punapi
Sri Narendra angandika
tan ayun memekas mami.

94. Amung iya tabeningsun
tekakna mring jendral iki
kurnel sandika aturnya
gya lengser saking ngarsa Ji
kurnel lan sakancanira
pan kurnel lajeng pribadi.
95. Dhumateng Magelang iku
ingkang kantun anadhahi
sabarang karsa narendra
pun kapitan Hut puniki
lan tan ewah pasowannya
pukul gangsal sowan sami.
96. Sagung kapitan puniku
apan Hut ingkang pangirid
pan mangkana Hut kapitan
umatur dhateng Narpati
Sinuhun kawula nadar
lamun rawuh Kangjeng Gusti.
97. Pangran Dipanagareku
kawula badhe ngaturi
titihan mesem Narendra
ngandika kapitan becik
wus luwar enjing winarna
kurnel Kleres apan prapti.
98. Saking Magelang puniku
lajeng sowan ing Narpati
mangkana kurnel aturnya
kawula pan sampun panggih
lan sudara dalem jendral
kintun tabe lawan malih.
99. Kintun arta mring pukulun
sadasa ewu Dewaji
dangu kendel Sri Narendra

mangkana ngandika aris
ya kurnel ingsun tarima
pasrahna mring basah iki.

100. Pan apa karepe iku
ingsun ora amangeni
gya tinampen marang basah
Martanagara lan malih
Dyan Basah Gandakusuma
ingkang arta warni kalih.
101. Abrit lawan pethak iku
kurnel ajeng matur malih
bilih marengi Narendra
pan prayogi kintun tulis
paduka dhumateng jendral
Sri Narendra ngandika aris.
102. Kurnel layang apa iku
kurnel mangkana turneki
punapa karsa paduka
Dewaji apan prayogi
Sang Nata mesem ngandika
kurnel ewuh ing tyas mami.
103. Apan rong prakara iku
kang dhignin bebasaneki
lawan kapindhone ika
ingsun pan tan darbe kapti
lawan jendral durung ana
layange kang prapta maning.
104. Dadya ewuh ing tyas ingsun
kalamun ingsun dhingini
dene ta ingkang bicara
alelayang mapan mami
ayun katemu pribadya
yen wus prapta wektuneki.

105. Kurnel mangkana turipun
pan serat sanes Dewaji
inggih lawan bab bicara
dene jendral seratneki
apan sampun langkung kathah
kang katur paduka Aji.
106. Paduka mapan satuhu
satunggal dereng mangsuli
mesem Sang Nata ngandika
heh kurnel bener sireki
nanging ta wus kasep padha
lan ewuh bebasaneki.
107. Kurnel Kleres aturipun
inggih adat kang rumiyin
apan sagung nama Sultan
samya eyang sebatneki
dhumateng jendral sadaya
Sri Narendra ngandika ris.
108. Ya kurnel bener sireku
lamun adat ingkang dhingin
pan Sultan gaweyanira
jendral de sun tan kinardi
kalawan maninge iya
kurnel apan ewuh yekti.
109. Pan jendral kuwasa nebut
mring basah layange dhingin
iya wayah sebutira
layange ingsun udani
lawan wangslane basah
iya eyang sebutneki.
110. Apan dadi padha ingsun
lan basah pan abdi mami
kurnel mangkana aturnya

pan estu sanes Dewaji
inggih yen wayah punika
wonten andhap wonten inggil.

111. Angandika Sang Aprabu
heh kurnel wus nora dadi
kajaba kalamun ana
ya layange jendral maning
pan kena sun arah-arah
iya ing wangulan mami.

112. Kurnel Kleres gya tumungkul
tan purun matura malih
pan sampun luwar Sang Nata
kang sewaka bubar sami
kurnel mantuk mring pondhokan
mangkana pan sareng enjing.

113. Kurnel sowan malih ilea
Sri Narendra tanya aris
paran kurnel wartanira
jendral apa sida prapti
marene kurnel aturnya
apan sampun tamtu Aji.

114. Jendral inggih prantanira
ngawoni dhateng mariki
nging saweg nimbali basah
punika kang den entosi
benjing-enjing kados prapta
Basah Prawiradirjeki

115. Lan Pangeran Basah iku
Sumanagara Dewaji
lan kancanipun sadaya
lamun sampun sami prapti
pan inggih pandugi kula
jendral nunten lajeng prapti.

116. Mangkana ingkang Sinuhun
pangesthining jroning galih
yen jendral kongsiya prapta
ing kene pan ingsun pasthi
mangsa wurunga den undang
utawa prapta pribadi.
117. Nora nggawa bala iku
pasthi sun kon amalesi
den undang tan gawa bala
paran nggoningsun mangsuli
sabab sun wus kadchinginan
tandha nganggo angenteni.
118. Basah loro praptanipun
sun duga bakal kon ngiring
iya mring praptaning jendral
nadyan yen den undang mami
tan wurung kurnel kewala
sakancane den kon ngiring.
119. Kalamun tan gelem ingsun
dadya kalah bener mami
sabab jendral dhingin prapta
iya marene ngalahi
kalamun gelema ingwang
pan kasor temahaneki.
120. Lan banget pakewuhingsun
yen tan nggawa bala mami
mangkana Sri Naranata
sarwi mesem dennya aris
heh kurnel apa ta sira
nora kasusahan iki.
121. Lamun jendral prapta iku
iya kapethuk ing endi
mangkana kurnel aturnya

inggih nggen kula pribadi
Sri Narendra angandika
sira kurnel ana ngendi.

122. Kurnel Kleres aturipun
pan saenggen-enggeneki
kalawan kanca sadaya
dalan wande dipun endhiih
dhateng ingkang dherek jendral
mesem ngandika Sang Aji.
123. Lamun kaya mangkoneku
dadya akeh susahneki
dadi kurang cukupira
apan iku durung prapti
Dipanagara kalawan
ingkang ngiring kabeh benjing.
124. Iya yen tekaa iku
saya wuwuh susahneki
kurnel lamun rembug sira
prayoga ingsun pribadi
kang ngalahi mring Magelang
lawan ingsun ayun uning.
125. Apan ing Magelang iku
lan jendral sun duga iki
kaya maksih sayahira
karo dening kurnel maning
pan mangsa nuli rampunga
iya aneng kene iki.
126. Sanajan lawasa ingsun
neng Magelang manggon iki
sabab iki sasi Ramlan
was tan kena bicareki
lawan jendral saguhana
anggawekaken mring mami.

127. Pasanggrahan marang ingsun
cukup ingsun enggoni
kabeh lan sawadyaningwang
mangkana kurnel turneki
Sinuhun pandugi kula
yen jendral kados kadugi.
128. Kalayan pandugi ulun
jendral langkung dhingineki
sabab paduka Narendra
apan kathah mikawoni
antawis manah kawula
gunung rebah dipun sanggi.
129. Dados paduka Sinuhun
pan kirang legawa yekti
lawan panuwun kawula
ing salebetipun inggih
mapan ing wulan Ramelan
paduka den kerep panggih.
130. Kalawan jendral Sinuhun
derapon wanuh Dewaji
apan kaot Sri Narendra
wus wanuh lan dereng yekti
kalamun tiyang rembagan
pan kenging dipun sesambi.
131. Lawan pagujengan tuhu
yen sampun wanuh Dewaji
Sang Nata mesem ngandika
kaya paran kurnel dening
nggonging nyambi guyon ika
lamun rembug nora dadi.
132. Mapan sun dadi kabutuh
yen ingsun tan aweh bali
mring Bagelen maning iya

kurnel Kleres aturneki
Sinuhun nadyan rempu
neng Magelang sun lampahi.

133. Mangsa tegaa pukulun
dhumateng Kangjeng Dewaji
Sri Narendra angandika
ya kurnel tarima mami
lawan sapa kang prayoga
sun kongkon mring jendral iki.
134. Ndhawukake karsaningsun
kurnel kleres aturneki
kajawi karsa Narendra
pan Kaji Ngisa prayogi
wah pun basah pangalasan
sabab punika kekalih.
135. Lawan jendral sampun wanuh
lan sumerep karsa Aji
lamun kawula utusan
saliyanipun Dewaji
tan sumerep karsa Nata
mindhak ngaping kalih kardi.
136. Mapan inggih sampun tamtu
jendral lega manahneki
dhumateng karsa Narendra
Sang Nata ngandika aris
wus kurnel kon mangkat padha
namung iya tabe mami.
137. Kirima mring jendral iku
lawan aja bali-'oali
lamun aku durung dadya
bekal pasanggrahan mami
kurnel Kleres aturira
sandika nya luwar Aji.

138. Kurnel Kleres pan wus mantuk
Kaji Ngisa den dhawuhi
mapan lajeng kinen mangkat
lawan Basah Ngabdullatip
wau dhumateng Magelang
lan wineling niskareki.
139. Ing Karsa Kangjeng Sinuhun
marang kurnel Kleres iki
datan winarna ing marga
Magelang pan sampun prapti
nulya panggih lawan jendral
kaji lawan Ngabdullatip.
140. Wus dhinawuhaken sadarum
ingkang miskara karsa Ji
jendral Dhe Kok langkung suka
nulya andhawahken aglis
dhateng residhen Magelang
karya pasanggrahan Aji.
141. Sagung griya agung-agung
pan lajeng kinen mbedholi
griyanya Den Danuningrat
lawan Mangunkusumeki
apan den elih sadaya
sabab Basah Ngabdullatip.
142. Ing pundi pinilih iku
kang papan jendral nuruti
residen apan tan kena
lamun suwalaa iki
ingkang pinilih mring basah
prenah ler kilening loji.
143. Ing Metesih namanipun
mapan angongkang Peragi
kinerig sagunging tiyang

Kedhu sami nambut kardi
pan jendral Dhe Kok pribadya
lan residhen Paleg iki.

144. Ingkang njenengi puniku
ngantos kathah janma mati
apan katiban dandanan
pan saking kasesaneki
sabab namung winanganan
pitung dina mring Narpati.
145. Jendral semu isinipun
pitung dina yen tan dadi
marma langkung kasesanya
mangkana apan wus dadi
mung kedhik-kedhik kewala
lan kantun ngresiki iki.
146. Jendralnya utusan ika
mring kurnel pan mawi tulis
tur uninga mring Narendra
lamun pasanggrahan dadi
mung kirang kedhik kewala
lan basah wus sami prapti.
147. Apan sampun kenging iku
lamun dipun pasanggrahi
jendral sumarah kang karsa
mangkana kurnel anuli
sowan dhumateng Sang Nata
lan mbekta nawalaneki.
148. Nenggih jendral Dhe Kok iku
nanging aksara Walandi
winaca kurnel pribadya
nanging ingkang nama masih
anyebut amana lama
dadya bendu Sri Bupati.

149. Dene jendral tambung laku
owah lan adate iki
najan komisaris jendral
De Bis pan wus nyebut dhingin
iya marang jeneng ingwang
dadi ngajak nora becik.
150. Wus kurnel muliha iku
pan durung karuwan mami
nulya kundur Sri Narendra
manjing pasarean nuli
kurnel langkung ajrihira
rumaos kalajeng iki.
151. Pan sanget nggennya kaduwung
sapraptanya pondhokneki
lajeng datan ajeng nedha
apan langkung susahneki
lawan datan tinimbalan
yun sowan pribadi ajrih.
152. Nulya Radyan Dipatiku
tur uning mring Sri Bupati
yen kurnel langkung susahnya
apan datan mijil-mijil
gung kolonenipun panggya
kurnel tan purun manggihi.
153. Yen pareng ingkang Sinuhun
luhung den dhawuhna yekti
kang dados karsa Narendra
kantenan witipun Gusti
nenggih kurnel manahira
awon lawan saeneki.
154. Mangkana nulya tinurut
aturnya Radyan Dipati
kaji kalih kang dinuta

andhawuhken duka Aji
Kaji Badarudin lawan
Kaji Ngabdullah puniki.

155. Mas pangulu lagi mantuk
apan lawan Ki Melangi
dhumateng pondhokanira
saking ecaning tyasneki
pan badhe nusul kewala
dhumateng Mateseh kalih.
156. Sabab kurnel sagahipun
sabarang karsa Narpati
apan wus datan suwala
myang sagung kolone sami
tepangnya lan pra dipatya
tanana tinaha iki.
157. Badarudin prapta sampun
mring kurnel pondhokaneki
ingundang mring patileman
kurnel saking susahneki
apan datan medal-medal
gya dhinawuhaken nuli.
158. Ingkang dadi tyas Sang Prabu
lamun kurnel tan nyagahi
Sri Narendra datan arsa
panggih lan jendral sayekti
yun kundur malih kewala
kurnel mring Bagelen malih.
159. Kurnel Kleres ris amuwus
heh ta Dullah Badarudin
pan tanggel karsa Narendra
apan sampun prapteng ngriki
lan sampun dhawuhken ika
ubaya lan jendral panggih.

160. Dene prakawis puniku
bok sampun Sinuhun galih
kapanggih marang kawula
pangraos kawula yekti
punika amung bebaya
derapon lepat Narpati.
161. Rumiyn kawula matur
punapa karsa Narpati
upami tan kadadosan
sanajan tanglet sayekti
pan inggih sami Walanda
sayekti kula lampahi.
162. Yen edreng pitajeng tuhu
Kangjeng Sultan marang mami
Dyan Basah Martanagara
heh ta Kaji Badarudin
wus den enggal aturana
marene katemu mami.
163. Ningalana jangjiningsun
ayo padha sumpah iki
Dyan Basah Martanagara
nyepenga pratanda mami
pratandhane Raden Basah
ya ingsun ingkang nyekeli.
164. Heh ya Badarudin ingsun
pan wus tan nedya gumingsir
sabarang karsa Narendra
wus sumedya sun labuhi
pan tan sedya urip ingwang
lamun tan dadi karsa Ji.
165. Lan kabeh sakancaningsun
wus sedya tan ana mulih
marang nagara Walanda

badane nyawane iki
atur kabeh mring Narendra
apa sakarsa Narpati.

166. Sanadyan rerempon iku
neng Magelang sun lakoni
yen tan dadi karsa Nata
iya Kaji Badarudin
Sri Narendra apan kena
iya lamun den cidrani.
167. Gusti Allah ingkang sagung
pan mangsa kilapa pasthi
atase sagung manungsa
ingkang gawe mung sawiji
kawula lamun dinutan
dhumateng Sri Narapati.
168. Pan banjur eling tyasingsun
wus mulih matura nuli
iya marang Sri Narendra
anuwun praptane iki
Dyan Basah Martanagara
apan kalawan kang rayi.
169. Basah Gandakusumeku
nulya Kaji Badarudin
kalawan Kaji Ngabdullah
umatur mring Narapati
pan anglir kang sampun mungal
ing ngajeng wau puniki.
170. Gya pilih dukanya Prabu
mangkana ngandika aris
heh Badarudin balia
dhawuhna mring kurnel aglis
apan banget sun tarima
prasetyane marang mami.

171. Nora susah nganggo iku
layang pan wus sun sakseni
muga Allahu tangala
netepena kang prajanji
ya wus nora susah basah
santosa rabul ngalamin.
172. Kaji Badarudin wangsul
lan Kaji Ngabdullah iki
wus panggih lan kurnel nulya
dhinawuhaken sagunging
kang pangandika Narendra
marang kurnel Kleres iki.
173. Mangkana wus tan cinatur
sareng enjing kan winarni
Kaji Ngisa apan prapta
lajeng sowan mring Narpati
kinengken jendral punika
mangkana ing aturneki.
174. Gusti kawula ingutus
dhateng jendral Dhe Kok inggih
apan lawan kinanthenan
satunggal kurnel kang patih
sudara dalem pribadya
jendral langkung ngarsi-arsi.
175. Ing rawuh dalem Sinuhun
sadinten punika yekti
sampun jangkep kang ubaya
pitung dinten pan samangkin
dene pasanggrahna Nata
apan sampun dados sami.
176. Pan jendral pribadi tuhu
ingkang asring anjenengi
marmanya enggal punika

lawan kurnel aturneki
inggih sadinten punika
rawuh dalem suratneki.

177. Marmanipun ngayun-ayun
jendral dhateng paduka Ji
pan sareng siyang punika
tita yen tan rawuh aji
jendral langkung gugupira
tinarka wonten prakawis.
178. Apan milamba Sinuhun
ingkang kinengken Dewaji
lawan jendral patihira
nenggih kurnel lenggahneki
pan samya numpak kareta
mrih enggale lampahneki.
179. Mangkana ingkang Sinuhun
mesem angandika aris
heh ta iya Kaji Ngisa
pan samengko ana ngendi
jendral Dhe Kok kongkonannya
Kaji Ngisa aturneki.
180. Kendel wonten pondhokipun
inggih kurnel Kleres Gusti
wau saweg ayun nedha
Sang Nata ngandika aris
heh kaji sira undanga
kurnel sakarone iki.
181. Kaji Ngisa nembah mundur
saking ngarsanya Sang Aji
tan pantara nulya prapta
ing ngarsa kurnel kekalih
ri wusira tata lenggah
kurnel kengkenan turnya aris.

182. Pan inggih kula ingutus
ngaturaken tabeneki
nenggih sudara Narendra
jendral Dhe Kok lawan inalih
sudara dalem anerang
benjing punapa Dewaji.
183. Rawuh dalem Jeng Sinuhun
ing Magelang tamtuneki
kalawan kinen anerang
punapa paduka Aji
mawi amundhut kareta
lan jendral badhe ngaturi.
184. Hurmat ing paduka tuhu
mriyem angandika Aji
heh kurnel wus sun tarima
kareta lan mriyemneki
kalawan sira tutura
mring jendral pan angkat mami.
185. Pan iya Senen suk-esuk
kurnel mangkyा matur malih
lamun basah sampun prapta
punapa karsa Narpati
Sri Narendra angandika
wis mepeka kabeh nuli.
186. Kurnel Kleres gyā umatur
kawula nerang Dewaji
ing benjing-enjing punika
tedhak dalem saking mriki
Sinuhun wanci punapa
Sri Narendra ngandika ris.
187. Heh ta kurnel karsaningsun
sagung dharat dimen dhingin
sabab yen iku barenga

kasusu panduga mami
mengko bengi pukul papat
kang dharat angkatna dhingin.

188. Kurnel apan malih matur
menggah lampah kados pundi
punapa inggih ewaha
punapa ta inggih maksih
kados ingkang kalampahan
Sri Narendra ngandika ris.

189. Ya karnel pan maksih iku
ja owah kaya kang dhingin
wus rampung karsa Narendra
kurnel patih anulya mit
dhumateng Sri Narendra
Sang Nata ngandika aris.

190. Kurnel amung tabeningsun
mring jendral tampakna iki
wus mundur kurnel kalihnya
mangkana wus tan winarni
ing dalu kang kawarnaa
Menoreh rame gung janmi.

191. Samya tata-tata iku
Magelang mangkono maning
tan wonten ingkang Narendra
sabab arsa methuk sami
pan sareng pukul sakawan
dalu plangkir pangkat aglis.

192. Langkurg rame swaranipun
salomprrt myang tamburneki
ing wuri pan sinambungan
gung prajurit dharat sami
mangkana wus tan winarna

sareng pukul pitu enjing.

193. Nenggih kurnel Kleres iku
wus anata usarneki
baris neng lurung samya
lajeng sowan ing Narpati
Dyan Basah Martanagara
wus anata kang prajurit.
194. Sagung kang kapalan iku
baris ing pasowan sami
sampun samekta sadaya
Jeng Sultan ngandika aris
heh kurnel sira dhingina
sagung usar kon neng arsi.
195. Pan kapitan Hut puniku
mapan lajeng den dhawuhi
nenggih lan kaptin sekawan
ingkang ngirid usar sami
nyalompret anulya budhal
yen pinirsa nggegirisi.

GIRISA

Pupuh XXIX

1. Kurnel Kleres apan nulya
mundur sing ngarsa Narendra
angiring Raden Dipatya
lan Basah dulkatip ika
neng wingking usar lampahnya
nulya sinambungan ika
Dyan Basah Gandakusuma
ngirid sagung pra dipatya.
2. Aneng wingking lampahira
mring sagung prajurit samya
ingkang kapalan sadaya
punika kang aneng ngarsa
Dyan Basah Martanagara
ingkang nambungi punika
kalawan sawadyanira
apan kapalan daya
3. Nulya Kangjeng Sri Narendra
punakawan aneng ngarsa
wingking kaji lan ngulama
samarga samya gambira
kendel lampahnya Narendra
aneng ing sakilen Praga
sabab rendhet lampahira
saking kathahing kang wadya.
4. Ngantos mandhelong kretegnya
kang kuda tinuntun samya
mangkana kurnel winarna
wangsl ngirid Kaji Ngisa
sowan Kangjeng Sri Narendra
kinengken jendral punika

Kaji Ngisa aturira
Sinuhun inggih kawula.

5. Angaturken tabenira
nenggih sudara paduka
pan jendral Dhe Kok punika
mratelakaken sadaya
inggih sagung kang niskara
Dyan Basah Prawiradirja
lan pangran basah punika
inggih pun Sumanagara.
6. Lan sagung kang pra dipatya
namung kendel panji rangga
ingkang pinethukken samya
prajurit pajar sadaya
maksih kantun Gawok samya
sabab tan kangkat papannya
Sinuhun pan sapunika
kendel sawetaning Praga.
7. Jendral sumangga Narendra
lan usar Magelang samya
pinethukaken sadaya
ingkang angirid punika
Mayor Peri tunggil samya
lan usar dalem punika
lan Basah Prawiradirja
wonten sawetaning Praga.
8. Kalawan sakanganira
mangke yen rawuh paduka
kang badhe methuk punika
kurnel Kukis kanthinira
residhen Maglang punika
saha jendral pitungkasnya
Sinuhun apan kawula
inggih kinen angantosa.

9. Yen sampun rawuh Narendra
sagung kang pra upsir samya
punapa linilan Nata
atur tabe ing paduka
lan jendral panuwunira
punapa sareng Narendra
yen samya lenggah atata
inggih ing kursi sadaya.
10. Lamun tan linilanana
datan kawrad panggenannya
sabab rupak papanira
Sri Narendra angandika
heh ta iya Kaji Ngisa
wus apa saprayogyanya
jendral sun turuti iya
wis ywa sumelang ing driya.
11. Wis Kaji Ngisa dhingina
tabeningsun tampakena
mring jendral kurnel aturnya
lamun pareng Sri Narendra
kula yun ngrumiyinana
Sang Nata aris atanya
ndhisiki pa karyanira
Kurnel Kleres aturira.
12. Badhe nglebeti sadaya
dhusun ingkang celak marga
bilih wonten kang dursila
Sinuhun dhateng paduka
wis kurnel sakarepira
nulya budhal Sri Narendra
datan ewah tatanira
wus rawuh sawetan Praga.
13. Mayor Peri apan nulya
atur tabe mring Narendra

ri wus Sang Nata ngandika
heh mayor sira dhingina
kabeh lan sakancanira
mayor sandika aturnya
gya budhal usar sadaya
Kedhu lan Bagelen ika.

14. Wus kumpul dadya sajuga
ingkang lumampah neng ngarsa
ing wuri kurnel punika
pan lawan Raden Dipatya
ingiring kang basah tiga
kalawan sakancanira
nulya sinambungan ika
Dyan Basah Gandakusuma.
15. Dyan Basah Martanagara
nulya Kangjeng Sri Narendra
ginarebeg pan ngulama
lan kaji Magelangprapta
kurnel mudhun saking kuda
umatur mring Sri Narendra
punika apan meh prapta
Sinuhun punapa karsa.
16. Sadaya kanca punika
maksiha ana ing marg
punapa neng wingking Nata
lan sampun resik sadaya
Sinuhun ngajeng punika
Sri Narendra'angandika
heh kurnel iya maksiha
lumaku ngarep kewala
17. Wis mara padha angkatna
kurnel aturnya sandika
gya mangkat wus tan winarna
ing loji Magelang prapta

sagung usar baris samya
mung kurnel Kleres pribadya
ingkang mudhun saking kuda
angampingi Sri Narendra.

18. Sareng tedhak saking kuda
Sri Narendra apan nulya
kurnel Kokis lan kanthinya
Residen Peleg punika
methuk sarwi ngampil asta
Sri Narendra sampun panggya
jehdral De Kok punika
jendral methuk sawatara.
19. Ri wus tata lenggah samya
jendral lawan Sri Narendra
nging jendral bebasanira
maksih nebut nama lama
dadya Nata tan ngandika
nulya para upsur prapta
sareng sagung pra nayaka
pan sami ngadeg sadaya.
20. Mung jendral lan Sri Narendra
ingkang alenggah punika
nulya jendral tembungira
dhumateng Sri Naranata
tuwan punapa parenga
upsir atur tabe samya
Sang Nata manthuk kewala
nulya tur tabe sadaya.
21. Gya sagung kang pra nayaka
tabean lan jendral samya
ri wus jendral malih tanya
punapa kalilan samya
lenggah neng kursi sadaya
Sang Nata inggih sabdanya

majeng ngaler lenggahira
jendral lan Sri Naranata.

22. Gung hupsir neng wet an samya
pan majeng ngilen sadaya
basah lawan Den Dipatya
myang sagung kang pra pratiwa
aneng -kilen lenggahira
majeng mangetan punika
kurnel Kleres pan mangkana
tumut neng kilen punika.
23. Mapan jeng-ajengan ika
lan kurnel Kokis punika
jendral De Kok datan suka
kinen ngalih ngetan nulya
kurnel sanget isinira
Sri Narendra kundur nulya
dhumateng pasanggrahannya
ingkang ndherekken punika.
24. Residen Paleg kalihnya
mayor Daktus tan winarna
Meteseuh rawuh Narendra
mayor lan residen ika
sampun pamit kalihira
mangkana wus tan winarna
jendral pan kengkenan ika
nenggih Dyan Mangunkusuma.
25. Angaturi kang pratanda
sobat dhumateng Narendra
kuda dhawuk remeng ika
pan langkung geng inggilira
bagus maksih enim iya
kinasihan mring Narendra
wonten antawis punika
kalih dinten pan mangkana.

26. Nenggih Den Mangunkusuma
kinengken mring jendral ika
pan mangkana tembungira
Sinuhun amba dinuta
dhateng sudara paduka
jendral ngaturaken ika
nenggih jeng ibu paduka
Kangjeng Ratu Ageng ika.
27. Lan putra dalem katiga
nenggih Jeng Pangran Dipatya
lawan Raden Ayu Basah
Dyan Ajeng Munthing punika
sareng myarsa Sri Narendra
dangu kendel tan ngandika
duk nguni tan uning warta
yen kang ibu kawlasarsa.
28. Tan wonten purun matura
dadya semu duka Nata
mring basah Matawis tiga
duk nguni sagah angreksa
tinantun ing Sri Narendra
wasana temah mangkana
semu sanget isinira
mung enget purbaning Suksma.
29. Dyan Menggung Mangunkusuma
tumingal Sang Nata duka
apan sanget ajrihira
pan nulya aris aturnya
Sinuhun Jendral punika
apan rumeksa kewala
dhateng jeng ibu Narendra
lan putra dalem katiga.
30. Marma ing mangke katura
Sang Nata aris ngandika

heh iya Mangunkusuma
sira tutura narima
mangkana ris tan winarna
kaiih dinten watawisnya
pan kurnel Kleres punika
sowan dhumateng Narendra.

31. Apan nuwun pamit ika
mantuk Bagelen nagara
lawan Rahaden Dipatya
Sri Narendra angandika
heh kurnel yen mulih sira
ya sapa rowang manira
kang sun ajak rembug iya
kurnel Kleres aturira.
32. Pan kawula mboten lama
nunten wangsl Sri Narendra
nenggih jendral parentahnya
apan kinan mbayar kanca
Sri Narendra angandika
dene mayor isih ana
kurnel mangkana aturnya
pan kirang cekap Narendra.
33. Yen wonten karsa Narendra
pun kapitan Hut punika
ingkang kula tilar Nata
lan usar sat us punika
Sri Narendra angandika
heh iya nging poma-poma
kurnel aja lawas sira
kurnel sandika aturnya.
34. Mangkana wus tan winarna
Dyan Basah Prawiradirja
lan Basah Sumanagara
kalawan sakancanira

nuwun pamit ing Narendra
mantuk ing Mataram samya
sabab tan cukup papannya
mapan jendral welingira.

35. Yen sampun bakda punika
sadaya kinén wangsula
wus marengi Sri Narendra
kala ing wektu punika
abdinya Sri Naranata
ing Matawis apan samya
prapta anusul sadaya
prajurit pangrembe ika.
36. Ngampil gandhek prayantaka
martalulut pan de singa
kemasan Singanagara
kalang gowong gamel daga
padharan punakawannya
kaparak pepak sadaya
Pajang Kedhu Baglen ika
kang kantun nusul wus prapta.
37. Prajuritnya Sri Narendra
dadya langkung kathahira
kebegan Magelang samya
semu giris manahira
pan jendral De Kok punika
Magelang keh ngili samya
pan langkung awrating karya
pan iya sadina-dina.
38. Karya pasanggrahan ika
pan kebak-kebak kewala
langkung kathah kang sugata
maesa gangsal sadina
dhateng prajurit kewala
lawan pangrembe punika

tumenggung sapangginggilnya
apan matengan sadaya.

39. Segahnya jendral punika
tan wonten ingkang kendela
tiyang Magelang sadaya
ing siyang dalu mangkana
dene ing wektu punika
Residen Paleg kanthinya
Mayor Daktus lampahira
sowannya gilir kewala.
40. Pan enjing sonten punika
Raden Basah pan mangkana
saben dalu panggihira
kalawan jenderal punika
kalawan sakancanira
pangkat tumenggung punika
kang ageng-ageng kewala
jan asring ingajak pista.
41. Dhumateng jendral punika
nging Sang Nata datan karsa
pan amung Basah kewala
ingkang kinen nglampahana
nanging asring apepanggya
jendral kalawan Narendra
mapan gentos panggihira
terkadang jendral kang prapta.
42. Dhateng ing Matesih ika
terkadang Sri Naranata
kang rawuh Magelang ika
wus tan ana jaga taha
lan asring gujengan ika
sabarang kinarya suka
Kangjeng Ratu Geng winarna
andangu dhateng Narendra.

43. Kangen kang wayah sadaya
mangkana kang pangandika
Sultan pa sira pitaya
saupama angundanga
mring sagung rerepotira
ingsun kangen putu padha
Sri Narendra aturira
kalamun purun duraka.
44. Inggih sakedhik kewala
kados sampun tan punapa
sabab jendral tepangira
apan langkung sapunika
inggih dhumateng kawula
Kangjeng Ratu Geng ngandika
bok iya yen tan ngapaa
Sultan wus aja kedawa.
45. Kadya wus karsaneng Suksma
Sang Nata gampil tyasira
nuruti kang ibu ika
nulya kinen nimbalana
wau dhateng Kaji Ngisa
ingutus mring jendral ika
mundhut sagung repot samya
nenggih praptanya sadaya.
46. Samya neng Gowok punika
tunggil lan basah kalihnya
jolong neng kadhaton ika
marmanira Sri Narendra
pinundhut mring jendral ika
lawan ngiras kang wahana
atanapi. ingkang mbekta
jendral langkung sukanira.
47. Rumaos yen Sri Narendra
mring jendral sampun pracaya

mangkana Seh Kaji Ngisa
gya binektan serat nulya
dhateng Residhen Ngayogya
jendral sanget parentahnya
aja nganti kurang iya
mangkana wus tan winarna.

48. Kalih dinten nulya prapta
sagung rerepot sadaya
mangkana Sri Naranata
kang ingutus methuk ika
Dyan Basah Gondakusuma
lan mantri lebet sadaya
kapethuk ing Tidhar ika
kawarnaa putra Nata.
49. Maksih timur kalihira
Raden Mas Jonet namanya
lan Raden Mas Rahib ika
kalih sanderan kewala
saking kangen mring kang rama
ingaturan datan kena
kalajeng mring loji ika
lawan jendral sampun panggya.
50. Marengi neng ngemper ika
kalawan Residenira
lawan sedya yun uninga
mring rerepot prantanira
semu kagyat jendral ika
tumingal putra kalihnya
dene tan ingiring janma
kalih maksih timur samya.
51. Mendahane yen agenga
tinarka wanter badhenya
nanging jendral sampun nduga
yen iku putra Narendra

pan tanya maksih neng kuda
pasanggrahannya kang rama
jendral De Kok mesem ika
kalawan aken kendela.

52. Raden Mas kalih tan kena
lajeng nyander kalih ika
samarga-marga mangkana
ataken dhateng Walanda
singa kapethuk tinanya
mapan ing waktu punika
Walanda sanget aringnya
dhumateng Islam sadaya.
53. Mangkana kalih wus prapta
aneng ngarsaning Narendra
pan lajeng nungkemi pada
Raden mas kalih karuna
Sang Nata mesem ngandika
wus kulup padha menenga
mangkana wus tan winarna
praptanya repot sadaya.
54. Sangsaya malih kathahnya
salaminya Sri Narendra
aneng Matesih punika
sagung wong Kedhu sadaya
tan wonten ingkang kendela
sabarang parentahira
Dyan Basah Martanagara
jendral nuruti kewala.
55. Lawan kathah samya prapta
sagunging tyang Kedhu samya
atur-atur mring Narendra
sabarang gaduhanira
sagung wong Kedu punika

Residhen dados manahnya
pinenging pan datan kena
tan keringan parentahnya.

56. Salaminya Sri Narendra
wonten ing Kedhu punika
Residen Paleg anulya
nyereg mring Dyan Basah ika
wonten ngarsanya Narendra
pan mangkana sabdanira
Dyan Basah kados punapa
pan tiyang Kedhu punika.
57. Kathah kang lumebet ika
prajurit dhateng paduka
dados kether darel kula
kalayan suda paosnya
kalih samangke kawula
ngraos tan kineringana
saben wonten tiyang prapta
atur-atur mring Narendra.
58. Kula ken mriki kewala
mring kula tan kenging ika
dados kula sapunika
Dyan Basah pan tanpa karya
Residhen nganggur kewala
Dyan Basah Martanagara
pan mangkana saurira
Residhen pan bab punika.
59. Sagung tiyang ingkang samya
andhatengken tresnanira
kunjuk Jeng Sinuhun samya
Residhen kula tan ninga
pan inggih sadayanira
sabab arang metu kula
pan malih dika anarka

ing kanca Kedhu kang samya.

60. Malebet prajurit ika
kang anyar tan weruh kula
kajaba kang lawas samya
residhen ewon punika
manawi saking kathahnya
dados kula tan uninga
residhen malih anabda
Raden Basah pan punika.
61. Tiyang majegan sadaya
lawan nyanggi darel samya
lamun kirang pajegira
lawan kether ingkang karya
tan wande dinukan kula
Sri Narendra angandika
lamun mangkeneku iya
bener Paleg dadinira.
62. Sabab ing samengkonira
wong Kedhu pan lagya nengga
sabarang parentahira
basah residhen kang nengga
sakala neng kene iya
pangan sun Kedhu kang dadya
galadhag ngladeni sira
yen upama tan cukupa.
63. Pasthi Basah srengen sira
lamun kaya mangkonoa
dadya sireku kinarya
ampingan wong ingon ika
mangkene karya manira
prajurit Kedhu kumpulna
iya si Mangkukusuma
sira konen milihana.

64. Kalamun ana kang nyata
wongira sira ulungna
dyan basah matur sandika
nulya lengser saking ngarsa
lan Raden Mangunkusuma
ngandika malih Narendra
heh residhen wruhanira
prakara wong padha prapta.
65. Kang weweh marang sun iya
aja dadi atinira
pan wus adate wong Jawa
lamun iya ngrungu warta
ingsun pareg padha teka
anggawa saduwekira
tan etung tebu lan gula
pinenging mangsa kenaan.
66. Jer iku wus padha ngrasa
yen ingsun lajering Jawa
kalamun sira nyegaha
dadya kaniayanira
marma aja dahwen sira
den cegah mangsa gelema
sanadyan basahku iya
arang weruh dhasar nyata.
67. Raden Basah kang winarna
dennya ngumpulaken iya
prajurit Kedhu sadaya
lan Raden Mangkukusuma
pan sampun pepak sadaya
nulya Dyan Mangunkusuma
kinen milihi punika
kang anyar pan ora ana.
68. Apan sajuga kewala
sadaya lami punika

nulya wangsul kalihira
wus prapta ngarsa Narendra
gya warti Mangunkusuma
dhumateng residhenira
kalamun tan angsal ika
prajurit lami sadaya.

69. Paleg sanget isinira
pan lepat panarkanira
dhumateng basah punika
dadya termungkul kewala
sinamar mring Sri Narendra
mangkana kang pangandika
residhen sira tutura
mring jendral De Kok yen lega.
70. Pan ingsun mundhut Walanda
sun kon ngenggalaken ika
iya mring Dipanagara
pan wus lawas durung prapta
lan tan ana kabarira
dadya sumelang ing driya
wantu wong anom ku iya
manawa kaleru tamp a.
71. Si Tenes kang ingsun duga
lan Menggung Jayalalana
wus lawas tan ana prapta
kang dadya watirku iya
basah kang ngemongi iya
loro pan padha digsura
Imam Musbah kanthinira
Suryawinata marmanya.
72. Dadya sumelang ing nala
nging nggawaa layangira
si Basah Martanagara
Residhen matur sandika

Sri Narendra angandika
mring Basah Martanagara
agawea layang sira
kang terang mring arinira.

73. Wenehna residhen nulya
dyan basah matur sandika
mangkana wus tan winarna
enjing malih kawarnaa
mayor Daktus sowan ika
dhumateng Sri Naranata
pagujengan langkung suka
lan Basah Martanagara.
74. Yen Nata ingarsa-arsa
mring jendral apan wus lama
tan panggih lan jendral ika
Raden Basah aris nabda
gih mayo leres andika
nadyan jendral gih pun lama
datan mariki punika
dadya walesan kewala.
75. Kados makaten andika
mapan sowan saben dina
kalih residhen andika
mayor sanadyana kula
lan Basah Gandakusuma
inggih saben dalu panggya
lan jendral mayor samya
kalawan gumujeng suka.
76. Gih Basah Martanagara
sesuk jendral mriki ika
mangkana wus tan winarna
enjing jendral kawarnaa
panggih lawan Sri Narendra

dhateng Metesih punika
lenggah mung ing kursi dawa.

77. Mung jengral lan Sri Narendra tunggal sakursi kewala kurnel mayor sadayanya lenggah neng kursi lit samya tanapi basah kalihnya mangkana jendral aturnya kengkenan kawula prapta Pangeran Dipanagara.
78. Mapan inggih sampun panggya lan mayor Magelas ika benjing-enjing kados prapta ing ngriki pandugi kula nanging mayor wartinira kang ndherek putra paduka apan namung seket ika Sri Narendra angandika.
79. Gih saonten-ontenira jer teka ngriki kewala ngilangke sumelang kula besuk-esuk wayah napa jendral mangkana aturnya pukul sakawan dugyamba mapan ing wektu punika wus tan ana sarumangsa.
80. Jendral lawan Sri Narendra upsir lan para dipatya mangkana enjing winarna Sang Nata angarsa-arsa mring Pangran Dipanagara Residhen Paleg gya prapta umatur yen tamtu prapta

Sinuhun putra paduka.

81. Nanging geseh seratira
mayor Magelis wartinya
mung kedhik kang ndherek ika
mangke kathah yektosira
mesem Kangjeng Sri Narendra
ngandika pan mengko apa
residhen aris aturnya
apan tamtu sapunika.
82. Pukul sakawan punika
sonten pan wus tan winarna
sareng pukul papat prapta
kalawan sawadya-wadya
mapan lajeng panggih ika
lan jendral De Kok punika
ri wusnya lengkah atata.
jendral De Kok wis nabda.
83. Pangeran Dipanagara
sagung prajurit paduka
kajengipun mandheg samya
neng Danuningratana ika
sabab Mateseh punika
pan sampun kebak punika
Jeng Pangran aris ngandika.
84. Sanajan kebak punika
pan kawula boten suka
inggih kalamun pisaha
lan prajuritnya Narendra
saha wong santri punika
datan bisa tebih toya
jendral mangkana sabdanya
yen susah prakawis toya.
85. Kawula sagahi ika

ingkang amundhutana toy
Kangjeng Pangran malih nabda
inggih kalamun kedhika
tiyang samanten kathahnya
tan wande suker punika
lamun tebih lan lepenny
jendral mangkana sabdanya.

86. Pangeran dika pribadya
tanggela rama paduka
nanging basah kalihira
datan purun kedah meksa
mangkana wus tan winarna
ing Meteseh sampaun prapta
dadya sanget kebakira
mbaleber ing Kulonpraga.
87. Jeng Pangran Dipanagara
lajeng sowan ing Narendra
ri wus angandika ika
kalawan basah kalihnya
Sri Narendra angandika
ndangu dhumateng kang putra
ya gene lawas ta sira
sun undang apa karanya.
88. Kangjeng Pangran aturira
saking tan pitajeng kula
lawan bawah kalihira
myang sagung ingkang pratiwa
kawula tantun punika
pan samya mopo sadaya
sabab den mokalken ika
lamun paduka karsaa.
89. Tedhak mariki nyektosnya
pan sareng Sumadilaga

prapta mbekta suratira
pun adhi basah punika
Martanagara Narendra
nggenipun ngandel sadaya
nunten malih wonten prapta
angenggalaken punika.

90. Seratipun adhi ika
apan kang mbekta Walanda
marmanya lajeng kasesa
Sinuhun lampah kawula
mesem Kangjeng Sri Narendra
bener kang maido iya
ingsun iki kulup prapta
nurut pangulu ngelmunya.
91. Lan pira prajuritira
kabeh kang bareng lan sira
Kangjeng Pangran aturira
gangsal belah sapunika
kabeh ingkang kantun samya
pan amba tilar kewala
Dewaji saking kasesa
Sri Narendra angandika.
92. Kulup jendral tuturira
mung seket prajuritira
mayor ingkang tutur iya
Kangjeng Pangran aturira
kados pun Magelis Nata
punika pan tan wuninga
sagung prajurit sadaya
kang wonten mung pra dipatya.
93. Nging kang wonten Pajang amba
punika mayor wuninga
lan ing wingking dugi amba
kathah ingkang nusul samya

tumenggung kalih Narendra
kawula tilar punika
ngentosi kang kantun samya
mangkana wus tan winarna.

94. Dyan Basah Martanagara
apan sinereg punika
mring Residhen Paleg iya
kalamun prajuritira
Pangeran Dipanagara
dene sadaya punika
pan akathah tiyangira
mayor ingkang urut marga.
95. Samya tumut ndherek ika
marma kathah sapunika
Dyan Basah matur Narendra
gya Pangran Dipanagara
tinimbalan sampun prapta
dinangu apan mangkana
Kangjeng Pangran aturira
Dewaji amba tan pirsa.
96. Kajawi basah punika
nulya kinen nimbalana
basah kalih sampun prapta
ing ngarsanira Narendra
dinangu kalih aturnya
Dewaji boten punika
sadaya prajurit lama
Sang Nata lon angandika.
97. Heh ta basah lamun nyata
kancanira lawas padha
ing sesuk padha pepakna
dimen pinilihan ika
marang si Magelis iya

yen nyata bilahi sira
basah kalih aturira
Sinuhun inggih sandika.

98. Malah kathah kantun samya
dereng sapalih punika
mangkana enjing winarna
pan lajeng pepak sadaya
Dyan Basah Martanagara
pan lajeng utusan ika
mring mayor Magelis nulya
samya kinen milihana.
99. Sagung prajurit sadaya
kalamun wong anyar nyata
nanging mayor datan prapta
wakil rasidhen kewala
pambatang tan angsal ika
dadya sanget isinira
mapan amung angsal sapta
pan gentho amor punika.
100. Dadya den gegujeng samya
mangkana ingkang winarna
pan kang nusul kathah samya
Walandi giris tyasira
tan pedhot sadina-dina
sagung ingkang janma prapta
jendral semu giris ika
kalawan upsir sadaya.
101. Residhen Paleg anulya
umatur dhateng Narendra
Sinuhun kados punapa
pan langkung kathah punika
sagung ingkang janma prapta
tan kantenan etangira

dados wewah segah kula
lan ngantos sanggen-nggenira.

102. Mesem ngandika Narendra
heh Residhen iku iya
prakara sesuguhira
pan aja kuwatir sira
wus aja kok pikir iya
mung apa saadatira
mangsa ora den pikira
marang si basah priyangga.
103. Lan maneh Residhen sira
ywa sumelang atinira
prakara janma kang prapta
sanajan silih kebaka
ing Magelang kabeh ika
pan iya sun tanggung padha
kalamun iku dadiya
kang tan becik wasananya.
104. Sanajan rusuh kewala
pan ingsun kang tanggung iya
nanging anggernya sajuga
ingsun lan jendral kewala
residhen aja sulaya
marma ingkang hangner sira
baya wus karsaning Suksma
kalamun ingsun kinarya.
105. Iya babuning wong Jawa
marma angger ngrungu warta
kewala anuli prapta
pan sagoningsun mangkana
marma aja kaget sira
mangkana wus tan winarna
residhen kang kawarnaa

Jeng Pangran Dipanagara.

106. Salaminya rawuhira
aneng Meteseh mangkana
jendral langkung resepira
asring ingaturan pista
pan saben dalu kewala
lan basah sakawan ika
myang sagung kang pra dipatya
pan kapala prang sadaya.
107. Dyan Mas Jonet Rahib ika
tan kantun lawan kang raka
kalamun tan wonten ika
jendral asring atetanya
kalamun sonten mangkana
ngaturan basiyar ika
jendral mirantosi kreta
apan ing sacekapira.
108. Basah myang kang pra punggawa
lamun sampun lajeng pista
pan saben-saben mangkana
dadya eca tyasnya samya
lan ical kang subasita
Raden Mas kalih punika
pan asring sarean iya
neng kursi jendral sandhingnya.
109. Pan wus tan na jaga taha
jendral mangkana sabdanya
Pangeran Dipanagara
yen rare eca tyasira
marmane inggih kawula
owel yen ngantos salaya
kalih rama jengandika.
110. Pangeran Dipanagara

kawula nedha paduka
lawan basah-basah samya
myang sagung pra kang dipatya
mugi sampun ngantos slaya
sabarang rembag punika
lawan rama jengandika
kalangkung ing owelira.

111. Tulusa sobat punika
basah myang kang pra dipatya
lan kang para upsur samya
pangeran sami tulusa
pan sobat kadya kawula
kalih rama jengandika
punapa dene andika
pangeran kalih kawula.

- 1 I 2. Pan kula nyukani tandha
sowan dhateng jengandika
apan punika kang renda
sami lan anggen kawula
lan basah-basah punika
kawula sukani samya
sami lan kurnel anggenya
mangkana wus tan winarna.

113. Ing kala wektu punika
Meteseh sagunging wadya
pan lagya kasengsem samya
dhateng ngibadah sadaya
sagung bar Jumengah samya
prajurit satus kedhiknya
punika golonganira
ngantos gangsai atus ika.

114. Sagolongannya pribadya
apan langkung rahab samya

kalamun dedolan ika
yen nuju kapethuk samya
saradhadhu nyimpang sigra
mangkana ingkang winarna
Sang Nata enjang pan arsa
meng-ameng mring gedhongira.

115. Residhen sapinggir marga
Sri Narendra yun uninga
lir panggungan rakitira
Sang Nata nitih turangga
ingkang dherek dharat samya
Pangeran Dipanagara
basah sakawan punika
lan putra timur kalihnya.
116. Sabab pan celak kewala
lan Meteseh gedhongira
lawan aneng pinggir Praga
apan asri yen pinirsa
jendral De Kok sareng myarsa
pan lajeng methuk pribadya
satunggal tan wonten ika
kang upsir ingkang tumuta.
117. Dyan Basah Martanagara
umatur dhateng Narendra
sudara dalem punika
jendral semu kagyat Nata
panuju ningali liya
jendral wus celak turangga
nulya tedhak Sri Narendra
gya jendral anyandhak asta.
118. Lajeng kekanthen kewala
jendral lawan Sri Narendra
gegujengan urut marga

kadya tan rasa-rumangsa
Sang Nata aris atanya
dene tan wonten rencangnya
jendral mangkana turira
pan saben wektu kawula.

119. Subuh pan inggih Narendra
sampun neng ngriki pribadya
Sri Narendra atetanya
residhen lan mayor ika
jendral mangkana aturnya
mayor apan pijer nendra
dene residhen punika
mangkana kalih nya prapta.
120. Pasiyan dugi kawula
lawan kang estri punika
samana kalih nya prapta
samya lumajeng sadaya
dadya den gegujeng samya
mangkana pan sampun prapta
ri wusnya lenggah atata
Sri Narendra atetanya.
121. Heh mayor residhen sira
dene padha kari ika
lan jendral kalih turira
pan kawula tan uninga
mangkana jendral aturnya
dhumateng Sri Naranata
inggih pun mayor punika
katungkul tilem kewala.
122. Dene residhen punika
ndadak nedha pamit ika
mring kang estri sanget jrihnya
marmanya kawula Nata

ing saben dalu kewala
apan sampun wonten ngrika
tan mawi rencang pribadya
ngangge kebayak kewala.

123. Samangsa mungel punika
salompret tambur tengara
sagung kang solat sadaya
kawula nunten marika
yen enjing pan nusul samya
residhen ngentosi ika
mring kang estri tanginira
tan purun lamun nggugraha.
124. Apan lumampah kawula
tan purun baribin Nata
lan mawi jinjit punika
ajrih den srengeni ika
residhen gumuyu nulya
wicanten apan mangkana
Dyan Basah Martanagara
pan inggih kados kawula.
125. Dhateng Denayu punika
pan nyonyah ayun kapanggya
ingkang rama sampun suka
nging Basah Martanagara
ajrih Nata angandika
dene si Martanagara
nora kena den padhakna
wedi beneh lawan sira.
126. Wedi mring sun satuhunya
tan wedi mring Den Ayunya
sireku wedi kang nyata
sabab dening ayunira
jendral sumelang mangkana

mayor lir basah punika
mring kang estri ajrih uga
tanapi dhateng kawula.

127. Padya lir kasupen ika
pan samya gumujeng suka
Sri Narendra atetanya
mayor ayu bojonira
mayor mangkana aturnya
nging tuwan lawan kawula
ingkang sami kawlasarsa
sabat panggih sami lamba.
128. Dene sadaya punika
sami mukti sukawirya
kawula lawan paduka
dados jodho sami priya
dadya san i sukanira
ing kala wektu punika
sabab jendral lan Sang Nata
tan wonten sulayeng karsa.
129. Lan jendral langkung sangetnya
angladosi ing Sang Nata
dadya tan rasa-rumasa
mangkana wus tan winarna
kundurira Sri Narendra
sareng malem jendral nulya
ngaturi arta punika
sewu dhateng Sri Narendri.
130. Kinarya malemanira
marma s. mi datan nyana
yen ngantosa dados sira
jendral ka.lawan Sang Nata
tanapi kang nambut karya
tan pegat sadina-dina

kestalan pasanggrahannya
sagung kang para dipatya.

131. Lawan saprajuritira
nggalidhig sadina-dina
sabarang parentahira
basah jendral tan suwala
kalawan sasegahira
pan mentah mateng punika
tan wonten kirang sadaya
tanapi mring Sri Narendra.
132. Apan iya warna-warna
jendral langkung kurmatira
marmanya katungkul samya
tan mikir pakewedira
namung ngibadah kewala
langkung rame swaranira
pan siyang dalu mangkana
bareng lan kang nambut karya.
133. Sareng ngajengaken bakda
jendral angaturi ika
arta malih mring Narendra
apan kalih ewu ika
mangkana ingkang winarna
Jeng Pangran Dipanagara
basah lan kang pra dipatya
besiyar anumpak kreta.
134. Sareng prapta loji ika
ingampirken jendral ika
jendral mangkana kang sabda
Pangeran Dipanagara
benjing-enjing sampun bakda
lereze enjing andika
lan basah-basah punika

myang sagung para dipatya.

135. Samya mriki saleresnya
salametan saenira
Jeng Pangran wangulanira
inggih sampun lamun karya
sabab wong Islam punika
apan kathah rubetira
ing benjing-enjing punika
yen sampun solat Riyaya.
136. Lajeng mikir pitrah samya
kalamun sampun punika
jendral pan langkung prayoga
lawan malih Kangjeng rama
kula aturi punapa
jendral mangkana saurnya
lamun ra na jengandika
Pangeran ajrih kawula.
137. Nanging punapa sakarsa
kawula inggih sumangga
Kangjeng ngandika pribadya
lan basah tumenggung samya
yen sampun pitrah sadaya
sae kapanggih lan kula
Jeng Pangran sagah punika
kula matur mring Sang Nata.
138. Yen jendral meling mangkana
marengi Sri Naranata
mangkana enjing wirarna
pan lajeng sami riaya
gumrem ;ng suwaranira
pan saking gunging kang wadya
ngantos luber tarubira
pan salong ngadeg kewala.

139. Kathah kang njajari ika
mangkana Sri Naranata
apan nuju gerah ika
tedhak ngampingan kewala
mring Basah Martanagara
lan Basah Gandakusuma
salat lan lenggah kewala
mangkana jendral winarna.
140. Tumut ningali punika
nanging king tebih kewala
langkung tan pareng yen ika
bareng salompret tamburnya
mangkana wus tan winarna
sareng sampun samya bakda
pitrah Kangjeng Pangran nulya
tedhak mring Magelang ika.
141. Lamun jendral sampun panggya
basah myang sagung punggawa
pan samya ndherek sadaya
jendral aris atetanya
Pangeran Dipanagara
kawula wau tur priksa
dhateng prajurit sadaya
tanapi kang salat samya.
142. Amung rama jengandika
kawula datan uninga
Kangjeng Pangeran ngandika
kados jendral tan uninga
sabab Kangjeng Sri Narendra
pan saweg gerah punika
mung miyos dalem kewala
tan miyos plataran ika.
143. Saking ngriki tan katingal

mangkana wus tan winarna
Pangeran Dipanagara
nulya matur mring Narendra
sagung ingkang saniskara
mangkana Sri Naranata
anantun dhateng kang putra
lan basah-basah sadaya.

144. Paran padha prayoganya
iya nggon sun temu ika
lan jendral samya aturnya
lamun marengi Narendra
pan benjing-enjing punika
prayogi tedhak paduka
Sang Nata aris ngandika
iya sun nuruti sira.
145. Yen mangkono dhawuhira
iya mring Mangunkusuma
lamun sesuk ingsun arsa
katemu lan jendral iya
Dyan basah matur sandika
mangkana wus tan winarna
kawarnaa Sri Narendra
enjing lir mas kentir toya.

MASKUMAMBANG

Pupuh XXX.

Sareng enjing mangkana Sri Narapati
bakda subuh ika
lenggah ngemper langgar iki
dyan Basah Gandakusuma.

Sowan nerang umatur mring Sri Bupati
Sinuhun patikbra
punapa datan amawi
nata prajurit sadaya.

Andherekken tedhak dalem dhateng loji
mapan ewed Nata
Sinuhun bakda puniki
Jeng Sultan mesem ngandika.

Wus dilalah kadya takdiring Hyang Widi
Kangjeng Sri Narendra
kinarya lampahan iki
heh Basah Gandakusuma.

Aja nganggo andhawuhi mring prajurit
lir adat kewala
manawa ngeget-egeti
pan mangsa ngaraha apa.

Raden basah arsa matur langkung ajrih
yen tan eca tyasnya
mangkana wus tan winarni
sareng pukul wolu Nata.

Lajeng tedhak langkung tan nyana iki
lir adat kewala
tan mawi busana iki
lir ameng-ameng kewala.

8. Ingkang putra timur samya ndherek kalih
tan mawi ampilan
lawan ingkang ndherek sami
sadaya apan mangkana.
9. Kangjeng Sultan apan sampun tedhak loji
jendral methuk ika
sareng tata lengkah sami
aneng panyeratanira.
10. Pan sadaya datan ana nyana sami
yen temah mangkana
sabab jendral sanget sandi
lan tan ewah lir adatnya.
11. Ingkang ndherek lumebet Sri Narapati
mring kamar punika.
Pangran Dipanagareki
lan Basah Martanagara.
12. Kaji Ngisa lawan Kaji Badarudin
kalih punakawan
Rata Banthengwareng iki
putra timur kalihira.
13. Den Mas Jonet kalawan Raden Mas Rahib
jendral amung tiga
ingkang tumut amanggihi
dhateng Kangjeng Sri Narendra.
14. Pan Residhen Paleg Mayor Daktus iki
kapitan Rup ika
Basah Gandakusumeki
lan Basah Suryawinata.
15. Basah Imam Musbah sami aneng jawi
lan kang pra dipatya
sadaya pan mungging kursi

samya katingal kewala.

16. Marma eca sadaya ingkang tyas sami
jendral pan tan ewah
patrapnya lir adatneki
mangkana jendral ris nabda.
17. Mangke tuwan sampun mawi kundur malih
inggih prayoginya
wontena ngriki pribadi
pan inggih lawan kawula.
18. Sri Narendra mangkana ngandika aris
pan sabab punapa
yen kula tan aweh mulih
neng ngriki punapa karya.
19. Apan kula prapta yun sobat sayekti
sadhela kewala
pan adat Jawa puniki
lamun sampun bakda pasa.
20. Ingkang anom lumaku mring omahneki
ingkang prenah tuwa
ngilangken sagung puniki
marang sakeh lputira.
21. Ingkang tuwa jendral pan makaten ugi
dadi sama-sama
mangkana jendral nauri
pramila ngendheg kewala.
22. Sabab sagung ingkang prakawis pan sami
yun ngrampungi kula
inggih sadinten puniki
dadya kagyat Sri Narendra.
23. Angandika prakara punapa dening
jendral apan kula

sayekti pan datan mikir
lan datan darbe prakara.

24. Apan nulya Residhen Paleg turnya ris
pan jendral punika
kalayan sakanca sami
salaminipun paduka.
25. Wonten ngriki mung prakawis kang den pikir
nulya Raden Basah
Martanagara nauri
sudaranta Sri Narendra.
26. Pan saestu datan anggalih prakawis
sakedhik kewala
marma saenipun inggih
apan kundur sapuniki.
27. Pan sumados ing dinten punapa panggih
Kangjeng Sri Narendra
inggih lawan jendral malih
jendral mangkana sabdanya.
28. Ora kena arep ora ya saiki
sun rampungi iya
Kangjeng Sultan duk miyarsi
wuwuse jendral mangkana.
29. Mapan enget lamun tinitah Hyang Widi
ratu tanah Jawa
kalamun ngiras prajurit
nulya enget satru ika.
30. Dadya ngadeg Sang Nata suraning galih
nulya angandika
heh bebasakena iki
wong angajak padu ora.
31. Ana iya ingkang dadi ewedneki

lan kalamun sira
mapan ayun mbebeneri
sun tan njaluk benerira.

32. Lamun sira jendral De Kok kwasa yekti
ngajak padu iya
lah mara tekakna dhingin
kurnel Kleres lawan basah.
33. Karo iku yen wus prapta ngarsa mami
si Prawiradirja
lawan kurnel Kleres iki
pan ayun mirsa kewala.
34. Sabab ingsun prapta iya kene iki
mapan ora sedya
anglurug pepadon mami
njaluk bener yen arepa.
35. Temahane iya mangkono sireki
wong loro aturnya
sireku ngajak bedhami
apan kalawan bicara.
36. Ingsun takon jawane bedhami yekti
tepung tuturira
bicara rembug kang becik
lawan dhingin iya sira.
37. Pan kongkonan aweh jaran tandha siji
sobat tuturira
Mangunkusuma turneki
banjur sun takon tegesnya.
38. Ing jawane sobat iku pan ngolehi
pesanakan iya
ngilangken sakehe iki
barang kaluputan padha.

39. Yen wong Islam angger wus tepung ku uwis
mung rembug kang ana
mapan lawan patutneki
ingkang mawa renanira.
40. Dene sira wus aw eh pratandha iki
angur ingsun iya
apan durung anambangi
prandene mangkono sira.
41. Sayektine ingsun datan arep iki
ing kastriyanira
marma basah kurnel iki
karo padha tekakena.
42. Jendral Dhe Kok tumungkul denny nauri
lamun tuwan tedha
dhatengipun kalih sami
sampun kasep sapunika.
43. Mapan nguni duk masih Siyam puniki
tan mundhut paduka
kurnel basah dhatengneki
rumiyin lamun mundhuta.
44. Sampun masthi kula dhatengaken kalih
Jeng Sultan ngandika
hih Jendral Dhe Kok sireki
abanget dursilanira.
45. Nganggo rnojar kalamun kasusu iki
iya ana apa
lawan kala Pasa dhingin
apan sira nora mantra.
46. Lamun duwe mikir kang mangkono sireki
yen ingsun weruha
atinira nora becik

pasthi sun kukuhi padha.

47. Karo iku ingsun ora aweh mulih
sabab iku padha
kang suwe prakara dadi
marma sun banget pracaya.
48. Marang sira jendral Dhe Kok sabab iki
karo iku padha
dene sira akon mulih
sun duga yen wus tan ana.
49. Kang prakara mung rembug kang patut iki
lan papadhanira
pan iki tetela mami
dursilane atinira.
50. Pan duk ingsun iya prapta kene dhingin
mbagekake sira
maksih nebut nama mami
kang wus ora kanggo ika.
51. Pan ing mengko wus sun wenehake yekti
marang anak ingwang
dadi pan tetela yekti
jendral lamun rusuh sira.
52. Apan bapa tinunggalken anak iki
iya sebutira
jendral Dhe Kok anami
sarwi tumungkul punika.
53. Gih punapa dene nama tuwan nguni
pangeran punika
Dipanagara sayekti
kalawan malih kawula.
54. Mila aken ing karsa tuwan samangkin
tuwan apan singgah

lamun tan gadhah prakawis
punika ing Tan ah Jawa.

55. Perang ageng samanten laminireki
sinten pangagengnya
marma kula taken yekti
inggih ing karsa paduka.
56. Kang samangkin mangkana sabda Narpati
heh ya jendral sira
apan takon nama mami
Pangeran Dipanagara.
57. Dasar nyata kangjeng rama kang marabi
kala nu punika
ing sumengko mapan uwis
sun paringken putraningwang.
58. Iku sapa lamun sira nyeluk iki
marma dhingin sira
mbagekake marang mami
mapan sun saura ora.
59. Malah banjur sira sun unggurken dhingin
dene takon sira
ingkang dadi karsa mami
dhingin mengko ingsun iya.
60. Datan sedya duwe karep loro mami
sira pan wus wikan
ing sabarang karsa mami
mengko ndadak mindho karya.
61. Lawan maneh iya namaningsun iki
saben-saben sira
kirim layang marang mami
nora owah sebutira.
62. Namaningsun Kangjeng Sultan Ngabdulkamit

komisaris jendral
De Bis pan mangkono maning
datan owah sebutira.

63. Mengko ndadak sireki ngowah-owahi
marma dadinira
ewuh basanya mring mami
lawan maning sira uga.
64. Tambuh laku takon pan gedhene iki
prang satanah Jawa
pan iya tan ana maning
Dhe Kok saliyaning ingwang.
65. Nging wong Islam apan ora tinggal uwit
sanajan wong aprang
yekti ana sandhingneki
wong padu ana rowangnya.
66. Sira jendral mung karepira pribadi
kang sira nggoika
dene ayun mbebeneri
lah endi kang mau iya.
67. Lamun sira kang padu ndi jaksaneki
yen mangkono sira
mung dursilanira dadi
ingsun tan wedi palastra.
68. Bab ing aprang kabeh sun kang luput yekti
kabeh apan darma
anglakoni prentah mami
prang iki satanah Jawa.
69. Pan wus yekti nora nana maning
begja pinatenan
ingsun tan nedya gumingsir
nanging sun mekas ing sira.

70. Lamun mati pan iya kunarpa mami
sira ulihena
mring Jimatan sabab dening
tunggal lawan garwaningwang.
71. Jendral Dhe Kok tan saged uninga iki
semu sanget wirang
sabarang kaweleh sami
dadya tumungkul kewala.
72. Ris turira apan kawula sayekti
tuwan datan nedya
lamun akarya pati
dene prakawis punika.
73. Sagung serat apan boten dados sami
lawan kang agama
boten patut den turuti
sabab lamun tinurutan.
74. Pan suhunan kados sanget isineki
Sang Nata ngandika
heh ya jendral ingsun pikir
wong mangkono tekadira.
75. Yekti ewuh yen mungguh agama mami
lawan maneh jendral
sira nganggo mojar iki
nora nuruti agama.
76. Apan ingsun ora sumedya sayekti
njaluk marang sira
agamaningsun pribadi
ingkang sun lakoni iya.
77. Nadyan silih wira wenehena mami
ya agamanira
sayekti tan sudi mami

mapan ya sun gawe apa.

78. Namung iku wong Islam kang padha mukir
arsa ingsun tata
iku ewuh araneki
jendral apan dhemen sira.
79. Melu ingsun apan iku nora yekti
lah apa arannya
wong mangkono patrapneki
jendral apan dhemen sira.
80. Wong samono coba padha konen inilih
mring agama ningwang
lan sira den pilih endi
jabu mangkono katara.
81. Ingkang padha den antepi atineki
jendral saurira
punika kula remeni
Kangjeng Sultan angandika.
82. Yen mangkono jendral kang sira dhemeni
ingsun wus tan bisa
lamun tepung lan sireki
kalawan maneh bab layang.
83. Yen mangkono jendral kang sira dhemeni
ingsun wus tan bisa
lamun tepung lan sireki
kalawan maneh bab layang.
84. Mapan layang iku uga jarwa yekti
iya ujarira
lawan jendral Dhe Kok dhingin
dadi ora karepira.
85. Ingsun iki prapta amung arsa ngi
iy ujarira

kang wus kamot layang dhingin
sagung ngestokaken sira.

86. Jumenengsun ratu Islam tanah Jawi
mengko sira bubrah
pan ingsun namung nakseni
sabbarang ing cidranira.
87. Kurnel Kleres duk ing dhingin duwe janji
marang ingsun uga
kalamun rembug tan dadi
ingaturan bali ingwang.
88. Mring kajawan jendral mangkana turneki
yen tuwan wangsula
boten wande aprang malih
Kangjeng Sultan angandika.
89. Wedi apa najan prang padha prajurit
lawan nyata lanang
jendral Dhe Kok saurneki
kalamun kados punika.
90. Mapan sampun kawula tan saget yekti
lamun ngrampungana
sabab kula sapuniki
pan sampun kendel punika.
91. Inggih wonten kang darbe bebanan malih
wonten Salatiga
punika saget ngrampungi
sae dhateng Salatiga.
92. Kangjeng Sultan mangkana amuwus aris
nganggo kalayaban
marang Salatiga mami
melu jendral amek apa.
93. Ingsun iki napa ora nedya yekti

njaluk benerira
marang Salatiga maning
Dhe Kok yen ingsun gelema.

94. Aneng kene bae ingsun ora apti
jendral Dhe Kok nulya
medal gora gadaneki
ngundang saradhadhunira.
95. Linebetken sadaya dhateng ing loji
mangkana winarna
Jeng Pangran Dipanagara
waktu maksih anem ika.
96. Gya jumeneng Pangran saking ing kursi
emut prajuritnya
residhen kang den celaki
mangkana Sri Naranata.
97. Raden Basah Martanagara nuli
sampun kinejepan
lawan ngandika Narpati
heh jendral Dhe Kok ta sira.
98. Pan agawe ewuh sabarangireki
wus karsa Hyang Suksma
Dyan Basah Martanagari
datan darbe napsu ika.
99. Dadya mesem Sang Nata sareng ningali
dhateng Raden Basah
Kaji Ngisa Badarudin
emut ing purbaning Suksma.
100. Lawan emut ing sagunging repot sami
lan marang kanisthan
mangkana Sri Narapati
jendral Dhe Kok apan nulya.

101. Dipun candhak tangannya mring Sri Bupati
pan lajeng binekta
lenggah kursi panjang iki
jendral anurut kewala.
102. Pan sansaya enget tyasnya Sri Bupati
lamun matenana
ingsun marang jendral iki
nora becik temahira.
103. Dadya ngilangke kramane Narpati
aprang muk-amukan
pan rusuh pocapaneki
tan karuhan ingkang cidra.
104. Suprandena sun wus datan duwe kanthi
aneng tanah Jawa
angur sun sumendhe takdir
kang karya mangsa bodhoa.
105. Anglabuhi iya ing parentah mami
ing pati myang lara
wus akeh kang anglakoni
aluwung sun belanana.
106. Sri Narendra nulya kinen animbali
Mas Pangulu prapta
jendral aris aturneki
dhumateng Sri Naranata.
107. Pan punika Mas Pangulu sampun prapta
Sang Nata ngandika
heh paran pangulu iki
dene mangkene dadinya.
108. Mas Pangulu mangkana ing aturneki
prayogi Narendra
saudara dalem yekti

tinurutan aturira

109. Dadya mesem Sang Nata ngandika aris
mayor payo mangkat
jendral mangkana turneki
punapa tan mawi putra.
110. Lawan basah atanapi kang prajurit
Sang Nata ngandika
Dhe Kok mundhak ngrurubedi
Sang Nata nya nitih kreta.
111. Punakawan ingkang ndherrek mung satunggil
anenggih pun Rata
ingkang ngampil nganten Aji
lan kapitan Rup punika.
112. Mayor Daktu ing wingking datan winarni
mangkana Narendra
langkung wirange tyasneki
pan wus samya tilar dunya.
113. Mapan nuju ing dinten Ngahad puniki
ping kalih tanggalnya
wulan Sawal tahuneki
Jumawal Sri Naranata.
114. Jengkarira Sang Nata sing Maglang nagri
karsanya Narendra
apan lajeng migngah kaji
saking sanget wirangira.
115. Datan tolith mring sagung kawiryan iki
myang sagung katresnan
kang ibu kang putra sami
atanapi sagung wadya.
116. Namung kantun ngentosi waktu Narpati

kumambang wasesa
sumendhe takdire Widi
mung sedya labuh kewala.

117. Lan ngantepi timbalan kang wus kawijil
marmanya mangkana
tyasira Sri Narapati
ing lara pati sumangga.
118. Aneng dunya ingkang amung den labuhi
ubanggi Narendra
kalamun tan saged ngradin
agami satanah Jawa.
119. Marmanira temah mangkana karsa Ji
pan sangsaya kathah
kagagas sajroning galih
mung wirang marang Hyang Suksma.
120. Tan winarna Sri Narendra aneng margi
rawuh ing Ungaran
mayor Daktus matur aris
punika loji Ungaran.
121. Paduka Ji kaaturan kendel ngriki
dhateng tuwan jendral
Sang Nata ngandika aris
apa iki Salatiga.
122. Mayor Daktus mangkana turneki
Ungaran punika
mesem ngandika Narpati
dhasar mayor bapakira.
123. Mung gorohe iku ingkang ana yekti
yen mangkono sisan
ing Ungaran tuturneki
apa cedhak ing Semarang.

124. Mapan ingsun mayor ayun idhep iki
iya ing Samarang
payo banjur sesuk becik
iya mayor mring Samarang.
125. Sareng dalu mangkana ingkang winarni
pun Rata karuna
Kangjeng Sultan atanya ris
pan gene sira karuna.
126. Ana apa pun Rata matur wot sari
yen pareng Narendra
kawula anuwun pamit
mantuk ngandika Sang Nata.
127. Sira mulih sapa kang ngladeni mami
pun Rata aturnya
kang Sinuhun kados pundi
apan pun biyung punika.
128. Lamun boten uninga kawula yekti
kados tiyang edan
marma yun mantuk rumiyin
murugi pun bok kewala.
129. Apan badhe kawula ajak Narpati
nusul ing paduka
mesem ngandika Sang Aji
ingkang tyas sampun uninga.
130. Yen pun Rata sanget giris aningali
mring sagung Walanda
kang ndherekken Sri Bupati
pun Rata namung pribadya.
131. Heh ta Rata lamun sira meksa mulih
pan sesuk kewala
lamun ing Samarang prapti

ingsun iki sayektinya.

132. Mapan ayun banjur lunga munggah kaji
sanajan pribadya
tan sedya ingsun unduri
iya nggoningsun mring Mekah.
133. Henengena ing dalu kawarna enjing
samana wus prapta
kang methuk saking semawis
usar kalawan kareta.
134. Sareng pukul pitu enjing Sri Bupati
budhal ing Ungaran
mayor lan kapitan iki
lan Rata samya neng kreta.
135. Usar saking Magelang pan sampun nunggil
lan usar Samarang
ing marga datan winarni
sampun rawuh Sri Narendra.
136. Loji Bojong residhen amethuk aglis
lan pra upsir samya
ingkang ageng-ageng iki
lawan Dipati Samarang.
137. Ing samarga wit Magelang rawuh Samawis
Kangjeng Sri Narendra
datan ewah niskareki
mung kajawi mariyemnya.
138. Sareng sampun aso Kangjeng Sri Bupati
mangkana pun Rata
apan meksa nuwun pamit
dhateng Kangjeng Sri Narendra.
139. Mayor Daktus tinimbalan sampun prapti
Sang Nata ngandika

heh mayor ulihna iki
si Rata marang Magelang.

140. Mayor matur paduka sinten ngladosi
Sang Nata ngandika
heh mayor sun duwe maning
punakawan cilik ika.
141. Lamun gelem loro konen nusul iki
iya aranira
Bambang Martalokisneki
lawan Banthengwareng ika.
142. Lan wong wadon konen nusul loro iki
Retnaningrum rannya
iya lawan Retnaningsih
mayor sendika aturnya.
143. Nuli karya serat mring jendralneki
ri wus nira dadya
Sang Nata ngandika malih
mayor dene ku Si Rata.
144. Ora sira kon bareng layangmu iki
mayor aturira
reh dereng onten nyulihi
mangkana wus tan winarna.
451. Ingkang sagung tinimbalan sampun prapti
lan bokipun Rata
lan sadherekipun estri
pan samya nusul punika.
146. Lan Den Ayu Dipasana sarengneki
lan tumenggungira
Sang Nata pan ngantos lami
aneng Samarang mangkana.
147. Apan nuju Sang Nata lenggah pribadi

mung lawan pun Rata
mayor Daktus sowan iki
dhumateng Sri Naranata.

148. Alon aturnya kawula nuwun Sang Aji
punapa kang karsa
sampun lami neng semawis
prayogi kundur kewala.
149. Lawan lajeng dipun jumenengken benjing
Sultan Sri Narendra
sareng myarsa aturneki
mayor Daktus lajeng duka.
150. Heh ta mayor aku mulih apa kardi
lawan maneh sira
nganggo matur marang mami
den jumenengaken Sultan.
151. Pan kajaba wong picak lan budheg iki
iku nora wikan
lamun Sultan jeneng mami
najan picak budheg iya.
152. Kaya wus wruh kalamun sun ratu Jawi
gya kapitan prapta
nusul sowan Sri Bupati
Sri Narendra angandika.
153. Heh kapitan sira dhengerena iki
mayor karsaning wang
lamun sun tan nedya mulih
pan wus banget wirang ingwang.
154. Iya lamun tan katekan karsa mami
banjur kaji ingwang
mring Mekah mayor sireki
tutura mring bapakira.

155. Tutur lamun Salatiga kang ngrampunggi
iku dhuwurannya
wekasan tan ana yekti
mara endi benerira.
156. Mung cidrane bapakira kang andadi
sun wus banget wirang
ya marga bapakireki
mayor gumujeng kewala.
157. Daten saget kalamun matura malih
lan kapitan ika
nanging samya mbrebes mili
Sang Nata masih ngandika.
158. Heh ta mayor pan ingsun wus lawas iki
iya ing Samarang
ture bapakmu dhingin
apan duwe padhuwuran.
159. Apan jendral Pan Dhe Bos aranireki
kang endi rupanya
Walanda wus akeh iki
ingkang nemoni maring wang.
160. Ingkang ana tengere kang gedhe iki
mayor aturira
apan maksih neng Batawi
Sri Narendra angandika.
161. Yen mengkono tan karuhan laku mami
dadi saya wirang
bapakira kang ngapus
heh mayor sira dugaa.
162. Lan kapitan jendral Pan Dhe Bosku ugi
apa kirim layang
utawa prapta pribadi

mayor kapitan aturnya.

163. Kula nuwun apan boten saged dugi
Sang Nata ngandika
yen kirim layang mring mami
lah mara pikiren padha.
164. Kaya paran iya ing wangulan mami
mayor lan kapitan
mangkana ing aturneki
pan langkung ewed punika.
165. Sabab dereng kantenan witipun yekti
jendral kajengira
gumujeng Sri Narapati
dadi lumrah yen mangkana.
166. Samubarang datan bisa tinggal uwit
bapakira ora
ngendi ana wong kang ora
ngajak padha ora ana.
167. Ingkang dadi uwit tan ayun mbeneri
iya ora ana
ingkang njaluk benur yekti
tumungkul mayor kapitan.
168. Henengena kawarnaa sareng enjing
residhen pan sowan
umatur marang Narpati
ngandika napa tan arasa.
170. Amanggihi mangkana yen den aturi
dhahar datan arsa
mring residhen sabab dening
apan kathah upsir ika.
171. Lawan tamu marma Sagn Nata tan apti
mung mayor kewala

lan kapitan kang ngladosi
kalamun dhahar Sang Nata.

172. Mayor matur dhumateng Sri Narapati
lamun ingaturan
tedhak dhumateng Batawi
jendral Pan De Bhos yun panggya.
173. Sri Narendra mesem angandika aris
becik mayor iya
besuk Senen angkat mami
dadya pamit mring Narendra.
174. Raden Ayu Retnaningrum ing tyasneki
ajrih yen ndhereka
inggih dhumateng Batawi
dadya pamit ing Narendra.
175. Nuwun wangsl mantuk dhumateng Matawis
kathah ingkang samya
tumut nyuwun pamit sami
apan linilan kewala.
176. Raden Ayu Retnaningsih datan
tinantun punika
mantuk kedah ndherek iki
sanget lumuh yen kantuna.
177. Pejah gesang mapan nedya datan kari
kalih pawongannya
mapan ingkang anglabuhi
anama Bok Tuturaga.
178. Mapan lawan Bok Saritanamaki
dene punakawan
pun Rata lan Bambang iki
Martalegsana punika.
179. Banthengwareng Sadikrama Rujakbeling

lawan Sang Taruna
iya iku jalu estri
Anggamerta pan mangkana.

180. Jlua estri lan bokipun Rata iki
wasta Amaddolah
rujakgadhung rujak iki
kecubung lawan jonggala.
181. Raden Ayu Dipayana kedah iki
ndherek datan arsa
kinen wangsl ing Matawis
pan lawan tumenggungira.
182. mBekta rencang satunggal estri wasteki
pan Nyi Melik ika
sadaya pan sedyaneki
andherek sakit palastra.
183. Henengena wus tan kawarna sakehing
kang wangsl sadaya
sareng dinten Senen iki
Sri Narendra sigra budhal.
184. Sing Samawis nitih kareta Narpati
myang sagung punika
tan ewah hurmat narpati
Kyai Dipati Samarang.
185. Ndherekaken Aji lawan para upsur
usar kang neng ngarsa
rawuh muwara puniki
nulya anitih baita.
186. Kapal api ingkang pinethukken iki
usar wangsl samya
kalawan nyai dipati
residhen lan upsur samya.

187. Namung mayor ingkang ndherek lajeng iki
lan kapitan ika
kapal api lampahneki
apan langkung rikatira.
188. Kawan dinten Sang Nata rawuh Batawi
nulya labuh jangkar
aneng muwara Batawi
mayor Daktus gya kengkenan.
189. Ngrumiyyini sung wikaning jendralneki
ri wus Sri Narendra
pinethuk baita alit
pan mawi tanarik kuda.
190. Kalih sareng sampun tedhak Sri Bupati
ingkang methuk ika
inggih residhen Batawi
lan kang ageng-ageng ika.
191. Ing Batawi pan amung jendral pribadi
kang tan tumut ika
methuk dhumateng pasisir
langkung kathah ingkang kretna.
192. Lawan mawi baris datan ewah iki
hurmatnya Narendra
mung kuciwa mriyemneki
kang datan mawi punika.
193. Sareng sampun samya atur tabe sami
anulya Sri Narendra
mapan ingaturan nitih
kareta nging maksih ika.
194. ngGenna nitih lawan mayor Daktus iki
neng ngajeng pribadya
nulya residhen puniki

lawan Raden Ayu ika.

195. Retnaningsih kapiten lan sekretaris
lan Den Ayu ika
Dipayana sareng prapti
Sang Nata gedhong bicara.
196. Gya residhen mudhun saking kreta dhingin
ngampil asta Nata
mayor Daktus anampeni
marang Raden Ayu ika.
197. Retnaningsih nuli lenggah Sri Bupati
tan ewah renggannya
kadya ing Meteseh nguni
bujang Batawi punika.
198. Namung jendral Pan Dhe Bos kang tan manggihi
marang sri Narendra
nulya residhen Batawi
Pan Dhem Kapenimang.
199. Atur tabe nuwun pamit ing Narpati
myang sakancanira
nel mayor sekretaris
lan idlir mapan sadaya.
200. Ingkang ageng-ageng samya bubar iki
mantuk sowang-sowang
kang kantun ing Aji
mung mayor Daktus pribadya.
201. Lan Kapitan Rup ngandika Sri Bupati
mayor gya temua
lawan kapitan sireki
mring jendral Pan Dhe Bos padha.
202. Ingsun kongkon yen ing mengko sun wus prapti
apa karepira

de mayor aturneki
sandika nulya lumampah.

203. Lan kapitan wus lengser saking ngarsa Ji
pan wus tan winarni
ing dalu enjing winarni
mayor lan kapitan ika.
204. Samya sowan umatur ing Sri Bupati
sampun panggih kula
lan jendral Dhe Bos nenggih
makaten wangulanira.
205. Heh ta mayor pan dhingin sobat sayekti
wis sira balia
iya dadi sobat maning
wus padha bage kewala.
206. Sri Narendra andangu mring mayor iki
ana ngendi jendral
mayor mangkana turneki
sampun mantuk sapunika.
207. Dhateng Bogor mayor sareng sampun nedhi
Sang Nata atanya
ing wingi ana ing endi
mayor mangkana aturnya.
208. Wonten ngriki nengena wus tan winarni
apan saben dina
residhen sowan angirid
kang ageng-ageng punika.
209. Ingkang dereng panggih lan Jeng Sultan nguni
pan wangkit kapitan
punika kang sapanginggil
kang sowan mring Narendra.
210. Angandika heh kapitan Rup sireki

pa tan milu sira
kapitan ris aturneki
Sinuhun boten kawula.

211. Pan nenggih anenggani paduka Ji
malah yen kenginga
paduka tedhak mring pundi
ayun andherek kawula.
212. Sri Narendra mesem angandika aris
sun yun marang Mekah
kapitan Rup atur neki
sanajan tedhak mring Mekah.
213. Apan lajeng kawula yun ndherek yekti
mayor ris aturnya
punapa boten ameling
paduka dhateng kawula.
214. Mayor ora apan mekas apa mami
mayor Daktus turnya
bilih ayun paduka Ji
nimbalii putra lan basah.
215. Sri Narendra mangkana ngandika aris
yen sun nimbalna
mayor mring ing putra mami
sun duga akarya susah.
216. Sabab biyen maksih padha tanggung sami
lawan tan yun ika
apan ing kanane mukti
lan jembar pasabanira.
217. Sun neng kene pan kaya mangkene iki
nadyan silih basah
pan sangsaya ewuh maning
wis mayor ingsun tarima.

218. Olehira marene temu mring mami
nging besuk kewala
manawa na sihing Hyang Widi
oleh dalan marang Mekah.
219. Ika kabeh pasthi anak putu mami
lawan basah-basah
tumenggung sagung prajurit
arsa sun kon nari padha.
220. Sarupane wong Jawa sun gawa kaji
ingkan gelem ika
eling mring panutaneki
apa dene marang ingwang.
221. Pan ing mengko ingsun dhewe kang nglakoni
iya lara wirang
neng dunya samengko iki
mayor lan kapitan ika.
222. Sareng sami myarsa timbalan Narpati
kalihe karuna
Sang Nata ngandika aris
wis mayor sira mangkata.
223. Namung iki anyangoni slamet mami
marang lakanira
mangkana wus tan winarni
mapan ing wektu punika.
224. Kangjeng Sultan kalangkung mangarsi-arsi
reh ning sampun lama
nggennya wonten ing Betawi
jendral Pan Dhe Bos punika.
225. Apan dereng wonten ing antawisneki
mayor aturira
mila nya arsa ngantuki

sobat angkir duk ing kina.

226. Nging residhen saben dinten sowan iki
ngirid ingkang samya
ayun sowan ing Narpati
kang tebih-tebih sadaya.
227. Pan residhen kurnel idler lawan sami
ingkang dereng panggya
kalawan Sri Narapati
mangkana kang kawasna.
228. Kapitan Rup ingutus mring Sri Bupati
mring Bogor punika
panggih lan jendral puniki
Pan Dhe Bos karsa Narendra.
229. Mratelakken sami kang karsa Narpati
kapitan wus mangkat
saking Batawi kang nagri
ing Bogor apan wus prapta.
230. Panggih jendral Pan Dhe Bos kapitan aglis
aris aturira
kawula ingutus yekti
dhateng sudara paduka.
231. Pan kiné mratelakken karsaneki
yen dhangan paduka
pan amundhut tulung menggih
baita kaliyan arta.
232. Pan wonten arta kalih kethi ringgit
dene ingkang arta
mapan sumerepa iki
kang arta bandar punika.
233. Dene sagung ingkang santana Matawis
kang kantun sadaya

sami trimaha rumiyin
adhahar pamedalira.

234. Ingkang siti lamun sampun jangkep benjing
pan tuwan wangsunla
inggih arta kalih kethi
mring Matawis malih ika.
235. Milanipun sudara paduka yekti
mangkana karsanya
mundhut arta kalih kethi
dinamel sangu jangkepa.
236. Sabab badhe binekta sadaya sami
ingkang putera wayah
myang santana basah iki
tumenggung prajurit lawan.
237. Sagung Jawi kang purun binekta kaji
namung Sri Narendra
datan sedya kundur malih
mring tanah Jawi pribadya.
238. Dene sagung pan sasenengnya pribadi
jendral sareng myarsa
kapitan kalih turneki
kendel dangu angandika.
239. Ri wusira mangkana wilanguneki
kapitan muliha
matura suk-esuk mami
pan ayun padu pribadya.
240. Kapitan Rup wus lengser prapta Batawi
gya sowan Sang Nata
wus katur miskaraneki
jendral Pan Dhe Bos welingnya.
241. Sri Narendra apan sanget ngarsi-arsi

marang praptanira
jendral Pan Dhe Bos puniki
apan sampun tigang dina.

242. Dipun antos apan jendral dereng prapti
nuruti Narendra
pulisi kinen nimbali
mring kapitan Rup wus prapta.
243. Dereng dangu nulya na utusaneki
jendral apan ngundang
mring kapitan Rup puniki
pan dhumateng Bogor ika.
244. Nulya pamit kapitan Rup ing Narpati
pan lajeng kewala
saking ngarsanya Narpati
mangkana Bogor wus prapta.
245. Kapitan Rup samana pan sampun prapti
ngarseng jendral ika
jendral Pan Dhe Bos lingnya ris
kapitan marmane sira.
246. Ingsun undang sun rasa marana dhingin
apan banjur lara
ya kaya tnangkene iki
pan tan kena ingsun peksa.
247. Nanging atiningsun wus terang saiki
yen bab kaji ika
ingsun tan wani ngrampungi
sabab iya durung ana.
248. Ingkang adat yen wong padha munggah kaji
ingsun ayun nerang
mring nagara Landa dhingin
dene ing bab sangu iya.

249. Lan perahu mapan arep sun saguhi
kalamun wus terang
saka raja Landa iki
sun dhingin arsa utusan.
250. Gelis sira sun watara pitung sasi
angkat ulihira
pan dadi patbelas sasi
marma becik ingentenan.
251. Neng Menadho apan kiwa lawan sepi
gedhe omahira
lan jembar polataneki
lan pareg gunung sagara.
252. Kebon jembar akeh omah becik-becik
lamun arsa dolan
mring gunung pan pareg iki
ana ing kene pan iya.
253. Ora ana yen arep dolan puniki
lawan sarawungan
lan akeh wong kene iki
sireku weruh pribadya.
254. Tuturira jare dhemen ingkang sepi
neng Menadho kana
tan ana kuciwaneki
lan maneh kapitan sira.
255. Lawan banjur pamitana Rup sireki
kapitan Rup nulya
lengser saking Bogor nuli
datan winarna ing marga.
256. Sampun prpta ing Batawi kapitan nuli
enjing sowan Nata
wus katur niskaraneki

jendral Pan Dhe Bos welingnya.

257. Sri Narendra mangkana ngandika aris
kapitan tutura
mring jendral tarima mami
dene sun kon nganti iya.
258. Neng Menadho ngenteni praptanireki
jendral kongkonannya
yun nerang mring raja neki
nanging sakalane iya.
259. Durung prapta jendral pan kongkonaneki
ingsun titip padha
kabeh anak putu mami
kalawan sadulur ingwang.
260. Lawan maneh ing Tegalarja ku ugi
lan sabalanira
pan sun wenehake maring
putrengsun Dipanagara.
261. Sabalane ingsun durung munggah kaji
nadyan besuk iya
lamun prapta Mekah mami
iya gumantung tyas ingwang.
262. Nora nedya kapitan sun mulih maning
ana kang sun sedya
mati ana daganeki
iya Kangjeng Rasulullah,
263. Marma besuk manawa ana kang mulih
ika ya kawitan
mapan ingsun iya titip
mring jendral mangsa bodhoa.
264. Pan wong akeh kapitan iku wus masthi
apan warna-warna

atine tan nunggal sami
sanadyan sadulur ingwang.

265. Lawan anak wus pasthi tan tunggal yekti
marang atining wang
lamun padha arep mulih
ing Jawa ingsun pan lega.
266. Marma ingsun titip ing jendral iki
sabbarang sun wekas
sabab manawa sun iki
tan nganti maneh bicara.
267. Marmaningsun asangu dhuwit rong kethi
pan iya cukupa
ginawe sangu lan mulih
kalawan maneh anaa.
268. Kang pinangan ingkang isih tunggu mami
iya aneng Mekah
cukupa marma sun iki
asangu rong kethi semat.
269. Lan perahu marma njaluk tulung mami
pan iku kena
tinunggangan ingkang mulih
arma kabeh pratelakna.
270. Marang jendral Pan Dhe Bos sakarsa mami
lan maneh kapitan
ingsun banget lega yekti
sira mulih mring Mataram.
271. Pan den bisa sireku ngopen-openi
mring kang karya padha
sabab bocah padha maksih
tanggung pasthi keh kurangnya.
272. Ingkang pikir lawan maneh jaluk mami

iya marang jendral
apan Walanda sawiji
sun gawe ing lirunira.

273. Nging kang bisa cara Jawa lir sireki
sabab ingsun ika
cara mlayu datan ngerti
kapitan matur sandika.
274. Sri Narendra mangkana ngandika malih
heh kapitan sira
tutura mring jendral maning
Pan Dhe Bos lan jangjiningwang.
275. Sangoningsu apan ora gelem mami
aneng ngisor iya
residhen kalawan maning
aja angladaki padha.
276. Dene angkatingsun besuk Senen iki
mapan dhemen ingwang
wus kapitan Rup sireki
tutura mring jendral poma.
277. Lawan poma sira raja angowahi
sabarang karsengwang
mring jendral Pan Dhe Bos iki
heh wus kapitan mangkata.
278. Tur sandika kapitan Rup lengser nuli
sing ngarsa Narendra
mapan lajeng mangkat iki
mring Bogor datan winarna.
279. Aneng marga kapitan Bogor wus prapti
pan lajeng ingundang
mring jendral Pan dhe Bos aglis
dhumateng pangkeng kewala.

280. Sabab jendral maksih sanget sakit neki
pan kalih tileman
wau denira manggihi
mring kapitan Rup punika.
281. Apan weklu punika nagri Batawi
begeblug pan lagya
kapitan Rup matur aris
mring jendral ingkang niskara.
282. Datan kirang sabarang karsa Narpati
jendral ris sabdanya
heh kapitan sun saguhi
ingkang tinitipken padha
283. Miwah Tegalaija lan sabalaneki
pinaringken ika
mring Pangran Dipanagari
mapan sun turut kewala.
284. Lawan mangkat Senen iku apa maning
ing sakarsanira
iki bae layangneki
kang sun gawakake iya.
285. Marang kurnel kapitan parentah mami
mring residhen kana
lah mara delengen iki
lamun kurang wuwuhana.
286. Sakarsane apan sun turut sayekti
lan njaluk Walanda
siji ingkang bisa iki
carajawa lirunira.
287. Iya ana kene pan ajidan mami
iku saguh bisa
cara Jawa nanging cilik

lungguhnya letnan kewala.

- S. Bener luput apan ingsun nora ngerti
sesuk kon sun prapta
kapitan tan maoni
marang jendral seratira.
9. Kang badhe mring residhen Menadho iki
jendral parentahnya
kang binektakaken iki
mring kurnel akeh punika.
90. Sampun rampung sadaya ing karsa aji
kapitan Rup nulya
kinen matur mring Narpati
mangkana wus tan winarna.
291. Sampun prapta lajeng sowan ing Narpati
kapitan Rup nulya
umatur niskaraneki
jendral Pan Dhe Bos welingnya.
292. Sakarsa Ji jendral Pan Dhe Bos nyagahi
pan wus tan winarna
sareng dinten Senen prapti
Residhen Batawi nulya.
293. Sareng enjing sowan lawan sekretaris
lan sampun samekta
sabarang gya budhal Aji
saking Batawi punika.
294. Kapitan Rup iya mapan datan kari
kurnel kalihira
ingkang ndherekken Narpati
pan samya numpak kareta.
295. Lawan sagung punakawan para nyai
mangkana Narendra

rawuh muwara Batawi
lajeng anitih baita.

296. Alit lawan Residhen Pan Dhem Kepeni
kurnel kalih ika
kapitan Rup sekretaris
lan Raden Ayu kalihnya.
297. Pan Residhen Pan Dhem Kepeni turneki
sampun susah Nata
sabarang kang karsa benjing
apan dhawuha kewala.
298. Mring Residhen Menadho kalawan malih
sampun supe Nata
benjing mring kawula inggih
mesem ngandika Narendra.
299. Heh Kepeni lamun ana karsa mami
mesthi sun kongkonan
amundhut marang sireki
residhen aris aturnya.
300. Langkung tebih Menadho lawan Betawi
ing ngrika kewala,
residhen tan sanes ugi
apan kalawan kawula.
301. Sampun rawuh ing kapal prang Sri Bupati
kurnel age nulya
methuk lan ajudaneki
kalawan prahupsir kapal.
302. Ri wusira minggah kapal apan sami
Den Ayu kalihnya
punakawan para nyai
residhen Batawi nulya.
303. Nuwun pamit kurnel lawan sekretaris

myang kapitan ika
Rup ing Kangjeng Sri Bupati
pan wus linilan sadaya.

304. Anggentosi ajidan lan kernel iki
ndherekken Narendra
sadaya ingkang pra upsur
saradhadhu kawan belah.
305. Nulya mbabar layar mangkat sing Batawi
mring Menadho ika
mapan datan ngasai angin
langkung remben kang baita.
306. Lawan lanat apan kathah ingkang sakit
myang kang lajeng pejah
sajroning baita sami
susah kang tyas Sri Narendra.
307. Bok manawi telas pejah tan dumugi
ing Menadho ika
mangkana wus tan winarni
ing Menadho sampun prapta.
308. Apan ngantos kalih tengah wulan iki
lampahnya Narendra
Menadho saking Betawi
sabab tan wonten anginnya.
309. Ri sawusnya nulya tedhak Sri Bupati
sing kapal punika
pan lajeng ngaturan manjing
ing kitha Menadho ika.
310. Residhennya rnethuk Pieter Matraneki
pan wus tan winarna
tan ewah anglir Batawi
sagunging ingkang niskara.

311. Pitung dinten kurnel agya nyuwun pamit
lan ajidan ika
myang sagung ingkang pra upsir
mantuk ing Batawi ika.
312. Kang tinilar pan amung letnan satunggil
saradhadhu nira
seket langkung tigang iji
ingkang tengga Sri Narendra.
313. Aneng kitha Menadho kurnel winarni
ian ajidan ika
umatur mring Sri Bupati
paduka mapan ngaturan.
314. Dhahar dhateng jendral Pan Dhe Bos puniki
nem atus sawulan
tigang atus pethakneki
abrit tigang atus ika.
315. Saben wulan nem atus nabda Narpati
ya kurnel tarima
Kurnel nulya matur malih
paduka meling punapa.
316. Lawan malih punapa tan kintun tulis
mring jendral paduka
Nata mesem ngandika ris
pan ingsun tan darbe karsa.
317. Kirim layang pan ingsun tan bisa nulis
ya mung tabening wang
sira tekakena iki
mring Pan Dhe Bos jendralira.
318. Kurnel akeh lan ajidan aturneki
pan samya sandika
mangkana wus tan winarni

ing Menadho kawarnaa.

319. Mapan langkung pageblug ingkang ndhatengi
lanat kathah pejah
mangkana wus tan winarni
residhen Pieter Mat ika.
320. Nuwun pirsa dhumateng Sri Narapati
mapan ingkang sabab
paduka rawuh ing ngriki
mesem ngandika Narendra.
321. Heh residhen lamun takon ingsun janji
apa sira bisa
nekakake layang mami
marang ing raja Walanda.
322. Lamun saguh iya sira sun tuturi
marma ingsun prapta
iya ing Menadho iki
yen tan saguh tanpa karya.
323. Ingsun aweh kabar yekti ing sireki
residhen pan sagah
anulya dipun paringi
serat malah duk wiwitinan.
324. Ngantos prapta wekasan Menadho iki
residhen Pieter Mat
sareng myarsa yektosneki
dadya sanget isinira.
325. Sabab dening bangsanira cidra sami
panuju sageeda
kendel aprang cidra iki
mangkana wus tan winarna.
326. Sareng sampun lami Kangjeng Sri Bupati

pan wonten ing kitha
Menadho sangsaya iki
geng coba mring Sri Narendra.

327. Ingkang rayi pribadi sring karya iki
lingsem ing Narendra
Den Ayu Dipayaneki
pan katut tumenggungira.
328. Nging Sang Nata pan wus tan ningali kalih
mung Allah Tangala
kang linindungan Narpati
lan supangat Nabi kita.
329. Siyang dalu mangkana marma Hyang Widi
Raden Ayu mbabar
Retnaningsih jalu iki
apan anuju tahun Dal.
330. Wulan Saban tanggal sapisan puniki
dinten Rebo ika
dalu wanci pukul kalih
apan pinaringan nama.
331. Mring kan rama Kangjeng Sultan Ngabdulkamit
Raden Mas punika
nenggih Durrahman puniki
tamate serat punika.
332. Apan sami tahun Dal nging wulanneki
Ramlan tanggalira
sapisan Jumungah wanci
bakda luhur ingkang dina.
333. Apan maksih aneng jroning kitha iki
Menadho punika
wallahu aklam ing benjing
karsanya Allah Tangala.

334. Namung ingkang Sinuhun ing siyang ratri
mring Allah Tangala
kalawan supangatneki
Jeng Rasulullah punika.



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

